Караматдин СУЛТАНОВ

# ӘЖИНИЯЗ

*Роман*

НӨКИС
«БИЛИМ»
2018

УОК: 821.512.121 (081)
КБК: 5 Қар
С—94

**К. Султанов. Әжинияз романы.** Нөкис, «Билим» баспасы, 2018-жыл. 336 бет.

Караматдин Султановтың «Әжинияз» романы, тарийхый роман болып, тийкарынан китаптағы ўақыялар XIX әсирге тийисли.

Бул китапта жазыўшы қарақалпақ халқының тарийхын жарытып бериў менен бирге, қарақалпақлардың XIX әсирдеги классик шайыры Әжинияз Қосыбай улының өмири хәм сол дәўирдеги халықтың аўыр турмыс-тәрзин сөз етеди.

**ISBN 978-9943-4447-5-1**

**© К. Султанов, 2018.**
**© «Билим» баспасы, 2018.**

Сөйле хә бүлбил зибаным[1],
Екки келер заман йокты.
Кетер бир күн шийрин жаным,
Бул сөзимде гүман йокты.

Кеўлимниң ғам дәрди, әлем,
Сөзлесем шығар дәмбе-дәм,
Маңа сөзден башқа игәм[2],
Хеш нәмәрсе берен йокты.

*(Әжинияз)*

## БИРИНШИ БАП

### 1

Жаз мәўсими. Шиллениң айы туўыўға еки күн қалды.

«Таллық» дәрьясының еки бойы сығасқан елат. Оң жағында «Қоңырат — Шүллик» арысының «Қолдаўлы», «Балғалы», сол жағында «Ашамайлы», «Қыят» руўлары гүрең аўыл болып отыр.

Суўдың кемтарлығынан жақында Шоманайдан посып, дәрьяның аяғына көшин таслаған қалың ел үйлерин ғырра жағаға тигип, пышық мурны батпас қопа-қамыс пенен нуў орманнан малға өрис, егинге атыз ашып жүр.

Дәрьяның еки бойы тал аралас тораңғыл болғанлықтан халық жаңа жағысын «Таллық» деп атады.

Таллық — Әмиўдәрьяның бир үлкен шақабы. Әмиўдиң үштен еки суўы Арал теңизине усы дәрья арқалы тасымаллап қуйды. Дәрьяның теңизге қуяр аяғы суўға тилек, — пәс,

[1]Зибан — тил
[2]Игәм — ийем, қудайым

ойлық болған соң сағадан суў қулап ағады. Әмиўдиң басқа салаларындай ийрими порықты үйирген бул да тентек дәрья. Қайнаўытлы қайтпаларынан гә күни айдарлы ушын кеме айдаған дарғашылар да айбынып өтеди. Тымық күни ийрими басылып, еки кенарын жонып, сынаптай сызылып ағады. Суўы қумай. Сағасы тардан келип, боздың шеге жерин қақ жарып аққан сайын дәрьяның ени кеңейе береди. Толықсып аққан суў бәҳәрде, жазда кенарына сыймай, еки жағасынан асырылып, тармақ-тармақ өзек болып ағады. Сонлықтан суўдың қайтыў күнлеринде болмаса, тасыўда кемеге зәриў аўыллар еки-үш айлап бир-бирине қатнастан үзиледи.

Таллықтың сол жақ аяғында минарланған, кәрамы кең, үлкен атаў бар. Атаўдың қубласы дәрья, батысы «Айбүйир», теңизи, арқасы менен шығысы көлатлық.

Усы бир атаўды тәбият әзиз шаңыракларға сыйға берип кеткендей, гирдикарлы үйлердиң көшине ере алмай тайсалып шыққан хожалықлар атаўға қос басып, гәси балық аўласа, гәси мергеншилик етеди. Ел келмей жабығып жатырған атаў үстине үйлер келген сайын азық-ырысқын төгеди. Усы атаўда ҳәзир онлаған шаңырақ бар. Айыбы «жалаң аяқлылар» деп атанғаны болмаса, бай атаўдың арқасында әзиз үйлердиң азғана күн бели бекип еди. Бирақ, бул қуўаныш узаққа бармады. Атаўға әўел сыралғы сораўшылар келсе, соңынан қус, балық сатып алыўшы қарыйдарлар жаў болды.

Саўдагерлер тегин кете ме? Көли балыққа, жери диййқанға жай атаўдың лақабын сыртқа жайды. Дәслепки жыллары «мерген атаў» оннан кейин «балықшы атаў» атанған бул жерге енди пайда излеўши хожалықлар көшин таслады. Бурынғы үйлер қамыстан қаза тоқып, балық услап, қус мылтық пенен тиришилик етсе, енди гирдикарлы хожалықлар келип, дәрьяның, көлдиң жағасынан шығырын орнатты. Қамыс қос дүзетип, алды артына шыпта жапқан үйлер атаўдың сыйқын қашырса, енди аўылға ақ басқурлы, ақ кийизли отаўлар келди.

Бурынғы кәсип, кәсип пе? Қазаның не сүлейли сейдини усы отаўлардан шықты. Найзадай сары қамысларды арба өгизи



бар усы отаўлар жыйнап, айдынлардың саў жерин қоймай қаза басты. Жарлының жаңғыз қазасын, ҳаллының жүз қазасы алды-артын қоршап алған соң, балықта көп қазаға қарай қулады. Отаўдың қазасы күнде майланса, шыпталы шаңырақлар асым балыққа зәриў болды.

Бул көл кәсиби болсын, енди қыр кәсибинде де ақ отаўдың асығы алшы келе берди. Шығырдан суў алып, қос-қос өгиз бенен партаўды аўдарған қуўатлы шаңырақлардың сол жылғы егини ат баўырына тирелди. Тирелген сайын ақ отаўға, ақ отаў қосылды. Аш-жалаңашлар ақ отаўлылардан қасқырды көргендей жыйырылса да, төрди зорлар алып, жалаң аяқты сағал аяққа шығарды.

Солай етип, бурынғы бир дүркин, тең ҳаллы аўыл еки дүркинге бөлинип, ақ отаў менен қара шаңыраққа айрылып шыға келди. Ақ отаў менен толысқан соң, бурынғы «Мерген аўыл», «балықшы аўыл атанған атаў ақ отаўларға ылайық» «Боз атаў» атанып кетти.

## 2

Күн кеш песин. Аспандағы қаңғымай бултлар кешке қарай арқадан ескен самалдың есиўи менен сеңдей қақлығысып кетти. Жаңа шағырайып турған ақ бултлардың бетине тәбият қара пердесин жапқандай аспан түнере қалды. Қара бултлар қаңғып жүрип күниниң жүзин басса, жер жәҳән геўгим тартады. Гейде күниниң нуры төсин қытықлағандай қара булт ойнап шығып жылысса, шақмақ шаққандай әлем жүзи жарқ ете қалады. Күн менен булт жердиң жамалын көриўге таласқандай сәўле менен геўгим шағылысып, қубылып ойнап, жан мақлуқтың жүйкесин қытықлайды.

Қара үйдиң қапталында арбаның көшерин майлап отырған Қосыбай аспанға жалт-жалт қарап:

— Быйылғы бәҳәрден бери арадан күн өтпей аспан түнерди де турды ғой. Бүгинде бир аласаттан хабар бар ма, қалай? Анаў күнгидей даўыл үйиңди көтерип кетпесин. Белдеў

арқанларыңды мықлырақ байласаң-о!..., — деп, буйырып сөйлеп еди, иштен ҳаял даўысы шықты:

— Қолымдағы пилтени толтырып алайын, ҳәзир шығаман...

Усы ўақытта болажақ даўылдың дәслепки хабаршысындай көмпек самал ала қуйын қылып аўылдың үстин сыпырып өтти. Бир қушақ шаңды аўылдың ортасынан көтерип алып ушып баратырған қуйын, қос өгизин қолтығына қысып кететуғындай Қосыбай қораға қарай жуўырды.

Қосыбай Ашамайлы руўының «Сақыў» тийресинен. Малдан еки сыйыры менен баспақ таналарын қосқанда бес-алты қарасы, жылқыдан бир ғунан менен қулынлы бийеси, күш малдан қос өгизи бар, орта дәрмиян хожалық. Усы орташа ҳалдан да аяққа шығып кетемен бе деген гүдикте жүрген Қосыбай былтыр онлаған шаңырақ «сақыў» ларға бас болып, ол да «Боз атаўға» шықты.

Гүдик-гүманының мәниси Қосыбайға ата дәўлети қайыр бермеди. Атасы өлер алдында үлкен баласы Төребай менен киши баласы Қосыбайға малдан, жылқыдан, үй дәскеден тең енши берсе де, бунық қорасы орталанса орталанды да, туяққа-туяқ қосылмады.

Егизин сегиз қылып, аша туяқ өсириўше жастан шарўаға бейим болмады. Еңбекке шоркат өскен бай баласы жорғаның белинде қайқайып жүргенде, қора толы малдың бир күни орта түскенин ғана билип қалды. Атасының өлер алды нәсияты есине түсип, енди кем-кемтигин жыйнаған менен жоқтың орны толмады.

Жаста мектеп молласынан яд еткен аз ғана китапларын алдына жайып, саққа жүгинип те көрди. Молла көпликтен бе, я «әрўағы» пәс пе, Қосыбайдың бул ҳийлеси де мал қурамады. Ақырында қос өгизди баққыға қойып, дийқаншылыққа айналысты.

Усы орташа ҳалдан да айрылып, бай есигине гириптар боламан ба? — деп, тоқсан түрли толғанып отыр еди...

Күнниң ырайына жалт-жулт қарап, қәўпиржиленген Қосыбайдың есине баласы түсип, үйде отырған ҳаялына:



— Ҳәй, қатын! Ана Әжиниязың келди ме? — деп, сүренледи.

Нуржамалдың қулағы ербең етип, пилтесин таслай сала түриўли есиктен күнге қарап еди, баласының меткептен келер мезгили өтип баратыр екен. Ҳаял не жуўап қайтарарын билмей, сасып қалды.

— Әжи-ни-яз... Өйбей, маңлайым ай! — Нуржамал жамбасына урып, терис қарап, ийегин тиследи.

— Әўлийедей қайнағаның атын айтып салыппан ғой, аңқаў басым!... Кисини албыратып өлтирерсең-аў — деп, «сеннен болды» дегендей даладағы күйеўине бопса етти.

Күлкиден қурашы селк-селк етип отырған Қосыбай «бир уттым ба» деп, ҳаялын дәлкек етти.

— Меннен несин көресең. Өзиңниң пәмсизлигиңнен көр. Еркеклердиң атын кәйўаны, сарықарын ҳаял сен айтқанда, кеше түскен келинлер не демейди? Қой енди, балаңды айт!

— Ақ жигит пе? Мектептен шыққан соң Ахун жездейдиң үйине бараман деп еди. «Балғалы» аўылына қайрылған шығар. Отаў ийеси болыўға жақынлап қалған бала ғой, жүрсин де...

— Сениң усы сөзиңнен ғой, балалардың жүўенсиз кететуғыны. Жалғыз атаның гәпи не болады. Ана да тәкийт берип турмаса, әне соңынан әдепсиз болады. Анаў күни болса, моллаға жиберген бир дастурхан наныңды алдынан «хақ, сүп!» деп қолын жайып шыққан қәлендерлерге берип жиберипти.

— Не қыласаң, тергестире берип ағасы, — деди Нуржамал күйеўин алдарқатып, — Үлкен балаң Мәтнияздың қудай оқыўдан салыўын салмады. «Молла қыламан» деп сонша урып соктиң. Не шықты? Ал мынаўың тилден, көзден сақласын, балалардың алды усайды.

— Әй кәйдем... деп, Қосыбай ишинен баласын жақсы көрип турса да, ҳаялының алдында сыр бергиси келмей, еки ушлы жуўап қайтарды.

Тап сол ўақытта мектеп молласы Есберген келип, ешегинен түсти. Қосыбай орнынан тура жуўырып, жүгинип, қолын узатып, сәлемлести де ешектиң шылбырына асылды. Қосыбай ешекти қораға жайғастырып жүргенде Есберген:

— Ассалаўма әлейкум! — деп, сүренлеп үйге кирип кетти.

Нуржамал қол қаўсырып, молла төрге шығып отырғанша тик аяққа минип, тәжим етип турды.

Аман түўеллик сорасқан ўақытта ғана Нуржамал бир дизесине минип отырып, бет-аўзын лаўдан көйлегиниң қолпылдаған узын жеңи менен көлегейлеп, көзиниң қыйығын салды. Бир қарағаннан түсимпаз ҳаял молланың тағы бир гәптиң ушлығын алып келгенин сезип, иши ғым етти. Салқын кейип пенен орнынан турып, чай-суўға араласты. Еки қулағы Есбергенниң әңгимесинде:

— Қосыбай, мына балаң нағыз найсап болар! — деп, Есберген ашыўға буўлығып, аўыз-жағының қат-қат әжимли, аққуўақланған арық етлери жыбырласып, «үҳ!» деп басындағы ақ сәллесин төсектиң үстине шалқасына қойып, ишиндеги тер менен қарайған тақыясын алып басына кийди. Оннан соң белиндеги белбеўин шешип, еки-үш қат шапанлардың арасынан жапырақтай қағазды алып Қосыбайға усынды.

Қосыбай қолына алып, аз ғана тигилип турды да, мырс етип күлип жиберди. Бул күлкиге Есбергенниң шегирейген көзлери шатнап кетти. Қосыбай ишинен: «молла да бир жымыйар»... деп еди, ол қайта ызаланып бурыштай қызарған иймек мурнының үстиндеги көк көзлери менен әжеп тәўир қарады. Қосыбай дәрҳал күлкисин тыйып, иренжиген киси усап моллаға бурылды.

— Гәп солай... — деди Есберген еринлерин бүристирип, — қарғайын деп едим, сени аядым. Қамшылайын деп едим, күш бермей қашып кетти.

— Рас сол жазып па? — деп Қосыбай қағазға қарап кеўли ярый бермей отырды.

— Сол, сениң балаң жазып, балаларға көрсетип жүр екен. Қолынан алдым. Айныған молланың ақыбети порхан я шайыр болады. Ҳәмме өнерди қуртып, енди қосық жазып жүр.

Қосыбай көпке шекем толқып отырды. Қағазға қараса күлкиси келеди, моллаға қараса иренжийди.

— Япырмай-ә. Сол жазды ма екен? — деп қағазды жайып тақмақлап оқыды.



Ал, десе хош болар кеўили молланың,
Бар десе тәрк етер ҳәмирин алланың,
Қулақ, мурын пүтин келсе геллениң,
Ықлас пенен дуға оқысын көриң.

— Бул, тақсыр, естиярлы шайырдың сөзине усайды ғой...

— Сениң балаңда аз болған жоқ — деп тоңқылдап Есберген терис қарады. — Он бесте отаў иеси болады. Енди оны қайтадан бесикке бөлейсең бе?!... Енди балалардың алдында не абырой қалды!... Бүгиннен баслап мектепке қатнамасын!... Мен қазы рәйиске арыз етемен!...

— Қуллық тақсыр! — деп шоршып түсти. — Бир ашыўыңызды тилеймен, молла аға! Мен баланы сизге: «сүйеги меники, ети сеники, ура бер, геўдесинде жаны қалса болар» деп, берип едим. Сиз де, биз де урып, сабап жөнге салайық! Қазыға еситтирсеңиз бизди тирилей жерге көмесиз... — Жаңа «Ҳәзил гәп ғой!» деп отырған Қосыбай, молланың қәҳәрин көрген соң ҳәм қазының атын еситкен соң түнерип сала берди — Қәҳәргәзебиңизди тилеймен!... Тақсыр!...

Қосыбай кисесине қолын урып, еки тилланы молланың алдына қойды.

— Мынаны чай пулы етиң тақсыр! Бул гәп екеўимиздиң арамызда усы үйде қалсын!

Молла бир майдан наз етип барып, теңгени жан қалтасына салды.

— Яқшы! Тек сениң ушын әфиў еттим. Бирақ, енди мектепке бармай ақ қойсын! Басқа моллаға берерсең. Мен енди оның жүзин кормеймен?...

— Тақсыр, өзим жөнлеймен ғой, өйдемесе!...

— Йоқ, «Ызайы мүҳмин ҳарам[1]» — деп, Есберген орнынан турды.

Қосыбай сыртқа шығып та, хошласып атырып та қайта-қайта жалынса да молла пикиринен қайтпады.

[1] Адамға ыза берген адам, киси кәфир.

Нәзери пәс түсип, үйге кирген Қосыбайға Нуржамал кийликти.

— Неге жалына бересең? Тағы бир қойыңды қағаман деп баратыр. Молланың сум емеси бар ма. Ертең бир ешки апарып бер, балаңды арқалап жүрип оқытады.

Қосыбай ҳаялының ақылсығанын жақтырмай:

— Қойсаң-ә! — деп жекиринди. — Мына қағазды қазыға апарса балаң дүррениң үлкенин оннан соң көреди.

— Қәне, не депти? — деп Нуржамал жымыйып күлип күйеўиниң қасына келди. Қосыбай оқып берди.

Нуржамал баласының сөзине иштен сүйсинип, емиренип, күлсе де, Қосыбай қатыўлы қабағын жазбады.

— Өйбей, ақ жигитке не болғаны! — Нуржамал ийегин тислеп, бетин шымшыды. — Бунық шайыр болайын дегени ме?

Сениң тұқымыңа тартқаны. Жолың болды, — деп Қосыбай ҳәкис сөйлеп, ашыўын ҳаялынан алды. — Молла болса еки дүньяда да қор болмайды. Шайырдың сүриўли қой, үйирли жылқы айдағаны бар ма? Бәриниң де бир тапқаны бир тапқанына жеткен жоқ. Халыққа қолын жайған ол да бир қайыршы ғой.

Нуржамал күйеўиниң бул гәпин мақул таппады. Ўәжлесип даў айтажақ болып, аўзын жасқай бергенде даладан «Қосыбай үйдемисең?» деп шыққан даўыс ойын бөлип кетти.

Есиктен Есенгелди ғаррының төбеси көринди. Қолына қамшы услаған енгезердей ири тулғалы адамның турпаты ергенекти керлеп турған соң артында киятырған Әжиниязды үйдегилер көре алмады, ғарры бир–еки адым алға атлаған соң ғана Нуржамалдың баласына көзи түсти... «Кейин кет!» дегендей ымлап ийегин қақты. Бирақ, ешейинде түсимпаз баласы аңбады ма, я өжетлести ме, ғаррыны көлегейлеп, қарсы алдына ол да жылысып келе берди.

Есенгелди Қосыбайдың усынған орнына шығып, пияздың қабығындай үстиндеги қат-қат нағыслы шапапының үшеўин шешип, көк ала бешпентшең отырды. Жабадай салалы қолларын көтерип, қалғыған кисидей қалып ҳәм салпы қабағын кирпиклери айқасқанша сүзип, етли урты менен қалың еринлерин жыбырлатып, үйдиң аманлығына дуўа оқыды.



Қосыбай баласына кәҳәри келсе де, қонаққа ийбе етип, дәслеп суўық пишин көрсетти де бир майданнан соң шешен ғаррының әңгимеси менен бағанағы ашыўын умытып кетти.

Гәптиң бир бәнтинде Есенгелди баланың әкесинен сескенип, өзин алдына салып әкелгенин сездирди. «Урының түби қуўыс», Есберген молла ешегине жеделленип мингеннен-ақ, қәўипсинип Әжинияз Есенгелдиниң үйине тартқан екен.

— Шайырлық, — бул да қудайдың берген несийбеси — деп ғарры баланы жақлап, майдалап сөйледи. — Тил менен жаққа сөйлесин деп шешенлик береди. Бас кесилсе де, тил кесилмейди. Күш атасын тыңламайды, шешенлик дүбирлеп ишке сыймайды. Бирақ, бир аўыз сөзден баланңның ырысқы-несийбесин неден салатуғынын айта қойыў қыйын. Гәптиң рети келгенде мектеп молласын дәлкеклеп бир қымтыған екен, неси айып? «Әзилиң жарасса атаң менен ойна!», Баланы қабартпа. Молла бола ма, палўан бола ма, шайыр бола ма, батыр бала ма, әзелден жазмышта буйырғанын көре береди...

Нуржамал перзенти ушын отқа-жамға түсип, Есенгелдиниң ҳәр гәпин иштен мақуллап, аяқ-аяғына тиймей қазан-табақтың арасында жеңил қыймыллап жүр.

Қосыбай тунжырап отыр. Ғаррының астарлы, салмақлы ҳәр сөзи оның да кеўилине қонып баратырғандай, тастай түйилген қас-қабағының жыйрықлары жазылысып киятыр.

— Сол айтқаныңыз бөтен емес аў, Есеке!... деди бир мәҳәлде басын көтерип, — Баланы мектепке бериў ата ушын руза намаз бенен теңдей парыз. Адам дүньяға шыққан соң: изим өшпесин ҳәм өлген соң қуран оқып дуўа етсин!» деп қудадан бала, перзент сорайды. Сол перзентиң еткен зийнетиңди ақламаса кәйтерсең. Ана үлкени. — Мәтнияздың еки жыл қатарына қатнап, мийине хеш нәрсе қонбады. Мына отырған «Қабақ бас» сарының зейини илгир. Әттең көп марапатлап жибердик пе? Я бунық да шабысы бир мезгиллик пе, әйтеўир быйыл мектепке ықласының сәти жоқ. Оның үстине: «балаң урыншақ, ыза береди!» деп Есберген молла бир, еки мәртебе келди. Тынышына жүрмей, жақында молласын әжиўалап қосық шығарыпты. Бәрин қуртып енди шайыр болады-мыс. Өзиң билесең, Есеке, қосық пенен

сазды ийшанлар мақул көрмейди. Бақсы, жыраўдың талабын «шайтанның өнери» дейди. Шайырлықтан азғын талап биреўди муқатып, биреўди күлдирип, оның шайтандай гүнаға батқаннан өзге не саўабы бар. Мен урыссам: илимди жастан қәтим ет, хәр нәрсеге алаң болып, жолдан азба! деп урысыман. Мен атасыман, баланы әдепли өсириў маған парыз!...

— Ол айтқаның дурыс, иним! — деди Есенгелди, — Лийкин, биз баланың соқпағын қанша нусқап отырсақ та, бағанағы айтқанымдай, тәғдирде әзелден маңлайына не жазса, соған бармай қоймайды. Ким бай болмайын дейди, — қудайы қәлемейди. Ким бий болмайын дейди, — патшасы бермейди. Ким шешен болмайын дейди, қүдирети келмейди... Сонлықтан қурсақтағы балаға қыз бол ма, ул бол! Десек те қудайға хәси боламыз. Мен гезбеймен, несийбем гезеди. Адамата менен Хаўа-енени топырақтан бина етип, енди тирилтиў ушын саз бенен жан берген емес пе?

Саз бенен сәўбетти ялған демеңлер,
Адамата бинә болғанда барды.
Абыл, Қабыл енесиниң қарнында,
Олар хәм дүньяға келгенде барды.

деген емес пе? Неге саз бенен қосық шайтанның иси болады. Анасының қурсағынан шыққан бөбекти қосық пенен ўәййиўлеп жубатады, адамзат дүньядан өтсе қосық пенен жоқлайды. Бәйит пенен ғәззел жазылмаған китап бар ма?! Патшалар неге тәрийпин хатқа түсириў ушын шайырларды сарайда услайды. Хан зыяпаты неге қосықсыз өтпейди. Қосық гүнә болса, моллалар сол сағасынан неге тыймайды. Мениң билиўимше шайыр тили қармақтай өткир. Кескир тыйықтың бир жүзи болмаса бир жүзи тийип кете ме деп, айбынған молласымақтың рәўияты, бул. Мине, мына баламның сөзине қара! — деп, Есенгелди басын шулғып мырс-мырс күлди. — Есбергенге дурыс айтқан. Былтырдан бери ол мақаўдың нәпси ашылып баратыр. Балаларға: «тәббеде, — табақ, қуляда қуймақ!» деп шақыраўық ғаздай зарлайды да отырады. Баламдики туўры, не деп едиң



еле?... Хе, аўа ... Ал десе хош болар көңли молланың, бер десе тәрк етер хәмирин алланың...

Есенгелди жымыйып Қосыбайға қарады, — Қәне, қай жери кәте. «Ал» — деп айтатуғын молла бар ма? Мен бир гүрриң айтайын. Баяғы да бир молла тәхәрет алып отырып, дәрьяға түсип кетипти. Сақалы шошаңлап суўда мантығып баратырған уқсайды, жағалап киятырған усайды, жағалап киятырған еки жигит буны көрип, жуўырып барыпты. Биреўи қолын узатып: «бер!» деп атырған усайды. Қолыңды узат деген ғой! Молланың кеўилине бир нәрсе сорап тур деген пәм келип: «алла-жалла, буйырмасын!» деп қалшылдайды дейди. Соң екинши жигит қолын узатып: «мә!» деген екен, «қәне, бисмилла рахманурраҳим?» деп еки қолын узатып тура умтылыпты ғой.

Ғаррының тақуўа сөзине үйдегилердиң хәммеси де кеңкилдеп күлисти.

Есенгелди чайнегиндеги чайды ақырын кесесине толтырып қуйып, шым-шым уртлады да, дастурханның шетин қайырып пәтия етти. Оннан соң Қосыбайдан:

— Ўақыт не болды? деп сорады.

— Песин бола келди ғой, — деп Қосыбай жуўап берди.

— Онда песин намазын оқып алайық? — деп Есенгелди тәхәрет алыў ушын Қосыбайды ертип сыртқа шығып кетти.

Қара үйдиң ишинде Нуржамал менен Әжинияз қалды.

Әжинияз жасы үлкенлер алдында әдеп сақлап, оның үстине «айыбы» ушын қызара бөртип, төмен қарап саққа жүгинип отыр еди. Үлкенлер далаға шыққан соң аяғын жазып малдасын қурынды да, анасына шағынып қарады. Нуржамал баласының жаўдыраған жанарына тигилип, басын шайқады.

— Ақ жигит-аў, қаршадай шағыңнан көзге түсип, аўызға илине бермесең-о баўырым!...

Әжинияз анасына муңайған көзлерин бир аўдарып таслады да, қияқтай кирпиклерин үсти-үстине қақты. Басындағы қазына мақпал тақияның пөпеги, порықтай аппақ жүзине қуйылып, еки бетиниң солғымланған алмасына сәўкеледей төгилип, ажары гүлдей жанып отырған баласына Нуржамал жалт-жалт қарады. Сүйсинип, мийзамын бақты. Баланың ишки сарайына әлле

қандай бир хәсирет зердеси түскендей, гейде қабағын шытып, тунжырап, гейде шым-шытыр ой толқынында қалғыйды.

— Апа! Мен енди ол моллада оқымайман... Ағама айтарсаң, — деп, бала мүләйимсинип сөйледи.

Нуржамал да суўық демин алып, баласының сарсылғанына муңайды.

— Қәйдем билейин, ақ жигит-аў!... Сонда мектепти таслайсаң ба? Ағаң руқсат ете қояр ма екен. Сеннен үмити көп еди. Қәйдем...

— Мектепти тасламайман, апа! — деп, Әжинияз анасына қарап, күлимсиреген ажарын көрсетти. — Оқыйман. Бирақ, онда оқымайман. Елмурат ахунға қатнайман.

Қысылып, қымырылып отырған Нуржамалдың ийнинен бир аўыр мусаллат түскендей баласына ықлас кеўлин ашып, мыйығын тартты.

— Рас, апа! — деп, Әжинияз гәптиң бәнтин басып, алдыңғы пикирин енди дәлиллеўге кристи. — Мына молланың билими жуғымлы емес. Үш-төрт айдан берли бир китапты ежелеймизде жүремиз. Ана Елмурат ахунға қатнаған балалар бизлерден бир сабақ алға түсип кетти. Еле бизиң балалар төрт-бес жылдан бери сәлем хат жаза алмайды. Есберген молла тек китапты яд еттире береди. Мен хат жазыўды өзимше үйрендим... Усыны ағама түсиндирип айтарсаң, апа!

Ата менен ана хәр баланың мийзамын, минезин мысқаллап жастан өлшеўши, алтын тәрези емес пе? Әжинияздың ой-парасаты, зийрек-зейини ағасы Матнияздан да, иниси Шанияздан да өзге сынлы тулға екени сүннет жасынан берли Нуржамалға аян еди. Сөйлескен киси дәслеп баласынса да, соңынан «баланың бойына үлкенниң ойын киширейтип қойғандай екен!» деп таңланар еди. Сонлықтан Нуржамал баласының дәлиллерин парасатлы тыңлап отырды да:

— Мениң де сеннен бир тилегим бар, балам! — деди — жылдан-жылға, шүкир ақыл-есиң енип киятыр. Сениң кешеги бир аўыз қосығыңа таңлайы журттың тақылдап отыр. Үлкейсең несийбеңнен көрерсең. Бирақ, бул ўақытта тақылдап, шешенсип



халықтың көзине түсе берме. Журттың «япырмайы» жақсы емес. Тилсуқ өткиш, қаны душшы адамбыз. Биреўлерге тамаша, қызық керек. Биреўлер бир аўыз сөзге ызаланып, жаў болады. Ағайин-қарындас адамбыз. Кисини қапа қылма, өсерине жақсы. Душпаныңды көбейтпе, өнериңе жақсы... «Мың балықтың басын жеген елдиң көзи қатты болады» — деген тағы бир рәўият бар. Қосық жазғаныңды қой балам?...

Әжинияз мурнының ушын услап отырып мырсылдап күлди.

— Яқшы, Есте тутармыз, апа!...

Даладан Есенгелди менен Қосыбай кирип келди. Намазын оқып болған соң Қосыбайды Нуржамал ымлап шақырып, сыртқа алып кетти.

## ЕКИНШИ БАП

### 1

Ымырт ўақты. Алдына қара ләтте үзик, артына шыпта жапқан жупыны қара үйден ийнине сары қабақ арқалаған шийкил сары қыз шықты. Нәзери дәрья жақта. Әлле неден қысынғандай жән-жағына үрейленип қарайды. Үстинде лаплама бояўға боялған бөз көйлек. Узын жаға. Салақлаў хаял әдиплеп нағыслаған. Аяғында көк етик. Басында шашақлы бөз шаршы. Сары жамбылшадай томпайған бетиниң алмасына түскен тулымшағы менен ойнап, ой үстинде киятыр.

Дәрья жағасына келди. Таллық ийримленип, сызылып ағып тур. Қабағын жерге қойды. Ағысқа қарап көзи қарамықтай жаўдырайды. Арғы жүздеги салланып турған көк пишенлерге, ана бир шоқ талға, жайылып жүрген малларға бирим-бирим зейнин аўдарып, журтын сағынып келгендей тәбият көриниcлерине ынтығып тур. Кеўили гә көтерилип, гә басылады. Әлле неге қуўанып көз жанары жаўқылдайды, әлле неден жүреги айнып, үрейи ушады. Айнымалы жүрек соғыўына өзи де хайран!...

Қыз гә ыққа, гә өрге қарайды. Аўыл бетке де алаң. Қамалап турған көп ойдың ортасында. Қыйқаш кеткен көп соқпақтың

үстинде тубалап тур. Геўгим түсип баратыр. Тақатсызланады. Қабақтың бас жибине асылды. Жардан төмен түсти. Сақҡа жүгинип отырып, дәрьяның гә өрине, гә ығына жалт-жалт қарайды. Қабақты суўға батырып отырып та, еки көзи дәрьяның өрине тигиледи.

Қыз гүдер үзди ме, өз-өзинен қағынып, орнынан турды. Бирақ, усы ўақытта айдың сәўлеси менен бир кеме жарқ ете қалды. Дәрьяның ортасы менен ылағып киятыр. Кемеге көзи түскен сайын жүреги туўлап, қатты дүрсилдеди. Ҳалықлап, еки ийнинен демин алып, гә оң, гә шеп аяғының ушынан басып, тыпыршылап тур. Тап усы ўақытта жаға менен атлы биреўдиң дүрсилдеп киятырған даўысы еситилди. Қыз жардың қойыў қараңғы қуўысына жасырынды. Сақҡа жүгинип отыра бергенде анадай жерде сопайып турған қабаққа көзи түсти. Қыз қабағын жасыра алмай қалды. Бул орнынан енди қайта түргелип, қабақты көзден таса қылыўға кеш болып қалып еди. Онда қыз, атлы кисиниң көзине түсиўи мүмкин еди. Себеби, желип киятырған ат жасырынған қыздың тап тусына келип қалып еди. Сонлықтан қыз еки көзин қабақтан жазбай тигилди де, сазарып отыра берди.

Дәрьяның жағасы менен жортып киятырған атлы айдың жарығы менен зеңирейип турған қабақты көзи шалып, аттың басын гүзар жолдан дәрьяның жағасына бурды. Қыз да усыны сезип бир қысым болып жарға тығылады. Қабақтан үркип, бетлей алмай турған атқа: «Тур-р!» деген даўыс еситилди. Соны айтыўдан аттан шәпик ырғып түсти де, атын жетеклеп қабақтың қасына келди, Үрейленип жан-жаққа қарады да:

— Мына қабақтың ийеси ким, ҳәй-й?... деп, даўысын созып бақырды.

Бул даўысты қыз әлле кимге шырамытып жар астынан жоқарыға сығалап қарады да:

— Ҳаў!... деп, ийегин тислеп, денесин еки бүкледи. Безгектей қалшылдады. Оннан соң қулағы питип, жағада турған атлының не деп атырғанын еситпеди. Бир мәҳәлде қыз орнынан ырғып турды да аттың қасында турған адамға бойын таслап:



— Баўырым... Әжиниязжан!... деп сыңсып, өкирип қоя берди.

Сол ўақытта дәрьяның ғырра жағасы менен жағалап киятырған кеме булардың тусынан зуўлап өтти де, ярым шығанақ ықлап қырға шықты.

Солқылдап муңын шағып, жылап турған қызға алаң болып, Әжинияз жолаўшы кемеде кимлер барын серлей алмай қалды. «Еси дурыс па?» деп аң-таң болып турған инисине қыз әллен ўақытта басын көтерип, жасқа жуўылған көзлери менен жалынышлы қарады.

— Баўырым... Кеттим мен. Хош. Туўысқан болсаң, айтпа мени Әжиниязжан!... Апама деп тағы бир гәпти баслайжақ болды да, «айтпай-ақ қойайын!» дегендей өз-өзинен буўлығып, басын шайқады.

— Ҳаў, қаяққа барасаң, апа? — деп Әжинияз, бул ўақытта жардан төмен түсип баратырған қызға түксирейип жекиринип еди, қыз артына бурылып, алдында турған кемени көрсетти де, жуўырыўы менен бара кемеге секирди.

Әжинияз атының шылбырын уўқалап, сәл ғана турды да «кимлер екен, билип қалайын!» деп атына ырғып минип, түнерип ыққа қарай кетти.

Кеме дәрьяның ортасына шығып, ыққа бурылған ўақытта қыз жағада қалған қабағына бурылып қарады. Жарда турған қабақ узатып қалған қыз жеңгесиндей изинде телмирип, мойнын созып тур екен. Суўқабақ гейде жар жағасында шапаның жамылып қызына ҳақ жол тилеп, жылап-еңиреп турған анасындай болып елеследи. Қарасы семген ўақытта қыздың көз жасы өңирине төгилди...

## 2

Кеме аўылдан узақламай-ақ қара үйден «қыз қайда?», деген даўырық шықты. Анасы Нигарханлап еки-үш мәртебе сүренледи. Кешки тымық ҳаўаны толқынлатқан шаўқым сүрен гә көтерилип, гә басылады. Түн дүньясын тербетип тур.

Әлле ким дәрьяға қарай жуўырды. Жардың қабағында сүмирейип турған суў қабақты көрди. Бас жибинен услап

жардың басына шығарды. Қабақты қолына илип алажақ еди, иши суўға толы екен. Қабақты қоя берип, сүренлеп аўылға қарай жуўырды.

Ақ сақал, қара сақал, ақ жаўлық, қызыл жаўлық, айдарлы бала, тулымшақлы қыз, — ҳәммеси дәрья жағасында сап тартып тур. Сам–саз.

— Пери ... Суў пери шақырған...

Онда кийиминен бир нуска қалмай-ма?

— Қалмайды. Ал сен не деп ойлайсаң?

Әлле кимлер сыңсылап жыласады. Өрден-ыққа шабыспа. Ерегис, кейис. Жаңа ғана қалғып турған аўыл үсти ала бурқан. Шыпта үзикли үйдиң иши қыран-топан. Адамлардың шаўқым сүренине жарыса ийтлер шабаланып үреди.

Жағада түнерип, тунжырап турған адамларға дәрьяның ығынан жарды жағалап, ешекли биреў келди. Ол әлле немелерди айтып, дәрьяның ығына қарай қолын шошайтты.

Еки-үш адам аўылға қарай жуўырып кетти.

Тағы шаўқым — сүрен, тағы топалаң! Ҳаяллардың шаңқылдаған даўыслары, ғаррылардың көкирегин жарып шыққан буўлықпа жөтеллери, кемпирлердиң тоңқылдысы, қулласы тоқсан муқамдағы сеске тымық түн толқын атып, дәрьяның жағасы дүр-дүр силкинди, Самал менен жарға қулашын сериппен шабыра толқынлар да дағдарысып турғандай. Сыңқылдасып сыбырласады, жылт-жылт жымыңласады. «Жолаўшыларға тиймең!» дегендей айбат шегип, сабалап жарды тебеди. Таллықтың еки бойындағы нар қамыслар аспанның қап-қара шымылдығын жамылып, дәрьяның бетин қаплап таслағандай, жер жәҳән тас түнек.

Әне, аўылдан еки атлы суўырылып шықты. Дәрьяның жағасына келди. Әлле ким менен суўыт тиллести. Бир ўақытта қашарманнан буйрық алған шабандоздай, атлардың басын арқаға қаратып, саўырсынына қамшыны тартып-тартып жиберди. Атлардың изинен: «Кеўдесинде жаны келсе болды. Доңыздай артып әкел!» деген даўыс шаңқ ете қалды. Көп ўақытқа шекем қуўғыншы атлардың туяғының дүсирлиси жер солқылдатып



турды. Шырп-шырп урылған қамшылар түн пердесин тилип баратырғандай еди.

Усы ўақытта және бир топар адам кемеге минип, дәрья менен қызды қуўып кетти. Жағада турғанлар гә атлыларға, гә суўда кетип баратырған кемеге сығалап телмирип қарап тур. Қуўғыншылар көзден ғайып болған соң ғана адамлар бирте-бирте үйлерине тарқасты.

Дәрьяның сақшысындай жағада тек еки адам ғана қалды. Олар, басына гөне шапан жамылған бир кейўаны ҳаял ҳәм оның қарсысында отырған қурашлы ғарры.

Ҳаял оң дизесине жағын таянып, үрейи ушып отыр. Көзлериниң жалыны семик. Жерге тесилип қарап, кирпиклерин сийрек қағады. Гейде делбедей теңселип кетеди. Қалың қайғы менен сызлаған сарсық иштен баўырын күйедей жейди. Бул қабағын жар басына таслап кеткен қыздың анасы, — Дәрибийке.

Қурашлы ғарры қыздың әкеси, — Қайып. Еки дизесин айқара қушақлап, жүресинен отыр. Ажары суўық. Алдында жыланнан қорыққан палапандай бир қысым болып отырған ҳаялға ҳәр ўақ қанталасқан көзин аўдарып таслайды. Тарамысланып ети қашқан бармақлары алақанының үстинде түйилип қалған. Ара тура аўыл жаққа суўық көзин салады. Бирең-сараң үйде ғана оттың сәўлеси көринеди. Олар қызды қашан әкелер екен деп уйқыламай отырған Қайыптың жан ашырлары. Қайып от шыққан үйлерди қуўат биледи. Қарсы алдында қыямет сүргин қаплап киятырғандай, қыздың анасы мойнын ишке тартады. Жыйрылады, жасқанады!...

Жағыстағы ерли-зайыплылар кирпик айқастырмай өрели таңды атқарады. Қоразлардың екинши шақырымынан соң шығыс жақтың қара думаны ақшыл тартты. Соңғы жулдызлар да семди. Таңның хабаршысындай өлпең самал esти. Қара шымылдығын жер бетинен сыпырып алып, түн батысқа қарай ығысып баратыр. Шымылдықтың желпиген ескими менен дәрьяның бети бүлкилдеп қайнап, көлдиң тынып турған пишен қамыслары түн менен хошласқандай шуўласып қалды. Таң атты.

Соңғы үмит-әрманын таңнан күтип отырған ерли-зайыплы еки ғам кеўил түн сорыған нурсыз көзлерин шығысқа тигеди.

### 3

Бири қыр, бири суў менен атланған қуўғыншылар түн ярымында дәрьяның ортасында ығып баратырған кемени көрди. Атлылар бир шығанақ илгери баратыр еди. Алдыңғы тәмпиш мурын жигит қапталында секек атып киятырған жолдасына бир неме деп гүбирледи де, аттың басын көлдиң ортасына қарай бурды. Екеўи шапқыласып қалың қамыслыққа сиңип кетти. Қашқынлар буны сезген жоқ. Ағыстың бағдары менен кеме әсте қалғып киятыр. Ескектиң қалағының суўды сыбалаған сестине қулақ шуйдиң тынымсыз шыйқылдаған сықырлысы қосылып, зарлы бир төгеди. Ал қуўғыншылар алдында турған олжадан қалғандай, ескекке биринен соң бири алмасып түсип, алдындағы қашқын кемеге қәҳәрин төгеди. Көкиреги толы жедел. Гезеде отырған мергенлердей сығалап, қашқын кемени нысанаға алып баратыр. Қол жетер жерге келсе, жаралы арысландай атлығажақ, — жете алмай тур. Қуўғыншылардың ескегиде өжетленгендей қулашын жайып, суўды омырып гүреп баратыр. Кемениң еки қапталының көк-ала толқын. Ескекши өкшесин азнаға тиреп кемениң қара қусына басы тийгенше өңменин артқа таслап киятыр.

Бул ўақытта тас төбедеги ай батысқа қулаған еди. Дәрьяның бир шығанағынан айналып, кең кенарға түскен мезгилде қашқынлар изинен қуўып киятырған қуўғыншы кемеге көзи түсти.

— Ержан, артыңа қара! Туў анаў киятырған кеме емес пе? — деп, кемениң бас тахтасында мүлгип отырған Садық дәрьяның ортасына көзин тикти.

— Аўа! Кеме... Жолаўшы емес пе екен?! — деп Ержан әлле қандай бир қорқынышты жүреги сезсе де, үрейленип, албыраған кейипин ескекшиге сездирмеўге тырысты. Екеўиниң даўрығынан сетем алып кемениң ортасында бир жанбасына қонып, дағдырып отырған қыз дизесине тиреген ийегин жулып



алды. Көзи тас төбесине шықты. Ҳаўлыққан көз жанары лаплап, соғғын ажары қатыўлана қалды. Жүреги бир қәлипте турар емес. Дүрс-дүрс соғып, кебзеге тийежақ нийети бар. Мөлдиреген қыз көзи кемениң артында отырған жигитке: «енди не қыламыз?» дегендей шағынып муңайды.

— Жолаўшы ма, жол қараўшы ма, ийт биле ме, не қылып киятырғаның?

Ескекши жигит әлле нени сезгендей ескекти ашыўлы ишинде кулашлап тартты.

Үшеўи де биразға шекем тиллеспей отырды. Үшеўиниң де көзлери издеги кемеде.

Артқы кеме кем-кемнен араны қуўсырып киятыр. Ай уясына кирип баратырған ўақыт. Таң қараңғысының тас түнеги жарық әлемди қара думанға орайын деп тур. Сол думан менен қабатласа қорқынышлы бир сүргин киятырғандай қашқын қыз кемениң азнасына тығылып қалшылдайды. Ал еки жигит издеги кемеге жалт-жалт қарап, жигер жыйнайды. Аласат хабаршысындай таң самалының дәслепки бир ескими менен көлдиң қамыслары дир-дир қалтырап, силкинип, дүркиресип, шуўласа қалды.

Издеги кемениң қара қусы көринди. Арасы таяў бойы қалды. Еки кемениң ескекшиси де нукырып тартып киятыр. Изги кемениң жүриси ҳөктерек. Ержанның пикиринше: «жолаўшы болса неге бизиң изимизге шуқшыйып түсе қалды. Дәрья кең. Алысырықтан неге озып өтпейди?»...

Шынында да, алдыңғы кемени қақ айырып басып өтетуғындай артқы кеме нысанасын Ержанға гөзеп киятыр.

... «Сақлықта қорлық жоқ». Таярланыў керек.

Ержан ызалы көкжалдай қабағы түнерип, өзин гүреске сазлады.

Артқы кеме қабатласа келди. Пазнадай кең пәнжели бир жуўан қол алдағы кемениң азнасына асылды. Сол ўақытта Ержан орнынан ушып турып, қолындағы таяўдың айыр ушы менен изги кемениң басын ыққа қайырып таслап, пәнже салған жигитти қағып жиберди. Сол қағыўдан ол дәрьяға жалп етти.

— Ҳә әкеңнин... деген қәҳәрли сөгис еситилди. Бул сөгис қуўғыншының дәслепки тиллесиўи еди. Қашқынлар еле тил

каткан жоқ. Тек кейинги кемедегилер суўға жығылған шеригин сүйреп алып атырған ўақытта ғана Ержанның:

— Садық, ғайрат сал жора! — деген сести шықты.

Ержанлардың кемеси қырқ-елиў адым араны ашты. Бирақ, изги кеме сәдди басын дүзеп, тағы топылысқа өтти. Тағы қуўсырып, тағы тықсырып, жан алқымға таяды. Қашып қутылмасын билди ме, ямаса кемениң басындағы жигиттиң шаршағанын сезди ме, Ержан ембеклеп кемениң басына барды да, ескекти өзи алды. Бир ойы қолына түскен қаршығасын алдырғысы келмесе, екинши ойы қыз алдында өзиниң ғайратын көрсетипте қалғысы келген шығар, ким билсин, жигит бар күшти салып, кемени алға сүйреди. Күши шағылмаған, булшық ети шымыр жигиттиң қолына түскен ескектиң қалағы шығырдай суўды сапырып, кемениң қапталын көк ала толқын қылды.

Ержан ескекти алғалы кеме тағы араны аша берди. Иштен тынып жүреги қабына сыймай отырған қыздың тынысы ашылып, жеңил демин алды. Жигиттиң салалы билеклерине, ғайратлы ажарына сүйсингендей жүзин жаўқылдатып, мыйығын тартты. Қыздың бул жымыйыўы «тәўекел!» — деп изине ерген жигитиниң ғайратына иштен сүйсингени еди. Аўа, Нигархан усы жигитке рийза еди...»

Ол муҳаббат базарында өз қардарын тапты. Тайғақ та демеўтар жолда сүйеў болып, аядай кеўилине жететуғын парасатлы яр излесе, ол усы Ержан еди. Соның ушын қыз толы елди жарып, жағада жар басында ўәдели күнди күткен еди. Жигит те өз сөзинен шығысты. Пәк жан, ҳақ кеўил еки жастың үмит соқпағы бир гүзардан шықты. Усы ушын Нигархан ата-анасына бәне ҳәм көзаба етип арқалап келген суўкабақтың жар басында шоңқайып қалғанына налыған жоқ. Ол олма, жети атасына шекем талай гөззал аналары тепсинип үзе алмаған қырқ туўар пәтиясын, күйеўлеп жүрген бир елат намысын, қылышынан қан тамып турған шәриятты атлап, «тәўекел» кемесине мингенде жалтарып бас тартты ма? Жоқ. Тек Ержанға қосылса, барлық гүна, намыс, уят, атаўылының ҳәммеси пәк. Ержан арқалы



бәринде өтейди. Мәртебе де, әрман да, үмит те Ержан бар жерде. Соның ушын ескекке Ержан түскен ўақытта қыз жүрегиндеги «алле қәйтеди» деген уўайым серпилип, қабағы жарқ етип еди.

Тап усы ўақытта жағада еки атлының геллеси қамыстың арасынан қылтыйып көринди. Бул гезде издеги кеме даўыс жетер жерде қалып еди. Бирақ, ара ашылса да, қуўғыншылар қасарысып қуўып киятыр еди. Егер қуўғыншылар жетсе, жалтаратуғын қыснақ, паналайтуғын қуўыс жоқ еди... Сонлықтан ба, Ержанлар жәрдем күткендей жағада көринген еки атлыға жалтаңлап, шағына бой таслайды. Усы ўақытта жағадан:

— Ержанбысаң? Ержан, жағаға шық!... Атлар таяр... Тарт берман!... — деген сүренлеген даўыс еситилди.

«Жәрдемге алдымызға шыққан жигитлер екен ғой» деп Ержан кемени жағысқа қарай бурды. Атлылар жортып желип кемениң қапталына келген ўақытта: «кимсең?» деп Ержан сыбырлап еди. Атлылардың биреўи ырғып түсип кемени услаўға қолайласты. Ержан жолаўшылардың бул қылўасын жаманлыққа жорып, ашыў ғазабы түтенип кетти. Жалма-жан кемени дәрьяның ортасына қашырды. Атлылар: «қыймылдасаңыз болмай ма!»... Жаныңыз бар ма деп қуўғыншы кемеге сүренледи. Усы ўақытта ағыстың ығына бурылып баратырған Ержанның кемесиниң ортаңғы азнасына қуўғыншылардың кемесиниң қара қусы дүрс етип тийди. Дәрьяның ортасында еки кеме көкпарға таласқан ылақшы атлардай айқасып, ағысты ықлап кетти.

## ҮШИНШИ БАП

### 1

Қайып сақыў руўынан. Қосыбай менен аталас ағайин. Ағайин пәмлеп ҳәм сүйеў көрип, өз алдына шаңырақ болғалы үйин Қосыбайға иргелес тигип киятыр. Күш көликтен жалбыржабыўлы ғарры ябысы менен бир сыйыры бар.

Ҳаялы Дәрибийке усы шаңыраққа еңкейип түсип, емпеңлеп келин болғалы бир ул, бир қыз көтерди. Туңғышы қыз, — Нигархан. Оннан кишиси ул, — Хожамберген.

Нигархан өткен жылы он алтысын толтырған ўақытта «Ашамайлы» руўының байы Халмурат еки жаўшыны атландырып: «Қосыбайдың үйине түс. Картайғанда тамыр жаңарткым келеди. Балама шүберек баслы биреўин инам етсин! Жағыңыз қарысып қалмай, усы сәлемлемени тап-туйнақтай етип сөйлең!» — деп, зинхәр тапсырған еди. Еки атлы туўры нәзер алған үйге түсип, байдың сәлемин айтты. Қосыбай бул гәпти еситип, аржақбержағын ғаўзастырған болды. Өз топарында ержеткен қыз жоқ еди. Нигарханды жассындыма ямаса оны миясар көрмедиме, оны ойға алған жоқ. Ақыры: «көшемизде байдың хызметине жарамлы нашар жоқ...» — деп жуўап қайтарып еди, бул жуўапқа намысы келген бай: «не қылған гөдек жан. Қайыптың қызын қарызына бере ме екен? Соған пәтия оқыйық!» деп бул сапары жаўшы менен қоса жипек шапан сарпай жиберди.

Қосыбай тубалап, толғанып, ақыры шапанды сандықтың төрине таслады да, бас елши өзи болып, аға-жеңгесиниң рийзалығын алып келди. Байға сәлем жоллады:

— Бай ағамыз, әзелден ҳақғаныйын айтып, пинхәни қурық тасламағанда қәйтеди. Биринши сәлемлемесине түсиниспеп едик. Енди сақлаўлы қаршығамызды баласының қанжығасына байладық. Бирақ, қырқ туўарға қыйналып, «гедей», деп бас-сынбасын. Санасқан дос емес... Саўдаласпасын!

Нигарханның басына усылай қурық түскен еди. Пәтия оқымастан бурын-ақ, жипек шапан жамылған Қосыбай қыздың қырқ туўарының тең жартысын өзиниң қорасына айдайтуғынына гүманланған жоқ.

Бирақ, ол муратқа жеткермеди. «Күйеў бала келетуғын усайды... деп абысын-ажынның сыпсыңы шыққан күнлери «Қайыптың қызы қашып кетипти!» — деген хабар сап ете қалды. Қыз әкеси Қайып пенен анасы Дәрибийкениң жар басында таўланып, кимге муңын шағынарын билмей дағдырып турғаны сол еди ...

Ал Қосыбай ше?...

— Шырағым-ай, бүгин кештен бери Нигарханды жойтып отырмыз ғой. Өли-тирисиң излетсең-о! — деп жылап еңиреп



келген Дәрибийкениң хабары Қосыбайдың төбесинен жасын түсиргендей болды.

Аўыр жатар ўақыт еди. Қосыбай төрде пәр көпшиктиң оң жақ шығанағына дастанып жатыр. Қалғып баратырған кисидей, қабағы тарс жабылды да қалды.

Дәрибийке сол сөзди айтты да, тунжырап төмен қарады.

— Өйбей, не дейди! — деп бул үйде сес шығарған тек Нуржамал ғана болды. Қосыбайдан еле жақсы-жаман деген жуўап жоқ. Ҳәмме соның бетине түсип отыр. Әллен ўақытта барып Қосыбай терең демин алып, кәддин тиклеп, малдасын қурып. Онда да:

— ... Солай де...деп, Дәрибийкеге шекшейип бир қарады да тағы үндемей қалды. Үйдиң иши тағы жым-жырт. Тағы бираздан кейин Қосыбай:

— Жөгисереме, өйтип, қақбас! Өзиң қашырып, өзиң тәсил салғың келди ме? Тап қызды! Халмурат бай ойнайтуғын адамың емес... деп орнынан турды да, үйден кәҳәрленип шықты.

Тайда таяқ қалдырмай аўылдың бәрин дәрьяның жағасына жыйнап, суўдан да, қырдан да, еки жақлап қуўғыншы жиберген ҳәм бағана «көкирегинде жаны келсе болғаны, байлап әкел!» — деп ҳәмир берген усы Қосыбай еди.

Қуўғыншылар таң қулан ийек атқан ўақта аўылға оралды. Жағада еки көзи төрт болып, қызын күтип отырған Дәрибийке кемениң ишинде Нигарханның жоқ екенин көрип, «суўға жазым болды ма!» деп талып қалды. Нуржамал бетине суў бүркип, оны үйине алып кетти. Қайып үн шығарыўға Қосыбайдан қорқып, таң сорыған жалынсыз көзлерин жерге қадап, ети қашқан жағына қолын тиреп, пошшадай болып жүресине отыр.

— Қуўғыншылар киятыр, — деген хабарды еситип жағаға келген Қосыбай еки қолын артына қайырып, гә дәрьяның аяғына, гә Қайыпқа шегирейип қарайды.

Қуўғыншылардың кемесин өрге қарай еки ат тартып киятыр. Бириниң үстинде шақан көз, келте Таўмурат отыр. Ол усы аўылда Қосыбайдың тил алғыш, кеўил жақын ат-қосшысы. Кеше қуўғыншыларға басшы етип, соны жиберип еди.

Кеме жағысқа шықты. Қуўғыншылардың арасында түри бөтен тек бир ғана жигит бар.

— Ал айт гәпиңди! — деди Қосыбай аттан түсип, сәлем берген Таўмураттың қасына келип, — Қыз қайда? Анаў ким?

— Дәрьяның ортасында бир ет писирим айқастық, —деди Таўмурат. — Қызды алып қашқан ана Кулымбеттиң инилери Ержан деген жигит екен. Оның да, бизиң де кемемиз аўдарылды. Таңның тастай қараңғысында, жасыратуғыны жоқ, қыз түўе қырға шығыў бас қайғы болды. Жағаға жүзип шығып, бир-биримизди түўеллесек ана кемеде отырған Садық деген жигит, ол да жүзип шыққан екен. Соны байлап алдық. Кемемиз бир дығырық ығып, қайтпада айналып тур екен. Суўын қурғатып, минип қайттық. Олжамыз усы, аға! Жигитти де, қызды да таба алмадық.

— Жоқ болсын-ә! — Қосыбай кемениң қасына келди. Кемениң ултанында еки бүкленип тунжырап отырған, сылыңғыр жигиттиң өзинен қаймығып сығалап қараған қыйтар көзлерине, үпик сары жүзине, сылыңғыр пишинине бир майдан суўық тигилип турды.

— Қаяқтың адамысаң? — деп, Қосыбай сораў берди.

Жигит көзин бир аўдарып таслады да, нәзерин пәске алып:

— Мен бе, мен де бийдиң аўылының адамыман, аға. Бир кембағал жигитпен. Кеше Ержан: «Қыз алып қашаман. Сен қосшы бол», — деп еки тилла берип, жаллап еди... Қызға емес, тиллаға қызықтым, аға. Аш-жалаңаш адам болған соң шыға қойып едим. Бундай шатағы барын, мен ахмақ қәйдем билейин. Кеме аўдарылған соң «қызы да, жигити де қурысын!» — деп, қара басымды зорға жағаға алып шықтым. Мениң арзым сол, аға! Кисиге зыяным жоқ...

— Сизлердиң бул урлығыңыздан бийдиң хабары бар шығар. Ол кисиге ойластыңыз ба?

Жигит кирпигин үсти-үстине қағып, ойланып турды да:

— Қәйдем аға, Ержан бийдиң үйине кирип шығып, ойласып жүр еди, — деди.

— Босат бул бийшараны, — деп Қосыбай Таўмуратқа буйрық берди де, жағадағы адамларға қарап: — Енди сизлер де үйли-



үйиңизге тараса қойың! — деди. Қайып тап сол ўақытта басын көтерип, мөлтилдеген көзлери менен Қосыбайға жалбарынып қарады.

— Қосыбайжан, қыздың өли-тирисин излетсек қәйтеди? Мен өзим...

Қосыбай Қайыптың аўзындағы сөзин жулып алды.

— Сен хеш қайда бармайсаң. Суўға кетсе жолы болсын. Үйтилген нашар өз басын өзи жутады да қояды. Тири болса Кулымбетти паналамай, гөрге бара ма? Отыр үйиңде, шарўаңа айналыс!

Сол ўақытта Қосбайдың көзи аўылдан қуйындай шаңғытып шығып, арба жол менен арқаға қарай шаўып баратырған бир атлыға түсти.

— Анаў ким өзи? — деди қолын қабағының үстине апарып.

Атларды жетекке алып киятырған Таўмурат омыраўын тиклеп қарап турды да:

— Әжинияз емес пе? Сол ғой... деди.

— Қаяққа баратыр ол Шақыр бери! — Қосыбай қурашын қол ушына көтерип еди. Әжинияз еситти ме, еситпеди ме, артына бир қарады да, қайрылмай көлдиң ултанына кирип көзден ғайып болды.

Қосыбай тунжырап, теңселип жүрип үйине қайтты.

Аўылдың иши сыпсың әңгиме. Еситкенин асырып, бөрттирип айтыўшылар да жоқ емес: «Қайыптың үйине күйеў баласы Ержан келген усайды. Усылардың өзлери хабарсыз емес. Дәрибийке жәдигөй жорта көз жасын төгип жүр. Тек көзабаға жылайды. Еле көрерсең!» деген қомпылдақ гүррің ашыған қамырдай көпшип баратыр.

Қосыбайдың да бул сөз қулағына тийди. Бай қудасынан айбынған ол, бир күни Қайыпты шақыртып алып, әңгимениң анығына жетежақ болып еди, ол: «алла, жалла! Бир қуда бар ғой иним, бул ғыйбат! Көрсем көзим көр болсын!» деп ант ишти.

Енди Қосыбай Ержанның аўылынан шыққан сыпсың гәпти анықлаў ушын астыртын жансыз жиберди. Бул — жаны бар гәп екен. Ший сығалып, тың тыңлап қатқанлардың хабары бойынша: «Ержанның табылғаны рас. Бирақ, қашып жүрген

усайды... Жақында Қулымбет бийге келип бой тасалаған усайды. «Гәп сөз басылғанша бойыңды тасалап жүре түр!» — депти.

Қосыбай ҳайран болды... Егер кеме аўдарылған жөни менен қыз неғайбыл кеткенде бир сәри еди. «Үйтилген еки жас, — Ержан менен Нигархан басына жетти де қойды. Сизге келин, бизге күйеў буйырмаған шығар. Тәғдийирге не шара?» деп, Халмурат байға сәлем жоллар еди. Мына Ержанның тири хабары қыз даўын тағы жаңғыртып тур. Егер Ержан тири болса; қолынан қызды тартып алып, ел дәстүрин аяққа басқан қыз-жигиттиң тәмбисин бериў керек. Олай болмай қыз өлген болса, Ержаннан қун талап етиў керек. Онда еки ел әрўақ–уран шақырысып, жаўшы салып, аразласыўы ҳәм бир питимге келиўи лазым...

Усы төрелиги өзине мақул түсти. Таўмуратты атландырып, Халмуратқа жоллады. Ол да буны мақул депти. Қосыбай:

— Қатын, ҳәй! — деп, Нуржамалға сүренледи. Сырттан: «не өзи?» деген ҳаялының даўысы шықты.

— Әжинийазды шақырып жибер. Тез келсин!

Әжинияз үйге кирип, төрде тунжырап отырған әкесиниң бир қапталында саққа жүгинди. Қосыбай кәддин жазбай бираз ойланып отырып, әллен ўақытта тил қатты.

— Балам... Бир сәлемнама жазбақ лазымлы болып қалды.

— Әжеп ата! — бала орнынан турып қамыс қәлемше менен ағаштан ойылған дәўетин ҳәм сарғайып гөнерген бир жапырақ қағазын алып, саққа жүгинип отырды:

— Жаз балам! — деп Қосыбай ойланып қалды да, тағы тәкирарлады, — Жаз балам! Қулымбет бийге жаз балам... «Қосыбайдан дуўайы сәлем болсын. Ел халқыңыз парахатшылық па? Жаныңыз ҳәм малыңыз аман ба? Ана Халмурат бий бизиң қудамыз еди. Келинин узатайын деп атырғанда Сизиң әмекиңиз Ержан алып қашып кетипти. Айтыўшылардың гәпине қарағанда Ержан бойын тасалап қашып жүрген усайды. Жесирин алып бассынғанына Халмурат ҳәм ел дәстүрин бузғанына биз ҳәм қапалымыз. Сиз бенен бизиң көзимиз тири ўақтында шәриятты бузған саяқ-сандырақ пенен тентекке тәкийт бермек лазымлы. Бир суўаттан суў ишкен, бир жаға бойлы ағайин



қарындас адамбыз. Усындайдан заман айнып, ел бузылады. Ел кәтқудаларының аўзының дуўасы қашады, Ал ғәрез; жесирди қайтарып, бузық тентегин жөнге салып, жүўенлейди! Деп Халмурат бай ҳәм биз сизиң бийлигиңизден көп-көп дәме етемиз. Зинҳәр сәлем жоллаўшы — Қосыбай».

Қосыбай баласының қолынан қағазды алып еки-үш бүклеп төс қалтасына салды. Усы ўақытта есиктен Нуржамал көринип еди.

— Таўмуратты шақырт! — деп, отырыўға бейимлескен ҳаялды қайта турғызып жиберди. Әкеси менен баласы тағы оңаша қалды. Әжинияз ой үстинде отырған атасына өз ақылының төрелигин айтқысы келип, бир-еки мәртебе оқталып қойды. Усылай отырғанда көз алдында кеше ғана қолынан жетеклеп ойнатып өсирген қәдирдан апасы Нигархан елеследи. Бала буннан ары әдеп сақлай алмады.

— Ата, Руқсат етиңиз! Оларға не тәкийит берер екен? — деди.

Қосыбай да усы жаза үстинде ойланып отыр еди. Баласына жалт қарап, қабағын жапты. Сораўын өзине қарсы қайтарды:

— Китапты оқыдың. Шәриятта не дейди?

— Шәриятта егер некени бузса, қызды алып қашқан адам қалың малын төлеп, қуда жағын рийза етиўи лазым.

— Ал егер ҳалы келмесе?

— Ҳалы келмесе өлместен бурын рийзаласса болғаны.

Кәмалдың елиў жасында бийнеке ҳаялының қалың малын төлегени жақында емес пе? Жәмәәт ғамыңызға соннан соң қосып алдыңыз ғой.

— Егер қуда жағы көнбесе?

— Шәриятта үш мәртебе алдынан өтиў лазым. Көнбесе мөҳминниң арзыў-ҳалын тыңламағанның өзи кәфир емес пе?

Қосыбай басын шайқады.

— Сен менен бизиң шәрият ғой, бул балам! Есен қазыда шәрият көп. Бир сарпай менен шәриятты жүз түрлендиреди. Қазы менен молла, — дәўлетлиники... Әй балам! ... Сеники китап шәрияты. Шәрият көп... Араласпа, буған, еле жассаң, қазының алдында талай молланы майырғанбыз. Майырыласаң!...

Қосыбай түнерип, түйилип қалды. Әжинияз сам-саз. Атасының сөзлерин иштен қайталады. «Шәрият көп... Майырғанбыз... Майырыласаң!» — «Мен майырылмас едим»... деп иштен өжетлесип кетти.

Таўмурат Қосыбайдың сәлемин алып Қулымбеттиң аўылына кетти...

## 2

Қулымбет, — Таллықты жағалаған елдиң бәриниң бийи. Жасы елиўди қуўсырып баратырған киси. Хан алдында бедели артып, «Майлы шеңгелдиң» берги жағына Айдостың ярым хан болып, Қоңыратты аўзына қаратып турған жыллары «қолдаўлы» аўылында ҳәмелдар болмаған адам нәкен саяқ. Ярым хан ағасынан дәмөгей болып, сол жыллары Қулымбет те атқа минди. Хызмети жақты. Айдос Қулымбетке өз аўылының бийлигин берди. «Қулымбет» аўылы атанды.

Айдос десе аўзындағысын жута алмай хызметине пәйик болған бий, ярым хан ағасының дәслеп есигинде отырғанын мәртебе билсе, бара-бара көкирек басып, төрине өрлейтуғын дәрежеге жетти. Бир күни Айдостың кейпи дәшип отырғанда Қулымбет бой таслап, ағасынан «Боз атаў» өңириндеги елатты қоса сорады.

Айдос Есенгелдиниң қолынан бийикликти тартып алып, Қулымбетке берди. Мине, соннан бери оның қоржыны жуўанып, алдынан кесе өткенге азыў салып тур. «Бий көп болса, даў көп болады» дегендей, ҳәмелдарлардың көбейгени аўылға көтере мийнет еди. Оған себеп бириншиден —Қулымбет бийликти алған соң қоластындағы алыс жатқа салғыртты батыра салса, екиншиден, — алдында жол салып кеткен устазынан алған тәлими бойынша ол да: «Айдос болып, ханға жаранаман» деп, бийлик қамшысын шыйрақ услады. Оның үстине гөне бий, Есенгелдини тақымынан өткериў ушын «бир қыр көрсетсем!» — деп әрман ететуғын еди. Ал Ержанның бүгинги қылўасы тынық суўды шайпаўға қолайлы бир үргин еди. Себеби, Есенгелди менен Қосыбай ар-намысы шерик ағайин еди.



Ержан, — бийдиң аталас ағайини. Қосыбайдың аўылына сапар ететуғын күни қыз туўралы қулақ қағыс етип, бий менен кеңесип те алған. Есенгелдиниң аўылына Қулымбет бий тағы бир қыр көрсеткиси келип, Ержанның талабын мақуллап, өзи атландырған еди. Бирақ, Ержанның талабы оралмай келди. Жолдасы қолға түсти. Қыз суўға кетти. Бий жигитке: «олжасыз неге келдиң?» деп суўық қабақ көрсетсе де, Есенгелдиниң аўылының бир қызы шығын болғанына кеўли хош болды. Усының менен бирге жаман атлы болып келген Ержанның тәғдирине де жаны ашыған жоқ.

Түс мезгили. Күн қапырық ыссы. Қара үйдиң артқы шийин түргизип, төрде, қурақлы көрпешениң үстинде теңкейген пәр дастықты қолтықлап бир қырынлап яўмыты мүрт, қаба сақал жалпақ бетли бий шайды кейип етип қайтарып отыр. Жағасын молдан қайып жийеклеген ақ сүп көйлегиниң етегин желпип, ылақаның қарнындай иркилдеген семиз қурсағын арқа жаққа қаратып жатыр. Жан қалтасына қолын суғып түйиншик шүберекти алды да жүўеридей тирийекти аўзына таслады. Кесени аўзына апарып, көк шайды бир уртлап, гүйсеген өгиздей тирийекти сорып жатты.

Есиктен аяғын ғаз-ғаз басып бийдиң бәйбишеси келди. Жағасын алты ели қошқар мүйизлеп нағыслаған қызыл жипек жегде жамылған. Басында ҳайўан қаслап ораған айдыллы түрме. Есиктен таўыс қустай ғайры нағышланып, наз етип, сүзилип, сызылып кирди. Бәйбише қанша сыйқырласа да бий қәддин бузған жоқ. Арбап алдай алмаған жыландай таўланып, көзиниң нуры түнерди. Еки қатын күндеслиги ишин өртеген бәйбише бийдиң салқын қарағанына бултыйып қалды.

— Сизге биреў келип тур. Кирсин бе? — деди.

— Ким өзи-о? — деп, бий шекесинен қарады.

— Сен қәдирлемеген бәйбишеге ким жөнин айтсын! — деп, үстине тоқал алған бийди шағып сөйледи.

Бий селк етип, аяқ-қолын жыйнап, артына қарады. Аўзын тобартып турған бәйбишениң өкпесин жазыў ушын енди нәўбетине ол арбады.

— Бир тоқалды басқара алмайсаң заңғар. Билсең ол сениң күнликши шорың ғой. Оны сүйгилик ушын емес, сениң ақ саўсағың күйеге былғанып қараймасын деп алдым. Астың жер, үстин тепки қылып жумсай бер, шабазым! Сениң хәр басқан изиң жүз тоқал, — деп ғарқылдап күлди.

Тоқалдан өшин алыў ушын бәйбишеге де усы сөз керек еди. Таўы бирден босап, жаңа ғана түнерип турған көзлериниң қарашығы ойнақшып жарқ етти. Бәйбишениң өкпеси тарқап ашыўы басылған сайын, бий беглик тутымына түсип, мақтаншақ қораздай жаўырынын гүжирейтти.

— Жаңағы жолаўшы қайда? Кирсин!

— Айтайын, — деп бәйбише үйден танаўы желпилдеп шықты.

Есиктен үлкен қара қурашлы биреўдиң:

— Ассалаўма әлейкум!... деп, созылып шыққан даўысы еситилди. Бул Таўмурат еди.

Бий: «отыр!» деп жапсар бетти усынды. Қолына қамшысын услаған қонақтың мийзам келбетин бий көз астынан сынап шықты. Оннан соң оң жаққа жамбаслап ширенип алды да:

— Хә. Жолаўшы жол болсын! — деди, әллен ўақытта.

Таўмурат қойнына қолын суғып, төрт бүкленген қағазды алып, еңбеклеп барып, бийдиң алдына қойды. Бий қағазға қарап, көзин жазбай отырды. Жолаўшы бул ўақытта бийдиң қасы-қабағына тигилип отыр еди. Қәпелимде бийдиң бет-әлпи, ажары бузылып, көз алды шатынап кетти.

— «Қашқан жаўға қатын ер» деген, дәрьяның қамысын паналап баратырған еки ғәрипке Қосыбай нөкер жибергендей ким еди?!... Жесири кетсе ел табады. Айтысып таласса, тартысып шертиссе, — Ержанның елаты бар емес пе? Сораўсыз жан ба еди Өши, ары кетсе қашқынды қуўғанша, берман, бизге неге келмейди? Өзи ислеп, енди неге өкинеди. Маған дәрьяға жылым салсын, деп жиберди ме? Бес шайылық нашар кеткен менен шаңырақ жойтылмайды, бизге шаңырақ ийеси ер азаматымызды таўып берсин! Сол күни қыз бенен жигитти қуўған қарақшы — баспашыларды байласын! Азамат пенен



нашарды тәрезиниң еки басына қойсын. Тең тартсын. Өлшемин көрсин. Сәлемин оннан кейин жолласын. Бул жақтағы зар жылап отырған Ержанның анасына перзентин қуўыстырсын. Қосыбай молла қурық таслап ойнағандай қайсы елаттың төреси еди. Қысса китабын қушақлап, тек отырсын. Қун даўының қамшысы өзине тийип жүрмесин. «Бийлик — сол!» — деп, Қулымбет гәпти кесип таслады.

Иштен силтидей тынып гәпке қулақ салып отырған Таўмурат басын көтерип, бийди ғаўзастырып кеткиси келди.

— Тақсыр, бий аға! Ержан аман саў қуўысса. Қыз өлген болса. Оны ким төлейди? — деп қара дүрсин гәп пенен тосыннан қоя берди.

Бийликти кесип айтып үйренген бий жаўшының дәлден дуўры сораўын кеўлине тик алды.

— Сен не билесең? Ешкиңниң егиз туўып, сегиз болғанынан басқа не аңғаратуғын един. Өлсе қызың, —өлтирген өзиң. Бийликти шаймалама!

Қулымбет «үйди босат!» дегендей керегеге терис қарап аўдарылды.

Таўмурат бийдиң жуўабын алып, аўылға атланды.

## ТӨРТИНШИ БАП

### 1

Гүздиң киргенин хабарлағандай бүгин күн бирден салқын тартты. Самал да желемиклеў жағымсыз тийеди. Күнниң ғыжлаған хәўиринен қаңбақтай қуўрап, елпилдеп турған көктеги жуқа, көгис, ақ бултлар ызғырықтан жеркенгендей тарап кетти. Арқа жақтан бәхәрги өртеңдей қаплап буўдақланған қара қоңыр бултлар киятыр. Аспанның уша басына өрмек салып, узақтан жекке-сийрек кәрўаналардай шубырып ушқан тырналар қублаға қарай өтип тур.

Кеш песин ўақытта күнниң ырайын бузық көрген Нуржамал шийшең үйге жекен шыпта тутты. Үйдиң артындағы үзикти

түсирди. Белдеў жипти тартты. Жанбаўын байлады. Оннан соң есикти түсирди де, үйдиң қапталында күнге қуўрап жатырған бес-алты тезекти терип алып, үйге кирди. Тезекти ошаққа қалап, от жақты. Оттың хәўирине тула бойын жылытып үйдиң қапталында күнге қуўрап жатырған бес-алты тезекти терип алып, үйге кирди. Тезекти ошаққа қалап, от жақты. Оттың хәўирине тула бойын жылытып үйдиң ишиндеги дәскелерине көзин салды.

...Керегениң басын жағалап туткан қызыл басқур менен ақ басқурдың ғайры нағышларына машқы етти. Қызыл басқур қырылып, гөнерейин депти. Ақ басқурдың еле әри кетпеген. Бояўы, нағысы жарқырап тур. Оның қасындағы қызыл басқур мәҳәли өткен келиншектиң ажарындай шыйрағы босап, түси оңып баратыр... Усы басқурды ол әкесиниң үйинде қыз болып отырған ўақтында өз қолы менен бир ярым жылда тоқып питирген еди. Анасы пақыр қызының шашы өримге келиўден қолына ийне услатып, кесте үйретти. Ал қызын айттырып жаўшы келиўден өрмекке отырғызып, усы басқурды тоқытып еди. Бас нағысларын, ана... «Түркмени терме», «Хорасаны гүл», «Иранный», «Шыбын қанат» нағысларды анасының өзи тоқып еди. «Қыз қылығы хәм өнери менен жат журтта қәдирли» — дейтуғын еди. Нуржамалдың да мәҳәли усы басқурдай бояўы солып баратыр. Келиншек болып еңкейип тәжим еткен жыллардағы апыл-тапыл аяқ басатуғын қызлар узатылып кетти. Нигархан есине түсти: Өз қызымдай баўыр басып қалып еди. Қай жақларда, қайсы есиклерде жалтаң болып жүр екен... «Кише кешир, хошласа алмадым. Ығбалым солай болды!» деп жар басында жылаған шығар. Нашары қурысын, заманы болмаса! Қыздың жасы тамбаған арбаның алтақтасы бар ма? Ырзаман шырағым!...

Нуржамал көйлегиниң жеңи менен жасаўраған еки көзин сыпырды.

Есик ашылды. Шапан жамылған Дәрибийкениң басы көринди. Нуржамал орнынан өрре турып, «шешен шеше!» деп, кемпирге қолын узатты. Кемпир төрге шығып отырды.



— Жаңа үйди жыйнастырып, күн желемик болған соң тезек қалап, отқа жылынып отырып, Сары қыз есиме түсип кетти. Көзиниң жасы шығып кетипти. Дым ғана баўыр басып қалған екенмен. Жалтылдап кирип, жаўқылдап күлип жүретуғын еди. Көше босап қалғандай болды. Хабар жоқ па шеше? — деди Нуржамал.

Дәрибийке аўыр гүрсинип, ети босап қалта-қалта болған, жол-жол жыйрық қансыз еки бетиниң алмасына тамған жасларын жаўлығының ушын менен сыпырып отырып:

— Ха-а-бар, жоқ-ғой — деп муңайды. Перзенти есине түскен ана егитилип, парлап ағып киятырған көз жасын киси үйинде төгиўге тартынып, ийегин кесе белден тислеп, буўлығып ышқынды. Еки аўыз сөзден артық сөйлеўге көкирегин баса алмады. Денеси, өкпе–жүреги айырылып, жарылып баратырғандай еди. Шығанағын оң дизесине, ийегин оң қолына тиреп, жудырығын тастай түйеди. Талықсыған тәкилетте көзин жумды.

— Кемпирдиң кем-кемнен сыйқы қашып, бир уўыс болып, қалтырап, зир-зир етип турғанын көрип, Нуржамал: «Неге айттым. Жүрегине шер салдым-аў!» деп қысынып кетти. Кемпирдиң қурысын жазыў ушын ҳийле изледи.

— Шеше!... Сабыр етсе. Аманшылық ғой. Сары қыз саў болса, бир жерден шығады. Қырғыш жағайық. Қарай аласаң ба? Ямаса пуштанай шешемди шақырып келейин бе? Айтса! Шеше!

Кемпир жасқа толы көзи менен Нуржамалға қарап:

— Сөйте ғой! — деди.

Нуржамал орнынан ушып турып, керегениң басына илинген шекийнеден ири сазанның қаўсап кепкен ақ қырғышын алып, ғыжлап турған шоққа таслады. Сөйтти де үйден шығып кетти. Әллен ўақытта хасаға теңлесип, бели букирейип қалған қара кемпирди ертип кирди. Бар етти танаўына жамап қойғандай, шоңқайған бақа мурнының басын кекшейтип, етегин жайып жиберген екен. Басқа мүше, ажары ысқынсыз емес. Пуштанай болса да, абысын-ажынға қәдири бар, туянадай зийрек, если кемпир болса керек, есиктен көриниўден пири киятырған

суўпыдай Дәрибийке өрре турып, тәжим етти. Қолын узатып көрисип, өзиниң төринен орын берди.

Қара кемпир еки қолын көтерип үйдиң аманлығына дуўа етти. Оннан соң қапталындағы Дәрибийкеге қарады:

— Амансаң ба, шырағым? Қызың да соныңдай болыпты. Ығбалы болсын! Бара бериўге, картайып жас басқан соң, сен де бир байлаўлы қабақ екенсең. Отырсаң кемирип кереге жеп баратыр. Далаға шықсаң, соқпағыңнан ғабырысып, аўыл үйдиң ортасында адасып, балаларға жалынасаң. Соның ушын өрисим үйдиң алдындағы күн шуўақ. Еситип атырман. Тилеклеспен! Бахыты ашылысын! — деп, кемпир енди Нуржамалға бурылды:

— Келин, балаларың саў ма? Қосыбайжан саў жүр ме?

— Шүкир ене шүкир! — деп Нуржамал тезекти отқа молырақ қалады. Шәўгим қабақтағы суўды қара куманға толтырып қуйып, отқа қойды. Чай ошақтағы оттың үстине төрт туяқлы темир ошақты орнатып, үстине төрт қулақлы қазанды кийгизди.

— Кемпирлерге жумсақ шәўле асып берейин.

— Садағасы кетейин. Айқулақлы сазан бейиштен шыққан дейди. Биз билмеймиз, қуда биледи.

Кемпир иштен әлле немелерди толғап ыңылдады:

«— Жылқышы қустың баласы,
Жылға болар уясы,
Жылға түбин суў алса,
Жылап шығар анасы —»...

деген, бийшара қызына жаны төзбей пошалап тур. Перзент дағы яман!...

Кемпир жердеги қырғышты алып, оттың жалыны менен шатынап; қабыршақланған бетиндеги қым-қыйқаш тор сызықларға қарап ойланып отырды. Әллен ўақытта басын көтерди. Дәрибийке қызын көрип келгендей кемпирдиң аўзына үңилди. Кемпир қырғыш пенен сөйлесип отырғандай даўысы гүбирленип, «Хе... аўа... Ҳим! ...Якшы!...» деп, ақырысында мақуллап:

— Я бисмилла! — деп даўысын шығарды — Қырғыштың айтыўына қарағанда, қызың еле жол жүрип баратыр. Тоқтаған



жоқ... Өлимнен аман... Мине, мына сызық... — деген ўақытта ҳәммеси қырғышқа қарады, — узын жол, кетип баратыр. Жекке өзи емес. Көпшилик ғой, жаным!... Мына, қара дақ. Азғана сарсығы, сағынышы, уўайым болыўы керек... Қызың әўели қудай аман!... — деп, кемпир қырғышты Дәрибийкеге берди.

Дәрибийкениң келбети ашылып сала берди. Қырғышта көрип турғандай ынтығып қарап, баўырымлап жылады ҳәм қызының тумар хатындай балықтың еки ели қырғышын ақ жаўлығының ушына кәстерлеп түйди. Түйди де түйилди. Перзент, айралық дағы. Ана баўырын тағы музлатты. Енди келинине бопса-назын айтты:

— «Әжели жеткен ғарға бүркит пенен ойнайды!» — деген, бай бизиң не теңимиз еди. Жарлы-жақыбай болатуғын еди ғой! «Қассапшыға ет қайғы, қара ешкиге жан қайғы...» Бир-биримизге сүйенип отырған күнимизди де көп көрди-аў!... Кимнен көрермен... Кимге арзыў-ҳалымды шағарман!...

Дәрибийке ақырраптың[1] бултындай түнерди.

Қазандағы шәўлени табаққа салыстырып атырған келини абысынының бул пинҳамы сөзин қашшан-ақ сезип еди. Сыр шашпады. Иштен айыпқа да буйырмады. Күйик көтергенге жорыды да өзин сабырлы услап, жақсы-жаман демеди.

Тек «пуштанай» кемпир хошласып, мақуллап, әдейи ыңылдысына түсти:

«Бай менен бай қуда болса,
Араларында жорға жүреди.
Еки жарлы қуда болса,
Ортасында дорба жүреди.
Байға жарлы қуда болса,
Қайдан қуда болдым деп,
Жарлы пақыр зорға жүреди!...»

Көргенбиз балам, көргенбиз. Не көрмеген мәстанбыз!...

Нуржамал еки кемпирдиң алдына табақ тартып болған соң, өзине тийип турған гәптиң ушын қайтарғысы келди.

[1]Ақырап—октябрь

— Кисиден көрерлиги жоқ. Баслағаны бар шығар...

Әзели ығбалы солай болса, нәсийбесин узаққа шашса, қыз бала тири жүрсе бир шығар теңликке. Сарсыла берме шеше, аўқат же!...

Аўқаттың пәтиясы оқылды. Дәрибийке қасындағы кемпирди өзи менен қоса алып кетиўге көндирип, орнына турғызды. Қолына ҳасасын услатып атырып, Нуржамалға қарады.

«— Отқа келген қатынның отыз аўыз сөзи бар». Қайнаған бақыратуғын болды-аў. Еле бир буйым сораўға келген екенмен. Жаңа есиме түсти... Келин, бар болса маған бир зерен ун бер. Қайнағаңа сықпан ислеп берейин. «Бир терлесем!» деп еди...

— Ҳе, жақпасланып қалды ма? — деп, Нуржамал керегеде илиўли тери шанашқа қолын узатты.

— Кеше қараңқалғыр пишенди суў алып кетипти. Соны жыйнайман деп жүрип, аязлаған усайды.

Нуржамал Дәрибийкениң жаўлығының бир ушын жайып шанаштағы унды аўдарып еди, азлаў екен. «Қоя тур!» деп, сыпырадағы унды да қағып салып атыр еди, оқыранған аттың сести еситилди. Ҳаяллардың сыртқа қулағы ербеңледи.

— Бола ғой! Болады. Мырзаға келип қалды. Кетейин... — деди Дәрибийке.

— Келсе келеди дә. Асықпаң, — деп Нуржамал ун түйген жаўлықты қолына услатты. Қара кемпирди жетеклеп Дәрибийке үйден шықты.

## БЕСИНШИ БАП

### 1

Қосыбай қолына қамшысын услап, үйге кирди. Нуржамал төрге қурақлы көрпеше жайып, дастық таслады. Төрге шығып отырған күйеўиниң қасы-қабағына қарап хызмет ететуғын күндеги дағдысы бойынша көз қыйығын салып еди, келбети солғын екен. Нәзери пәс. Әлле кимнен дәкки көрген киси тақылетте.



Қосыбай да ажарын алдырып отырғанын жасырмады. Кеўлин қобалжытқан гийне-өкпесин ҳаялына шағынды. Дәккини Халмурат қудасынан көрипти. Быйылғы быхәрде байдың қарамағындағы көлден бир еки танап жер сорап алып, пишенин орғызған екен. Суўынланған ақ пишенди гүдилеў ушын бүгин Қосыбай көлге барса, орны тып-тыйпыл. «Ким алды?» деп дәреклессе, Халмураттың дийқанлары арбаға тийеп кетипти. Ўәжлесиўге барып: «Жерińди қайтыс етсең-ет. Орылған пишенимди бер?» десе, бай қырын қарап күш көрсетипти. Дәме еткен қудасынан пуш болып қайтыпты.

Қосыбай «не дады мәмиле айтасаң?» дегендей ҳаялына қарады. Әжинияздың гүписин жамылып, бир дизелеп телмирип отырған Нуржамал ериниң гейде далбай қағып кететуғын минезин минеди.

— «Қолың көтере алмаған шоқмарды белге неге байлайсаң» — деген шабазым. Бай киси қораңа қарап қатнасады. Жыл-жылдан қолы жуқарып баратырған бизди бай не қылсын! Шешем менен екеўимиз қуда болыўға әзелийден қарсы едик. Бизди: «шашы узын, ақылы келте» дедиң. Оның үстине қуўғыншы атландырып, Ержанлардың кемесин аўдарттың. Байға жарамсақландың... Қыздан айырылдық. Сениң алдыңда ғана шешем келип: «мениң теңим бай ма еди. Аш тамағым — тыныш қулағым... Саў басыма ғаўға салды» — деп жылап, еңиреп кетти. Ақылласпайсаң шабазым!... — деп көптен берли ишинде қат-қат болып жатырған дебдиўин шығарды.

Қосыбай ҳаялына қарап: «дилўарсый берме» деп аларды. Аўзын жаңа жасқайын деп атырғанда Мәтнияз бенен Әжинияз қосақласып кирди. Мәтнияз төрде отырған әкесин көрип, инисине «көресең» дегендей көзин ақыйтты:

— Аға! Мынаў қақайып жүреди де қояды. Малға қарамайды. Гүржеңлеп жүреди де қояды. Онда мен де...

Гәпин аяқлай алмай буўлығып қалды. Әжинияз кәддин бузбады. Ишинен ағасына: «бақыраўық түйе» деп күлди. Шынында да Мәтнияз Әжинияз бенен қатар турғанда пишини үлектей домбық бет, добал қара еди. Күш жағынан әкесин бөктерип кеткендей сүйеги ири.

Қосыбай хаялының ашыўын баласынан алмақшы болып, Әжиниязға қарап аларды. Әжинияз елестирмеген бала усап:

— Аға! Қайып атам кешеден бери сырқас екен. Көрейин деп барып едим. Сизге өкпесин айтып жиберди. Қызым барда: «рийзалық бер байға» деп, әкең үйден шықпайтуғын еди. Енди басын суқпайтуғын болды. «Аталастан алтаў болғанша, енелестен екеў бол» деген. Туўыспағанын сездирди. Ала жипти кесисемиз бе? Айт усыны әкеңе, деди. Ала жип дегенине түсинбеймен... — деп, жапсарға барып, салдамлы малдасын қурып отыра берди.

Нуржамал ишинен жымыйып күлди. Баласына сүйсинип жалт қарап, орнынан турды. Тағы даў айтама деп қәўипсинди ме:

— Үлкен үйге жүр. Саған майсөк былғап қойып едим, — деп, сыртқа Мәтниязды ертип шықты. Байдан жеген дәккисине баласының мына сөзи тағы қоса камшы болып, Қосыбай дағдырып отыр. Сырттан аттың дүбири еситилди.

— Ким өзи? — деп Қосыбай Әжиниязды сыртқа жумсады. Азғанадан кейин Әжинияз Таўмуратты ертип кирди.

Бай менен кудалықты, Қайыптың қызына ағалықты келистире алмағанына хәм тум-тустан қысқыға түскенине иренжип отырған Қосыбай Таўмуратты көргенде еңсесин басқан аўыр қайғыдан айрылғандай ғаўзаң-ғуўзаң етти.

— Саў-саламат, аман келдиң бе? Анаў күнги хабар тақыйық па екен? — Қосыбай Таўмураттың аўзына тигилди. — Аўа. Сөйле!

Таўмураттың усы келиси менен усы отырысында қандай да бир қорқыныш епкини, өкиниш бады, иренжиген кеўил дүмпиўи сыртқа теўип турғандай. Жигит үндемеген сайын Қосыбай қобалжыйын деди. Кем-кем ол да енжары болып, едирейип қалды. Таўмурат иштен суўық демин алды.

Жигит бийдиң жуўабын бир бап пенен сөйлеп шықты. Хәр гәпти аяқлаған сайын көз астынан Қосыбайға қарап, иштен сынап отыр. Бурынғы пәти жоқ. Кеўли қайтып қалыпты. Бийдиң дәсте-дәсте хәм ызғарлы буйрығын еситкен сайын турқы



киширейип баратыр. Даўагерге емес, қорғаныўшыға усайды. Қайта Таўмураттың өзинен дәрман сорағандай кейипте. «Не ушын бирден бул салқа түсти. Айтысатуғын кудасы Халмурат қайда!... Қосекең мен кетерде зор еди ғой...» деп жигит те хайран бола баслады.

— Соның менен әкелген жуўабың усы ма? — деп Қосыбай Таўмуратқа тикшийип қарады.

— Енди не қыл дейсең, Қосеке-аў!... «Қызды қуў!» дедиң, — қуўдық. «Бийге шап!» дедиң, — шаптық. Бизде не гүна қалды? — деп жигит те тикирейди.

— Ендиги мәсләхәт! Хош. Ендиги жағдай...

Қосыбай жалынлы көзлерин бир ноқатқа қадап үнсиз қалды. Усы Нуржамал келип үйдегилерге түски аўқат әкелди.

Түсликке айран қатып бийдай жарма писирген екен. Пуўы бурқыраған сары самардағы жарманы пашшайы зеренге қуйып Қосыбайдың алдына қойды. Таўмурат пенен Әжиниязға екеў ара бир табақ тартты. Олар бир-бирине қасық атысып жарманы сүйсинип ишти. Қосыбайдың мейили соқпай, ара-тура бир уртлап отырды.

— Қосыбай үйдемисең? — деген жеделли даўыс шықты.

Есиктен шубатылып Қайып кирип келди. Сылыңғыр арық киси қолындағы таяқты демеў етип, еки бүкленген соң жалаңғат шапаны жер сүйретип киятыр. Көзиниң қарашығы түнерип, сыйғақ бети сурланып кетипти. Ажары сынық. Аталас ағасының сыйқы қашып келгенин Қосыбай қызының алағадасы менен соңғы бир еки күнге төсек тартқан жақпасынан көрди. Жапсардағы жигитлер өрре турып, сәлемлесип төрден орын берди. Қосыбай түргелген жоқ. Сәл жылысыңқырап, еки қолын усынарда ғана бөксесин көтерди. Бул сапары оның тәкаппырлығы емес, ал ашыўлы ағасы алдында өзин сабырлы услаўы еди.

Бирақ, Қайыптың ишинде алаң-бурқан болып, ызалы толқын ажарына теўип тур еди. Көкирегиндеги сол тасқынды ақтарып, инисине шағынды:

Қосыбай-аў, иним-аў! Бизди отқа салдың ғой. Күйдирди ғой мына бай Халмурат, жайынаўыз... Ана күни Сейтек «гүрресин[1]» жиберип: «қызын таппаса өмирин өкситемен. Көз жасына сақалын жуўдыраман. Аласым көп. Жабымнан суў ишип, көлиме малын жайса, бәри қудалық сыйласығы еди. Оннан тысқары араға синген көп береси нәрселерди қайтарсын!» деп хәмир етипти. Кеше егиниме түсти деп жаңғыз сыйырды кемпирдиң қолынан тартып алып кетипти... Маған Халмурат бай қырқ туўарын қашан өткерип еди? Қырқ ағары шамасында бир-еки мәртебе дән алғаным рас. Оннан тысқары мына қаралы кемпир танысаман деп барып-келип жүргенде, бир шанаш ун, бир тулып торақ, бир-еки қарын қаңсып кеткен май алып келип еди. Байдан оннан тысқары олжа көрсем, мынаў пирли шаңарағында отырман ғой, ийманымды бермесин!... Саған не өткенин билмедим?

Қамашалаған даў-тарыстың ортасында ар-сары болып күйинип отырған Қосыбай бул сөзге кекесине жуўап берди.

— Аўа, мен дөнен жорға миндим...

Жасы киши болса да, Қосыбайды алдындағы айбаты билип, арқа сүйеп жүретуғын мөмин ағасы инисиниң ишинде де бир шоқ ыза бар екенин сезип, пәсине қайтты.

— Минди, алды деп отырғаным жоқ. Қызым тири болса... Байдан қутылсам... Мына хорлығы батып баратыр...

— Қутыла алмассаң, — деп Қосыбай қабағын үйди.

Қайып инисине одырайып қарады.

— Бир басқа бир өлим!... Әжелим тәғдийирде Халмураттан болса, хеш ким ара тура алмайды ғаррының ашыў қурысы қайта қозып, қайта тутанды. Ызалы сөз еситкенине тутпалы аўырыўдай буўлығып, Қайыптың қаны сыртқа шарпып, еки бетиниң алмасына ойнап шықты.

— Жаўға жалынсаң да жаныңды алады, — деп ғарры гүбирленип иштен байды нәлетлей берди.

Ишинен сынап отырған Қосыбай ағасының қанжар жалақлатқан «қәхәрин» узаққа, бармас шымшық айбат ғой, деп, мисе

[1]Гүрре—лақап.



тутпайды. Солай да болса қатыўын жумсартыў ушын көўлин алып, жыллы жүз көрсетти.

— Аға, «Илгери баратырғанның ийти отлайды» дегенди билмейсең бе? Сәл өзиңди усла. Байдан қутыла алмассаң, — дегиним: Бул даў еле үшекке шығыңқырайды. Усы бастан белиңниң әзизлигин сездирме дегеним еди. Сабырлы, — мuratқа жетеди. Халмурат бай зорлық етип мениң де орыўлы иишен шөбимди тартып алды. Заман маллы менен халлының жылаўында «Етигиң тар болса, аспан астының кеңлигинен не пайда...» Қара күш — көз шығарады. Гүрессең — жығарсаң, бирақ, айтыссаң, — жығыларсаң... Кеңесейик, ойласайық!... Қулымбет бий де бизге қыр көрсетип атыр. Бизиң даўагеримиз бай менен ана Ержан гезендихор. Қала берди намысымызды басқан өз қызымыз. Сол шаппатай нашарды жүўенлегенде не бәле бар еди. Ҳаялдың жетегине ерген адамсаң. Қызды жастан, қатыныңды бастан тыймадың. Ҳаялың хабарсыз бола қойды ма екен усыннан?... — деп, Дәрибийкеге тил тийгизип киятыр еди, күни менен қапталдағы сандыққа жаўырынын сүйеп, қолындағы китабын ашып-жаўып, гәпке алаң болып отырған. Әжинияз әкесине тиксинип қарады.

— Шешемниң гүнасы жоқ, аға! Байдың аўыш баласын қыз жек көрсе, шешем не қылады? Баста қыз түўе, бир салым дуз да жоқ деп отыра қойыў керек еди...

— Енди сениң де тилиң шықты ма? — деп, әкеси баласына көзин ақыйтты. Аталы-бабалы еки жүз бир-бирине түксирейип қарасты.

— Даўды өзиң тилеп алдың ғой аға. Баста қыздың кеўилин билиў керек еди... — деди бала тағы қайталап.

Қосыбай жумған аўзын ашпастан, ойлы көзин баласынан жазбады. Бай менен қуда болып, пәтия оқысса да, Қосыбай я Қайып болып, байдың баласын қыздың қалай көрсететуғынынан бийхабар еди. Қаршадай мына баланың сөзи жаңа бир ой туўғызды. Бул «бассындыңыз!» деп әкесине ғана емес, соның менен бирге «перзент обалыңа қалдыңыз» — деп қыздың атасы Қайыпқа да айтылған сөз еди. Сонлықтан Қайып та төмен қарап,

ар-сары болды. Таўмурат та баланың гәпин иштен мақуллап, «сол ақшам қыз бенен жигиттиң изинен бийкар қуўыппыз!» деп өкинишли отырды. Өзинен басқалардың усы мийзамын сезген Қосыбай ғана жеңилгениң мойынлағысы келмей өжетлести:

— Жақсы-жаманды айырыў — ата-ананың иси. Қуда аты менен қудалық дүзиледи. Ерли-зайып тәғдийри, — пәтия оқысыў. Тәғдирге ата-ана жуўапкер. Ата менен ананың буйрығын ҳәм ҳүкимин өтеў перзент ушын парыз. «Ақырдың нышаны ҳәмме бек болур!...» Ата-бабаның шынжырлы әрўағына сен қылап еткиң келе ме?

Қосыбай: «гәптиң бәнтин бастым ба» дегендей, Таўмуратқа қоқыраңлап қарап еди. Әжинияз көкпар көрген шабандоздай елерип, бәсекиге түсти. Таўмураттың түрткисин де тыңламады.

— Онда жети ашық неге бейишке барады. Ләйли менен Мәжнүн, Зухра менен Тайыр, Юсуп пенен Зилийқалар бул дүньяда қосылмаған менен ол дүньяда қосылады екен. Сонда олардың арзыў-әрманын алла тала қабыл еткен емес пе? «Ықлас — қалас!» дейди. Бизиң Нигарханның неге мурады қабыл болмады? — деп, бала шабытына минди.

Таўмурат кеңкилдеп күлип жиберди. Қайып мүлгип қалды. Баланың мүдирткенине Қосыбай ширенип, ашыў шақырып турды да, тағы төрели сөзге тоқтап қалды. Таза пәрең жас шешен менен айтысыўға көпшилик алдында батына алмай пинҳамы нәсият айтты:

— Өмириң болса талай қәткудалыққа түсерсең. Сабыр ет! Ҳәр гүлдиң бир ийиси бар, ҳәр гәптиң бир мәниси бар. Алдындағы қыссанды оқый берсең-о балам! — деп, көзиниң қыйығы менен қарап еди, Әжинияз да атасының пәсине қайтқанын сезе қойды. Билим менен бийлик жарыстырып, атасын мұқатып, жүйриклик еткенине уялып, енди әдеп сақлап, қыйпақлап төмен қарады.

Үйдегилер бир-бирин бағысып, бираз тымсырайып отырды.

— Мен Есенгелди аға менен кеңесип қайтайын! — деп, Қосыбай орнынан турды. Қалғанлары да үйден оған ере шықты. Сыртқа шыққан соң Қайып тағы да сары ала сыйырын жоқлады.

— Мен не қылсам екен, иним?



Еки қолы менен шекпенин қайырып, тунжырап ой үстинде баратырған Қосыбай аңғармады ма, ямаса жақтырмады ма, бир қырынлап Қайыптан соқпағын айырды да бурылып кетти.

## АЛТЫНШЫ БАП

### 1

«Боз атаў» аўылында бүгин таң ертеден бери уйқы-туйқы бир қозғалаң бар. Ол гүздиң алағаты, қыстың әнжамы. Таң желемик болып атты. Ызғырық самал жазға үйренисип, жазылысып отырған дийқанлардың жайлаўын қуўырып, өрисин қысып, «енди қыслаўыңа көш!» дегендей көлдиң қамысларын шуўлатып, жар салып турғандай. Дийқан аяғы шыйрақ. Ҳаяллар азанғы аяздан бүрисип-қунысып турып, бүгин ошаққа тезекти молырақ қалаған. Күнде сәскеге шекем шайын қайтарып отыратуғын ғарры-картан да териниң басылғанына қарамай қолына илингенин ийнине суғып, егин басына суўыт жүрип баратыр. Байдың жарымшылары ҳәм дийқанлары қашшан таң ертеңнен ғәлле түйеклеп атыр. Аўылдың айналасында бийдай, тары геўзеп атырған, жүўериниң басын қағып турған, гүдишеклеп, гүдилеп жыйнап, дәсте атып, дән суўырып жүрген жалаң аяқ ҳаял, еркек, бала-шағаның шаўқым-сүрени Қоңыраттың келте базарына усар еди.

«Боз атаў» етекли елат болғаннан кейин малдың, жердиң жағдайына қарай ҳәр аўыл дүркин-дүркин болып, сыбайлас қонып еди. Сақыў аўылы ҳәмме аўылдың арқасында болғанға, қыраўлы қыстың шабарманы ҳәммеден ерте келгендей «сақыў»лар ақырап айы кириўден «қыста ақыретленбейик» деп өрре турды. «Қосыбай аўылы», ал гейде «Сақыў аўыл» деп аталатуғын бул дүркин аўылдың жәмин жыйнағанда, отызлаған шаңырақ. Бурынғы ата дәстүрин сыйлаған «сақыў-лар» ғана «Қосыбай аўыл» лақабын түсирмей киятыр. Ал малын төрт түликке жеткерген байлар менен есигинен ат

кетпейтуғын биилер бул күнде Қосыбайды бул лақабқа мисе тутпайды. Мереке-жайында «Қосыбай аўыл» демей, руў атын атап «Сақыўлар аўылы» деп сөйлейди.

Қосыбай усы отызлаған шаңырақтың кәткудалағын ҳәзирше қолдан жаздырмай киятыр.

Сақыўлардың бас көтериңки бес-алты жасы үлкенлери бүгин таң азанда Қосыбай үйине жыйналып, қыслаўдың әнжамын ойласып шықты. Қосыбай сәскеде үйинен атланып шығып, ҳәр қырманға берекет айтып жүр. Өзиниң үй-иши — Нуржамал, Мәмбетнияз, Әжинияз — ҳәммеси де усы қырман басында.

Ат үстинде жан-жаққа алаңлап қарап турған Қосыбайдың қасына Қалжан суўпы келди.

— Қырманға берекет, Қосыбайжан!

— Аўмийин! — деп, ат үстинде қолын узатты. Оннан соң бетине бежирейип қарап, суўпыдан жол болсын сорады.

— Молламыз сәлем айтып еди: «Быйыл аўылдың қырманы нәўпир көринеди. Хийўаға зияратқа бараман. Қосыбайжан молла пайымнан тысқары үсир-питирди молырақтан салсын. Дәмем бар. Халық айтқанынан шықпайды ғой. Соны айт!» деп еди.

— Көрермиз, суўпы аға! Ел егинин түйеклеп бола берсин. Молламызда китаптан тыс нәпсин аша бермесин. Қанаат та керек. Егини тәўир болған менен мал жағынан аўыл жылдағыдан жүдеў ғой. Сонда да қапа қылмаспыз. Сәлем айт! — деп атының дизгинин қағып, екинши қырманға қарай кетти.

Суўпы да ешегине «ық, ық!» деп тақымын қақты.

Қосыбай Қайыптың қырманына барды. Қайып қос ешекти түйекке жегип, гүдишекти айналып «ық-ықлап!» жүр еди. Дәрибийке баласы Хожамберген екеўи кепшик толы дәнди ала бүйреги менен ушығынан айырып, геўзеп отыр. Жети-сегиз жасар бала дизесине түскен гөне бөз көйлегиниң етеги менен жалаң аяқ тирсегин суўық самалдан қымтап, бүрсеңлейди. Қосыбайдың балаға мийрими келди.

— Мынаў желең шығыпты ғой? Кийиндирсеңиз ғой, үстине...

Қосыбайдың сөзин еситкен Қайып түйекти сәл иркип ҳаялына:



— Қатын әй! Мениң шекпеним қайда? Соны жамылып отырсын, — деди де, қалтасынан шақшасын алып, алақаны толы насыбайды тилиниң астына таслады.

Дәрибийке баласына аларып:

— Жүўернемек, жамыл ана шапанды! — деп жекиринди. Бала орнынан турып, шапанды алды да жыллы уя көрип сабанның үстине шықты.

— Кемпир де, бала да қыппа жалаңаш, — деп Қайып Қосыбайға шағынды. —Егин-тегинди жыйнаған соң базарға барып, гәлле-пәлле салыстарыман ба деп отырман. Екеўи де кийимсиз...

Кеше сыйырын жоқлап шағынып барғанда Қосыбайдың кемсалыйқа қарағанын Қайып сезген еди. Ал үйинен шығарда иниси сораўына жуўап бермей, бир бүйирлеп кетти. Соннан бери: «оның да жалтақ жери бар ғой!» деген пәмге кетип, Қайып жәбирин ықлассыз айтып отыр.

— Бай урған қамшының изин бираз жерге апарайын деп едим, шырағым. Даўға түсип, сыйырдан айырылып қаламан ба деп тартындым. Мине, дүнья бар ғой!...

Даўдың аты аталған ўақытта Қосыбайдың байдан кийген жипек шапаны есине түсти. Қыз ағасы, бас қуда болып кийген мәрели шапан сыйырдың қуны болмаса да, барыс-келис дастурхан арқалы байдан өткен басқа да майда-шүйде ўәжлер бар. Оның ҳәммесин есапқа салса, Қайыптың сыйыры байдың қорасынан қайтпайды. Қосыбай усы жағына ақыл-жуўыртып, ойланып қалды...

## 2

Кәпелимде аўылдың ийтлери шабаланып, үрип, үйлер азан-қаған болды. Әлле кимлердиң зарлап жалынған, әлле кимлердиң ашынып ғарғаған даўысы шықты. Қырман басындағы адамлар даўыс шыққан жаққа елеңлеп, аўыл бетке қараса қалды.

Аўылдың айнала дөгереги палыз бенен жүўери атыз еди. Тоғайдай түнерип турған қалың кендирликтиң арасындағы жолдан биреўди алдына салып, қуўып айдап киятырған бир атлы көринди. Қырман жаққа қарай киятыр.

Қырмандағы адамларды көрген соң арқа сүйеди ме, аттың алдындағы ғаррының:

— Жүўернемек бол! Баласына ата болмағыр! — деген ашынған даўысы шаңқ ете қалды. Мәгер атлы киси ғаррыны урған болыўы керек. Атлы ғаррыны айдап, далаға шықты.

Усы ўақытта қырмандағы адамларға да қозғалаң түсти.

— Мүширип киятыр. Мүширип ғой! — деген биреўдиң даўысы шығыўы мәттал: «шөп аўызшы ма» деп бойын таслап, адамлар жән-жаққа ығыса баслады. Биреўлер түйегин туўарып, қырманның гүдисине, биреўлер сай-жыраға түсип, зып берип баратыр.

— Мүширип! — деп, ҳәмменин үриккени сары ала аттың қанжығасына ғалы қоржын артқан бақа мурынлы, тапалтас, бақаншақ көзли, жалпақ бет, Қулымбет бийдиң салғыртын жыйнаўшы Мүширип еди. «Шөп аўызшы» дегени, —шаңырағынан түтин шыққан үйди қалдырмай салғырт жыйнайтуғын еди.

Мүширип аттың алдындағы ғаррыға сөгинип, даўрығып келди. Жалаң аяқ ғаррының үстине кийген гөне бөз шапанының оң жағасы қақ айырылып жыртылған. Бетиниң оң алмасы қанталасып тур. Телетин қамшы тилип кеткен.

Қайыптың қырманының басында зеңирейип суўық пишинде турған Қосыбайға бурылып, ғарры шағынып еңиреп жылады.

Қосыбай да, Мүширип те бир-бирине қарсыласып келсе де, сәлемлескен жоқ. Екеўи де әзелден қандар кисидей, ашыўлы қабақларын түйди.

— Не жазығы болды, бул ғаррының? — деди Қосыбай.

— Бул жалаң аяқ салғыртын төлемей даў айтады.

— Атаңдай адамды урыўға қалай батылың барды Мүширип? Сақалын сыйламадың ба? — Қосыбай тергеў алған кисидей, зийнеме-зейне гәпти өкшелеп бара берди. Ал Мүширип Қосыбайдың бул ежелеген төрелигин жақтырмай қарсы даў айтты.

— Не, Қосыбай соғып отырғаның? Ҳәзир салғырттан бас тартыўшылар дарға асылып атыр. Мынаў! — Мүширип узын өримли қамшыны көрсетти, — меники емес, патшалықтики



«Пуқараға айбат ет!» деп, Ханның берген қамшысы. Рети келсе сениң де басыңды аямайды. Не соғып турғаның?

— Бундай қамшы пуқарада да бар ғой!... деп, Қосыбай пәтленип турған Мүширипке айбат көрсетип еди.

— Бар болса шығар қамшыңды! — деп, қайта бурынғыдан да бетер өршеленип, арт бетине жалт-жалт қарай берди. «Изиңде сүйенер биреўлери бар ғой мунын»...деп, Қосыбай аўыл жаққа бурылып еди, салт киятырған еки-үш арба көринди. Оларды көриўден Мүширип Қосыбайды таслай сала Қайыптың қырманына қарай шаўып кетти. Қосыбай қапталында түнерип отырған ғаррыға қарап:

— Салғырттан қутылмап па един? — деди.

— Хан салғыртынан қутылып едим, шырағым! —деди ғарры мунайымсып, — енди «шаңырақ салғырт», «кеспе салғырт» дейди. Қосыбайжан, жағдайымды билесең, ҳарамнан бир ешким, ҳадалдан бир ешким бар еди. Шаңырағыңнан түтин шығарып отырсаң, — деп ешкиге асылды. Менде шаңырақ бар ма? Үш керегени қаластырып, ылашық қылып отырман. Шаңырақлы үй алты керегe болмай ма? Дәскеден бир ләтте кийиз бенен гөне бөз көрпе бар. Мениң бар дәўлетим жаңғыз ешки. Соның сүтин кемпир екеўимиз тисимизге сызлақ етип отырмыз. Оны алса, мениң бул жалғаншыда халық болыўымның не кереги бар.

— Маған несин айтасаң? — деди Қосыбай күйинип, — Ығбалыңа жыла! Қазыға арыз ет!

— Ой бой шырағым!... — деди ғарры ынжылып, — қуры арызды қазы тыңлай ма, қуры табаққа пәтия жүре ме? Арыз етиў ушын ешкимди есигине апарып байлаўым керек. Сонда баяғы, бәри бир, Мүшириптен аяған ешкини қазы алады екен. Оннан не түседи, иним?... Мына бәледен өзиң қутқар иним!

Қосыбай суўық демин алды. Усы ўақытта Қайыптың қырманынан шаўқым шықты. Қосыбай барса, Қайып ашынып-жалбарынып сөйлеп тур екен. Бирақ, оның сөзин пәтиўаға алып отырған жан жоқ. Мүширип өзи басында турып, айдалған дәнди адамларына суўыртып, қапшықлап атыр екен. Дәрибийке бир

шетте бултыйып тур. Қосыбайды көрип, жыламсырап күйеўине топылды.

— Ал саттың базарға. Қырман алмай атырып, талаптың алдын кесип едиң, базарламақ түўе, қыс азықтан айырылғаның жоқ па?

— Қайып үнсиз түнерип отыр. Қосыбай Мүширип пенен қарсыласыўға бетлей алмай, еки ийни түсип, муңайымсып сөйледи.

— Мүширип жора, қастыңды тиге бермей мына ғәриплердиң қыс азығын қалдыр. Бир тилек етейик. Бизге де бир исиң түсер. Умытпаспыз...

Мүширип те тап усы гәпти күтип турғандай қәпелимде бирдей жуўасый қалды. Торсыйған исик қабағын көтерип, Қосыбайдың бетине қарап жымыйып күлди.

— Әлбетте исимиз түседи. — Мүширип гәрдийип қалды, — усы аўылға күйеў боламыз ба деген дәме бар, — деп күнликшилерге қарап, — он кепши дәнди қайта төгиң қырманға — деп буйрық етти.

Қосыбай өтиниши орынланғанына мазатланып, Мүширип-тиң ол сөзин елестирген жоқ. Бирақ, Мүширип оның менен де турмады.

— Таўмурат қанхор қайда, ҳәзир барып қырманын өртей-мен! Ержанның қунын аламан... — деп, гәпти улғайтып жибер-ди. Қосыбайдың ети қалтырап кетти. Қапталында турған Әжи-ниязға бурылып: «Таўмурат тайсала-турсын!... — деп сыбырлап жиберди.

## 3

Мүширип «Сақыў» аўылының қырманынан жыйнаған дәнди Халмурат байдың аўылына жөнетип, өзи салықтың қалғанын өндирип бараман, — деп жолдасларынан қалып қойды.

Бул қалыўында мәни бар: Халмурат байдың нәсияты расқа шықса, Мүшириптиң еки пайдасы бир шешилмекши.

Биринщиден, Қосыбайдың елшиси Таўмурат барып кеткен соң, Қулымбет бий еки елдиң арасында даў шыққанына қуўанып қалды. Көптен бери даў-жәнжелге араласа алмай



түсиримсиз отырған бий усы даўдың үстинде кәнапаттай бир олжа түсиремен деген дәмели еди. Ол дәмеси неғайбыл емес, бунан киши даў-жәнжеллерден де талай пайын туўраған адам. Бай жеңсе де, Қосыбай жеңсе де, түбинде еки жақтың сөйлесиги бийсиз болмайды. Биреўинен параны сулқыйтып жейди. Егер олай болмай даў жай-парахат шешилип баратырса, Қулымбет бул даўды қайта тутандырып, от таслаўдан да қайтпайды.

Таўмурат келип кеткен күннен бир күн алдын Халмурат байдан да бийге жаўшы келген. Бай оған да Қосыбайдан хабар келгенше шешимли төрелик айтпай, «көремиз!» деп жуўап қайтарып еди. Еки жаўшы кеткен соң Қулымбет жатадастана ойланып, даў күшейгенше қыр көрсетип отырғысы келди.

Мүширипти суўыт шақырып алып, өзиниң сары жорғасының белине мингизди. Ат үстиндеги шабарманың кетерде әбден желиктириў, өшиктириў, шынлап писириў ушын бурынлары: «халықтың рабайына қарап жүр!» десе, бул сапары: «әкең болса да қылышыңнан қан тамыз» — деп қолпылдатып, өкпесиниң желин үрип жиберди.

— Хан ҳәмири солай де! Мен турғанда қудайдың баласы болса да, сениң жағаңа асыла алмайды. «Сақыўлар аўылы»ның жуўанын жиңишкертип, жиңишкесин қылдай қылып кел! Малдың қыслаўға, егин-тегинниң ураға жыйналатуғын ўағы. Бес-алты арба дән менен бир пада мал айдап кел. Келисип алма, керисип ал... Кетип баратырып Халмурат байдың үйине түс. Көлик пенен адам берсин!... Сәлем айт!.. — деп, Мүширипти Қосыбайдың аўылына атландырды.

Көптен бери шабалмай жабығып жүрген шабарман да бий ағасынан таўдай мәртебе алған соң ҳәм сары жорғаның белине минген соң қолына ханның жарлығы тийген кисидей қурысланып шапты.

Сол күни Халмурат байдың үйине түсип, бийдиң сәлемин айтты.

— «Байдың жесири қашып кетти!» деген журттың насағына қалдым... — деп, Халмурат қабарып, баласына «насаз-жаман-саң!... Неге қашпастан бир күн бурын Қайыптың қызын арбаға байлап алып келмедиң?» — деп, кейип отыр екен.

— Қосыбайдың ауылына қырғыйдай тийемен! — деген Мүшириптиң сөзин еситип, байдың нәшеси қонғандай жаўқыллап сөйлеп, жорғалап хызмет етти.

— Бәрин таярлайман шырағым!... Бес арба емес, он арба ал. Он жигит емес, қырқ жигит ал. Сол Қосыбай кәтере беделди аяққа басып баратыр. Бийге де, бизге де даў айтып жүр. Бир қырыңды көрсетип қайт! — деди.

Байдан хошамет гәп еситкен соң, Мүшрип тағы мардыйды. Халмураттың сары палаўын жеп отырып, усы мәртебесине қылап етип жүрген бир муңын айтты. Бул, хаялының өлгенине бир-еки жыл болса да, шүберек баслы биреўди қостарлыққа таба алмай жүргени еди.

Бай жәдигөйсип күлди.

— Бий ағаң не дейди?

— Бий ағам өзим таўып беремен дейди. Бирақ, жазда, — гүзге, гүзде, — қысқа силтейди.

— Мал-палың бар ма?

— Бизде мал не жесин аға. Елден жыйналған мал менен пулды ауылға барған соң бий қолымыздан қағып алады. Салығын төлемеген менен жаға жыртысып, гәсин урсақ, гәсинен таяқ жейтуғын биз. Олжаны бий алып, Ханның жасаўыллары менен бөлиседи. Бизиң олжамыз — аўқат пенен кийим ғана мут.

— Олай деме. Усы мәртебең бир нашарға емес, бир ауылға дады мәмиле айтады. Сеннен айбынатуғын шаңырақ жоқ. Қалың малың болмаса, қамшы айбатың бар. Бир гедейди салғырттан қутқарсаң, бир қызы емес, еки қызын береди. Бизиң бала усап өзиң мардымсыз жамансаң дә!... Мәселен, мениң үш қатыным бар. Хеш қайсысы маған ақыў-зар болып тийген жоқ. Биринши — мына бәйбише, үйге келип, бетин ашқанша, жүзин көргеним жоқ. Ғаррылар малға жығып алды. Екинши — ана тоқалды баяғы ашлық жылы, бир батпан тарыға сатып алдым. Үшиниши — мынаў келиним еди. Байы өлген соң шәриятқа көндирип, арбаға байлап әкелдим. Енди бәри келсең-кел, пәкизе қатын болды. Бир-биреўимиздиң аўзымыздағыны жейтуғын татыў болып кеттик. Жақында ана молла ағаға барып, шәрият аштырып едик. Ол киси «мүтәж мөхминге төрт қатынға шекем



неке түседи» деп рәўият тапты. Енди тағы биреўин қарастырып жүрмен... деп, бай ғарық-ғарық күлди.

Мүшрип байдың бағана «палдан татыўмыз» деген гәпин келемешлеп, жымыйып күлди. «Ери менен татыў хаял зина ислеп, жолын буза ма?» деди ишинен. Себеби Халмураттың үш қатыны да бир-бирине жарысып, сырлас болып, ойнас тутатуғын еди. «Байдың жары баласы күнликшилердики» деген лақап бул ауылға әйге еди. Халмурат буны сезсе де, қатын таслап талақ ете бериўге малдың шығымынан қорқып, үш қатыны бар деген мабаға семирип жүре беретуғын еди.

Сонлықтан бай Мүшриптиң жымыйғанын елестирмеген киси болып, гәпин бөлген жоқ.

Сондай гәп бала. Қарақалпақ бир де қорықпаса, бирде малға қызбаса қыз бермейди. Қыз бул күнде базардағы мал менен бирдей. Саўдасы питсе, жетегинде кете береди. Усы жасқа келгенимше Қайыптың қызынан басқа бул жағада шәриятты бузған қыз көргеним жоқ. Билмедим, қыз ата-анасының хәмирине қарсы келгени, заманның азып баратырғаны... Егер, ол харамы болса, байлап шалыўдан басқа хүкими жоқ... Мейли көрермиз. Қәне, шөкелеп жүрген бир шүберек баслы нашарың бар ма? Соны айт!...

— Бар еди-аў!...—деп, Мүшрип қобалжып жуўап қайтарды.

— Неге тартынып сөйлейсең. Усы жағада болса айт.

— Усы жағада. Қосыбайдың ауылында. Бирақ, ол ауылға жаў болып баратырған соң, Қосыбай бизге берер дейсең бе?

— Бергиземиз! Саған бермей, кимге береди?...

Өшпенли бай Қосыбайдың атын еситиўден ашыў әрўағы қайта қурысып, иштеги кек жалыны бетине шарпып шықты. Усы кегин қайтаратуғын бир гәптиң ушлығы шыққанына қуўанып қуўжыңлап қалды:

— Айт, ким деген нашар еди?

— Аты Айсәнем! — деди Мүшрип — Күйеўи өлипти. Ең жақын әмеңгери Қосыбай усайды.

— Мейли, бола қойсын. Мен ол нашарды билемен. Сөзи де, жүриси де дүзиў нашар. Сениң даўайың тап сол!... Бирақ,

Қосыбай саған қорқып бермесе, сениң киси қызыққандай малың жоқ. Әбзели қорқытып аласаң... «Даў жәнжелден басым аман жүрсин» деп, Қосыбай бир берсе тек айбынып береди. Өкшелесип қуўа берсең, арқа сүйер тиреги жоқ. Ақыры мойынсынады. Болмаса, дәслеп бир қарпып алыўға гүрт киси. Маған да солай етти. Мениң ақылымды алсаң, аўылына барыўдан қамшыны үйирип ғазабыңды тиге бер. «Бул бәледен қутылмасақ болмас» — деп, ақырысында — «ал жесириңди» дейди. Ал енди нашар жағына жаўшы болғандай ким бар екен!... Хе, таптық. Ана Өтемурат бар екен ғой. Кемпирине садақа бериўге ылақ табалмай жүр. Ылашығына бир ешки апарып байласақ болды. Алдыңда жорғалай береди.

— Өтемурат дегениңиз, ана жаңғыз баслы, лаққы киси ме?

— Аўа, аўа! Сол усындайға пирзор. Меннен сәлем айт!

— Яқшы аға! — деп, Мүширип сол күни Халмурат бай менен гәпти бир жерге түйди.

Азанда Халмурат төрт арбаға сайлы өгизлерди жегип, қапталына бир ыңғай жигитлерди қосты. Мүширип атланып, енди хошласар ўақытта Халмурат:

— Төрт арбаның хақысын салғырттың үстинде қайтарарсаң. Бул сапары бай ағаңның кеўсен пайын умытпасаң болғаны...— деп жутынып қалды.

— Гедейдиң қырманын қызғанайын ба, аға? Бир арба дән сизики болсын! — деп иниси мырзалық етти.

Мүшириптиң «Сақыўлар аўылына» келгендеги хызмети усындай еди.

Сол күни кешке шекем қырман қоймай қырғыйдай тийип, төрт арбаның биреўин байға, үшеўин бийге жөнелтти.

— Усы шығын менен Мүшириптен қутыларсыз... — деп, Қосыбай азаннан бери дийқанлардың кеўилин алып, тентегине тек, деп жүр еди. Арбаларын жөнетип болған соң Мүширип Қосыбайдың қасына келип:

— Өтемурат пушықтың үйин силте! — деди.

Қосыбай жөн жобасын айтып:

— Соннан ары кетесең бе? Онда хош! — деп басын ийип еди, Мүширип қабағын үйип:



— Кетпеймен. Енди шаңырақ салғыртты жыйнайман. Сен де шаңырақ теңгенди таклап қой! — деп, аўылға қарай қуйынлатып шаўып кетти.

## 4

— «Енди аўылдың ишин үйтеди-аў!» — деп, Қосыбай Мүшириптиң туўў сыртынан ызғарлы көз бенен узақ қарап турды да: «Салық бәлесинен сақла деген» усы дә. Жалбарынсаң, арыңа тийеди. Айтыссаң жала салып, дарға астырады. Енди бул халық қайда қашып қутылады?!... Адамды адам жейтуғын заман болды ғой!,.. — деп гүбирленип сөйлеп, хазарланып шағынып Таўмураттың қырман жағына бурылды.

Қырман басынан Таўмуратты таппаған соң, атын айтып сүренлеп еди, урықтың арасынан зоңқ етип шыға келди. Қосыбайды көрип, узақтан сөйленип киятыр:

— Қосеке, қутылдық па? Маған: «тасалан» депсең. Мүширипке не гүнакар болып қалдық? —деп, күле шырай берип, қолын узатты.

Қосыбай ызалы қабағын жазған жоқ.

— Қулымбеттиң нағыз ийтаршысы болыпты. Гелле кес лессе де қайтар емес. Гәпке түсинбейтуғын албаслы екен өзи!... деди.

Таўмурат кепшигин үйилген салының үстине таслап, сабанға бир қырынлап жатты.

— Үй қоймай салғыртты сыпырып алып кеткени жақында ғана емес пе еди? Бағана жигитлерге аз ғана пәзне басқаныңда, жаўырынын жазатуғын едик... Үйи жаңғырдың тили ашшы екен.

— Мениң де жаным қызып еди ғой. Артында бий ағасы бар. Онсыз да даўагер адамбыз. Жаңа даўға уйытқы болмасын дедим. Қулымбет бий қыйтық тапса, Хийўаға атланып жасаўыл әкеледи ғой. Оннанда мына жалаңаш-жалпы халық егинин тыныш жыйнасын деп едим, алдаркатсам да көнбей: «шаңырақ» салықты жыйнайман, — деп аўылға кетти. Өтемураттың үйин сорайды. Не хызмети барын билмедим.

— Нашар-нашар айттыражақ шығар.

— Хе, өзиниң хаялы қайда?

— Өлди ғой.

— Ой пақыр-ай!— деп Қосыбай әңгиме баслады:

— Баяғы қаза салып, қолын шортанға тислетип жүрген жыллары, сол қатынды бәрше қолдаўлы болып айттырып, зорға алып берип еди. Бийшара иш қысталықтан-ақ наўқасқа шатылды ма деймен. Жақсы нашар еди. Шешеси әрўана киси еди. Ана жақсы бийеден туўады. Буның есигине келгеннен соң да бир-еки жылға шекем жақтырмай қаша берди. Япырмай бала, ондай дәў жүрек нашар көрмедим. Жулдыз сөнгеннен кейин, тас қараңғы, түн ортасы аўғанда, гейде таң алдында қашып баратырған жеринен талай услап әкелди. Бул қаралы уйқышыл еди. Жесирден айрылып қалмайық деп үй толы адам аңлып та жатқан. Тап сондай күни пышықтай жылысып шығады екен. Қолдан жазым бола берген соң бир күни жигитлер үйдиң айналасына қамыс төсеп шыққан.

— Хе...о неси? — Таўмурат шақалақ атып күлди.

— Несин сорайсаң. Тоба-а де! Келиншек қашса, қамысты баспай ма?

— Басады.

— Әне, сол қамыстың пышырлаған даўысынан сетем алып, «ал қашты!» деп аңлып жатырғанлар сүрен салады. Аўыл уў-шуў! «Қайда ха қайда! Усла ха усла!» Ким атлы, ким пияда, шабады. Услап әкеледи. Түни менен аўылға уйқы бермейди. Басыңды аўыртып не керек. Келиншек бара-бара буған да ҳийле таўыпты. Ақшам сыртқа әсте шығады екен дә, қамыслардың арасын ашып, ғаз-ғаз басып, қашып кетеди екен. Бир абысыны: «неге қаша бересең шырағым, аўылды тоз-тоз қылдың ғой?» — десе, «Хе, мениң өмиримди тоз-тоз еткен мына атқа минерлерге мен де уйқы бермеймен. Қолымнан оннан басқа келетуғын не күшим бар» дейди екен. Айтқаны рас, бийшараның. Ярым хан атанған Айдостың аўылы ондай бир нашар түўе, жүз нашарды тусаўлаўға қудирети жетпей ме?» Бир жигит тахытқа минсе, қырқ жигит атқа минеди деген. Мине усы жаман-жақсының арқасында айдай нашарды алды да қойды. Бүгин әне атқа минип,



шалжақлап, қамшы таўлап жүр. Бизиң жақсы болғанымыздың не кереги бар. Ханнан алған бийлигимиз жоқ, — деп, Қосыбай өзиниң мәртебесиниң кемлигин Таўмуратқа шағынғандай болды. — Бурынғылардың айтқаны дурыс келейин деп тур ма деймен. «Дүньялы бай ямаса мәртебели бий болмасаң, зордың таяғы тийди деп, даў қуўма» дейтуғын еди. Ат айланбай келип тур: Әне, анаў Мүширип!... Жағаласып көр, жағаңнан да, баҳаңнан да айырыласаң.

Таўмурат Қосыбайдың соңғы сөзин еситкен ўақытта гедей-лигине намысланды ма, адамгершилик жарыстырып, қарсы даў айтты.

— Енди бай менен бийдиң тұқымы... деп таяғына жаўыр-ымызды тутып, жата беремиз бе? Оларды да туўған бизиң енемиздей қатын емес пе, бәрин дөреткен бир қудай емес пе? Таўмураттың кемситкенди ар билип, адамгершилик жарыс-тырғанына қарсы айтар дәлийли болмаған соң, Қосыбай мал, дүнья барымтаны ҳәм шәрият гәпин бетке тутты.

— Сениң рәҳәт, қызығың ол дүньяда. Дүнья, мал беремен десе, жаратыўшы Алла көрмей отыр ма. Байлықты қуда береди.

Таўмурат мырс етип күлди:

— Сонда «байлар менен бийлер бул дүньяда рәҳәт көрип, ол дүньяда дозаққа түсе ме? Ямаса тағы бизлер менен тең рәҳәт көре ме?

— Ол жағы периштелердиң иси. Ийманы биледи, жетим-жесирге қайыр сақаўаты, әдил төрелиги биледи. Ҳәзир сениң еки ийниңде еки периште тур. Солар аўзыңнан шыққан сөзиңди сол заматта жазып барады. Халыққа еткен қайырың менен жәбириң тәрезиге тең тартылады.

— Қәнекей сол тәрезиниң басында мен турсам, қайыр етиў түўе, ешкисиниң қумалағын есаплап отырған сықмар байлардың төбесинде отлы гүрси ойнатар едим. Әттең, оған тайлас күш қайда!...

— Бахытлының алдын кеспе. Дәўлет қусы сениң де басыңа қонар. Сабыр ет. Зәрре бағыс!...

— Мениң өзиме мәртебе менен байлық, аспандағы айдан да қашық. Жат елге қыдырып шығайық десек, жаңа шапаннан

усы аўылда екеўи ақ бар. Соны жигитлер бөлип алып кийемиз. Сениң айтыўыңша ол дүньяда теңлик тиймесе, бул дүньяны қойдық... Оннан да мен Өтемураттың үй жағынан хабар алып қайтайын. Не хабар бар екен.

— Мүшириптиң көзине түспе! Әжинияз да түстен бери көринбеди. Жаңағы биреў менен сөз алысып жүрмесин. Көринсе тез қайтар, иним. Саған да өш. Абайлай көриң!...

— Мақул! — деп Таўмурат аўыл жаққа кетти.

## ЖЕТИНШИ БАП

### 1

Әжинияз қырман басына келсе де, қолынан китабын тасламайтуғын еди. Бүгин ол «қолым саўа ўақытта оқырман» деп Мақтумқулының жазба китабын қойнына тығып шығып еди. Оның менен азаннан бери хеш саўасы болмады. Өзинен үш жас үлкен болса да, дасқал болып өскен ағасы Мәтнияз көз астынан қарап, Әжинияз қырманнан жалт берип шығып, китабын ашса:

— Анаң қара апа! Мынаў тағы китапқа үңилди. Гүректи таслады, — деп анадай жерде дән желпип отырған Нуржамалға сүренлейди.

Баласын дәстиярлы кисидей сыйлайтуғын Нуржамалдың ондай ўақытта: «сеннен күткеним сол ма еди?» дегендей аянышлы бир қас қабағы бар. Ананы сыйлағанлық па, яки аўыр сөз айтып муңайтып салар деп еси енип киятырған баланың сыпайылық сақлаўы ма, Нуржамалдың шаншылған көз қыйығын сезсе, китапты жаўып, дәрхал гүрекке асылады.

Усылай әредик жүргенде Мүшириптиң аласаты басланып, әкесиниң Таўмураттың қырман бетине жумсағаны күтә пеш түсти. Әжинияз сол кетистен қайтып оралмады. Тикке аўылға тартты.

Үйине келген соң да отырып я турып тақаты болмады. Ҳәмме гүздиң әнжамы, қыстың азығы — қырман басында.



Бундай ўақытта тек Өтемурат ғана үйинде болыўы мүмкин. Әжинияз соның үй жағына қарай бурылды.

Үй деп аталғаны болмаса, Өтемураттың баспанасы үш керегеден қаластырылған ылашық еди. Самал менен әлле қәйтеди деп қәўипсинген Өтемурат ылашықтың босаған белдеў жиплерин тартып, сыртта жүр екен.

Өтемурат әлле неге өзи күйинип жүр ме я Әжинияздың киятырғанын көрип, әдейи айтып тур ма, ылашықтың туўў сыртына шығып алып:

— Ақ отаўға күшиң жетпей «ылашықты қопарсам!» — деп турсаң ғой, даўыл жора! «Бозатаў»ды тып-тыймай қылып болсаң, апар буны да Хийўаға! — деп, ылашықтың тақыядай төбесине шегирейип қарады.

Әжинияз да Өтемурат ағасының усы қуўақы сөзине ашық. Қиталына әсте келип:

— Ассалаўма әлийкум! — деп сәлем берди.

— Әликуссалам! — деп, даўысын созып, сол қолы менен шапанының еки жағасын услап, оң қолын балаға усынды Қол алысып болыўдан еңкейип, шапанын қайтадан қаўсырып киятырғанда Өтемураттың жалаңаш етине кийген шолақ бешпенти көринип кетти. Әжинияз дәслеп ерсилеў көрип турса да, соңынан «жоқ шығар» деп иренжип төмен қарады.

Өтемурат баланың не сезимде турғаны менен иси болған жоқ. Кирлеген бөз белбеўин белине қайта шалып, байлап атырып:

— Гедейдиң шатпасының белдеўи босаса, белиниң белбеўи де босайды екен, балам! —деп кишкене қара сақалын қысымлап жымыйды.

Әжинияз көзин жаўдыратып бир күлди де, қарсы алдында томсырайып турған кисиниң ашық көкирегине муңайып қарады.

— Ата, көйлегиң жоқ па еди?

— Бизиң ғаўаша писпей атыр... — деп Өтемурат дәслепки гәпин дәлкек қылды да, соңынан баланың көкиреги хақ екенин билип, ол да сырын айтты.

— Бир көйлегим бар, балам. Оны олай-булай шыққанда киймесек, шарық ийирип, бөз тоқыйтуғын бурынғыдай кемпир жоқ. Ел аман болса, илажы болар дә. «Батпан уўайымнан сийсери пайда жоқ». Үйге кирейик. Қысса китабың бар ма? Айтпақшы, қырман беттеги не шаўқым — деп, Өтемурат баланы ертип, ылашыққа бетледи.

Әжинияз жүре сөйлеп, Мүшириптиң ойқанын айтып берди.

— Өзим де солай шығар деп пәмлеп едим-аў. Даў шықты. Қулымбеттиң жолы болып қалды ғой. Көмеши толмаса еки аўылды қырылыстырады да турады. Қосыбай сәл «шаққанлық ете қойды, қашқан қызды қуўмай–ақ қоя қойыў керек еди. Айтпақшы, сени излеп кетти деп еди ғой. Сезик жоқ па?

— Жоқ. Балықшы аўылға шекем барып қайттым.

— Ҳә жарайсаң. Әне жигит! Сүйек қуўғаның дурыс. Қайып болса бир мүсәпир адам. Ал балам, сен қай жақлысаң? — деп, қапталында саққа жүгинип отырған баланы барластырып, шекелеп қарады.

Әжинияз жағын таянып, ойланып турып:

— Ағамлар жигитке де, қызға да жәбир етти ғой! — деп, суўық дем шығарды. — Былтыр арбаға байлап жиберген Сарыгүл апай ақыры ишқысталық пенен өлипти ғой...

— Ҳә дурыс балам, «теңи келсе, тегин бер» деген, — деп Өтемурат басын шулғыды.

Әжинияз да Өтемураттың қай тәрепте екенин мийзамынан сезип қалды.

— Бүгин маған не қысса оқып бересең, балам? — деди, Өтемурат қайғыдан кеўлин арылтқысы келип.

— Көптен бери Мақтумқулыны тәкирарлап жүрмен. Ибарат сөзлерин оқыған сайын, ата, мумдай ерип кетемен.

Өтемурат қуўжыңлап қозғалып қойды.

— Мен бир лап айтайын. Бир шайырға: «Сиз Мақтумқулыдан қалайсыз?» деп сораған екен. Ол: «Мақтумқулы қосықтың атызын орып кетти. Бизлер масағын терип жүрмиз» депти.

Мына сөз Әжинияздың Мақтумқулыға деген ышқы, ықласын ғаўлатып жиберди. Бала китапты ашты да, саз даўысқа салды. Ылашықтың ишин кернеген хош лапыз, көкке көтерилди.



Усы ўақытта есиктен ләтте шапанға оралған қара жигит кирип келип, минайым сәлем берди де, отырыўға жасқанып, мирәт күткендей үй ийесине қарады.

— Кел, Әсембай!—деп Өтемурат жигитке жалбырақлап, қапталдан орын усынды.

Келген жигиттиң Халмурат байдың падашысы екенин Әжинияз сыртынан таныйтуғын еди. Қапталдағы қамыс бойраның үстине шығып, көсеўдей қара, қырық жарық аяғын көрсетиўге ийбенип, астына басып, тигисинен пахтасы күлтеленип шығып турған шапанының пеши менен дизесин жаўып, саққа жүгинип отырған падашы жигиттиң үсти басына аянышлы қарап, Әжинияз ойланып қалды. Байдың усы жастағы балалары ажары былғарыдан етик кийип, жорға минсе, жарлының баласы жигирмаға келгенше жалаң аяқ жүреди. Инсан тең жаралса, неге тең жасамайды?...

— Ҳә, Әсембай Қосық тыңлаўға келдиң бе? — деди Өтемурат падашы жигитти гәпке айналдырып.

— Жақ аға! — деп падашы жасқанып төмен қарады. Бүгин Қутымның үйине қонатуғын гезегим еди. Ҳаялы «бизиң үйге еле нәўбет келген жоқ» деп қуўып жиберди.

— Әне, — солай, деп Өтемурат түнерип, Әжиниязға қарады. Байлардың пейли қашқан. Нәўбет пенен бир айда бир күн қонып кететуғын падашысын қондырыўға да қыйналады.

Өтемурат Әсембайдың бир-еки жыллықта өлген әкешешесин есине алды.

— Усы Әсембай туўылғанда қутлы болсынға барғанлар Әсембайдың әкесине: «балаңның атын Әсембай қойыпсаң. Балаң бай болар деген екен. Сонда әкеси: «Бай деп қоя берейикте, гедейлик бир жаққа қашып баратыр ма» деген екен. Жыл айналмай баласының да басына мынаў жоқшылықтың да түскени. Бизиң ылашықтың үзигиндей үсти басына қара, өримөрим, қырық жамаў... Падасына қосатуғын мал болмағансоң бул пақыр бизикине келе бериўге де жасқанады.

Өтемурат ана жылы кемпири өлгенде қарасына сойылған жалғыз сыйырын ойлап, малсызлығына суўық демин тартты да, ошақ беттеги қазанның қақпағын ашып, ыс пенен күледен

түси көринбейтуғын ағаш зеренге еки шөмиш быламық қуйып Әсембайдың алдына қойып атыр еди, қапталда мүлгип жатырған ақ тазы «мениң пайым қайда?» дегендей басын көтерип, қаңсылай баслады. Әжинияз тазыға жалт қарады.

— Ата, аңға шығыўға тазың жарай ма?

Өтемураттың көзине ызғарлы күлки қуйылып келди.

— Астында атың болмаса, пияда-жаяў жүрип тазы салыўға бола ма, балам? — деп, тазыға емиренип қарады. — Ийесиниң аты жоқ, тазысының бахыты жоқ. Байды бизге қырын қаратқан да усы тазы ғой...

Өтемурат тағы ойға батты....

...Сол күни песин ўақты еди. Өтемураттың ылашығына ес болып отырған кемпири қайтыс болды. Көп жыллардан бери усы кемпири менен Өтемурат Халмурат байды ағайин пәмлеп сағалап есигинде дийқан жүретуғын еди. Ҳақысы жылына бир баспақ алыўы керек еди. Бирақ, сонша жыл жүрсе де байдан ҳақым деп бир баспақты да қорасына жетеклеп әкелген емес. Жыл аяғында ҳақысын сораған Өтемуратқа бай: «бәри бир қыс азыққа сатасаң ғой, басқадан алғанша меннен ал» — деп баспағын дәнге айырбаслайды да, қыстан өлмес аўқат етип шыққандай кеўсен берип, қарызынан жылда қутылып қала береди. Өтемураттың өз маңлайына питкен жалғыз ғана сыйыры бар. Қысыр қалмаған жылы туўа қойса, оның да бузаўын баспақ қылып, кийим-кеншекке сатып жибереди. Сөйтип ол сыйырдың да изине қара ермейди.

Кемпири өлген соң асына усы сыйырды сойыўға Өтему¬рат өзиниң өлимин де ойлайды. Ел дәстүри бойынша мал сойылмай өли жерленбейди. Пуқараға ең қайырқом моллалар да өлиден хабаршы келсе, алды менен қарасына сойылатуғын малы менен үстине шашатуғын гәрежетин сорайды. Онысыз өлиниң ийманы ушын қуран оқымайды. Қуран оқылмаған өлини моллалар ийmансыз кетти дейди. Ийmансыз өли бейишке бармай, дозаққа түсиўи керек. Өтемурат сонда молладан сыйырын қызғанып, неше жыл қослас болған кемпирин дозаққа жиберe ме?!... «Жоқ?» — деди ишинен гүбирленип, Өтемурат басын шайқап,—



«Бир есабын таўып, моллаларды шақырыў керек. Сонда қара сыйырды сойыў керек пе?... Онда, кемпири бейишке барады, ал ертең Өтемураттың өзи өлсе, оған не сойылады? Кемпирин бейишке жиберип, өзи дозаққа қала берсин бе? Оған да — «жоқ» дейди басын шайқап. Онда не қылыў керек?

Өтемуратты тек кемпириниң өлими ғана емес, жерлеў мусиўбети қатты ойландырып отыр. Әри-бери ойланып дағдырған Өтемурат қоңсысы Қурбан ғаррыға кемпирин таслады да, өзи ылашықтан суўырылып шығып, Халмурат байдың үйине барды.

— Кемпир қайтыс болды, — деди Өтемурат Халмурат байға шағынған ажар менен қарап.

— Өлсе, ийманын берсин. Кемпир өлсе той. Қара сыйырдың сорпасын ишеди екенбиз ғой, — деп, бай ғарқылдап күлип, Өтемураттың алдын кесип сөйледи.

Байдан дәме етип, өзин минайым, жалынышлы пишинде услап отырған Өтемурат мына сөзди еситкен соң үмитин үзип, сенжарлы бола қалды.

— Ҳәм кемпирим өледи, ҳәм сыйырымды сояман, өйтип қуўанғаным ба, бай аға? — деп, Өтемурат Халмураттың жүзине тикленип қарады.

— Қуўанбасаң, өлиңди арқала да жүр! — деп, бул сөзге Халмуратта ҳәкис жуўап қайтарды.

Байдың ҳәкис сөйлегенине зығырданы қайнаған Өтемурат көмекейине түйдек-түйдек сөз келсе де, дәмели болып, өзин сабырлы услады.

— Арқалап жүрмей-ақ, бизиң кемпирге де усынша кең дүньядан бир шуқанақ аўысар, бай аға, келген хызметим ол емес, мынаў: Жалғыз сыйырды қарасына сойар едим, жетисине, қырқына, жылына қәйтемен? Сол ушын сизден майда мал сорап келдим. Хызметиңдемен ғой, есапласарман...

Бай қалың қабағын тарс жаўып, ойланып қалды да, әллен ўақытта көзин ашты.

— Жаңағы айтқаның дурыс. Кемпириңниң еле 3-4 садақасы бар. Соның ушын сен ҳәзир қара сыйырды әкелип, бизиң қораға байла. Сөйтте ҳәзиринше бир баспақ ал, онсын қалған

садақаларыңды да көтерисейин. Сонда бир сыйыр менен кемпириңниң қарызынан қутыласаң. Жақсылық деген усы, иним!

— Сонда кемпирдиң де, сыйырдың да орнын сыйпалап қалғанымыз ба! — Өтемурат маңлайын услап, төмен қарады. — Бәшерт, биз өлсек қәйтемиз. Туяқ орнына бир туяқ услап қалмасам, қалай болады?

— Қара аспанды түсире берме, өйтип... — Бай ағайинсып, ала топылды. — Ким өлемен деп, басынан мал айландырып жүр. Сен өлсең, мен көмемен. Болды енди... Мына кемпириңди жайғастыр. Шақыр моллаларды қалдырмай!

Сол күни Өтемураттың қара сыйыры Халмураттың қорасына байланды. Байдан бир баспақ алып, Өтемурат кемпирин жерледи. Буннан соң бай «кемпирдиң қырқы менен жүзине сой» деп, бир-бирден ешки жиберди де, жылына келгенде лебизден тайып: «балама тазысын берсе, және бир ешки берейин» деп, ийт болса да, жарлыдан жырып қалғанды мәп көрди.

Байдың бул сораўына Өтемурат ызасы келип:

— Кемпирди дозақ өртесе де, ийтимди сатып, садақа бере алмаспан. Серкесин тисине сызлақ етсин! — деп, бир түнде ылашығын ешегине артып «Сақыўлар аўылы»на көшти де кетти.

Өтемураттың падашы жигитти көргенде қара сыйырын есине түсирип, тазыны көргенде Халмурат байға гижинип, тисин қайраўының мәниси де усы еди.

Өтемурат усы ойда отырса, Әсембайдың туўылыў тарийхын еситкен ўақытта Әжинияздың көз алдына әрманлы әкениң сыйқы елеслеп кеткендей болып еди. Усы елес кеўлине зерде салды ма, қосыққа мейли соқпады. Әлле бир падашының кемлигине неге ашынатуғынына өзи де түсинбейди. Әсембайға көзи түссе, ана ләтте шапанның ишинде өзи де отырғандай қорлығы келеди. Мерекеге ажары жарасықлы, қара торы, қабландай жигиттиң жаслығы қулпырар шағында ўақытсыз солғандай гүнасы не?

— Әсембай, гөнерек көйлек, дизкийим берсем, кийермисең жора? — деди Әжинияз ийбе етиңкиреп сөйлеп. Бурыннан сыр-



сипетлес болмаған жорасы «гөнең кимге дәри» деп қайтарып таслай ма деген ойға кетип, даўысы қалтырап шықты.

Әсембай таңырқанған пишинде жымыйып күлди.

— Ширикке қайыл болғанда, гөнеге назырқанамыз ба жора, берсең, — әжеп кийемиз. Бирақ қалыс бер. Падашының мал баққаннан басқа қайтарар жақсылығы жоқ.

Жупыны кийимниң ишинде өскен баладан бундай салдамлы сөз шығады деп ойламаған Әжинияз қобалжып қалды. Үлкенлерге тән төрели сөз сөйлеген қурдасына мәнили жуўап қайтарыў ушын ой тереңине қарай бойлады.

— «Жақсыны жаман кийимниң ишинде таны» дейди ғой аталарымыз. Әсембай, сениң менен дос болайық — деп, Әжинияз Мақтумқулы қыссасын ашып отырып, мына қатарларды оқыды:

Кимлерге алтын тас дур.
Кимлер сайыл қақпас дур.
Кимлер түптен қаллаш дур,
Ким жипек-ғалы гөзлер.

Ким нан таппас тоймаға,
Ким жер таппас қоймаға.
Ким той таппас киймеге,
Ким терме-шалы гөзлер.

Жәҳән шебер уста дур,
Дүнья гилти күште дур.
Ҳәр бенде бир исте дур,
Ҳәр ким өз ҳалын гөзлер...

— Дүнья усындай жора, — деп Әжинияз Әсембайға тәселле айтты.

Еки нәўше жигиттиң қәлбине жастан қуйған зийрек ақылына ҳәм кәтқудалық тутымына елжиреп сүйсинип отырған Өтемурат басын екшеп:

— Бахтыңызды, заманыңызды берсин, балаларым, — деп, бир әңгимениң ушлығын шығарып киятыр еди, сырттан ат

туяғының сести шықты. Ким болса да суўыт жүрген биреў ат маңлайын Өтемураттың ылашығына қаратып, шоқыраклап жортып киятыр. Жолаўшыны жатырқағандай аўылдың тамамы ийти жыйналып, жарыса шаўып, жабыла үрип жүр.

— Бул ким өзи, топалаң қылып киятырған? — деп, Өтемурат жабықтан сығалап қарады да. — Сол, Мүширип. Ийтлер де адамын танып үреди — деп сыртқа шығажақ болып, есикке қарай бетледи.

— Мүширип деген ким? — деди Әжинияз.

— Қулымбет бийдиң шабарманы.

Усы ўақытта сырттан: «баламның ырысқы еди, шырағым усы сапар таслап кет, балам» деген аянышлы даўыслар шықты. Әллеким ғарғанып, сыңсылап жылайды.

Өтемуратқа ере Әжинияз да, Әсембай да ылашықтан шықты.

Ылашықтың қасында бес-алты қой-ешкини ийирип топлап, ат үстинде қыйтар көз, дүңки бетли, тапалтас бир сары киси отыр. Аттың зәңгилигине телмирип қарап, ҳасаға сүйенип, қара кемпир жалынып тур.

Мүширип Өтемуратқа қарап жымыйып күлип, тышқан қуйрық өлпең сары муртын шеп қолы менен бир шыйырды да, астымдағы бийдиң сары жорғасын көрдиң бе? дегендей үзеңгиге табанын тиреп, бир ширенди де, сәлем берди. Өтемурат сәлемге:

— Аманлық па? — деп салқын жуўап қайтарды да, — ҳе, ким екен десем, бақаның жасы үлкениндей болып шоқыраклап киятырған, сен екенсең ғой, —деди.

Әжинияз мырс етип күлип, артқа бурылды.

— Әй пушық, усы ҳәкис сөзиңнен отаў тиктиң бе?— деди Мүширип Өтемураттың дәлкегине жарлылығын бетине басып, — оннан да кир ылашығыңа. Ана ешкилердиң биреўин сал қазаныңа. Гәп бар.

Ешкиниң аты аталған ўақытта ҳасаға сүйенип муңайып турған қара кемпир тағы жалынып зарланды.

— Еки жетимниң ырысқы усы ешки еди. Палапандай аўзын ашып қалды. Жетимди ая, шырағым!



— Кет енди, Мүширип жекиринип, кемпирге көзин ақшыйтты. — Жарлы болсаң, шаңырағыңнан түтин шығарма! Бир ешки менен түтин пулдан қутылсаң қуўана бер. Қырыма шықсаң салғыртты шаңырағыңнан шегирткедей жаўдыраман. Алжыған ақ шаш...

Кемпир етегине қуйылып аққан көз жасын жеңи менен сүртип, Мүшириптен гүдер үзгендей Өтемурат пенен Әжиниязға шағынып қарады.

Кемпирдиң кеўили бузылыўдан-ақ, Әжинияз енжары болып тур еди. Мүшириптиң зәҳәрли тилин еситип, жас жүрегине найза қадалғандай болды. Ажары оңып, қалшылдап араға түскенин билмей қалды.

— «Бүркит қартайса тышқан аўлайды» деген. Жесир кемпир менен жетим улдың таңлайына татып отырған ешкисин тартып алғаныңыз, атқа минген бийлигиңизге мүнәсип бе? Ананың көз жасын төкпең. Мына шешемниң тоқалақ ешкисин қайтарып бериң!

Әжинияз ғазаплы ҳәм жалынышлы көзлери менен ат үстиндеги Мүшриптиң аўырықтай бетине қарап шаншылды.

Шапаттай баланың бийлик айтып жағаласқанына иштен қытыўланып, Мүшириптиң ажары бирден салқын тартты.

— Әй Өтемурат, мына сүмелек қайсы көшениң бийи? Ҳәмелдарлардың камшысын көрмеген ғой, шамасы. Шыбық тиймеген асаў екен. Тәмбисин берейин, усла ананы?...— Мүширип баланың үстине ат айдап, тобылғы сап дырдай қамшыны жоқары көтерди. Сол ўақытта Өтемурат шырп етип, аттың жылаўын услады.

— Құллық жора, қуллық! Мақсым-молла балаға қамшы силтей көрме. Аға болар жигит,м кең болар. Ашыўыңды сорайман.

«Мақсым бала» дегенди еситип, Мүширип ғарғыстан қорықты ма я Өтемуратты өкпелетип аларман деди ме, жоқары көтерип турған қолын төмен түсирди.

Әжинияз да бул ўақытта өшегисип аттың баўырына барып қалып еди. Мүширип пәсине қайтқан соң, жағаласыўға жасын сыйлап, өзине өзи тәселле берди. Усының менен бирге бала күшли менен қарсыласыў ушын мықлы бел керек екенин де

сезип калды. Бирақ жүрегинде ешкисинен айрылған қара кемпирдиң кеги өшпес зерде болып қала берди.

Мүширип айдап келген малларын қамаў ушын қораға бурылған ўақытта, Өтемурат Әжинияздың қасына келип:

— Ҳәзир жассаң, күшли менен беллеспе, шырағым!— деп жалбарынды.

Әжинияз танжырап турған кемпирге суўық нәзер салды. Еки жетим баласы «ешкимизди алып бер!» деп шалғайынан тартып турғандай бир салмақ адымын алға бастырмады.

Усы ўақытта қосыла муңайып турған Әсембай:

— Жүр, жора! Бий менен айқассаң мертилесең. Булардың уясы Хийўада ғой. Кудайы ямаса, қайсы гедейдиң жыртысын жыртып, ада қыласаң. Жылап жүрген бундай мың кемпир... — деп ийнинен тартты.

Атын жайғастырып болған соң Мүширип ылашыкка кирип, Өтемураттан:

— Жаңағы молла бала дегениң ким? — деп түрин суўытты.

— Ол бала, — үлкен бир максым бала. Аржақтағы елден кыдырып келип еди. Әрўақлы, ақынның баласы... м-м деп, ядынан кыйып салды да:

— Ал, өз хызметинди айт! — деп гәпти басқа жаққа аўдарды.

— Халмурат бай саған сәлем айтты. Мына Қосыбайдың аталас па, әйтеўир бир карындасы бар ғой, Айсәнем деген. Соны биз айттырып келдик. Сен жаўшы боласаң!...

— Ҳе, қыз айттырып келгендеги пәтиң усы ма? — деди Өтемурат суўық пишинде жымыйып. — Егер, ғәрезсиз болып келгенде ғой, аўылды өртейсең...

— Әй, сен не билесең? — деп Мүширип желкесин гүжирейтип, сүзетуғын буғадай шекелеп қарады. — Қыр көрсетпесең, халық қыз бере ме? Бий ағамыздан буйрық алып, сары жорғаны миндик. Өзи бизиң менен ана аўылға шекем бирге келди. Халмурат бай менен пикирлесип, усы нашарды шөкеледик. Сени питиўажа етеди деди. Саған бир ешки әкелдим.

— Қәне ол ешки? — деди Өтемурат.



— Ҳе, бағанағы кемпирдиң ешкиси не? Мениң падалы малым бар ма? Елден алып, елге беремен... Қәне байдың сәлемине не айтасаң? Айтпақшы, усы хызметти питирсе, Өтемуратты қасыма көширип әкелемен, — деди.

— Таўды жығатуғын ўағымда, бай сыйдырмай көширип жиберип еди, енди картайғанда не жарасына ем қылар дейсең? Қәне, оны қояйық! Мен не қылыўым керек?

— Айсәнемге барып, ўәдели күнин билип кел. Егер рийзалық бермесе, ағасы Қосыбайды Хийўаға айдатып, өзин арбаға байлап әкетемен. Айт усыны!...

— Ҳимм — деп Өтемурат аз ғана ойланып турды да, Мүширипке қарап:

— Маған бир ешки әкелгениң рас па? — деди.

— Рас. Падаға қосайын деп пе едиң?

— Ҳе, аўа, — деди де, Өтемурат ылашықтан сыртқа шықты. Жан-жағына қарап еди, ҳеш ким жоқ екен. Өтемурат қорадан кемпирдиң ешкисин алып шықты да, аўылдың ортасындағы жол менен арқаға қарай тартты.

Усы ўақытта:

— Ҳә мырзаға, қайрылып кет, — деп сүренлеген даўыс еситилди.

Өтемурат тоқтап, артына қарап еди, бағанағыдан бери Өтемураттың ылашығын айналшықлап жүрген ешкиниң ийеси, — кара кемпир екен. Геўиши қулағырдан салп-салп етип, жуўырып киятыр.

— Кириўге бата алмай жүр едим, шырағым! — деди ҳаплығып келип, — Ийманлы болғайсаң, мына ешки меники еди. Ҳадалдан жалғыз малым, қәйним. Тилеп келдим, шырағым?...

— Тилемей-ақ, үйиңе апаратыр едим, мә! — деп, Өтемурат мыйығын тартты. —Мүширипке көринбе!...

Ешкиси қолына тийиўден кемпир сөйленип ала жуўырды.

Өтемурат аўдаңлап жүрип киятыр еди.

— Өтеке, сабыр ет, — деген тағы бир даўыс шықты.

Өтемурат жалт қараса Таўмурат, Әжинияз, Әсембай үшеўи ойласып тур екен. Аман түўеллик сорасып болыўдан Таўмурат:

— Қайда баратырсыз? — деди шекелеп қарап.

— Ана, Айсәнем балдызымның үйине.

Таўмурат: «шамалаўымыз дурыс екен» дегендей Әжиниязға жалт қарады.

— Мүширип қайда?

— Үйде. Хе? Айта бериң, балалар. Не ойласық. Меннен тартынбаң.

Таўмурат төмен қарады. Оның тартынып турғанын сезип Әжинияз сөйледи.

— Сиз, Айсәнем апамның үйине барып, не қыласыз, ата?!...

— Не қылайын, бар деп ылашығымнан шықпай отыр. Бармасам ана кемпирдиң ешкисин бере ме?

— Бәринен де хабарымыз бар. Тыңшы жиберип Мүшириптиң ойын билдик, — деди Таўмурат. — Оны елден шығармасақ, еле талайларды жылатады.

— Сонда кәйтесең?...

— Айсәнем апаға бармай-ақ қой ата, — деп, Әжинияз қабағын үйди. — Кеше Қулымбет бийден де жаўшы келип кетти.

— Япырмай-а?

Әжинияз басын ийзеди.

— Маған да тап сонысы керек еди.

Өтемурат ғырра үйине қайтажақ еди.

— Қоя тур аға, — деди Таўмурат, — сизди усы аўылда өз атамыздай сыйлап, қәстерлеп киятырмыз. Бизлерден тақия кийдиң де, бай менен бийден еле бир инам көргениң жоқ.

— Қайта тақияңды қағып алар, жаңарақ болса...

— Аўа. Өзиң де билесең. Анаў күни Қосыбай ағаның шабашабына түсип, Ержанды қуўғанымыз да айып болған екен.

— Байдың аўыш баласы ушын, соншама не?!... — деп Әжинияз ашыўы қурысып, — «айыплы әкем!» деп айтып сала жазлады да, әлле неден тартынып, көмекейинде услап қалды. Оны Таўмурат сезди де, шайып жуўды:

— Қосыбай ағадан да көрерлиги жоқ. Ол баяғы Айдослардың өлигин көрип, Хийўадан жаны шоршынып қалған. Тынышлықты күсейди. Бирақ, «жаўға жалынсаң да жаныңды алады» деген. Қулымбет пенен Халмурат енди қылышының жүзин бизиң аўылға қаратқаны, қаратқан. Байдың «келинимди қашырды» деген кеги бар. Бийге пара алатуғын даў керек. Сонлықтан Мүширипти төбемизде ойнатады. Биз де тәўекелге бел байладық. Мүширипке қыр көрсетпесек, бул елден айбынбайды. Усыған не дейсең, аға? Сен нусқаўшы, биз қошлаўшы болайық.

— Ол дурыс, балаларым. Бирақ байқайгөриң. Есенгелдн атаңызға ойластыңыз ба?

— Мен ойластым, — деди Әжинияз, — сизикинен шыққан соң барып қайттым. Мақул деди.

— Сонда не өнер ислейсиз?

— «Таң ерте Хийўаға жүремен. Түни менен Мүширип жетсин!» деген Қулымбеттиң хаты бар — деп, Таўмурат Әжиниязға қарап, жымыйды. Ҳәзир сол хат барған соң Мүширип дағдырып ойланады. Сонлықтан сен Мүширипти бүгин ысырсаң, биз бир өнер ислеп, елдиң малын алып қаламыз. Сен кеткен ўақтын хабарла.

— Хабарлайын, жигитлер ...Қай жерде күтесиз, мени?

— Таўмураттың үйинде — деди Әжинияз.

— Әжеп...

Өтемурат ылашығына кирсе, Мүширип еки-үш гедей менен шарымласып отыр екен. Өтемуратқа көзи түсиўден оларды үйден қуўып шықты да:

— Мына жаман ылашығыңның керегеси кемирди ғой мени. Не қылдың? — деп қуўжыңлады.

— «Асқатықсыз гөже асып, хожаның кеўили қурт күсейди» деген. Сен кимге айттырып жүрсең, ол нашарды?

— Хә, өзиме, — деп Мүширип шоршып қәддин тикледи.

— Хаўлықпа. Тыңла, — деп Өтемурат салмақ пенен сөйледи: Қызы наўқас екен. Онысы хеш гәп. Мен оған сениң сәлемиңди дәлилден туўры хабар етип айтып едим. Айсәнем көп ўақыт түнжырап ойға батты. «Кешиккеннен сүйин» деген тәўир көрип отыр-аў, дедим.

Усы ўақытта Мүширип компаңлап бир қозғалып қойды.

— Тәўир көрместей жигит емеспиз ғо.

Өтемурат: «Суў көрмей етик шешип, мунылки неси?» деп қоқырайып қарады.

— Сөйтип түсиң де, исиң де келиспеди.

— О неси? — деп, Мүшириптиң көзлери шанағынан шығып кетти, — алағайым жинлидей былжырықлатып не айтып отырсаң, өзи?!

— Кимди жин уратуғынын көресең... — деп, Өтемурат мырс етип күлди, — әкеңниң өлгенин де еситтиң ғой. Айтып берейин бе? Айтсам бий ағаң Қулымбет қашшан алды-артына оман үйипти. Исиң келиспеди дегеним сол. «Бизден сәлем айт, Мүширип қурдасқа! Қулымбет ағасы: «Маған тий» деп қыр көрсетеди. Мүширип иниси: «маған тий!» деп сөз салады. Қайсысына тийемен... Әўели өзлери шешисип алсын... Абзалы бийдиң зейнине тийип, мәртебесинен айрылып қалмасын. Тек жүрсин, Мүширип сорлы! — деди.

Мүшириптиң жүрегинен жалын атқан ышқы оты суў серпкендей басылып, еки урты тобарсып сала берди. Түсиниң бузылғанын көрип, Өтемурат оннан сайын шаншыўына тийди.

— «Тышқанға өлим, пышыққа ойын!» Сен менен маған хаял зәриўликке керек. Бий ағаң турғанда саған хаял аўыса ма? Сары жорғаңа семир де жүребер...

Мүширип көкирегине сылқ етип салбыраған геллесин көтерип алып:

— Тақыйық сөз салды ма екен? — деди.

Өтемурат бул сораўға шамырқанып, жуўап қайтарды.

— «Жасыңда қалжың болсаң, үлкейгенде мылжың боласаң» деген. Несин езе бересең. Жалған сөйлейтуғын мени асық атып, тәйкеге таласып жүрген бала дейсең бе?

— Не қылсам екен, жора?

Усы ўақытта есиктен бир бала кирип келип, жән-жаққа алақлап турды да:

— Мүширип деген ким? — деди.

— Биз, хе, ол не?

Бала бешпентиниң қалтасынан бүклеўли қағазды шығарып, Мүширипке:



— Мынаны бий аға жиберди. Биз өрден киятырған кемемиз. Асығыспыз, аға... — деди де ылашықтан шыға жөнеди.

Мүширип қағазға сығалап қарап, ежелеп оқыды. Әллен ўақытта басын көтерип:

— Биз қайтатуғын болдық, — деп Өтемуратқа қарады.

— Хе, неге?

— Бий ағам Хийўаға жүреди екен, таң ертең, түни менен жет депти.

— Хош, Айсәнемди не қылдың енди?

— Не қылатуғын еди... Аламыз, әй маған қара, бул алжасық сөз болыў керек. Сары жорғасын қыйғанда, бир нашарды қыймай ма? Енди бий ага менен гүл мыйықлы арбалы келемиз де, алтақтасына байлап әкетемиз. Бермей көрсин, Қосыбай, бий ағама...

— Аўа. Сөйткениң мақул ғой.

— Ал онда кеттим! — Мүширип орнынан ырғып турып, керегеде турған қамшыға асылды.

— Өйтпе, — деп Өтемурат Мүшириптиң шалғайына асылды, — Мына жаман ылашықтан дуз-дәм татып кет! Сонда да жетесең... Асты таслама, кебетейи барды. Ҳәзир болады. Оннан соң саған айтар бир дослығым, мына малларды күн батқан соң айда. Көпшиликтиң көзине түсип қәйтесең? Биреў душпан, биреў дос...

Мүширип Өтемураттың соңғы айтқан кеңесин орынлы билип:

— Ол айтқаның да келеди, — деди басын шулғып. — Онда сеннен мылтық табыла ма? Келеси сапары тағы бир ешки беремен.

Мүширип кеңкилдеп күлди:

— Түнде ким биледи. Бир уўықты-ақ, белиңе байласеш. Онсери бел топырақ атып, белдардан тапқан ешкиңдей маған инам етесең-аў! Айналсақ шығанағымыз тийип турған қоңсы, — Ешмурат пенен Дошмураттың ешкиси маған мал бола ма? Саған берсе, артында қылышын услап бий ағаң тур. Қорықпаса саған баспағының қулағын услата ма?

Өтемурат Мүширипти әңгимеге айналдырып аўыр жатарға шекем ирикти. Жатарда писken қораз таўықты Мүширип асығыс жеди де, сары жорғаны ертелеп, жыйнаған малын алдына салып, бийдиң аўылына атланды.

## 2

Мүширип аўылдың шетинен шықты-аў, деген шамада Өтемурат шекпенди желбегей салып, Таўмураттың үйине қарай кетти. Ентигип, жуўырып, әллен ўақытта даўыл менен дәрья бетке қыйсайған шыпта үзикли үйге жетти. Иште төрт-бес жигиттиң ғаўырласып сөйлескен, шақалақлап күлискен даўысы еситилди. «Қонақ бар ма екен?» деп қәўипсинип, Өтемурат үйге жақынлаған соң аяғын ғаз-ғаз басып, ший есиктен сығалады. Аўыл балаларының ғаўырлысына усайды. Чай ошаққа малдың қуўраған тезегин тандырдай қалап, отты дөгереклеген боз балалар жаңылтпаш, жумбақ айтысып отыр екен. Ишиндеги даўырығы пәтлиси — Әжинияз. Көбинесе өзи айтып, өзи шешип отыр. Өтемураттың балалығы есине түсип, жымың-жымың етти. Жигит ағасы мәҳәлинен де өтип баратырғанына қарамай боз балалардың ойынына қосыла кетти:

«Қаладан әкелгеним алты арба ақ асқабақ, алты арба ақ асқабаққа жеккеним, тарғыл, мүйиз, ақ бөксе баспақ, ақ бөксе баспақ... Айтың қәне, — деп сырттан сүренлеп жиберди. Иштегилер сес-семир болып, бир-бирине қарасып, дуў күлисти.

Күлки басылмай атырып, Әжинияз есикке қарап сүренледи.

— Бул ким әй, арбаға баспақ жегип киятырған? Асқабағыңды қалаға жибер, өзиң бермен кел!

Ҳәммесиниң төринде жасы үлкени болып отырған Таўмурат:

— Өтемурат аға ғой! Ишкериле, — деп еди:

— Жаңылтпашымды әўели айтып алың — деп, Өтемурат қасарысып турып алды.

— Қайтадан айт, қайтала, — деп боз балалардың биразының тили оралмай, баспақты, «боқсақ» деп үйдиң иши қыран күлки болып турғанда, Әжинияздың гүдарыдай созылған даўысы шықты.



— Әне, сеники жарайды, бала! — деди Өтемурат — енди бир жумбақ айтаман. Соны тапсаң, — жигит болғаның...

— Айт, айт, — деген даўыс қайта-қайта тәкирарланды.

— Он бүркит, отыз ақ қуў көлде жатқан, ол ақ қуў хәр нәрсениң дәмин татқан.

— Ал, табың! — деген Өтемаруттың даўысы еситилди. Жигитлер тағы бир-бирине жалт қарасты. Тағы Әжинияз жуўап қайтарды:

— Он бүркит дегениң он бармақ емес пе? Өтемурат аға, Отыз ақ қуў дегениң, аўыздағы отыз тис шығар. Солай емес пе?

— Солай, солай, — деп мақуллап Өтемурат ишке кирди. — Балалығым тутып, сизлер менен ойнайман деп сыртта аязлап қалдым ғой.

Өтемурат төрге шығып, тезектиң қозына баўырын қалады.

— Не қылды? — деди Таўмурат.

— Жаңа кетти — деп, күлди Өтемурат. — Тулыптай бәлени ылашықтан зорға шығардым.

— Жете аламыз ба, изинен? — деп Әжинияз Өтемуратқа қарап еди, ол:

— Мал айдаған адамға салт атлылар жетпегени қалай болғаны? Болың тез, — деди.

Жигитлердиң бәри түргелип еди.

— Еки атлы болса жетеди ғой, бәримиз көзге түсе берип қәйтемиз, Таўмурат аға екеўимизден де қалатуғын хызмет жоқ, деп бирлигине Әжинияз өзин санады.

— Болады, болады? — деп ғаўырласты қалғаны.

Ел жатар мезгилде Өтемурат қорадан ертлеўли еки атты шығарып, зәңгисин басып, Таўмурат пенен Әжиниязды атландырды да, өзи ылашығына қайтты.

## СЕГИЗИНШИ БАП

## 1

... Күн кеш песин болыўдан булағай басланды. Теңиз жақтан жердиң бир бөлеги жулынып аспанға атылып шыққандай, бир

кәнапат қара булт аўылдың үстине қаплап келди де, тәбият қурсағына сыймай турған самалдың қақпағын ашып жиберди. Уйысып, маўжырап турған хаўа устаның көригин басқандай қолпылдап, Таллық дәрьясының ишин ерсили-қарсылы гезди. Дәрьяны шайпады. Аралдың барлық балығы усы дәрьяға түсип, жапа-тармақай ойнап, есапсыз қалаш суўды гүреп турғандай, толқынлы толқын сапырды. Толқын ойнады. Толқын бийледи. Суўдың бетине сулыў өрмек салды. Еки жағадағы тынып турған урық, жекен усы бийге нама қосқандай нәзик сырнайын шертти. Толқын ылақ ойнаса самал саз тартты, — қәйтсе де бүгин тәбиятта өзлерине салтанатлы бир мереке өткерип турғандай қубылып, гүўлеген сес қырман басындағы дийқанлардың шаўқымы менен ушласты.

Даўылдың райын бузық көрген аш-жалаңашлар түйекти туўарып, өгизлерин жетекке алды да, күн барында үйлериниң белдеўин тартыў ушын аўылға шубырды.

Еркеклер зыр жуўырып малларын жайғастырса, хаяллар «даўыл қулатып кетпесин» деп үйиниң төрт тәрепине қазық қағып, шаңырағын шандып байлап жүр. «Кел, көмеклес қыршын» деп тоңқылдаған күйгелек даўыслар еситиледи. Әне бир жас өспирим қызлар алдынан ескен ызғырық самалға қарсы қырынлап шаўып, «хәўкем!» леп сыйырын шақырып, көлдиң етегинде зар қағып баратыр. Шаўқым, сүрен, тоңқылды шыпта жабылған үйлердиң үстинде. Ал жигердей қамыс қорадан ықтырма соғып, соның ишине үйлерин тиккен ақ үзикли отаўлардың ийелери самал түўе, аспан шорта сынса да, пәрўайы пәнсери. Бул — онлаған малы бар халлы хожалықлар. Ықтырма ислеўди арба-өгизи бар сол үйлердиң ойлап тапқаны. Ал күш көлиги жоқ үйлер ықтырма соғыў түўе, қамысты арқалап тасыған соң, отын шөпке де жарымайды.

Самал ессе теңиздиң көшпесиндей қалтылдайтуғын солардың үйлери. Желқом болып қалпылдайтуғын, солардың түңлиги. Бундай үйлер басқаға қарағанда «Сақыўлар аўылында» нобайырақ.

Ал хан алдында өтимли бийи бар «Қолдаўлы» аўылында жолаўшының аты айналмай алдынан ақ отаў шығады. Үлкен-



кишиси бәри де атқа минер. Бәри де аш-арыққа қамшысын үйирип келеди. Мүширип те «Қолдаўлының» усындай кишигирим бийи. Мүширип киятыр десе, қазандағы асынан үмит үзгендей атадан балаға шекем қобалжып отырады.

Ымырт жабылғаннан кейин далада қыспақ тартып, бойра тоқып отырған бирең-сараң адамлар да үйлерине кирди. Бирли-жарым қыдырмайшы — сүңгимей жетимлер ғана бир тамағы ушын үйден үйге жуўырып жүр. Олар да өз «талабына» шебер. Жетимлер аўқат асылған үйди шаңырағынан сезеди. Қара түтин шықса — жаңа асылғаны, ақ түтин шықса — аўқаттың писе келгени. Инсан, тиришиликке не деген уста, қандай иңкар!...

Айсәнемниң үйи. Аўыр жатар мезгил. Самал тутыўсыз шийшең үйден гүўлеп кирип, ошақтағы лаўлап жанған қызыл жалын менен айқасады. Самал үрген соң жән-жаққа шалқып жанған оттың шала қозлы күли шаңырақтың ортасында аспанға атылады.

Ошақ басында қара бөз гүмпейди жамылып, сары хаял отқа баўырын қыздырып отыр. Қапталында жасы недәўирден өткен кемпир бир қырынлап, ол да отқа бет алдын қаратып жатыр. Төрде сақалы көкирегин жапқан, еңгезердей ири ғарры, қонақлаған таўықтай саққа жүгинип, қабағын гә жаўып, гә ашып қалғып отыр.

Усы ўақытта уйытқып ескен бир топ самал оттың жалынын шарпып кетти. Ғарры шапанының пешине түскен қозды серлемей отыр еди. Айсәнем көрип:

— Кейин шегиниңкире ата, от уйтқып тур — деди.

— Жабықсыз үйде отырған соқырға самал да жаў, — деп ғарры көзсизлигине налып, иренжиди. Қарсы алдында еки бети нарттай қызарып онлаған жастағы бир қыз жатыр. Үйдеги үшеўи де жутынып қарайды. Ғарры ара тура қыздың тамырын услап, қасындағыларға гүбирлеп қояды. Сары келиншек — Айсәнем. Қыз — соның қызы. Еки-үш күннен бери сырқат. Кемпир — қоңсы енелери. Наўқасқа ем буйыратуғын тәўипшилиги бар. Ғарры — Айсәнемниң бир-еки жыллықта өлген күйеўи менен аталас туўысқан қайнағасы. Усы келининен жақын әмеңгери болмаған соң бир жылдан бери қолына кирип отыр. Жалғыз

баслы ғаррыны еркексиз үйге ес болсын! — деп Айсәнемниң өзи шақырды. Оның үстине өли шыққан үйге келген-кеткенге қуран оқыйтуғын да бир ғарры керек. Сонлықтан еки жетим бир пүтин болып отыр. Кешеден бери қызының наўқасы күшейип кетти. Әлле қәйтеди? — деп албыраған ғарры кешке қарай тәўип кемпирди алдырып еди.

— Тамырын көрдиң бе? — деди ғарры кемпирге қарап.

— Жоқ. Енди көремен, — деп кемпир қолларын отқа қыздырды да, наўқастың билегинен услады.

— Тамыры жуўасыған жоқ. Қатты урып тур. Өлпең соққан тамыр жаман. Қорықпай-ақ қой... Қызыңды тил суктан жабысқан дәрт бар екен. Жөтеллегени, — көк желкеден көз өткен. Уўыздай жас балаға әлле кимниң аңсары аўды екен? Тез сук шығартып жибере ғой.

— Өзиң шығар, ене! — деп, Айсәнем кемпирге жалбарынып асылды.

— Мен бул кәрди тасладым, шырағым. Ана күни қоңсымыз жалынып қоймаған соң сук шығара қойып едим, еки-үш күнге шекем хаўлығып жата алмадым. Аўырыў ийесиз болмайды. Жин, шайтан, тәўипке өш. Әрўақ пенен олар айқасады. Күши зор келсе, бир мүшеңди урып та кетеди. Тамыр усламайын десең, ел қоймайды, усласаң — тамыр хақыңды сораў да уят... Сорамаўға әрўақтың жолы бар. Кеўили қалса: «неге бардың, ондай жерге?» деп урысып таслайды. Сонсын қойып едим, бул талапты...

Кемпир бойын бөлеген сайын перзент ушын отқа-жамға түскен Айсәнем «енелеп!» ой баўырын үзди.

—Ырза қыламан, ене, ырза қыламан! Балаңа бир ылақ енши берейин! Пул жағы кемис, ене. Жетимниң саўабы болар. Ийманлы болғайсаң, иләйә! Мың жаса ене! Аты ылақ демесең, серке болып тур. Ықлас пенен бир қарай гөр, ене!...

Наўқас қыздың анасы егитилип ериген сайын қол ҳақыны молырақ алыў ушын бойын бөлеп отырған кемпир, ылақты еситкен соң: — кәйдем, кәйдем? Қыйнайсаң-аў, кәйтемиз енди, басқаларға айтпай ақ қой, балам, еситсе тындырмайды... «Тәўекел енди!», — деп түйген курсаўын жаздыра берди.



— Сөйт, сөйт! — деп соқыр ғарры да кәтереши болды.

— Онда қолға суў ала ғой — деп, кемпир басындағы жаўлығы менен үстиндеги гүмпейин шешип, жеңилтекленип орнынан турды.

Айсәнем гә қуманға, гә ләгенге асылып, аяғының ушынан басып, пәйик болып жүр.

— Аўзы саў, таза гүзең бар ма?

— Бар, ене.

— Әкел бери! Сары пәшшайы зеренниң ярым белин толтырып жыллы суў қуй. Бир жумақ пахта бер. Еки-үш шыбық жыңғыл әкел!

— Ҳәзир, ҳәзир ене. Мә, бола ма?

— Болады, болады. Майдан нең бар?

— Сары май жоқ шығар. Пилте шырада аз ғана балық май бар еди. Соны сарқып алайын. Шыра жақпай, оттың жарығында-ақ отырамыз да...

— Әкелсең әкел! — деп, кемпир зеренге бетлеме суў қуйып, төрт шыбықтың басына пахта орады. Ол шыбықларды қулап кетпесин деди ме, ҳәр қайсысын баланың мушындай қамырға кийгизип, зерендеги суўдың ишине төрт қарақшыдай қақайтып қойды. Оннан соң зеренди наўқас қыздың көкирегиниң үстине қойып, үлкен гүлал гүзениң аўзын зерендеги суўға төңкерип басты. Гүзениң аўзындағы демиккен суў бығырлап қайнаўытлап қайнады. Гүзедеги суў ҳаўа жетпей гүмбирлеп қайнаған сайын кемпир мазатланып, Айсәнемниң бетине жалт-жалт қарады.

— Ийшан алла, әўлийе — әрўақлар қайтара гөр, дерт басын! Сәтин сала гөр!... Гүзениң тил сукты суўырып тартыўына қараң! Түпире гөриң, шәмшил болады. Он еки ағзасына өтип, қыздың буўын-буўынын жайлап баратыр екен. Тырнағынан суўырып тартып атыр. Сук шығара жүре, бүйтип тартпайтуғын еди. Ықласыңа бола тартып тур. Садағасы кетейин, Ҳәким улықтан қалған ем ғой, бул.

Кемпир наўқасты айналып, әрўақларын шақырып жүр еди, бас ушында қыздың тамырын услап отырған серли соқыр ғарры өз-өзинен даўрығып:

— Бул неге тамыры бузылысты. Көрсең-о келин! — деди. Наўқас қызын тәўип кемпир тик аяқтан турғызатуғындай исенип, бир беткей отырған Айсәнем бас ушына жуўырып келип, даўыслап атын айтып шақырып еди, қыз жуўап бермеди.

Ғарры қармаланып жүрип, қыздың көкирегиниң үстиндеги суўға толы табақты тарс еткизип жерге таслады. Шайпалған суў тәўип кемпирдиң үстине шашырады. Кемпир ашыўланып:

— Мына соқыр төбемизден қуяр-аў! — деп, ғаррыға шекелеп қарады.

Ғарры кемпирдиң емин жақтырмай баҒанағыдан бери иштен тынып отыр еди. Қыз талықсыған соң, тақаты шыдамады.

— Қарақалпақ ырым етеди, ырымы қырын кетеди. — Ғарры тоңқылдап жекиринди. — Өнсери табақ суў көтериўге жас нәрестениң көкиреги шыдай ма? Неге биреўиңиз табақты, екиншиңиз гүзени көтерип турмайсыз. Мен сизлердей көзим жарқырап турмаса да, сезип отырман. Жүреги тығып қалды. Мынаң қара, пақырдың дем алысы, жаңа дүзлести.

— Ата, сөйтти ме? — Айсәнем екеўине де жалтаңлап қарады. — Енемниң зейнине тийе гөрме! Ата, енди не қылсақ екен?

— Енди көк желкесиниң тусынан қойың. Тил суқ екени рас болса, көз көк желкеден тийеди. Солай емес пе, тәўип курдас! — деп, ғарры кемпирдиң түйилген қабағын жазғысы келип, жымыйды, — бултыйма, ант урған қатын, дайы жеңгемсең, қарақалпақта жеңге қәйинниң таяғында жер болар. Оннан қайта ыстымалыңды ете бер. Әрўақларың қашса, — қорадан алыслап қайда барғанды дейсең? Қайтадан шақырасаң дә!

— Ғарры гәпиниң изин дәлкекке алып, ғарқылдап күлген соң кемпир жабылған қабағын ашты. Орнынан турып, қыздың қасына келди.

Айсәнем күн батарда еки баў қамыс қырқып, ушлығын тамызықлап жағып отыр еди, енди түбир жағын әкелейин деп, орнынан тура бергенде, биреў есикти сүзе кирип, он жапсарға ларс етип қулады.

— Өйбей! — деп, Айсәнем төрдеги соқыр ғаррының қуўысына тығылды...



Ҳәмме: «бу не, ха, бу не?» деп даўрығып есик бетке қарады.

Келген адам тилге келместен еле жапсарда дүс төменине жатыр. Жалаң бас. Ылайдан суўырып алғандай бел баўырына шекем сатпарланған батпақ. Аяғындағы етиги де шылқылдаған суў. Күн батқаннан адасып, мәмелек айналдырды ма? Жинпери тийди ме?... Яки әлле бир мақлуқтан қорқып, ес-ҳуўышын жойтты ма? Неде болса, жәҳәнниң шөп-шары көлдиң үпилдирик тозаңы усының үстине жаўғандай, сыйқын айырыў қыйын еди. Ҳәмме сам-саз...

— «Жоқ, бул адасқан емес, пери қаққан. Жин я шайтан салқынын салған!»...

Тәўип кемпир жаўраған адамның бас ушына келип ҳәдийсени усылай жорып отыр. Түр-сыпатын көре алмаса да, кемпирдиң шақырыўы менен ғарры да жапсарға қарай умтылды. Сулық болып, талып жатырған бийдәрек адамның қасына келип, қармаланып жүрип, қолтығын услады. Етиниң ыссылығы қашқан жоқ екен.

— Жаны бар. Еле көзин ашқан жоқ па? — деди ғарры. Усы ўақытта Айсәнем орнынан турып, тас шыраны жағып, талып атырған адамның бетине тутты да, сәл аздан кейин ғаррының қулағына аўзын тақап:

— Ата, мынаў жатырған Мүширип ғой! — деп сыбырлады.

Ғарры көзи жарқ еткендей қабағын көтерип алды. Ҳәлсиз кирпиклери менен жалынсыз көз қарашығын алдындағы адамға қадап турды да, қанша қараған менен хеш нәрсени айыра алмасын билген соң, тағы Айсәнемге бурылды:

— Мүширип! Мүширип дейсең бе? Салқын суў әкел бетине бүркейин! — деди.

## ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

### 1

Мүширип Өтемураттың үйинен шыққан түн шымыры аяз еди. Гүздиң қаңғымай бултлары аспанда сеңдей соқлығысып, алтын зерендей айдың жүзин жалап өтип тур. Арқадан қаңғып

келген булт қара шалғайы менен айдың бетин жаўып жиберсе, тәбияттың шырасы өшип қалғандай, әлем тас қараңғы болады. Гейде булт астынан туўлап шыққан ай сабағынан үзилген сары жамбылшадай жарқ етеди. Мүшириптиң үрейли еки көзи көктеги айда! Гүзар жолдың еки бойы қалың урық. Егер уры, баспашы жол тосып жатса, алқымлап буўғанын да билмей қаласаң. Ана бир үрпек puталар шоңқайып отырған жолбарыстай суўық. Жекке жарым гүдилер узақтан үймелесип турған нөкердей әжептәўир. Көлдиң қамысы да, тоғайы да Мүширипке әбеший көринип киятыр.

Бурын да солай ма еди? Жоқ бурын бул жолда ақшам жүрген жоқ. Отаўдай жайлы жорғаның бир терин аламан дегенше Мүширип бул жолдың талай асырыўларынан өтетуғын еди. Жорғаның тоқсан қубылмалы жүрисине машқы етип, күндиз жолдың бойында не өсип, не турғанын серлеп бе! Еки аўылдың арасындағы гүди менен путаның буған ҳәжети не. «Ат баспайман десе де, жети басады» — деген тәжирийбе Мүшириптиң есинде бар ма екен? Бийден буйрық болса, сары жорға саў болса, тобылғы қамшыны таўырға бир тартса, «Сақыўлар аўылы» аяқ астында еди. Таллықтың жағасында қуйындай ушып жүрген Мүширипке тек бүгинги ақшам аўыр зил болып киятыр. Себеби: алдыңғы қосақ-қосақ мал аяғына тусаў болып тур. Қанша қуўып айдаса да, жол өнер емес. Жорғаны жазып-жазып алайын десе, мал қалады. Мал қалса, бийге не айтады?... Жай-парахат жүрейин десе, көк те, жер де түтеп киятырғандай, жүрегинде бир қорқыныш бар. Бағана бий ағасына өкпелеген ет қызыўы менен аўылдан шығып салып, жол ортаға бармай-ақ пушайман жеп киятыр. «Қорыққанға қос көринди!» шығар деп ҳаўлыққан кеўилине ҳай берип, қаншама өзин устамлы тутса да, әллеқандай бир үрей бийлеп, тула бойы шимиркене береди. Алыста қараўытып булдыраған путалар қарсы алдында топ болып аңлыған жаўдай суўық көринеди. Адым атса алдынан гүди шығады. Жол узарып кетти. Айналыш соқпаққа түсип кетти ме? Жоқ. «Қыят» жаптың көпиринен адаспай өтти. «Таң атарға шықсаң да, күн батарда шықпа!» деп дурыс айтқан-аў!



Мүширип түн жамылып, жолға шыққанына ийегин тислеп киятыр.

...Ана бир қараўытқан не? Жолбарыс емес пе екен! Қабан болса да, сыйынды питиреди. Қозғалма?! Жақ. Жақынырақ келсин деп аңлып тур ма...

«Мүширип қарсы алдына сығалап қарап, малларды ийирип, тоқтап алады да, жүрегин басқан соң, алға жылысады. Өзи менен өзи гүбирленип сөйлеседи. Әтирапқа жалт-жалт қарайды. Оның усы ўақыттағы сыйқы «Сақыўлар аўылы» на гүналы урыға мегзер еди. Тап усы ўақытта:

— Мә-ә-ә! — деп ғаррыны жылатып алған, сары жалешки безилдеп бақырар ма. Мүширип қоқаң етип, ердиң үстинен секирип, аттың жалына абынып кетти. Ылаққа шаўғанда ерден аўған талай шабандозды жалы менен сүйеп қалған сары жорға бул сапары да ийесин желкесинен түсиргенжоқ. Мүширип ат алдында секелеклеп баратырған ешкини сөгип ашыўын алған соң атының жалын сыйпады.

— Адамдай ақыллысаң-аў, сары жорға!

Мүширип тағы бир төбеден асып, қалың қамыслыққа кирди. Усы жерде «Сақыўлар аўылы»ның ата-бабасы жайлаған бурынғы гөне журт бар. Жыллар аўысып, бул қонысты суў алған соң сақыўлар Таллықтың орине қоныс басты. Ел көшкен соң бетин суў шайған қайыр жерге жыңғыл, тораңғыл, қамыс шығып, пышық кирмес қалың болып кеткен. Тек гөне әўлийениң орны ғана алақандай ашық. Бул қойымшылық әтирапы елсиз. Тағы суў алар деп гүманланған елат өлисин таза қойымшылыққа жерлеп, тек жолы түскенде ғана гөне әўлийеге қайырылып, бабасының әрўағына дуўа етип кететуғын еди. Усы әўлийениң кәраматы ҳаққында былтырдан бери бир хабар таралып кетти. Биразлар түнде әўлийениң арасында шырақ жанып турғанын көрипти. Ҳәтте әўлийеге келген жолбарыс пенен жолығысып қалғанлар да бар. Соңғы жыллары адамхор — гөрбары да усы жерге үйир болыпты.

Әлле неден кәўетерленип киятырған Мүшириптиң есине усы әңгимелер түсти. «Әўлийениң тусынан суўыт жүрип өтейин»

деген ой пайда болып, малларды қамшы менен ийирип қуўды да, аттың дизгинин қағып, қарсы алдына тикленип қарап еди, жолдың қақ ортасында жарқырап турған отты көрди. Мүширип дизгинди қайта тартып, кекшийип, қалша қатты да қалды. Алдындағы сәўлеге көзи түскен соң, сары жорға да үркип, кейин қарай шегинди. Мүширип әрўақларына сыйынып, гүбирленип сөйлеп тур.

«Адамға жериген жолбарыс гезлескен ўақытта көзи масалдай от болып жанып турады» дегенди еситетуғын еди. Мына от та Мүширипке жақынлап келип, шабайын деп турған жолбарыстың көзи болып елеследи. Кем-кем жақынласып киятырғандай сезилди. «Мынаў қәйтеди!» деп, Мүширип қашыўға бейимлесип, артына қарап еди. Из жағынан да масаладай жанған «көзлер» қамашалап киятыр... «Бүгин әўлийеге түнеген барлық жолбарыс мени қоршап алған екен» деди. Усы ой жеңди. Сары жорғаның саўырысына қамшыны тартып жиберип, қалың бүк қамысты патырлатып ала шапты. Қәпелимде бола қалған қыян кести бир хәдийседен шоршып, маллар басы аўған жағына дүркиреп қашты. Жабағы жасында анасынан бөлинип қалып, бир күни қасқырдың топылысынан зорға қутылып, жүрек шайды болған сары жорға ийесиниң тәбзине түсинип, ойқаслап ырғып киятыр. Бүкти паналап, қалғып жатырған қуслар көлге от киятыр. Бүкти паналап, қалғып жатырған қуслар көлге от тийгендей парлап ушады, жан-жанўарлар зытқып қашады. Өмиринше жайлаўы көл болған сары жорға жан терге шомылып, ийесин апаттың ортасында қалдырмаў ушын жалы менен сүйеп, талай төбелерден кийиктей ғарғыды. Бирақ тағы бир бәле жабысып, аттың еңбегин еш етти...

Жолдан недәўир жер қашықлаған ўақытта танадай бир хайўан кесе белден шыға келип, зәңгиликке аўыз салды. Мүширип оған көз қыйығы менен қарап: «гөрбарылар да әўлийеден шықты!» деп әбден естен танжырады. Аттан айрылмайын деп, ақ бас ердиң басына әри-бери тырмасып еди, сары жорға үлкен бир ыраштан атлаған ўақытта, Мүширип сыпырылып түсип қалды. Мүширип орнынан ушып турып, пиядалап қашты...



## ОНЫНШЫ БАП

### 1

Әжинияздың атқа минерге димары жоқ, ишек силеси қатып күлип тур. Гүзар жолға түсип, ерге баўырын басып, Таўмурат та солқ-солқ етип күледи. Ат адымлап жүрип киятыр. Таўмурат солығын басып:

— Аўылға келген бәлениң бетин қайтарған жоқпыз ба, бала? — деди.

— Қайтарыўын қайтардық аў, аға, — деди Әжинияз күлкисин зорға тыйып, — бирақ өзиниң аўылына қашпай, тағы бизиң аўылға кетти.

— Мейли, кете берсин. Енди баяғы таўынан айырылды. Бүгинги көрген қорқынышын түрли бәлеге жорыйды. Ендиги хызмет былай болсын: мына малларды көлдиң түпкирине айдап салайық. Соннан соң даўлассын да, жүре берсин.

Таўмурат аяғын зәңгиге ширенип, Мүшириптиң қашқан жағына тигилип қарап тур. Әжинияз атына қарғып минип:

— Ал жүрейик! — деп еди, Таўмурат:

— Қоя тур. Мениң ийтим келсин, — деди.

— Солай екен аў — деп Әжинияз Мүширипти қуўып кеткен көк төбеттиң изинен сығалап қарады. — Көринбейди гой. Ийтти жазым етпесе болар еди?

— Нени? — деп күлди Таўмурат. — Бизиң ийт Қулымбет бийдиң «ийтинен» басыла қоймас. Ол майсөк жесе, бизики ылақаның ай қулағын кемирген ийт...

Бул сөзге Әжинияз мырс етип күлди:

— Гәпти ушырасаң-аў, аға!

— Әлбетте! Сендей шайыр болмасақ та иним, қара дүрсин гәптен «қыятлар» басылмайды. Сөзиңди таўып айтпасаң, мерекеге басың сыя ма?

Әжинияз «шайыр» дегенге қысылып, бул уллы мәртебени бир жағынан өзине көп көрсе, екиншиден бойын жасырып, сыпайылық мийзам көрсетти.

— Мениң шайыр екенимди қайдан еситтиң, Таўмурат аға?

— Жасырма. Билемиз, иним билемиз. Шығарған қосығыңды да еситтим. Молланды баплап шығарыпсаң.

— Соны айтпа аға! Ғарғап жүрер, — деди Әжинияз.

— Хе, жаңа жолға түстиң. Солай де, бала!

Усы ўақытта жаңа туўған айдың жарығы менен жән-жағына алақлап шаўып киятырған Таўмураттың төбет ийти көринди. Ийттиң аўзында қараўытқан бир нәрсе бар. Ат үстинде екеўи де аң-таң! Ийт Таўмураттың қапталына келип, үлкен олжа әкелгендей ийесине жағымпазланып, қуйрығын былғап тур. Таўмурат аттан қарғып түсип еди, ийт те аўзындағысын алдына таслады. Таўмурат қолына услап турып, Әжиниязға берди.

— Мынаны таныйсаң ба?

Әжинияз өйер-бүйерине қарап:

— Хаў, мынаў Мүшириптиң бөрки емес пе? — деди.

— Солай ма?! — деди Таўмурат таңланып.

— Аўа, танып турман. Мына ийтиң бир жерине зақым еткен жоқ па екен. Хабар алсақ қәйтеди?

— Ўәй. Бала екенсең-аў. Өлсе атасының гөрине барсын! Бир ийттен бир ийт өлген болады да. Ақ түйени көрдиң бе десе, «Жақ көрген жоқпыз», де...

Мүширип қанша залым болса да, ийт бөркин әкелген ўақытта Әжинияздың еле қатып-сембеген балалық жүрегиниң рехими оянып кеткен еди. Таўмураттың ашыўлы қәҳәри баланың өлпең соққан жүрегин тағы қатайтып жиберди. Оның көз алдында кеше жылаған кемпир-ғаррылар елеследи. Мүширипке деген ыза шоғы тағы тутанып, тағы жалын болып, тағы өртей баслады.

— Мейли, кеттик онда!

Таўмурат пенен Әжинияз қуўғыннан азат болып еркин отлап жүрген малларды, көлдиң ултанына қарай қуўып айдады. Көк көпек те шеткери шыққан қойларды қайырып, көмеклесип жүр.

Таўмурат пенен Әжинияз ийт әкелген бөрикти олжа қылып, урыдан малын арашалаған батырлардай маңқыйып аўылға киятыр. Олар гүзар жолға түсти. Гүз ақшамның шымыр аязы екеўин де қалжыратайын деди. Атларды хәм өзлерин қыздырып алыў ушын аз ғана желип жортты. Әжинияздың минген аты



сока ябы еди. Таўмураттың жүрмели дизгинди қағыўдан араны ашты. Ат үстинде көп жүрип, тақымы қатқан көсе жигит жас баланы изде қалдырды. Әжинияз атын қамшылап, зәңгилесип жүриўге қанша талпынған менен аты барымына бармады. Қамшы урса, соқалап жортады. Соқаласа үсти қатты. Тақымы шыдамайды. Иш баўыры солқылдап, зыйыққа отырғандай биймағдай тийеди. Сыр бергиси келмеген менен сабыры шыдамады. Ақырысында бала сүренледи. Таўмурат артына жалт қарап, дизгинди тартты. Әжинияз қапталласа берип:

— «Жорға минген жолдасынан айрылады» деген аға, билдик атынның шамасын, әстерек, — деп бопса етти.

Таўмурат атының жүрмел жорғасына әўел мардыйып күлди де, соңынан әлле иренжигендей қабағын шытты.

— Жақсы тукым ат еди, иним. Тай ўақтынан бағып жүрмен. Егер Мүшириптиң атындай беде менен жүўери жегенде Гөруғлының ғыйратындай ушажақ. Оған ғәлле қайда?

— Быйыл қырманың жақсы емес пе?

— Ой, баласаң иним. Байларға қарайсаң-аў, урасы түўел түсетуғын. Олар бир ураны қырманнан толтырса, бир ураны елден толтырады. Бизиң салғыртымыздың саны жоқ. Жасаўыл келеди: «закат» деп, молла келеди «үсир-питир» деп, бай келеди: «жаптың ҳақы», деп, Мүширип келеди: шаңырақ пулы, суў пулы, нөкер пулы, қазы пулы, бәле пулы... әйтеўир аты көп. Төлемей көр. Қазыдан дүрре жейсең... Тыңла, шынын айтайын. Былтыр ағайинли үшеўимиз тукымға еки батпан бийдай алып қалып едик. Аўқатқа сақлаған урадағы дән қыс ортасы болмай таўсылып қалды. Қыста жигитлерге талап жоқ екенин өзиң билесең. Хызметсиз адам аўқат ишкиш бола ма деймен. Тукым дәнди де қағып салдық. Енди байға жалынбай көр? Мынаў ағайинли үш жигиттиң дүньяға шыққанда ортасындағы жалғыз аты. Шығырды тартатуғын да, қосты сүйрейтуғын да, түйекти айдайтуғын да, арбаға қосатуғын да усы ат. Хәтте мени үйлендиретуғын да усы ат. Қәйдем, жасым қырққа шамаласты. Дүньядан тақ өтиўге бола ма? Ат — жигиттиң қанаты. Усы қанат бар да, ушып кетсем бе деймен...

— Қайда? — деди Әжинияз үрейленип.

— Алағадасыз ислеп, уўайымсыз отыратуғын жаққа.

Егер Әжинияз ол қайсы жақ десе, Таўмураттың ҳәзир жуўабы жоқ еди. Әжинияз да усыны сезгендей ишинен: «гедейдиң әрманы ғой!» деп, тергестирмеди.

— Уўайымды қояйық... — деди Таўмурат. — Кейнин көре берермиз. Сениң молла әкең: «Ол дүньяда рәҳәт көресең, бул дүньяда усы болады» деди ғой. Қәне, бир қосық айтып жибер, иним.

Әжинияз қайылшылық берген жоқ еди. Таўмурат жеңислик бермеди.

— Айт дегенде қосықтың албаслысы басатуғын усайды. Болмаса өзиң шайырсаң. Лапызыңды хош хаўаз дейди. Я бизлерди миясар көрмейсең бе?

— Таўмураттың бопсасы өтип кетти. Сарғыш жүзи қызараңлап дөнип, тамағын қырынып жөтелледи. Таўмурат баладай қуўанып, ердиң үстинде қуўжыңлап қозғалып қояды.

— Аўа, ҳә дә! Даўысқа салып айт, иним!

— Мүширип еситип жүрмесин, — деп Әжинияз мыйығын тартты.

— Еситe берсин, — деп Таўмурат қобалжыған баланың кеўилин басты. — Биз уры емеспиз ғой. Жолаўшымыз. Мүширип қашса «жиннен» қашыпты. Бизден қашып ба? Бизиң менен не иси бар? — Таўмурат масайрап ғарқылдап күлди. — Айта бер, иним!....

Әжинияз аттың жүўенин бос таслап тағы бир жөткиринди. Қуўыршақтай тымпыйған сулыў сары қубылып, қара көзлери шағылысқан айнадай жалт-жалт етти. Ердиң үстинде денесин жыйнап, ҳаўалап ушатуғын бүркиттей ҳаплығып ҳалласлап тур. Атлар адым жүрис пенен киятыр. Таўмураттың ақылхуўшы қапталындағы жас балада, палыздан сарғайып шыққан жаңалық қаўынға ҳәўес болғандай, Әжинияздың аўзына тигиле қалыпты.

Жас баланың даўысы көкирегинен ҳаплығып шығып, дәслеп қалтырап турды да, соңынан жипектей суўдырап толқынлана берди. Сөзди нақма-нақ айтып, дәсте-дәсте етип төкти.



Күшеншек даўыс емес. Хош хаўаз лапыз. Басларда, ҳәуижг шығарда, қайтарарда даўыс тоқсан ырғақ пенен қубылып суўдыраған нағыс салып баратыр. Ҳәр толқыны жүректи қытықлап, кеўилге мың ләззет береди. Қурғақ жел даўыс емес. Уяң сес емес. Ал, қулаққа сыпайы тийетуғын, жүйкенди қытықлайтуғын, бойыңды сергекситетуғын әжайып бир даўыс Ынтықтырады, елжиретип, сыйқырлайды. Жолдың еки бойы қоңыраўдай сыңғырлаған даўысқа уйысып турғандай қалғыған Маўжырап отырғандай көл қуслары да жым-жырт. Самал д силтидей тынды. Таўмурат елитип киятыр. Үйинде жазылысы айта алмай, иш қыста болып жүрген хош хаўаз бала да шери бир тарқатып, қумары басылғандай даўысын кем-кемне бәлентке көтереди. Шағылмаған тың күш бурқасынлап тасы бийикке пәл-пәллеп ушып, бултларға жармасады...

Таўмурат анда санда ғана: «Ҳә де, иним!... Тилиңе зиба берсин!... Жағың талмасын!...» деп уйысып тыңлайды. «Балад қанасына сыймай баратырған әлле қандай өнер бар-аў» де шамалайды. Бирақ ол не өнер? Не күш?... Журтты силтиде тындырған шайырлық па?... Талай қулақты иңкәр қылған қысса ханлық па? Ингенди бозлатқан сазенде ме! Көшкен кәрўанд қайырған жыраў ма? Топты айырған шешен бе? Хош хаўазлы қаты қулақ баланың келешек тәғдири қандай болар екен?... Ес жигит Таўмураттың да қыялы узақты шарлап киятыр.

Хош хаўаз бала бир қосықтың қайтармасын питкерип, жаң қосыққа түскен ўақытта Таўмурат шақалақлап күлди.

— Алты аяғы бар дейсең бе?

— Аўа, — деп Әжинияз да күлди. Қосықты қайтадан ба лады:

— Қазым ҳақ сақласын, көз бенен тилден,
Тәәжип шул ийттиң алты аяғы бар.
Аның ҳаслы затын билермиз елден,
Неше қулағы бар, сан дойнағы бар.

Ушқан қусты жерден дәрпендирмиян,
Мың тумен қойса да шаҳға бермиян,

Неше аўға шапса, бирин көрмиян,
Ҳәр тоғайда тоқсан таўшан ҳақы бар.

Мисли адам киби көзде жасы бар,
Күнде-күнде қантыў набат асы бар.
Көктен ушқан қусқа дәрталашы бар,
Мисли зиўар гәрданымда оңы бар.

Қазым, бул ийтиңди ийтдек көрмеңиз,
Баҳасыны йуз деӊ, елли бермеңиз,
Күнхожа айтар қашан ғафыл жүрмеңиз.
Буннан артық қайсы ийттиң шақы бар...—

деп, бала даўысын созып барып, салмақ пенен қайырды. Таўмурат мырс етип тағы бир күлди де, балаға емиренип қарады.

— Әстапыралла, шайырлар да бөле екен. Тәрийиплеўин қоя бер сирә!... Жеткерди, жеткерди... Қазының ийти бизиң ийттен кәбетли емес шығар аў!. — Таўмурат тағы басын шайқап күлип киятыр. — Қазыны қатырған екен... Айтпақшы, бул кимниң сөзи екен?

— Күнхожаники.

— Ҳе-е, айттым-аў, соның сөзи шығар деп, шықса, соннан шығады.

Әжинияз «аўа» деп тастыйықлап, қосықты қойып, әңгимеге араласты.

— Бир қазы гирендеси[1] менен киятырса, алдынан Күнхожа шайыр шығыпты. Қазының жетегинде көпек ийти бар екен. Ийттиң үстин алаша менен жабыўлап, айыр таққан. Басына жипек ноқта кийгизген. Күтә сәдди-басын келистирген екен. Қазының ийти дә! Күнхожа сәлем берген екен, қазы иркип:

— Мусылманшылықтың неше шәрти бар? — деп сорапты. Күнхожа албырап қалып:

— Тақсыр, мениңше үш шәрти бар, — депти. Қазының кәҳәр-ғазабы келеди:

[1] Гиренде — жазалаўшы



— Эй кәфир, неге жалған сөйлейсең? Бес шәрти бар. Сениң көзиңниң ети өсипти, заңғар! — деп гирендесине қарап ҳәмир етипти, — мына бәдбақтың жалаңаш етине он дүрре ур!

Қазы айтқан соң гирендеде не турыс.

— Қуллық, тақсыр, қуллық! — деп тәжим ете берипти. Себеби, бул кисиниң Күнхожа шайыр екенин гирендеси биледи екен. Қайта-қайта Күнхожаға ымлап, аяғына жығыл деп көзин қыса берипти. Бирақ Күнхожа тағы қазы менен өршелесип, өз пикирин дәлиллемекши болыпты.

— Бесеў екени дурыс, тақсыр. Бирақ мениң мусылманшылық шәртим үшеў. Сизлердики бесеў, тақсыр, — депти шайыр.

— Неге олай? — деп, қазы ойланып қалыпты.

— Былай, тақсыр! Биринши, — намаз оқыў, екинши — рууза тутыў, үшинши, — ахыретти ойлаў. Ал енди қалған еки шәртин мен орынлай алмайман. Мысалы: төртинши — малдан закат бериў. Буған, малым жоқ. Бесинши — кәбаға барып, зыярат етиў. Оған кәрежетим жоқ. Соның ушын мен үшеўин орынлайман. Ҳәр ким өзине жуўап береди. Кәбаға жетиў түўе, Қоңыратқа зордан бараман, тақсыр! Кәбаға сизлер бара бериң, депти.

Қазы гәптен утылғанына ашыўланып, гирендесине:

— Сонда да ур дүррени, — деген екен, ол бул кисиниң Күнхожа шайыр екенин айтып, жазадан әпиўлик сорапты.

— Әгар шайыр болса, мениң мына ийтимди тәрийиплеп қосық шығарып берсин, сонда азат етемен деп шәрт қойыпты. Сонда Күнхожаның ийтти мақтап тәриплеген қосығы екен. «Алты аяғы бар», — дегени, ийттиң аяғы — төртеў, қазыники, екеў, бәри алты аяқ болмай ма? — деп Әжинияз шақалақлап күлди. Таўмурат басын шайқап:

— Бәрекелла, шайыр болсаң сондай бол! — деп таңнайын қағып киятыр.

* * *

Еки жолаўшы шығыс жақтан ағарып көтерилген таңның гүмис гүмбезине ышқы етип қарады. Әлем жийегинен бәҳәрги

топан суўдай ақшыл думан көтерилип киятыр. Сол думанның ескиминдей таңның өлпең самалы есип тур. Кеше қуптаннан бери жерди қара думанға орап, түнерип турған түн таң самалы уйқысын бузғандай қара шымылдығын жыйнап, батысқа қарай тутас көшип баратыр. Түн пердесин алған соң жер дүнья жалаңаш қалғандай, шымылдық астындағы гүдишеклер менен дәрьяның еки бойындағы шоқайтпа қамыслар хәм буйығып жатырған жан-жаныўарлар тасырайып қалды. Шатырашлап қонған үйлер узақтан қараўытып булдырайды. Усы ўақытта жолдың оң тәрепиндеги урықтың арасында отлап жүрген бир жылқыға еки жолаўшының көзи түсти.

... Өристе жүрген деўге бул әтирапта жылқының үйири жоқ. Жақынлай келе жолаўшылар аттың баўырына аўып, сүйретилип жүрген жабыў менен ер-тоқымды көрди. Бийсәўбет жүрген ат жолаўшыларды узақтан көрип, әлле нени шағынғандай қайта-қайта киснеди.

Таўмурат қарасын көриўден шапқылап барып, атты қосаққа алды.

— Сары жорғаны да олжаға түсирдик, бала!

— Кимдики екен бул?

— Сары жорға дегенге түсинбей турсаң ба?

Мүширип наймыттың аты...

— Өзи қайда екен?

Атланысқа жаңа шығып, дәслепки қаза менен қанға шоршынған жас нөкердей бала тиксинип тур. Ол аттың аўған ер-турманына қарап, ийеси көлдиң қыйыр бир қабатында өлгенге жорыды. Онда өлтириўшиниң бири — өзи. Бундай аўыр «ойынға» тосынан араласқан баланың жүреги шоршынып, әлле қандай бир аяныш сезими кеўилин қобалжытты хәм ойға батырды... Ол жеңилген жаўдың гейде айналып келип те өшин алатуғынын сезбеди.

## 2

Өтемурат таң ала геўгимде ылашығынан майданға шықты да, дәрья бойына қарай аяңлап жүрди. Еки көзи арқа тәрепте. Бағана кеште уйытқып есип турған самал басылған екен.



Аспандағы бултлар да сийрексип қалыпты. Дәрьяның толқыны да саябырланған. Жер-жәхән азаннан берги бурқасыннан қалжырағандай қайтадан қалғып, қайтадан маўжырап, жадырап-жаснап тур. Тек түнги ақшамның шымыр аязы бар.

Бир мәхәлде алыстан қараўытып еки қара көринди. Өтемурат еки қолы менен шапанының пешин қаўсырып, соларға қарай жүрди.

Шабыра бултлардың арасынан алтын қалашлы сазандай ойнап шығып, жарқ еткен айдың сәўлеси жолаўшылардың үстин орап турған түнниң көлеңкесин серпип жиберди.

Киятырғанлардың екеўи де атлы. Екеўиниң ортасында жетекке алған бир салт ат бар.

Өтемурат оларды хә демей танығаң соң жымыйып күлип, еки көзин солардан жазбай киятыр. Аўылға жақынлаған болды ма, жолдан шығып батысқа қарай бурылды. Жолды бурыў салғанын Өтемурат та сезип, ол да солардың алдын кесип жүрди. «Пияда жете алмай қаламан-аў!» деп жуўырып-жортты. Жете алмасын билип, бөркин былғап, сүрен салды.

Атлылар даўыс шыққан жаққа қарап, аттың жылаўын тартты да тоқтап қалды.

Пияда менен атлылардың арасы есик пенен төрдей жақын қалған ўақытта ат үстиндеги биреў:

— Өтемурат ағамысаң? — деп сүренледи.

— Аўа, аўа. Аман қайттың ба? — деп Өтемурат екеўиниң де келбет турқына қарап, қылмыңлап күлди.

— Әрўағыңыз орнына отырды ма? Түпәлем, қанжығаңыз қуры қол емес. — Өтемурат атлардың саўырысын айналып, салт аттың жылаўын услап, мойын омыраўын сыйпады. — «Меңменге заўал, жүйрикке томар!» Сол есердиң езиўин үўсаңыз болды, балалар!

— Уўғанда қандай? — деп, қаңылтақ үстинде отырған жасы үлкени ғарқылдап күлди. — Жиллиси шықты. Тап ўәлийелиликтиң тусында иследик. Гөрбары да талады. Таң ата жин урар оны.

— Урсын, урсын! — Өтемурат шықылықлап күлди. — Айтпақшы, қоржыны қайда?

— Менде, — деп биреўи аттың қанжығасына таңылған қырмызы қоржынға асылды.

— Қоржынды маған бериң, сизлер сыбай-салтаң тартың. Елдиң сып-сып сөзи жаман... Усыннан тири қалса, қырқысады еле ол. Атты житирим жерге жоқ қылың. Қоржын бул елдиң жумырына да жуқ болмайды. Оның сүлдерин көрсетпеймен...

Өтемурат қоржынды ат үстинен қушақлап алды.

— Қәне, балаларым, ғайрыдан берген дүньяның алды болғай! Бизге де қуда берер деп жүр едим ғой!...

— Оның сөзине ана екеўи жымыйып күлди. Өтемурат енди салт атқа көзин салды.

— Балалар, майына берсеңиз, мына кер аўыз торыны да алар едим. Жалы майшопақ қаўынның жүзиндей жумсақ екен. Сизлер болмасаңыз, пушық түўе зоң мурынға да жоқ ғой, бул жорға! — деп тағы күлдирди.

— Ал, жолларыңыз болсын! Ақ түйени көрдиңиз бе, балалар?

— Жоқ.

— Жоқ.

— Әжеп онда. — Өтемурат аяғын дик-дик басып, аўылға қарай тартты.

Еки атлының бири Таўмурат, екиншиси — Әжинияз еди. Жетектеги жорға Мүшириптики.

Әжинияз бенен Таўмураттың үйи аўылдың қубла жағында еди. Елдиң көзине түспейик деп, аўылдан тасаланып, көлдиң етеги менен жортты.

## ОН БИРИНШИ БАП

### 1

Қулымбет бийдиң Хийўаға кеткенине айдан аслам ўақыт болды. Еле хабар жоқ.

Бий кеткели отаўда бийлик сүрип отырған Жийенгүл бәйбише. Пәр кепирен төсенип, пашшайы жегде жамылып, таўыстай доланып отыр. Бирақ усы отырған пайызын қатыңқы қабағы менен ашыўлы, тобарсыған бети ғана бузып тур. Отаўдың



ошағының күлин ләгенге қосыўыслап салып атырған қарсы алдындағы жумалақ жүзли, орта бойлы ҳаялға шаншылып қарап, басқан адымын бағып отыр. Жүзи төменшик келиншек те, төрдеги бәйбишениң усы мийзамын сезгендей, исинен қылаў шығармай жүр.

Бәйбише әжим басқан қабағын көтерип, отаўдың ишин бир шолып шықты да тула бойын әлле қандай бир қызғаныш бийледи. «Мына дәскени, мына мүликти маған көп көрип, бақ таласып жүрген мына гедейдиң қызының меннен артықмашлығы не? — деди ишинен қурысып, — Жаслығы менен шырайы ғой... Шырайына шешек шыққыр!...»

— Ҳә ийттиң баласы, бий кеткели сен неге қоңсы-қобаға үйир болдың? Күйеўи кетсе, тоқал ҳәнкийе қалады.

— Ҳаў, апа! — деди Айхан таңланып. — «Отқа барған қатынның отыз аўыз сөзи бар». Бийдиң жары мүшесине шерик, өзиңдей аяғы, аўзы бар ҳаялы емеспен бе? Ол не дегениң?

— Қулағына «шерик» деген сөз еситилген ўақытта өр көкирек долы бәйбише өртенип кетип, отта турған сары қумғанды есикке қарай ылақтырды.

— Өйбей! — деп Айхан сылқ етип қулады.

Усы ўақытта есиктен даўрығып, Мүшірип кирип келди. Өрре қақайып турған бәйбише Мүширипти көриўден:

— Апарып тасла мынаны, ана үйге! Сөйтип өзиң тез кел! — деди.

— Мүширип әллен ўақытта келди.

— Ол жуўҳа, тоқал, — деди бәйбише, — күйеўи келгенше жатайын деп наз етип атырған шығар.

— Жоқ, рас талып атыр.

— Таяқ жеп, басы жарылмаған қатын бар ма? Бийдиң «урып жумсай бер!» деген ләбизи бар. Өлсин, — деп, аўзын тобарсытты да Мүширипке ала топылды. — Қәне, сен не қылып жүрсең, бир айдан бери? Бийдиң буйрығын не қылдың?

— Қырманын өрте! — деп еди, «сақыўлар» сезип қойып, Қутым екеўимизди аўыл болып қуўды. Күш өгизлерин болса, қара үйге қамап, танадай ийтлерин есигине байлап қойыпты. Қан төгиспей мал беретуғын түри жоқ.

Бәйбише мырс етип күлди.

— Сен бийдиң қай жаққа кеткенин билесең бе, өзиң? Мүширип үрейленип қалды.

— Хийўаға кеткен жоқ па?

— Аўа, кетти. Ханнан сары жорғаның кегин қайтаратуғын күш сорап кетти. Бийдиң қәҳәри келсе, сениң қаныңды ишпей ме?

Мүширип шоршынып, ғайбар бәйбишениң алдында мойынсына қалды. Усыны сезип:

— Қолымнан дуз ишкен инидей болып едиң. Еле де бул өлимнен мен арашаларман. Онда да хәмиримди тәрк етпесең ғана...

— Етпейин, апа! — деп Мүширип жалбарынды.

— Онда маған ойласықсыз бийге бир аўыз сөз айтпайсаң.

— Ант ишейин.

— Болды. Онда шарўашылығыңа айналыса бер.

## 2

Уллы сәске ўақтында Жийенгүл менен Мүширип Қулымбет бийди қол қаўсырып күтип алды. Бир өзи келди.

Отаўға кирип жайласып отырып болған соң бий бәйбишесин қасына оңаша алып, жасаўыллардың усы базар аралығында келетуғынын айтып қуўантты.

Оннан кейин:

— Баяғы устаға буйыртқан үй питкен екен. Кеширек келип қалар. Жасаўыллар келер алдында тигип, пайғазыға бираз ғәрежет жыйнап алғанымыз мақул болар, — деди.

Бийдиң оң дизесине асылып отырған бәйбише буған да қуўанады. Бий ең соңында Мүширипти шақыртып, тапсырған хызметин сорады. Буған шырп етип бәйбише жуўап берди.

— Бул пақыр үйден бир адым алыс шыққан жоқ. Сиз кетиўден мына тоқал кетемен дегенди шығарды. Бул соны аңлыў менен жүрди. Жақында тағы қашып, гөне жер төлеге жасырынып отыр екен. Басына ағаш түсти ме, я сениң әрўақларың урды ма,



ақылы зайыл болыпты. Әкеп мына үйге қамап қойыппыз. Киси менен тиллеспейди. Бийшараға қудайдың берген мийнети дә. Халыққа жәрия еткенимиз жоқ.

Бий сам-саз болып, аз ғана отырды да:

— Төркинине арбалы апарып таслаң. Келе болса, — болар, болмаса өлер, — деп Мүширипке буйырды. — Оннан соң қазы менен байларға хабар жибериң. Бий жаңа отаў тикти де.

Бәйбишениң де күткен әрманы усы еди.

Жаңа отаў бий келген соң арадан үш күн өткерип келди. Жийенгүл таң азан менен қоңсы-қобаға жуўырып, төрт-бес қатынды жыйнап, уста жиберген үйди арбадан тез түсиртти де таза журтқа керегесин жая берди. Бәйбише күндестен қутылғанына кеўли раўаж. Ал бий болса гөне отаўда отырып, шаққан деген жигитлерин өз сорамындағы байлардан ҳәм руў бийлеринен пайғазы сора, деп атландырып отыр.

Бий отырған отаўдың есиги тынымсыз ашылып-жабылып тур. Ҳәзирги қутлы болсын айтыўшылар усы аўылдың адамлары. Олардың әкелген пайғазысына қарай хызмет исленип тур. Биреўлерге «аўқатқа қара» деп мирәт етсе, биреўлерди шайсуў менен қайтарады. Үйге кирип, дизесин бүге сала қуры аўыз шығып атырғанлар да бар. Үлкен үй менен отаўдың ортасында пәйик болып жуўырып, еки жигит дастурхан тасып жүр. Қутлы болсынға келген хаялдың төбеси көринсе: Жийенгүл пәйик болып жүр. Азаннан бери бийдиң есигиниң алдына ири-усақлы онлаған мал жыйналды. Отаўдың төринде сыпайы отырған бий ара-тура сыртқа шығып, жыйналған маллардың түр-түсине қарайды. Оннан соң жаңа тигилип атырған отаў бетке барып:

— Узақтың қонағы усы отаўға кирсин. Тезирек төсек салыстырың! — деп хаялларды қыстастырады. Көйлегиниң етегин белине қайырып, таң ертеңнен қаралай өшип жүрген хаяллар бийден ийбенип, гәси кереге, гәси уўыққа асылып, зыр жуўырады.

Шапанын ийнине желбегей салған бий узақтан қутлы болсынға келетуғын мийманларының жолына қарап тур еди, бир атлы қуйынлатып шаўып келе берди. Суўыт жүрисине

қарап, бий: «қонақ болғанда усыншама асығыс жүре ме, жетегинде малы жоқ. Сыбай салтаң киятырған жолаўшы болар» деп жорыды. Бийдиң шамасы дурыс еди. Жолаўшы бийге жақынлап келип, аттан түсти де сәлем берди. Оннан соң өзин «аталықтың шабарманы» деп таныстырып, қалтасынан бүклеўли қағазды алып бийге усынды. Бий отаўдың керегесине жаўырынын сүйеп, жүресинен отырып, қағазды оқыды да хабаршыға қарады:

— Қашан келеди екен?

— Ертең, Хийўалылар бүгин Қоңыратқа келип қалды.

— Ҳим. Мақул-мақул. Хызметке таярмыз, — деп, бий кеўлин билдирди де қабағын жаўып, уйқысыраған кисидей қыялға батты. Шабарман руқсат алып, кейин қарай қайтты.

Таң азанда бий Мүширипке буйрық берди:

— Еки атты ертле! Биреўине өзиң, екиншисине Садық минсин. Қызыл жардағы аўылға барып, Хийўадан киятырған мийманларды сол жерде күтип алып, аўылға баслап келиң. Тусыңыздан өткерип алмаң!

— Қуллық аға! — деп, Мүширип буйрықты орынлаў ушын жуўырып кетти. Бий енди бәйбишесин шақырды. Басына бес қулаш айдынлы менен түрмени дөңгелетип орап, бир ушын бөксесине бешпент кийген сары ҳаял аяғындағы бийик өкше геўишиниң ушынан басып, ырғатылып келди. Бий:

— Отыр, — деп, саўсақлары менен сақалын тарап, қарсы алдына тигилди. — Хийўадан жасаўыллар киятырғанын кеше еситтиң ғой. Отаў тиккен қуўанышыңның үстине жасаўыллар келсе, босағаңның борлағаны, той үстине той болғаны, шабазым!

Бәйбише «әўмийин!» деп жымыйды да бийге қарап:

— Бул сапары халықтан түскен олжадан үлесиңди нобайырақ ал. Ел сеники ғой... — деди.

— Аўа, ел бизики. Бирақ Айдос аға кеткен соң хийўалылар темир қамшысын тағы қолына алыпты. Сен нәпсиңди аша берсең, олар бийликти қанаатшыл биреўге берип-ақ қояды. Бийликке таласып жүрген жағымпаз көп. Бийлик берсе, бул күнде ҳәмелдарлар, мен айтайын, бир жылда шоласқан бай болады. Өзиң билесең. Мен айтайын, — деген сөзди тағы



қайталады. Ол оның йошып сөйлегендеги пешеси еди. — Бийликти алмастан бурын нең бар еди? Жаңғыз сыйырың бар еди. Ҳәзир жүзге жақын қараң бар. Бәри усы бийликтен наўадай қуйылып тур. Дүнья еле берин төгиледи. Отаўды сазлай бер, шабазым!

Жийенгүл бий алдында өзин пирге жүгинген суўпы тақлетте услап, аўызынан шыққан хәр ләбизине қол қаўсырып, тәжим етип тур. Усы ўақытта дийқан жигит жуўырып келип, Есен қазының киятырғанын хабарлады. Жийенгүл қазының атын еситиўден отаўға қарай жуўырады. Бий қазының ериўлигин көрип қалайын деп, майданда иркилип қалды.

Бийдиң дийқаны қазының атының жылаўына асылды. Қазы: «Изимде адам бар» дегендей артына қарады. Шубар өгизшени гә жетелеп, гә алдына салып қуўып айдап, бир жигит жуўырып киятыр еди. Қазы сүренлеп: «жүрсең-ә, тақымың қарысып қалды ма, заңғар!» деп жекиринди. Қазының даўысын еситиўден өгиз жетелеген жигит секелек атып жортты. Бөз дамбалын дизесинен түрип, гүмпейиниң шалғайын белбеўине қайырып, басындағы бир шаршы орамалы шошаңлап, шөңге аяғын жерге баса алмай, тентек өгиз бенен айқасып киятырған жупыны жигит қара терге шомылды. Бий аман-түўелликтен алдын дәлкек етип, ғарқылдап отаўдың алдына келди. Отаўға жеткен соң тапалтас, дуғыжым қара жигит адамлардан үркип, жулқыған өгизшени «тур-тур!» деп бир қолы менен иркип, екинши қолы менен маңлайының терин сүртти. Қазы менен бийдиң «рахметин» күткендей, бетлерине жалт-жалт қарады. Қазы дийқанының отаўдың алдында турғанын жақтырмай:

— Не қылып турсаң, бежирейип, қораға бар! — деп, хәмир етти.

Дийқан жигит түнерип қораға қарай кетти.

Бий менен қазы отаўға кирди. Есен қазы отыз бес жас шамасындағы киси еди. Үстиңги еринниң ортасында еки танаўынан шоршып түскендей жумалақ қара мурты бар. Ийеги усталмаған қайрақтай жып-жылтыр, Сылыңқыр узын бойлы қазы отаўдың аласа есигинен еки бүкленип кирип, тимискиленип жән-жаққа қарай берди.

Бий Хийўалыдан басқаға қыймайтуғын төрдеги қус пәринен ислеген көрпешесине барып жамбаслады. Қазы қапталға барып қамшысын керегеге қыстырды да басындағы қурашын алып, төбесине илдирди. Оннан соң еки қат жипек шапанын шешип, иргеге қойды. Мaўыты бешпентиниң кисесине қолын суғып, мақпал тақыясын алып басына кийди. Соннан кейин текийменттиң үстине жайған бир салым гилемшениң үстине барып малдасын қурынды.

— Әззетий абырай. — Қазы үйдиң аманлығына дуўа оқып, еки қолын көтерди. Буннан соң бийге бетин бурды.

— Бий аға, көптен бери сизге сәлем бере алмадым. Пул даўы, мал даўы, қыз даўы, дегендей даў-жәнжел көбейип, қол тиймейди. Жаңа атланайын деп турғанымда биреў «қатыным қашты», биреў «нәкемди бузды» деп келеди де турады. Бәрине дәдимал айтыў керек. Кеше сизди жаңадан отаў тигип атыр деп хабар барды. Хызметим көп болса да, бүгин сизге арнап шықтым. Отаўың тоздырмаға несип етсин! — деп қазы ендиги гәпиниң дәлкек екенин сездиргиси келип жымыйып, ийегин сыйпады. — Енди жеңгейлерди қағып-геўзеп, шүмеги менен түбегин буйыртсаң, салтанатының үшекке шыққаны, бий аға!

Қазы қылмыңлап бийдиң бетине қарады. Бийперзентсизлиги есине түсип, мүлгип қалды. «Бийдарық сөйледим бе?» деп қобалжып қалған қазы бийдиң қабарған ажарын көрип, өзи ылайлаған суўды, өзи тазартқысы келди де, шайып жуўды.

— Бас саў болса, бас кийим қашпас, бий аға! «Тулпардың туяғы кетилсе, сазға басса жетиледи» деген, талабын етсең еле қуўатың бар ғой!

Бий терең демин алып, гүрсинди.

— Айтқаның дурыс, иним! Дүньяның бир қызығы өсип-өршиў ғой. Бәйбише кешикти. Мына бир тоқалды алып едим, бул да пуш туқым болып шықты ма, түсинбедим!... Бир нашардың үстине бир нашарды ала бериўге шама келеди да, бирақ шәрияттың не дейтуғынын билмедим, — деп бий де салмақты қазыға салды.

— Шәрият деген қолда екен ғой, аға! — деп, қазы жорғалап, гибиртиклеп отырған бийдиң алдын ашты. — Зәрўликте төрт



қатын, ал перзент жүдалығы ушын алты қатынға шекем неке түседи. Лийкин соған ылайық, дәўлети, малы-мүлки болыўы лазым. «Гөжесиниң ас қатығы жоқ, хожаның кеўили курт күсейди!»... дегендей, бир паралар бир қатынын баға алмай отырып, маған: «жеңгемди ямаса келинимди некеле!» деп барады. Мен оларға: «Ә-әй... Пуқара ҳалыңды бил...!» деймен. Сизге бий аға, қанша қатын аламан десең де, — неке түседи. Анаў-мынаў деп бултақлаған молла болса, өзиме жибер, жаўырынын қамшы менен жазайын!...

Бий жадырап, шықылықлап күлди.

— Әне, қазы болсаң, сондай бол. Әкең пақыр да тап усындай өткир еди, Дәўлетияр бий алты қатын алып енди жетиншисине қарағанда, сениң әкеңди шақырып:

— Жети қатынға неке түсе ме? — депти.

— Неке түседи, бий аға! — депти. Бий қолына он тилла берип қайтарыпты. Буны бир ахун еситпесин бе. Дәрҳәл ешегин ертелеп минип, қазының изинен жетипти.

— Қәне, қазы, жети қатынға неге неке түседи дедиң? Қайсы китапта айтқан екен деп ўәжлесипти. Сонда әкең пақыр:

— Әй сорлы!... Бир жалғызақ алты мегежинди айдап киятыр. Ол тағы бир мегежинди қосып алса, сен айырып алар ма едиң? Өйдемесем он тилла қайда. Мә, еки тилланы ал да, «шәриятқа шарым жоқ!» де де отыра бер депти. — Қазы шақалақлап күлди. — Пай, сөз болғанына!

Есиктен Жийенгүл бәйбише кирип, қазы менен аман түўеллик сорасты. Қазының алдына атлас дастурқан жайылды. Бәйбишениң изин ала еки чайнекти көтерип дийқан жигит кирди. Қазы оның менен суўық сәлемлесип, көзиниң қыйығы менен бәйбишениң пишинине қарады. «Туўатуғын-ақ ҳаял ғой!» — деди ишинен. — Сирә, бийдиң өзиниң тұқымы пуш шығар!...»

Бий узақтан баслап киятырған гәпин бәйбише кеткен соң тағы даўам етти.

— Жаңағы бәйбишениң үстине бир тоқал алып едим. Дәслеп мойынтаўлық етсе де, таяқтың зоры менен қатын болып еди, ол да «пуш тұқым» болып шықты. Қурсақ көтермеди.

Енди тағы биреўин алсам деп едим. Қолайлы нашар жоқ. Ал мына «Сақыў аўылында» биреўи бар екен. Қосыбайдың немере карындасы екен. Өзиң билесең, Ержанның даўынан бери өкпелесип жүрмиз. Оның үстине Қосыбайдың жигитлери Мүширипти тонап жиберипти. Енди оның көзин орнына салыў ушын Халмурат бай менен күш бириктириўимиз керек. Онда — дүнья бар, менде — жасаўыл бар. Бирақ, «Ержаның келинимди алып қашты» деп, ол да өкпели усайды. Мен қайсы жигитти қорып жүремен.

Бий Хийўаға барып, жасаўылларға арыз еткенин, қазыдан қыпса сақлады. Онысы дәлдәлши қазы арқалы байдың мийзамын билежақ еди.

— Бий аға, — деди қазы басын көтерип, — мен де сол дерекли келип едим. Қалың берип айттырып, дуйым журтқа хабар айтып, шымылдығын таярлап отырған келинин Ержан алып қашқан соң, Халмурат аға қапа болып қалды. Таяқ жарасы питеди, ыза жарасы умыт болмайды. Халмурат — бай, десең бай, төре десең — төре! Усы дәўлети менен Хийўадағы хәзиретимизге барғанда да сөзи жерде қалмайды. Ержандай бир-еки гедейди хан хәзиретимиз байдың қанжығасына байлап жибереди. Бирақ Ержанның сиздей арқа сүйер бийи, ағасы бар. Ержан «тентек» атаныўы, — сизиң саўлатыңыз. Болмаса Ержандай қайсы гедей ол заман менен бул заманда бий менен ала көз болыпты? Кеше Халмурат аға келип, «бий, бизиң менен ел бола ма, я жаў бола ма? Бир жуўабын айтсын. Болмаса Хийўаға атланаман» деди. Мен «өзим сөйлесейин, қоя тур» дедим. Сөйттим де, хәм дайыма барайын, хәм тайымды үйретейин дегендей отаўыңызға қутлы болсын айтайын, хәм байдың сәлемлемесин өз аўызымнан жеткерип, екеўин жарастырайын деп келдим. Бий аға, ендиги жуўап сизден болсын!...

— Бағана жайнап-жаснап отырған бий Хийўаны айтқан соң үрейленип қалды. Хан алдына жүгинип барса, дүньялы бай кесип кетпесин, ким биледи...

— Халмурат бай маған несин айтады. Ержан мениң қай бир егизимниң сыңары. Писирип жесин! Келинин Қосыбайдан сорасын. Мен басы-қасында жоқпан, бул истиң...



Бийдиң қыйпаңлағанын көрип, қазы енди дузақ таслап сөйледи.

— Дурыс, бий аға! Сен бийдиң келинин алып қаш демеген шығарсаң. Бирақ өз туқымың Ержанды Хийўаға услап берип, дарға асырыўын, намысыңа мүнәсип пе? Хийўа бул күнде парахордың қолында. Дүньясы мол, малы көп бай жеңип кетсе, халың не болады? Ойлан, қәне. Оннан да, байды разы қылайық: Ержанның үйинде ержеткен қарындасы бар. Байдың баласына соны алып берейик. Халмурат пенен Ержанды қуда қылсаң өзлери ушын жарасып кетеди хәм даўды басамыз хәм байдан жағалы сарпай, қырқ туўар аламыз. Қалай төрелигим?...

— Қазы қуўжыңлап, дағдырып таўланып отырған бийди тағы геўкеўледи, — отаўдың қунын тегин түсирейин деп турсаң, аға. Мениң айтқаным еки жақты да тынышландырыў. Әне соннан кейин Қосыбайға қылышыңды қайрай бер.

Тунжырап қалғып отырған бий көзин әстен ашып, қазыға сығалап қарады.

— Ержетти ме екен, ол қыз?!...

— Ўәй аға!... Оннан да жаслары талай баланың анасы болып отыр. Қыз балаға неке түссе, жапсардай хаял болады.

Бийдиң көз алдында қалыңлыққа елиў туўар мал айдап әкелип, бийдиң қорасына байлап атырған Халмурат елеслеп кетти. Мөңиреп киятырған, әрўана сыйырлардың даўысы бийдиң басын азан-қазан етти... Ишинде тепсинип турған асаў жорға бар... Оннан да зиядасы — бай менен қуда болып, бақталасып жүрген алакөзлерден кегин алыў...

— Ал, мақул дедик!... — Бий басын екшеп, дәпинип шулғып сөйледи: — Ержанды таптырып аламыз. Я байдың келининиң қунын төлесин, я қарындасын берсин!

— Хә, бәрекет тап, ийманлы бол, аға! Жесир даўы ушын Хийўаның көшесинде сандалып жүремиз бе? Ержан я жаннан безсин, я қыздан безсин. Ал ендиги гәп: жаңағы сөзди орынға отырғызсақ, оннан соң Қосыбайға үш жақлап топыламыз. Үш жолбарыстан қайсар түлкиниң не жаны қалар дейсең. Қосыбай байға қыз бермесе, енди бийге берер, бийге бермесе, орға жығылар! — деп күлди.

— Сөйт иним, сөйт! — деди бий.

Отаўға Мүширип келип, ас таяр болғанын хабарлады. Оннан соң бәйбише келип сары жез қуман бий менен қазының қолына суў қуйды.

Бий торсықтай семиз бармақлары менен палаўды аўызына салып отырып, сары жорғаның әңгимесине, тағы қайта оралды.

— Мениң пәмимше, Ержанды жазаламадың деп Қосыбайдың көрсетип отырған бизге қыры болыўы керек...

— Солай ғой, бий аға, — деп, қазы да басын шулғып, мақуллап отырды. — Егер жолбарыс жегенде сүйеги қалмай ма? Неде болса жаңа даўға уйытқы болды. Жаздырма. Мал алмасаң, жан ал. Сен күймейсең.

Есиктен хызметкер жигит кирип, Халмурат байдың келгенин хабарлады.

Қазы қылтылдап бийге қарап жымыйды.

— Халмурат аға кәткуда адам ғой. Бийдиң ийгиликли отаўына кутлы болсын айт деп едим. Барарман... Бир бузақы ушын бийден қол үзбеймен ғой, деп еди. Лебизинен шығыпты, «билмегенди кеширмесең, билгирлигиң қайда!» деген.

Усы ўақта:

— Ассалаўма әлейкум! — деп, Халмурат бай ший есикти қулашлап ашып, кирип келди. Байдың төбеси бийдиң керегесинен асып, жабыққа тирелип тур. Қолында гүмис жалатқан тобылғы қамшы. Байды көрген соң бий менен қазы өрре турып, қол алысты да, өзлериниң арасынан жай берди. Көптен бери көриспеген байдың келбет пишинине бий көзиниң қыйығы менен тесилип қарап отыр. Танаўының астын ғана қырып, еки уртындағы муртын тышқан қуйрық етип салбыратып қойыпты. Ал қулағының ушына шекем ғаўлап шыққан қара сақалы еле баяғы турысында. «Көзабаға суўпы болыпты-аў, бул наймыт!» деп бий ишинен күлди. Бай басындағы қара қурашын қамшысы менен қоса керегеге илдирип, еки қат жипек шапанын да шешип, тақыяшаң саққа жүгинип отырды. Бийдиң үй ишиниң аманлығына тағы да дуға оқылып, қоллар жайылды. Амантүўел сорасыў басланды:



— Саў-саламатбысаң, бай?

— Шүкир. Өзиң де есен-аман жүрсең бе, бий?

Қазы менен бай азанда көрискен соң аманлық сорасқан жоқ.

— Бий, жаңа отаўыңыз қутлы болсын! Кеше хабар барып еди, деди бай.

— Аўмийин, аўмийин! — Бий сыртта жүрген хызметкерине сүренледи. Даўыс шығыўдан хызметкердиң орнына бәйбише кирип келди. Бийдиң де тилеги, сол бәйбише еди. Себеби, қутлы болсынға келиўшилердиң ериўлиши аз болса бәйбише келмейди. Егер ериўлик — пайғазы бәйбишениң кеўлинен шықпаса хызметкер жигитти жибериўи керек. Усыған қарап бий де, сырттағы сыйлықты биле қояды. Ал бул сапары бәйбише келип, Халмурат бай менен аман түўеллик сорасты. Демек пайғазы бәйбишениң кеўлинен шыққаны. Усыны түсинип, бағана тәккаббыр тутымында отырған бий бирден жадырап сала берди.

Аўқат желинип болған соң, отаўға чай келди. Бий сандығынан бармақтай Самарқанд тирийегин алып, үшке бөлди. Үшеўи де таңлайына атып, чайға отырды. Тирийек қонған соң қазы гәп баслады:

— Бай аға, сәлемиңизди бий ағама айттым. Мақулластық. Өткен иске салаўат, енди бурынғыны қазбаламаң!... истин питиўине келиң. Қәне, қол алысың!... — Қазы Халмуратты түртип, көзин қысты. Бай орнынан турып, бийге қолын узатты.

Бий де түргелип, байдың көкирегине төсин қаратып еди, келте ҳәм семиз бийдиң курсағы тирелип, геўдеси жақынласпай қалды. Бай да, бий де қушақларын жаздырып, орынларына отырды. Қазы екеўиниң қудалығына дуға оқыды. Бай еки алақаны менен бетин сыйпап болған соң:

— Бурын зәңгилес қурбы-қурдас едик, бий жора, енди қуда атын ортаға салып, қуда болдық, — деди.

— Аўмийин, аўмийин. — Бий байдың сөзин хошлады.

... Төрелик былай болды: Ержан қашып басын панапап кетти. Оның алдынан өтип, рийзалығын ала ма ямаса, сен қылғанға ол қылды, урыны қарақшы басты қыла ма, әйтеўир байдың жаўшылары келгенде, арбаны бос қайтармай, Ержанның қарындасын узатып жибериў — бийдиң мойнында.

Байға еки келте базар, бир узақ базар, — үш базар аралығы мәўлет бериледи. Сол ўақыттың ишинде алыс жақынын хабарлап, ақырғы базардың орталығында қызды алып кетиў ушын арба жибереди. Бай есиктен шықпаған қыз ушын қырқ туўар қалың төлейди. Бирақ Ержан байдың қалың төлеген келинин алып қашты. Сонлықтан шәрийат бойынша бийнеке қарызынан қутылыў ушын Ержан бай менен рийзаласыўы лазым. Егер Ержан қарындасын берсе, онда екеўи қол қайт болады.

Сонда бий менен қазы, қыздың үйи менен аўыл жигитлери қәйтеди? Түсирген я келини жоқ, я қыздан алған қалыңы жоқ, аўзын шамалға ашып қала бере ме? Ат, тон сарпай менен тақыя қәде қайда? Аш арық гедей қызы болса да, Қулымбет бийдиң аўылының нашары емес пе? «Қалыңсыз қыз болса да, қәдесиз күйеў болмайды» Арық қойдан төслик алатуғын дәстүр, салт қайда?

Сонлықтан бул қыздың қалыңлығы қырқ емес, елиў туўар болады: Бийге бай ат мингизеди, қазыға жипек шапан жабады. Қәде қәўметти күйеўдиң қалтасына салып жибереди. Усыған үшеўи шаппат урысты. Бай менен қазы кеўил раўаж болып аўылына қайтты. Бий оларды шығарып салып, отаўдың алдында тур еди:

Усы ўақытта узақтан аспанға көтерилип шубатылған шаң көринди. Жолды ала қуйын етип киятырған қара — хийўалыларды Бозатаў менен Қоңырат аралығында күтип алыў ушын кеткен бийдиң еки жигитиниң биреўи еди. Қоңғайған қара бөрикли, сары сынлы жигит шубар ала атты желдирип, отаўға жетип келди. Аттың жал қуйрығы суўға сүңгип шыққандай сабалақ-сабалақ собықласып қалғанына қарағанда шабарман жасаўылды көриўден далбай қағып шаба берген.

Қара бөрикли аттан қарғып түсти, отаўдың қасындағы бийдиң жанына келди. Бий жигиттиң сәлемине итибар бермей, не хабар барын еситкиси келип, аўзына үңилди.

— Киятыр, бий аға, — деди жигит. — Мен сизге хабарлаў ушын олардан озып кеттим.

— «Киятыр» деген сөз шығыўдан-ақ бийдиң ишки сарайына бир ғулғыла түсти. Отаўды зыр жуўырып айналып, биреўлерди сойымлық мал услатыўға өриске, екиншилерин минислик ат



әкелиўге жақын аўылларға, тағы биреўлерди дастурқанның кемис-қутығына тумлы-тусқа шаптырды. Хызмет ислетиў ушын тил бирегей жигитлер бийдиң есигиниң алдына жан-жақтан шубырып келе баслады. Ким отаўдың қыр дөгерегин сыпырып, суў төгип, кими он еки қарыс қазанға ошақ қазып, тағы биреўлери отын айырып еркеклер жөни таярлыққа жапа-тармақай кирисип еди, ҳаяллар да көйлегиниң етегин белбеўине түйип, сылаңлап шыға келди.

Шоңқайған айыўдай қара зил қабақты арқалап суў тасып, ақ отаўға қарай қайқаңлап баратырған келиншеклер, палас, гилем, текиментлерди буўат-буўаты менен сыртқа шығарып шыбықлап қағып жүрген кейўаны ҳаяллар, той менен садақа болса, табақ жалап қарнын қампайтыўға әдетленип қалған қарасыйрақ балалар — бәри бас-басына базарлық әкиятырғандай қубладан келетуғын қонақлардың жолына қарайды. Сағынып қарап турған жоқ: «ертерек келеғойса, бийдиң қазанын ертерек атландырып, таза сорпа ишип қайтар едик» деген дәме бар...

Бийдиң гөне отаўының алдында үш ат еритлеўли тур. Қамшыларын да ердиң басына қыстырған. Тек шабандозы келсе, атлар дойнағын жаздырайын деп суўлыққа таслап тур. Қулымбет есикти түргизип, елдиң төрт-бес кәткудалары менен үйде гүрриңлесип отыр. Есиктиң алдында бийдиң руқсатысыз ишке жан жибермей хызметкер жигит тур.

Жолдың дәрбентинде, аўылдың шетинде қараўыллап турғанлар да бар. Солардан бири тағы мине, ҳаплығып жуўырып киятыр... Келесала отаўдың аўзындағы жигит пенен гүрриңлесип ишке сүңгип кирди. Кирди де қайта шықты. Иргени суў алғандай төрде жапсарда отырған руў кәткудалары Қулымбетке ере есиктен топарласа шықты. Олардың төбеси көриниўден далада турған жигитлер атларға қарай жуўырып, отаўға тартты да, ердиң зәңгисин басты. Атлардың биреўине бий, қалғанларына ақ сақаллы ҳәм қара сақаллы еки кәткуда минди. Ҳәр қыйлы реңдеги атлардың үстиндеги гүл мыйықланған ақ баслы ер менен әшекейленген еркешелердиң ғайры нағышына сақал ҳәм ажары ҳәр түсли сыпайылардың қурашлары менен шапанларының бояўы қосылып таўыс қустай жалт-жулт етеди...

## ОН ЕКИНШИ БАП

### 1

Кеш песин ўақты. Аўылға қарай тағы бир шабарман шаўып келди. Ол жаңа отаўдың алдында турған бәйбишеге төрге хәм жапсарға не төселетуғыны жөнинде бийдиң сәлемин жеткерди. Усы шабарман келген соң арадан бир чайнек чай ишим ўақыт өтпей, қос-қостан ат жегилген еки хийўалы арбаның қарасы көринди. Аўылдың ортасындағы гүзар жол менен атлар әсте аяңлап киятыр. Жайлаўда отырған үйлердиң жабығы менен керегесинен неше көзлер иштен сығалап турғанын ким билсин! Жыңқ етип бир де адам сыртқа шыққан жоқ. Тек қонақларды жатырқағандай қарсы алдына шығып, арсылдап үрген бирең-сараң ийтлер болмаса, аўыл таслап кеткен журттай тым-тырыс. Бул сырлы қонақ келгенде аш-арық пенен жетим-жесир алба-далба сыйқын көрсетип, мийзамын бузбасын!» деп руў кәткудаларының шығарған қатал рәсими. Бағана үйден-үйге секелек атып жуўырып жүрген бүйрек бет, қара балалар да пошшадай иргеге тығылып, еки көзи далада дилгир.

Бес-алты салт атлы қоршаған еки қоңыраўлы телеген арба бийдиң ақ отаўының алдына келип тоқтады.

Арбадан үш хийўалы түсти. Биреўи тапалтас, елгезер бетли, домбай қара. Мурты жалғызақтың азыўындай айналған. Басында қызғыш дегелей, белиндеги төрт ели қайысқа бир қулаш гүмис сапалы қылыш асынған. Жасаўыллардың дөкейи усы болыўы керек.

Екинши хәм үшинши жасаўыллар ана муртлаштай тула бойын телетин менен көп шандыған емес. Сықырлаған көк шапан кийген жас жигитлер. Қалың қас, шаншылған узын кирпик, ат жақлы. Басшысына жарысып мурт қойса да «азыўы» айланбай, көлеңкеде қалған жоңышқадай шашаўланып сарғайып өскен. Олардың да белинде қынаплы қылыш бар. Арбадан түскен соң адамларға көзаба еткиси келгендей үшеўи де қайысларын шешип, беллерин қайтадан қынап байлады. Әтирапқа түксирейип қарайды.



Бий отаўдың есигин түргизип, мийманларды ишке мирәт етти.

Бийдиң жасанған отаўына кирген соң, муртлаш жасаўыл басқа реңдеги дүньяға келгендей аң-таңы шығып, қыр дөгерекке тазыдай тимискенип қарады. Аталыққа қарап:

— Қарақалпақлардың үйине биринши келиўим. — «Сарт байыса там салады, қарақалпақ байыса қатын алады» деген гәп бар еди. Сизлер де үй жасаўда хеш кимнен қалыспайды екенсиз гой! — деп ғарқылдап күлип қойды.

Аўзына ынтығып отырған хәмелдарлар қосыла күлди.

— Қарақалпақлардың бәриниң үйи усындай ма? — деп сорады. Көше бийлери бир-бирине карасып, «не десек екен?» дегендей Қулымбетке қарады.

Бул сораўға:

— Жоқ, бундай емес — деп, есик жақта бир беткей отырған адырақ көзли, жалпақ бет, ақ қуба жигит жуўап берди. Хәммеден бурын оның шәпиклик еткенин «көргенсизлик» деп, бий аларып жалт қарады да, иштен гижинди. Хәммениң көзи сонда. Биразлар «не деп шығысар, екен?» дегендей сынап, қарап отыр.

Муртлаш жасаўыл да хә дегеннен мә деген жигитке одырайып қарады. Жигит те тайсалған жоқ. Омыраўын тиклеп:

— Бир бийеден ала тай да, қула тай да туўады. Бир елаттан бай да, жарлы да шығады. Хәмме тең болса ишкери, тысқары болып, Хийўа екиге бөлине ме, тақсыр? — деп жасаўылды қымтып алды.

Муртлаш жасаўыл кеңкилдеп күлди.

— Дурыс айтады, дурыс!

— Муртлаш мақуллаған соң үйдиң ишиндегилердиң хәммеси де басларын шулғып хошаметледи. Бундай дәске көрмеген жасаўыл үйдиң дәскесине қумарта қалды.

... Алты қанат бақалақланған ақ орда. Шатыраш-шатыраш қып-қызыл керегелердиң туў сыртынан нағысын ишке қаратып ораған қызыл басқур түрли реңде әшекейленген. Керегениң басларын байлаған ызба гил шытақ нағыс. Оннан жоқарыдағы ақ хәм қызыл басқур қошқар мүйиз нағысқа сүтилмектей

торланған. Орданың шаңырағын баўырына басып, емип турғандай салалы уўықлар тумлы-тустан төбеге қарай таласып тур. Қапталдағы айналы сандық пенен оның үстиндеги қаршының нағыслары қолдан терип байлаған гүлдәстедей жалт-жулт етеди. Оның қапталында боғжама менен керги тур. Бунын нағысы тағы өзгеше, биринен бири гөззал. Муртлаш жасаўыл ақ отаўдың хәр баўшуўына қараған сайын өзин шеберлердиң нағыс базарында жүргендей сезди. Хәр қайсысы өз сыры, өнери бар, өз алдына бир дүнья! Бирин таслап, бирине өтсе, гүллер бағының биринен шығып, бирине киргендей. Ол төр менен жапсарды шолып шығып, енди есикке нәзер салды. Ағаш ергенектиң екеўи де табалдырыққа шекем нағысқа сырғып тур. Оның сыртында кәлемше жез шийден сайлап тоқыған есик кастың өңири тағы бир шебердиң сәтине түскен мүлки. Қумырысқа бел ме, тышқан из бе, суўынның шақы ма, қысқасы қайсы дәскедеги нағысқа зейин аўдарсаң да, «мен қалайман?» деп барлық өнерин отаўға келген қонаққа сынатып турғандай жалт-жулт етеди.

Муртлаш жасаўылдың зейини қайда аўса, сол жаққа барлық кәтқудалар да қапырылып аўып отыр. Гә тоқыған шеберлерди, гә буйыртқан бийди көтермелеп, гә хәр дәскениң дәстанына түсип кетеди. Ешейинде бириниң гәпин бири терискe шығарып, кегирдеги қызарғанша тарысатуғын руў кәтқудалары «қайсымыз жасаўылға жағынар екенбиз» дегендей өлшеўли сөйлеп, сыпайы мийзам көрсетип, танаўлары елп-елп етеди.

Тек усы отаўдағы бир жигит ғана салқын пишинде отыр. Бул муртлашқа дәслепки жуўапты қайтарған Турым деген жигит. Ыққа қыяламай, өрге кеселемей, ой ийримине толғанып таўланады. Көзаба ушын көп пенен қосыла күлип, көптиң бири болса да, жасаўыллардың хә дегендеги қылўасынан қайт болды ма, иши-баўыры бир жылымайды. Турым Есенгелди бийдиң қызының баласы. Журт пенен ол да көз айдынға келип, енди жасаўылларды барлап қайтпақшы еди.

Усылай отырғанда:

— Қаршыны жоқ қатынға өлген соң намаз буйырмайды... деген гәп бир кәтқуданың аўзынан шығып кетти.



— Неге олай? — деп муртлаш дәлийлин сорап, қамашаўға алды. — Қаршыны жоқ бизиң хаялларымыз кәйтеди? Ким шығарған раўаят, бул?

Кәтқудалар тубалап қалды. Әсиресе сол гәптиң ийеси бой тасалай қалды. Көпшилик соны пәпеге алып, уры-бөриге шығарып баратыр еди. Турым тағы гәпке араласты.

— Ол сөз бурыннан бизде бар, тақсыр! Қарақалпақтың тамы жоқ, қара үйи бар. Баўшуў дәскеси болмаса, алты қанат керегени керген менен өзлигинен үй болмайды. Сонлықтан қуда түскен соң күйеўге шығатуғын қыз өз үйиниң баўшуўын атасының үйинде тоқып келсин деп өзлеримиздиң шығарған раўаятымыз. Қарақалпақлардың ғана шараяты... Басқа елатқа барғанда, бул гәп айтылмайды. Ана отағасы қарақалпақлардың хаял-қызларының хызметинен сизди хабардар қылыў ушын айтып отыр.

— Ха, яқшы, Сизлердиң мына иматратыңыз яқшы. Сизлердиң қатыныңыз да яўмыттың қатынларынан қалыспайды екен, деп муртлаш керегеге керилген керги менен боғжаманың жапырақ-жапырақ нағысларына үңилди.

Бозатаў кәтқудалары хийўалы қонақларының аты жөнин сораўға да батылы бармай отыр еди. Усы ўақытта еки жасаўыл муртлаш пенен ымласып сыртқа шығып кетти. Бий муртлашқа жарамсақланып жымыйып бир қарап, кәтқудалардың өтинишин айтты.

Муртлаш жасаўыл суўық көз жанары менен адамлардың әжарына бирме-бир қарап шықты хәм қабағын жаўып, бираз ойланып барып, гәп қозғады.

— Мениң исмим Мухаммед-Назир инақ қусбеги. Жаңағы сыртқа шыққан жасаўыллардың бири — Мәтқурбан, екиншиси Әлмурат деген төрелер...

## 2

Еки жасаўыл үйден шығыўдан тәкаппырлық минези усłады. Өзлерин жоқары журттың хәкимлери деп, дәрьяның аяғындағы аўылларды мисе тутпайтуғын хийўалы жасаўыллардың бәрине

тән менменлик, Қоңыратқа келиўден бул нөкерлердиң де көкирегин қолпылдатып еди.

Екеўи сыртқа шығып, қатара қонған шағаладай ақ отаўларға да, қазақы тумақтай ылашықларға да, суўынлап жыйнаған шоқайтпа қамысларға да ийрим тартып аққан дәрьяға да — қулласы ҳәммесине түксирейип, жабайыдай жатырқап қарайды. Олар аўылдың арасы менен дәрьяға қарай адымлап киятыр. Шағайын деп турған жыландай гә шаншылады, гә кирпидей әлле неден жыйырылады, гә қылышларын қынабынан суўырып төбесинде ерсили-қарсы былғайды. Қанға жерип, гелле кесиўге қумарта ма, жол бойындағы бирли-жарым сүйрик пишенлердиң басларын қыйып өтеди.

— Мәтқурбан, — деди қылышын қынабына салып атырған Әлмурат. — Хан ҳәзирет буйрық берсе, мына ший қамыс үй-лерди панаалап отырған аўылды екеўимиз бир күнде қырып шығар едик-аў...

Екеўи де мардымсып күлди. Мәтқурбанның гәпин хошлап, Әлмурат та жат аўыл туўралы ойындағысын айтты.

— Қарақалпақлардың қыз-келиншеклери пәренже жамыл-мыса керек. Бәри бетлери жамбылшадай болып, еркекке тесилип қарайды. Не деген әдепсиз-ә!...

— Булар сондай. Булар ашық жүреди. Биздей пәренже жамылмайды. Орысларға усас.

— Қоя тур, — деди Әлмурат, жолдасының пешинен услап, қылышы менен бир үйди силтеп, — қоя тур... Ана үйден шығып турған даўысты еситтиң бе? Қарақалпақларда қошқар мүйизли шыңқобыз болады. Қатынлар қобыз шалып, қосық айтып отыр. Барамыз ба?

— Еркеклери қапа болмай ма?

— Булардың қатынлары да, еркеклери де ҳәзилкеш болады.

— Сен қарақалпақларға келип пе едиң?

— Атам баспашы болған жыллары бир қарақалпақ пенен ярдос болған. Бул жаққа көп келген, сол атам әңгимеететуғын еди.

Олар қосық ҳаўазы шыққан үйге қарай бурылды. Бир тақырлықта еки-үш жалаң аяқ қара балалар топай ойнап атыр еди. Екеўи соларға қайрылды. Балалар жатырқап бир қарасты да, «алшы-тәйке» деп шаўқымласып, ойынның қызығына түсип кетти.

Көзи бақаншақтай, он бир-он еки жастағы қара бала алыста қатарласып турған генейлерди қолындағы сақа менен баўдай түсирип тур еди.

— Мергенине қара, бәтшағарлардың? — деди Әлмурат балаларға қарап шаққан адым атып.

Мәтқурбан да балалардың ойынына қызығып қарап, қасындағы жолдасынан:

— Бул не ойын? — деп сорады.

— Қарақалпақлар малдың жилиншик сүйегин сытып алып, қорғасын қуйып, ойын ойнайды.

— Қорғасын дейсең бе? — деп, Мәтқурбан түсин суўытып қарады. — Қайдан алады оны? Оқ жасап, урыс ашса, қәйтесең?...

Мәтқурбан жақын келип:

— Жыйнап бер, барлық сүйеклерди? — деп көзин ақ-шыйтты.

Ишиндеги еслирек бир қара бала жасаўылдың «топайды, сүйек» дегенине мырс етип бир күлди де, жораларына «топайды жыйнап қашың!» деп ым қақты. Жасаўыл қара баланың билегинен шырп етип услады. Буны көрип басқалары ерегирек шықты да, қара баланы таслап кеткиси келмей, топайларын баўырына қысып тура берди. Балалар әлле нени сыбырласады. Жасаўыллардың қарсы алдында турған жорасына көзлериниң қыйығы менен қарап, «Жасаўыллар жазым ете ме» дегендей түксирейеди. Қоршаўда қалған кийиктиң ылағындай қара баланың көз ҳәм келбет жанары тоқсан түсли қубылып тур.

Мәтқурбан жан-жағына қарап турды да, баланың қолынан аўырықтай, қорғасынлы сары сақаны жулып алды.

— Мына қорғасынды қайдан алдың?

Бала сақамды бере ме екен деген пәмде, туўрысын айтты.

— Әкем мерген. Қорғасынды еритип сақама қуйып берди. Ойнасаң, мә ала ғой. Бирақ, кетеринде берип кет, аға?

— Нени берип кетеди, күшик? — Жасаўылдың даўы-сы шабаланған ийтлердиң таң ашаўдағы арсылдағанындай

шаңк-шаңқ етти. «Баланы қорқытайын» деп тислерин қатты қышырлатып, еринлерин қалтадай бүрди. Тайпақ бетлериниң алмасы хәм шешек шығып елгезердей тесилген котыр-қотыр еки жағының сом етлери суўдың бетиндеги мешиндей тынымсыз жыбырласа қалды. Баланың есине ағасы менен Қоңыратқа барғанында шар базарда ойнаған бир масқарапаз түсип, күлип жиберди. Жасаўыл баланың қасарысып турғанына ғазабы келип, тулыптай исинди.

Бала қаймығып, кейин шегине бергенде жасаўыл жағына шаппат пенен салып жиберди. Бала оң жағына қаймығып, дизерлеп сүринди де, жығылған орнынан оң қолын демеп, ушып турып, топай толы етегинен шеп қолын жаздырмай, кулдырап қашты. Сол заматта анталап турған басқа балаларға ым қағып, қара бала былайрақ барды да, артына қарап, бес-алты топайды жасаўылларға гөзеп атты. Әлмурат қаймығып буғып қалды. Маңқыйып турған Мәткурбанның оң шекесине аўырықтай бир топай сарт етип тийди. Мәткурбан шеп қолы менен шекесин услап, оң қолы менен қылышын қынабынан суўырып ала жуўырды.

* * *

Жасаўыллар бағана бийдиң отаўынан шыққан соң аўқат таяр болған еди. Қулымбет бий сыртқа шыққан жасаўыллардың қайда кеткенин билмей табақ тартыўды тоқтатып отыр еди. Аўқат жасаўшы жигит бир-еки мәртебе келген соң бий пошалап, сыртқа өзи шығып жән-жаққа қарап та келди. Әбден кешиккен соң, астыртын Турымды жиберип еди.

Турым отаўдан шығып, еки-үш баланы көрди. Танаўлары желпилдеп, артына жалтақлап қарап киятырған балалардың тобарысып, түнерген қабағын, әлле неден қорқып қашқанға жорыды. Турым балалардың ересек биреўин тоқтатып, хәдийсениң мән жайын сорап еди, еле сумлықтан таза ақ пейил балалар жасаўыларды урып қашқанын аңқ етип айтып салды. Турым жымыйып күлди де, балаларға:



— Зыт! — деп қолын бир сермеди. Балалардан ажырасқан соң, Турым ийтлер шабаланған жерге жақынлап келди де, суўынлап жыйнаған пишенниң тасасынан сығалады. Еки жасаўылдың дәпинип бир үйге киргенин көрди. Турым пишенди айланып, жасаўыллар кирген үйдиң қапталына келди. Иштеги гәпке қулағын салды.

Әңгиме жай парахатшылық болса, Турым бул ўақыядан бийхабар киси усап, бийге: «таба алмадым», — деп қайтып баражақ еди, бул ойын бир хаялдың зарланған даўысы бузды. «Жалаңлаған ашыўлы жасаўыллар хаялға қылыш силтеп жүре ме» деген пәмге кетип, Турым орнынан тура сала үйге қарап жүрди.

Турым ишке кирсе, айтқанындай Әлмурат қылышын жалаңлатып, хаялға қоқыраңлап тур екен. Турым арашаға түсип:

«Тоғайлы жер аңсыз болмас» деген жасаўыл тақсырлар, Бозатаўда бар бала, Хийўада жоқ па? Қайсы елат қонақ келетуғын еди деп, балаларын байлап қояды. Әўели жазығын айтың?... Қылышыңды қынына сал, — деп Әлмураттың алдына барып, қарсыласып турып алды. Жасаўыл қанша ақыйса да, алдындағы шымыр, ири пишинли жигиттиң суўық жүзинен бузық нийетин аңғарып, Жасаўыл қамшы силтеўге батына алмады...

... Турым еки жасаўылдың изинде киятыр. Мәткурбанның қолында жалаңлаған қылыш. Қабағы еле қатыңқы. Бир үйдиң тусынан өте бергенде еки асыранды ғаз отлап жүр екен. Биреўи әлле не сорағандай қапталлап жасаўылларға мойнын созып еди. Мәткурбан абайсыз турған ғаздың мойнынан қылышты тартып жиберди. Ғаздың басы жумалап түсти. Турым тиксинип:

— Ўақ! Уят еттиңиз ғой, жасаўыл, — деп адымын шаққан басып даўыслап еди. Жасаўыллар бир-бирине қарап жымыйып, алға жүрип кете берди. Адам бар деп айбынбағанына хәм гүнасыз ғазды жайратып, елди бассынғанына қорлығы келип, Турымның қаны қайнап кетти. Усы ўақытта ғаздың ийеси шығып, жасаўыллар менен жағалласса, бирлиги болып қырқысыўға таяр еди. Хәзир жекке топылыўға бул да тартынды. Бирақ ғаздың тусынан түршикпей өте алмады. Басы хәм гөўдеси еки бөлинип, қанға былғанып жатырған ғазды Турым жерден қушақлап алды да, жасаўыллардан қалып, ийесин излеп кетти...

# ОН ҮШИНШИ БАП

## I

Еки жасаўыл келиўден бийдиң отаўы матам тута қалды. Бағанадан бери ғаўырласқан даўырық ҳәзил-дәлкек, күлки, ерегис-тартыс — бәри силтидей тынып, көктен жасыл түскендей отаў жым-жырт. Ҳәмме самсаз! Жасаўыл муртлаштың бет ажары көп-көмбек. Бий: «жасаўылды урған балаларды дарға асар ма едиң?» деп есик бетке гижинди. Ал руў кәтқудалары «бизиң баламыз болмағай да» деп еки қолы жағасында. Жасаўыллардың кеўилин алыўға да жүреклери гилкилдеп отыр.

Есикке бийдиң хызметкер жигити келип, қол қаўсырып, жаңа түскен келиншектей тәжим етти. Бий хызметкериниң ажарына бир қарап, не айтажақ мийзамына түсинди.

— Тақсыр! Сизге арналған аўқат таяр болыпты... — деп, бий қалтырап Мухаммед Нәзирге қарады. Жасаўыл басы бийдиң өтинишине итибар берген жоқ. Әўелги қәҳәрли тутымында отыра берди. Жасаўылдың бул такаппырлығын биреўлер жаманлыққа жорысы, екиншилери «дасмалшыға сол керек» деп орынсыз жорғалай берген бийди жазғырды. Адамлардың ғаўзаңласып, бир-бирине қарасқанына бий де қысынайын деди. Бий қайталап:

— Еситпедиңиз бе, тақсыр, — деп емиренип сөйленип киятыр еди. Мухаммед Нәзир одырайып қарап, ашыўлы қабақ пенен:

— Келтир! — деди. Усы сөз шығыўдан есиктеги хызметкер де зып берди. Қусбегиниң еки көзи қанталасып, шатнап, бийдиң көкирегине садақтың оғындай шаншылып тур.

Хийўалы жасаўылларға бий қой сойыўды мисе тутпай, бир тана сойдырып еди. Оның геллеси менен бас мүшелери қусбегиниң алдына түўел келтирилди. Бий басқа табаққа қолайласып еди, Қусбеги «усы табаққа кел» деди. Соның менен үш жасаўыл, бий — төртеўине Самарқандтан алдырылған алты қарыс гүлли сары самар толы гөш тартылды. Табақ келген соң Қусбеги әўел гөштен бийдиң жеўин талап етти. Бий кесектей майлы гөшти қылқ етип жутты. Бул хийўалылардың сақланғаны еди.



Аўқат желинип болған соң Қусбеги Әлмуратқа:

— Сиз ҳәзир кейин қайтасыз, — деди буйырып. — Биз мында бир жасаўыл менен қаламыз...

Бийдиң түси оңып кетти. Қусбегиниң қәпелимде бүйректен сыйрақ шығарып, бир жасаўылды қайтарыўын «бир ойқан ислейсең-аў? деп, ҳәр ким ишинен өз отының басынан аўлақ болғай деп отыр.

Усы ўақытта есиктен сылыңғыр, қара киси кирип келип, «Қусбеги сен емес пе?» дегендей, муртлаш жасаўылға қарады.

— Тақсыр, ғазымның не жазығы бар еди? Ғаз сақлама деген ханның жарлығы болса көрсетиң кәне? Болмаса жазықсыз есигимниң алдында жүрген ғазымда жасаўылдың қандай кеги бар?

— Ғазыңды байлап қой, — деп Әлмурат мысқыл етти.

— Сен қылышың менен күн көрсең, мен ғазым менен күн көрип отырман. Ырысқыны сен халықтан алсаң, мен көлден аламан. Ғазымды айдынға байласам, қазаным қайнайды. Балаларымның несийбесин қыйдың, кәсип кәримнен айырдың, залым! Усы ғазды апарып, хан ҳәзиреттиң алдына қояман. Ғаздың басын сен алсаң, мениң басымды хан алсын! — деп, Ережеп танаўын шуўылдатып Әлмуратқа умтылып еди, жасаўыл қорғанып қылышына асылды.

— Тоқта! — деп қусбеги оларға жекиринип, бийге аларып қарады. — Рийза ет мына мергениңди.

Бий орнынан ушып турып, Ережептиң қолтығынан көтерди де, сыртқа алып кетти.

Даў басылған соң, қусбеги Әлмуратқа:

— Көрдиң ғой, бул халықтың еле шашы жибиген жоқ. Бул турысында пәкиң өтпейди... Тез оралып қайт! — деди. Оннан соң отаўдағы руў бийлерине бурылды.

— Сизлер үш күн ишинде быйылғы жылдың ҳәм келеси жылдың бир тоқсанының шөп пулы, түтин пулы, малдан закаты, жаннан үсирин жыйнайсыз! Оннан соң жаңағы ғазын даўлап келген пуқараның айтыўынша бул жақта мерген көп болса керек. Хан бул елге көлдиң балығын берди, қусын берген жоқ. Мерген басы бес тилладан төлесин. Буйрық сол. Хан ҳәзирет ҳәмири.

Қусбеги көз астынан ҳәммени шолыды.

— Нәпсиңизди ашып, хан салғыртын бөле жара жеўди тоқтатасыз, Ҳәр бийдиң қарамағындағы шаңырақлардың есабын хан ҳәзирет диййўанға жаздырып қойыпты. Закаттан аша туяқ мал, салғырттан — түтин шығарған шаңырақ қалмасын! Қәне руқсат, иске кирисиң, — деп Муҳаммед Назар қусбеги руў бийлерине зәҳәрли көзлерин тикти. Кәткудалардың гәси жымыйса, гәси мүлгип отаўдан аяқларын ғаз-ғаз басып шықты.

Қусбеги Муҳаммед Нәзир жасаўылын Қоңыратқа атландырып, ҳәр аўылдың бийлерине буйрық берип болған соң, отаўда Қулымбет бий менен оңаша қалды. Аўылға келген Қулымбеттиң басқан адымын аңлып, ишинен: «ақ кеўил бий екен, қайсы барымға да усы барар» деп ойлаған пикирин және бир сырдың үстинде сынағысы келген қусбеги бийди барластырып гәп баслады.

— Бий. Сиз қайсы руўдансыз?

— Қолдаўлымыз, тақсыр, — деп Қулымбет үрейленип жуўап берди.

— Ҳимм... — деди Қусбеги түсин суўытып, — Айдос бийдиң ағайинысыз ба?

Бий албырап қалды.

— Түбимиз узақтан айрылысады. Олар басқа аўылдан.

— Жақын болмасаңыз бийликти қалай алдыңыз?

— Салықты көп жыйнап, Қабыл мәҳремге жарандым, тақсыр!

— Айдос өлген соң пуқара басылды ма?

— Басылды, тақсыр!

— Сизге мойынсынбай жүрген ким?

— Қосыбай деген «сақыў» руўының бийи. Байдың келинин қашырды. Мениң «сары жорға» деген атымды урлады. Ҳәммесине Есен қазы гүўа.

— Байдың аўылы алыс па?

— Жақ. Жақын. Түслик жол. Халмурат бай ертең бир күн сизге мирәт салып та келер.

— Барсақ болады. Хызметиңизге қарай көрермиз.

— Хызметиңе садықпыз, тақсыр!



# ОН ТӨРТИНШИ БАП

## 1

Күн кеш, песин ўақты. Арал теңиз жақтан көтерилип киятырған қара булт аўылдың үстинен даўыллатып өтип атыр.

Қосыбай еле ат үстинде. Биресе қырманға, биресе аўылға шаўып, мешеўлерге кимисине ешек, кимисине арба таўып берип, азнаўлақ дәнлерин қыслаўға жөнетип тур. Диййқанлардың дәслепки дүркини қыслаўдың жары жолына жеткен шамасында жалаң аяқ бир бала қырманға шаўып келди.

— Қосыбай ата, Жолда биреўлер алдымыздан шығып, ҳәмме арбаны, ешекти байдың үйине алып кетти. Мени сизге жиберди.

Қосыбайдың жадырап турған ажары бирден түтенип кетти. Ол бийдиң үйинде хийўалылардың қонақ болып атырғанынан хабарлы еди.

— Жасаўыллар емес пе? — деди балаға бежирейип қарап.

— Биреўи жасаўыл болса болар. Кийими өзге түсли.

— Неше атлы?

— Төртеў.

Қосыбай атқа ырғып минип, бир төбеден аўыл жаққа қарап еди. Дән артқан арбалы, ешекли диййқанларды атлары қамшылары менен малдай ийирип, Мәдемин байдың үйине қарай айдап баратыр екен. Соның арасында бир атлы жолды қуйынлатып, қырманға қарай шапты. Қосыбай әлле неден кәўетерленгендей тайсалып, сабаў менен пахалдың дәнин түсирип атырған ҳәм түйекке қосқан ешеклерге ерип жүрген адамларға алыстан сүренледи:

— Ҳәй халайықлар, ырысқы-напақаларыңызды жасырың! Салғырт келипти, салғырт!

Қырмандағы адамлар кими түйекти, кими сабаўын таслап, не дейсең? дегендей аңырайып қалды. Тары суўырып турған Дәрибийке кепшигин жерге қойып: «самал да бүгин қапылдыаў! Не дейди?» деп, қапталындағы бөз көйлекли Айсәнемге бурылып еди, ол: «Шеше, сен самалды уўайымлап отырсаң,

булағай туратуғын болыпты. Енди кеўсен дәниңди қаўығы менен кепегинен тазартпай-ақ қой. Хийўанының қырманына буйырып кетпесин, — деп, ыза аралас ҳәзил дәлкек айтты. Кемпирдиң көзи бақырайып, қолындағы кепшигин торс еткизип жерге таслады.

— А-а-а! Хийўа дейсең бе?

— Аўа. Хийўаны билмейсең бе? Салғырт жыйнаўшылар келипти. Бағанағы кеткен адамларды услап, жолдан қайырып алып кетипти. Шеше, мына алған кеўсениңнен айырылып қаласаң ғой. Қабына сал да, қайт үйине! Ала бүйреги менен қаўығын қысы менен жата дастана айырарсаң... Соны айтып атыр...

Кемпирдиң салысы суўға кеткендей, көз жанары сөнип қалды. Жүннен тоқылған қапқа өңменин созып, қапталында саз ылайдан үшпелек соғып отырған баласына жекиринди.

— Түргел қыршын! Үшпелектиң өлиминде өл!... Үшпелек соққанша мына напақаңды жыйна. Мә, мына жаўлыққа ана дәнди сала бер! — Кемпир басынан кирлеген бөз жаўлықты қағып алып, баласына таслады да, бешпентиниң қалтасынан шаппаттай гөне бөз шүберекти шығарып, уйқа-жуқа шашын бир орап байлап, шаршының ушын маңлайына түйди.

— Ешкиң қайда, ешкиң? — деди қапталында зеңирейип турған баласына қарап. Бала ойынын бузғанына өкпели пишинде тур еди. Шығыс жаққа қолын шошайтып, гүңк етти. Кемпир «рас па?» дегендей бетине бежирейип қарап, жағасы сатпар-сатпар бөз көйлегиниң өңирине шашыраған ылайды көрди. Дизесин жабар-жаппас бөз ыштанының балағы ҳәм баланың кесеўдей жылтыраған аяғы да ылай еди. Кемпир тағы күйинип кетти.

— Бир жыл болған жоқ еле кийгенине. Теридей бөзден тиксем де, шыдамайды буған. Бир жаз, бир қысқа жетпегени ме. Тоздыр кәне, қыршын!... қысында не кийер екенсең? — Кемпир ала қапқа дәнди қосуўыслап өрли-қурлы салып атырып, қасындағы Айсәнемге шағынды. — Анаў күни жуўып берип едим. Мынаң қара! Қап-қара болыпты тағы...



— Шеше, сабыныңнан қалса қурттай алқынлы берсең-о! — Келиншек буйымы питпесин билсе де, баланы аяп, кемпирдиң ашыўын дәлкек пенен қайтарғысы келди. Кемпир «рас айтасаң ба?» дегендей көзин бир аўдарып таслап, ҳәзил екенин ол да түсине қойды.

— Ал, шырағым ал. Адамын «таўып» сорадың. Ағаң ширкетши болыпты. Қоржынын толтырып, сабын жиберип тур... Сабыны неси? Тезек термеге барғаныңда бир қушақ қарабарақ әкелсең, — сол сабын. Бүршигин қайнатып, кийим-кеншегимизди жуўып отырмыз. Сабын керек болса, бий менен байға тий!

... Дәлкегиңе дәлкек таптым ба? — дегендей бийкешине қарап, жеңгеси жымыйып күлди.

Айсәнем тағы бир гәптиң ушлығын шығармақшы болып, аўзын жасқай бергенде, Қосыбай менен әлле кимниң шарымласқан даўысы еситилди.

— Қалай тоқтайды? Анаў қырмандағы гил мешеў, жетим-жесир, жекке-қоллы адамлар, Кеўсең сорап, масақ терип жыйнаған дәнин, — деди Қосыбай — бүгин бес-алты ешек сорап алып, кими түйеклеп, кими сабап атыр. Бәри қыппа жалаңаш. Бәри жыйнағанда сонша адамның ғәллеси үш ура толмайды. Оны не деп услап отырсыз. Сизлер өлген кисиниң тилин шығарарсыз. Усыннан пуқара қалай жағаласпасын? Қырылса сениң пуқараң ғой...

Қырман басындағы хаял, еркек бәри шаўқымға қулақ салып, Қосыбайға ишинен алғыс айтып тур. Жоқшылық зардабынан жалтаң, кем кеўил болған жупыны мешеўлер гүнакар кисидей жүзин пәске алды.

Келген шабарман Халмурат байдың иниси Қудияр еди. Гүмис жүўен салған торы аттың үстинде тобылғы саплы дырдай қамшыны былғап, қоқырайып отыр. Әлле кимге арқа бергендей бүгин бурынғысынан да паң. Зербесин үйирип, Қосыбайға алып умтылып қояды. Қосыбай болмаса, қырманды қуйындай жайпайжақ еди. Ол ойы болмай тур.

— Онда жүр, өзиң! — деп Қудияр атының жылаўын қағып, басын аўылға бурды. Масақшыларға ғазаплы көзлерин қадап,

қамшы услаған соң оң қолын көтерди, — егер бир қадақ дәнди жасырсаңыз, ханның зинданында жатып ширийсиз. Салықтан қутылмай ураға көмиўши болмаң, — деди де, аттың шоқырақ жүриси менен аўылға хайт қойды.

Азаннан бери қырманды кеўилге тоқ етип, быйыл қыс азық жетер, деп, мәзи-майрам болып атырған дийқанлардың бирден қолы истен суўып кетти.

— Қазанға түспесе, қапқа түскен де ханға түскен олжа екен ғой, — деп бир ғарры ағаш айыр жабаны гүдишектиң үстине шыңғытып жиберди. Оннан соң томсырайып, байдың үй жағына қарады. Узағырақта жалғыз аты менен ешегин түйекке қосып, гүдишекти айланып жүрген Таўмуртты шақырды. Ғарры Таўмураттың аталас ағасы еди. Иниси қасына келер-келместен ғарры өрре турып ызаға буўлығып жекиринип сөйледи:

— Усы «Бозатаў»ға сен ғой мени шақырған «Бозатаў»ың боз емес, маңлайымызға сор екен. Көшемен... Ағайинге кел, ағайинге кел! — деп, қақылдап, мине напақадан айырдың. Ағайин менен аўыллас отырғыза ма, бул заман! Бунннан ғайры журт жақсы, орыс-орман жақсы... Көшемен!...

— Басқа жерди хан сорамай ма? — деп Таўмурат та ғаррының тасып баратырған ашыўының алдына бой таслады. — Аржақта не болып атырғанын қайдан билесең? Ханның аяғы жетпейтуғын жер, хәмири өтпейтуғын ел бар ма? Суў көрмей неге жалаң аяқланып жүрсиз. Суўытпаң қолды! Қосыбай бир илажын ислеп келер. Хан халықты қырып, Таллықтың қысымын сорай ма?

— Шаўқымды еситип әдейи бурылды ма, көлдиң ултанынан зоңқ етип шыққан Турымның төбеси көринди. Шубар ала өгизди жетекке алған. Оның изинде гүрең аттың үстинде, қанжығасында еки қараўылы бар, дуғыжым ийинли, аяқ қолы узын, жас жигит киятыр. Оның соңында хәр путаны бир тимискиленип жортып, желип киятырған ақ тазы бар.

Турым Таўмуратлардың жыйынына араласқан ўақытта Әжинияз ды ертип Өтемурат та келди.

Таўмурат ат үстиндеги баланың тесирейген ала көзлерине, түги шаншылған кирпик қасларына, ғайратлы ажарына суқланып қарап, Турымнан:



— Бул қайсы инимиз? — деп сорап еди.

— Аржақтан келген бизиң бир жийенлер, — деп, адамлардың дыққатын баладан аўдарғысы келип, Қулымбеттиң үйине жасаўыллардың келгенин әңгиме етти. Әжинияз бурыннан бир аўылда өскен қурдасын көргендей бейим тартып, ат баўырына бара қалды. Өтемураттың ықласы тазыда. Қапталына келген ақ тазыны айналып-үйирилип, еки көзинен сыйпап тур.

— Қалай екен балам, бизиң тазы? — деп, ат үстиндеги жигитке қарады.

— Тазы қуўнақ, ата — деп, ол қанжығасындағы бир қырғаўылды Өтемуратқа таслады. — Саўға, ата!

Өтемурат қырғаўылды бермесе де, адамлардың көзинше тазысын мақтағанға мардыйып қалып еди. Саўға инам еткен ўақытта сонардан өзи олжалы қайтқандай мардыйды.

Усыны сезип Әжинияз:

— Ерназар ағаның қолына түсип, тазы да бир маўқын басқан екен. Өтемурат атамның қолында ышқыста еди, жаныўар! — деп қапыя айтты.

— Ол айтқаны дурыс, — деди Өтемурат гәптиң ушын илип алып. — Тазысы жүйрик ийеси мешер еди. Енди Ерназар балам көрсин, қызығын!

Усыннан кейин Әжинияз Турымның әңгимесине қулағын салды.

— Жасаўыллардың пәти жаман, — деди Турым гәптиң бир тыныспасында. — Ханға не сүргин түскенин билмедим. Салық күтә аўыр усайды. Ережеп те шақыраўық ғазынан айрылды. Закат та бар, кескирт салық та бар, нөкер де, белдар да бар.

— Буннан көшип кетсек қәйтеди?

— Түркистанға ма? Ой, бала екенсең-аў. Көшкенлер не опа тапты.

Усы сөз қамшы болды ма, жүресине отырған бир ғарры әңгимеге араласты.

— Дурыс айтасаң. Оннан да Хийўасына барып, халықты жылатып атырған сол Ханын көриў керек. Ханды қудай ғарғаса, қарашасы менен қас болар!

— Бар, гелленди алсын. Хан халықты не қылсын.

— Бәрин айтта бирин айт, Бегис пенен Мыржықтай әдил батырлар керек болды.

— Усы ўақытта үш ғарры келип, ешектен түсти. Турым, Ерназар, Өтемурат Әжиниязды ертип, аўылға қайтты.

— Ассалаўма әлейкум! — деп, қырман басындағылар қоғадай жапырылып, жуўырып барып ешеклердиң жылаўына асылды. Булар хәр аўылдың мектеп моллалары еди.

— Отырыңыз тақсыр, отырыңыз деп, дийқанлар жүгинип, кими қапшығын, кими шапанын жерге төсеп атыр. Моллалар қырманның берекетине дуға оқып, қолларын жайды. Хармасын сорасты, жаңа ғана ашыўы қурысып турған күйгелек адамлар да молланы көрген соң, еки бүкленип, қабағын жаза қойды. Қаладан базарлықлы қайтқан атасын қоршаған балалардай қолларын жайып, тамсанып, үш молланы дөгереклеп отыр. Жасы үлкени сөйледи:

— Быйыл мешит қәўим жәмәәтиниң ойласығы менен үсирди алыў ушын әдейи кепшик соқтырып келдик. Ана көк ешектиң ерине байланған кепшикти әкел, шырағым! — деп бир жасы кишиге өтиниш айтты.

Бағана Таўмуратқа бопса айтқан ғарры, «Үсирге әдейи кепшик әкелдик» дегенинен қәўетерленип:

— Хәр кимниң өз кепшиги бар. Соның менен ала берсеңиз қәйтеди, тақсыр? — деди.

Моллалар ғаррыға алара қарады.

— Жаратыўшы бир қудай бенделерин ондай ала-қула көрмейди. Хәммениң гүнасы бир тәрезиге тартылатуғын болған соң, бай, жарлы деп айырсақ күфир боламыз ғой! — деп мектеп молласы ғаррыны омыраўға алды. Усы ўақытта бағанағы бала келип, үлкен кепшикти молланың алдына әкеп қойды. Адамлар кепшикке қарап: «мынаўы неси?!» дегендей, ишин тартып, бир-бирин түртти.

— Тақсыр, мына кепшигиңиз қәнапаттай екен. Ернеги де қарыстан асады. Усының менен бир ярым кепшиктен берсек қәйтеди. Үсир, питирден басқа да салғыртымыз аз емес. Шымшырқадай бала шаға, — деп биреў шағынып киятыр еди, молла:



— Харам өлемен десең бермей–ақ қой! Бизди аяп берме. Молла-ийшан сеннен кеўсен сорап отырған жоқ. Гүнамнан қутыламан десең, ҳадаллап ишемен десең, қудайдан қорықсаң бер! Неге салғыласып отырсаң? Хәси сөйлейсең. Берсең, — саған қуда береди. Терис пәтия берип кетейик пе? «Терис» деген ўақытта енди қарсы даў айтыўға батынатуғын киси шықпады. Ғаррылар иштен тәўбе айтысып, қарсыласқан жигитке жыйырылып қарады.

— Берейик, тақсыр берейик! Харам ишип, иймансыз өле алмаймыз. Беремиз. Ғарғама тақсыр, қуллық!

Көптиң ишинде тәўбени көбирек айтып отырған бир ғарры оңменип көтерип, кепшикке асылды:

— Қәне, дәслеп меннен үсир алың!

Молласы, пуқарасы бәри сол ғаррының түйегине келди. Усы ўақытта жамаўлы шекпенин жалаңаш етине желбигей салып, гөне бөзден тигилген диз кийиминиң дизерликтен сөтилип жыртылған балағын көрсеткиси келмей, жуўан санына шыйырып байлаған, аш өлең бир жигит қапталындағы ғаррыны түртип жымыйды.

— Мына бийшара барлық саўапты бир өзи аламан деп ойлады ма екен. Хәммеден бурын шулғығанға мен: «бунық қырманы қызылланған шығар» — деп едим. Атызынан жыйнаған гүдишеги еки арқа шықпайды ғой...

Ғарры төмен қарап, сақалын сыйпады:

— Хәси болма, қосшым! Моллалар қуданың жақсы көрген бенделери ғой. Ертең ол дүньяға барғанда, ысырат көпиринен өтер жерде, тириликте еткен гүнаң менен берген қайыр сақаўатыңды тәрезиге тең тартса керек. Әне сонда гүнаң көп болып, саўабың аз болса, усы уламалардың пешине асылып өтесең.

Жигит салқын күлди.

— Онда ол дүньяда байлар қәйтер екен?...

— Ким билсин. Бай болған менен гүнасы аз бола ма. Ал қайыр сақаўат жағынан олар сеннен сақый емес, шырағым.

Усы ўақытта:

— Енди кимниң нәўбети? — деген молланың даўысын еситип, екеўи қырман басына келди. Ғарры молланың қолындағы кепшикти алып, еки қолы менен бийдайды үйип салды да:

— Мынаў түйек айдағанда малдың тийген туяғының ҳадаллығы ушын! — деп, бир кепшик толы дәнди қаптың ишине салды.

— Қәне, үсирди бер! — деп ескертти молла: «бермей жүре ме» деген пәмге кетип.

— Беремен тақсыр, — деп ғарры тағы бир кепшик дән салды да, «енди пәтиясын алайын» деп кепшикти бир шетке шығара бергенде, молла:

— Ҳаў! — деп ғаррының бетине иренжип қарады.

— Балаңыз мектепке бара ма?

— Әй, бир-еки күн қатнап еди. Быйыл жаслаў екен. Жарын бермесем... — Ғарры төмен қарап қыйпақлады.

— Бәри бир. Мектепке кирсе болғаны да. Тағы бир кепшик тасла. Еле жан басына бир тилладан питир де аламан.

— Ярым тилладан емес пе еди, тақсыр? — деп ғарры кепшикти қолына алды.

— Мына бенделер жыл жылдан азып баратыр ма, қалай-қалай сөйлейди! — деп, молла мысқыллап, жолдасына қарады. Тоқшылық болған сайын тартылып баратыр ғой...

— Қәйдем, сол тоқшылықты көре алмадық ғой, тақсыр, — деп ғарры минайымсып сөйлеп, жоқшылығын айтып шағынды ҳәм баласы ушын тағы бир кепшик дән берди.

Үш кепшик дән алған соң молланың кеўили раўаж болды да, ғаррыға тәселле айтты:

— Көресең, бул дүньяда көрмесең, ол дүнья бар... Бирақ, жолдан азыўшы болмаң. Қәне жай қолыңды, бир дуға берейин!...

Алба-далба кийимли жалаң аяқлар, жабыла гүўлеп, қолын көтерди.

## ОН БЕСИНШИ БАП

Түн ярымында биреў Өтемураттың ылашығының шыпта есигин көтерип, ергенекти қушақлап тың тыңлады. Иште қәўиплөнер адам жоқ екенин сезди ме, ергенектиң бас жибин шешип, ылашыққа кирди.



— Өтемурат аға, ҳа Өтемурат аға, хабарлас! Оян аға, Өтемурат — деген әлле кимниң жалынып турған даўысынан сетем алып, Өтемурат шоршып оянды да:

— Ҳа-ҳа, ҳа... Бул ким? — деп даўрығып басын көтерди.

Түн тастай қараңғы еди. Өтемурат үйине ярым ақшамда бийсәўбет келген адамның уры я жолаўшы екенин айыра алмай албырап, тум-тусына сығалап қарады. Әллен ўақытта есикте жеңирейип турған биреўди көрди.

— Шыраңды жақ, аға! Сонысын танысармыз... Меннен қаўлықпа, — деп ол адам өтиниш айтты.

Өтемурат орнынан турып, қазан-табақ туратуғын жаққа барып, қармаланып жүрип, тас шыраны услады. Оны әтештанның ернегине қойып, кесеў менен ошақтағы күлди аўдарыстырып еди, кештеги қоздың арасына тасланған жас тезек шала жана келген екен. Еки қамысты уўқалай сала, тезектиң қозына басып, үф,-үф,-үф — деп, арасында тезектиң ашшы түтинине шақалып, деми қысып зорға алыстырды.

Жекен пиликли тас шыра жанған соң жолаўшы Өтемуратқа қолын узатып, сәлем берип, оң жапсарға барып отырды. Екеўи бир-бириниң бетине тикленип қарап еди, жолаўшы «мен ғой, танымадың ба, аға?» дегендей жүзин төмен каратты. Өтемурат: «еле айыра алмадым ғой» деген пәмде жолаўшының бетинен көзин жазбай тур. Жас жигиттиң қара торы нәзери пәс. Қабағы қатып, мезгилинен бурын ети қашқанына ҳәм бул ўақытта лапылдап туратуғын көз жанарының жалыны қараўытқанына қарағанда узақ жолдан сабылып келгенге ямаса әлле кимнен қысқы жегенге усар еди. Қас қабағын биреўлерге усатса да айырып таный алмай Өтемурат дағдырып отыр. Жигит те жуўғарада жөн жосағын айта қоймады. Әбден шыдамы таўсылған соң үй ийеси жол болсын сорады.

— Таный алмадым, иним. Кимниң баласысаң? Аманлық па, бийм езгил қайдан жүрсең? — Өтемурат тынысппа етип, таный алмағанына уялғандай әфиўлик сорады, — адам картайса есте орталана ма деймен. Кеше көрген балаларды таный алмаймыз.

Жолаўшы жымыйған пишинде бул сөзге «рас-ақ таный алмастай өзгердим бе я Өтемурат жорта сорап тур ма екен?»

деп ойланып отыр едим. «Рас, картайса көз де гиреў тартады. Оның үстине бул пақырдың не күтими бар».

— Мен Ержанман аға.

— Я. — Өтемурат ойланып қалды. — Ержан? Бизиң жийен Ержанбысаң?

— Аўа. — Жигит муңайып жерге қарады. Өтемурат ар-сар.

— Ҳаў, иним күтә жүдеп қалыпсаң ғой... Әйтеўир бир жерде көргенге усатаман-аў. Дениң саў ма? Сени сол күнги ақшамда суўға кетти деп жорып еди ғой...

— Аман қалып едим ғой... Жигит суўық демин алып, гүрсинди. — Нигарханнан хабар жоқ па?

— Жоқ, — деди Өтемурат кәўетерленип, — сен қайда болдың, соннан бери?

— Әй, аға! «Жар жығылып жайын өледи, жала менен ер өледи» дегендей, қырғыйдан қашқан шымшық болып, бир жылдан бери бираз жерди гездим. Қыз алып қашып — бул жаққа күйеў атанбай, келин апарып — ол жаққа жигит атанбай, еки елге де масқара болған соң, аўылдан шығынып кетип, жоқары жақларда баспаналадым. Аздым. Тоздым. Исенген бий ағамыз қайта «узағырақта жүрсин, байдан қорқаман!» депти.

— Аўа, заманың солай болса, илажың қанша! Мен де қолымның жуқалығынан бир кемпир алалмай отырман... деп, Өтемурат та өз муңын айтты, — сөйтип, ендиги ойың қандай?

Ержан бул сораўға бирден батына алмай, бираз тунжырап отырып, оннан кейин әлле бир кеңестиң ушлығын шығарайын деп турғандай Өтемуратқа жалтақлап қарады.

— Нигархан тири усайды...

Өтемурат жигитке жалт етип қарады:

— Тири!...

— Аўа. Тири усайды. Сол күни ақшам ығып баратырған қызды ханның кемеси көрип, шығарып алыпты. Яўмыт ишинде усайды. Жоқары жақта.

— Япырмай-а, бала! — деди Өтемурат таңланып. — Хан кемеси ме екен, я саўдегер ушан кемелер ме екен?

— Ким болса да, әйтеўир алып кеткен. «Түси келиспегенниң, иси келисе ме?» Соның менен басыңды аўыртып не керек. Мен елден қашқанда «бай келининиң, Қосыбай қарындасының қунын даўласады» деп қорқып жалтарып кеткеним жоқ. Мен басымды Нигарханның жолына байраққа тиккенмен... — Жигит сарсылып, буўлығып, гәпиниң соңын әллен ўақытта жалғастырды. Өтемураттың да жаслық шағы есине түсип, буўыны босады. «Әй айралық ай!» деп гүрсинип, жаны ашыды.

— Сөйтип Нигарханды излеп яўмытлардың бир-еки аўылына да бардым. Шеттен сораў салып барғанға сырын айтпайтуғын халық екен. Бирине-бири силтеп, дерегин сездирмеди. Сөйтип, сижары болып, үйге келсем, кемпирим менен қарындасым егил-тегил жылайды. Сағыныштың жылаўы емес, мүсийбет жылаўы. Бий ағамыз байдың сарпайына қызықты ма я бай «жесиримди тартып алды деп, арыз етер», деп қорықты ма, әйтеўир «жыласа гедей жыласын, бай ырза болсын» деп Халмураттың баласына бизиң қарындасты бериўге барлығы пәтия оқысыпты. Бий ағамыздың бийлик питими усы усайды. Сөйтип еки жақтан мертилип турман...

Усы сөзди айтып, тунжырап отырған жигиттиң ажарына Өтемурат көз қыйығын салып еди, аңлыған аңын таппай, дағдырып дәси қайтқан ашыўлы арысландай көзи қанталасып, шаншылып тур екен.

— Буларда ийман, саўап жоқ! — Өтемураттың да ғазабы қайнап, буўлыққан даўысы ериксиз шаңқ ете қалды. — Не деген қорлық. Еки жас қосыламан десе, шақын сындырады. Қосылмаймыз десе, таяқлап көндиреди. Не деген сумлық! Мына заман қалай-қалай болып барады. Ақыретсиз көсилип жатып, керилип жүретуғын күн болар ма екен? Я бас-басынан хәр ким бир көлатқа посып кете ме?!

— Әстерек айта бер, аға, — деп жигит кәўетерленип жан-жаққа қарады.

— Әстеректен кетти!... Әстереги қалған жоқ.

Өтемураттың ашыўдан танаўы көтерилип, көзлери шағыра-йып кетти. — Болмаса не?... Сен бийшараның я алған хаялың жоқ... Байға не деп қыз бересең. Қун орнына қун деўге, сен байдың қызын алып қашсаң дурыс. Гедейдиң бир қызы кетеди.

Қуны ушын бай тағы бир гедейдиң қызын алады, бул не қорлық...

— Бийден гүдер үзген соң кемпир менен ойластым. Паналап сағаң келдим. Мениң ойым былай: Өзим өлмей байдың баласына қыз түўе, бир салым дуз бермеймен. Бирақ олар көп, мен — жалғызбан. Сонлықтан бул аўылдан қызды алып кетпесем болмайды. Бизлер кеткен соң кемпирди қолыңа ал деп өтинип келдим.

— Химм! — Өтемурат ишинен: «намысы бар жигит болыпсаң, усынша жаўға жекке шығаман деп турған сеннен бир неме өнер!» деп, кеўили қаўып қалды. — Оқ тийген үйректей алды-артына сүңгип, жаяўлап келген жийенсең. Дайың екеним рас. Мениң әтештанға сыймай атырған балам жоқ. Апаңды бағайын. Тәҳәрет суўымды жылытып берер. Ертеңге шекем усы жерде бола бер. Бул ылашыққа хеш ким келмейди. Еки керегеден басқа дүньясы болмаған соң Өтемуратқа бай да, бий де хәўес емес. Ал енди мен өзиме тәбия жигитлерим менен бир кеңесип алайын. Кеңескен ел азбайды деген. Ашыў — араз, ақыл — дос. Байдың арын арлаймыз деп, сениң жағаңа қол салған жигитлер де бул күнде өкинишли! Есабын тапса уятын аршыйжақ. Қәне дем ала бер, Ертең бир ақыл табармыз...

Өтемурат сәҳәрде турып, таң намазын оқыды да, Ержанды оятып, сырттан тәмби басты.

Ержан ой үстинде... «Ер де, дана да жарлыдан шығады. Әўел баста усы дайыма неге бой тасламадым. Жоқ. Дүньясы жоқтың, аўзының дуўасы да жоқ. Ол күни бул пақыр не жәрдем етсин». Оның көз алдында Нигарханды излейжақ келешек талабы елеследи. «Ол тағы түркмен аўылына барды. Бир азамат түркмен Нигарханды Ержанға қосты. Жыласып, күлисип, сағынып, муңайып қосылды... — Ержан түргелип, жабықтан сыртқа қарап, киршиксиз салқын ҳаўаны көкирегин толтырып жутты. Бир жылдан бери сарсылған, ўайымлаған, жабыққан кеўилине «Бозатаў» аўылының азаңғы көриниси әлле қандай бир йош киргизди. Денеси қуўнақ, бойы жеңил, жүрегин басқан зәрдели перденй сәҳәр самалы желпип алғандай толықсый ма,



шәўкилдей ме, балқый ма, — қулласы бир ләззеттен нәр алып тур.

«Ер туўған жерине»... — деди ишинен. — Сағыныппан-аў... Бозатаў!... Тек Нигарханың кемис-аў! — Қатара қонған ақ, қара үзикли отаўларға, олардан бир беткейлеў турған шыпта үзикли үйлерге қарап, узақ тигилди. — Бизиң Нигарханның үйлери гой анаў... — Сол үйлерден Нигархан шығатуғындай емиренип тур. — Мына жол менен қабақты арқалап, ырғалып басып, суўға келетуғын еди. — Шырайын көриў ушын көзин жумды, — жаўқылдаған жайдары минезли, жаўдыраған қарамық көз... Мыйығынан сары майдай созылып күлгенде еки бети ийрим тартып турғандай толықсыйды. Тулымшағы жилберип көзине төгилгенде сүйириктей ақ бармақлары менен қайырып бир қарағандағы назын айтсаш! Мынаў дәрья... Анаў Нигарханның суўға келип туратуғын жағысы. Баяғы қалған қабақ қайда екен?... — Ержан басының жабықтан шығып турғанын сезбепти. Өтемуратлар ғана алыстан көрип киятыр екен. «Бул не?» деген даўыстан жигит шоршып кетти.

— Мынаўың не, шырағым — деп Өтемурат жекиринди, — сен кимниң аўылында турғаныңды билесең бе?... Жийен болсаң маған жийенсең. Хийўалылардың жийени емессең. Қосыбайдың қарындасының елиў туўарын төлеп, күйеўлеп келгендей хеш кимнен айбынайын демейсең. Жаны күйген биреў жағаңнан ала кетсе, қәйтесең?...

Маңқыйып турған жигит дәсинен қайтты. Қысыныспада қалды. Тоқсан түрли ойдың толқынына батып, муҳаббат делбеси болып, әрман, арзыў, қыял, — үшеўиниң жетегинде ериксиз баратырған Ержан қысылғанынан:

— Сизлерге қарап тур едим, — деп шайып-жуўды.

Ылашықтың ишине бир топар адам кирди. Өтемураттан соңғы жасы үлкени Таўмурат. Ал қалғанлар Әжинияздың қатар жоралары. — Өтепберген байдың иниси, — Пирим, қазақ жигити, — Әзберген ҳәм падашы — Әсенбай еди.

Ҳәммеси ылашыққа жапырыла кирип, Мәккеден қайтқандай Ержанға қумарта қарап тур. Олардың ишинде тек Әжинияз ғана Нигарханды ойлап, сарсылып төмен қарады. Әжинияздың

усы тәбизин сезди ме, бир мәҳәлде Таўмурат та өткен иске өкингендей иштен тынып, өзин бир беткей алды.

Аман түўеллик сорасып болған соң Өтемурат Ержанға келген жигитлерди таныстырды. Таўмурат пенен Әжинийязды айтқан ўақытта Ержан шоршынып, Өтемуратқа иренжиңкиреп қалды. Оларды еле де жаў деп ойлап жүр еди. Душпанға услап бериў ушын келген емес пе? деген пәмге кетип, оны қорқыныш сезими бийледи. Жигит тәўекелге бел байлап, иштен қалтырады.

Зийрек жигит Әжинийяз Ержанның усы қолпылдысын ҳәммеден бурын сезди.

— Ержан аға, — деди Әжинияз ҳаплығып сөйлеп. — Усы адамлардың ишинде Нигарханға меннен жақыны жоқ. Сиз бизди алдарқатпай, шынын айт. Нигархан өлген болса да, мен қара басым сеннен қун сорамайман. Сизди сүйген екен, муҳаббат жолында қурбан болса, ийманын берсин. Бул дүнья тарлық етип, тар болмаса зорлық етип, жылап айрылысып, жәннетке барып қосылған жети ашықтан артық па? Нигарханды тири дегенге исенбеймиз. Бирақ өлди деўге ҳеш бир жерден сүйеги табылмады. Мен «балықшы» аўылларының бәрине бардым. Тири болса, жүдә жақсы.

Ержан Әжинияздың әдил төрелик сөзине иштен қайыл қалып, баўырман ҳақ жүрегине елжиреп кетти. Усы баланың ҳадал кәткудалық сөзи ушын Ержан бар сырын ортаға салып, айдаўға кетсе де, рийза еди.

— Сеннен бул сөзди күткен жоқ едим, иним, — деп, Ержанның жүзи жадырап кетти. — Сол күни Нигархан тири қалыпты. Жоқары журтта усайды. Өтемурат ағаға айтқан хабарым тақыйық. Излеп кетежақ едим. Қулымбет бий ағамыз байдың даўынан қорқып, бизиң менен жаў болыпты. Өтемурат аға айтқан шығар.

Ержан усы сөзди айтты да, Өтемуратқа нәзерин салды.

— Аўа, жигитлер! — деп түсимпаз Өтемурат та қалған гәпти өзи баянлады. — Ендиги ойы: Ержан қарындасын алып кетежақ. Бул пикири дурыс. Себеби: Қулымбет жасаўыллар елде бар ўақытта күш алып, ойға алған дийдин болдырмай



қоймайды. Сонлықтан тез қыймылдаў керек. Буған бир өзиниң шамасы келмейди. Қашқанда да екеўине еки жарамлы ат керек. Болмаса, еки аўылдан өтпей-ақ усланады. Усланса Ержан Хийўаға айдалады. Қарындасы байдың қолына түседи. Гәптиң ҳаққаныйы усы. Сонлықтан Ержан маған бой таслап келсе, мен сизлерге арқа сүйеп отырман. Ерге еткен жақсылық жерде қалмас.

Бундай созылған жиңишке ойласықтан жалығып, шорта кесип айтаман деп Пиримниң ҳәммениң қыялын бөлип жиберетуғын гүрт бир төрелиги бар. Соған салып:

— Несине ойланасыз. Биреўдиң қарындасы менен байдың не иси бар? Көште кете бер, — деди жеделленип.

— Ал Пирим кеселеди, — деп, Әзберген оның сөзин дәрриў дәлкекке алды.

— Көшиўге болмайды. — Гәпке Таўмурат араласты, — Онда Ержанды услайды. Ержанның гүнакар бир жери бар ғой. Ол, — байдың жесирин алып қашқаны. Сонлықтан ойланған жөн.

— Бизиң хызмет, сизлердиң бириңиз болыў. Кәткудалық жағын сизлер шығара бериң, — деп Әсенбай дослығын билдирди.

— Айыпқа буйырмасаңыз, менде бир кеңес бар, — деди Әжинияз.

— Айт, айт. «Ақыл жастан шығады»... кеңесейик. Мәсләҳәтке жыйналдық. — Өтемурат сөйлеп жүрип, қара кесеў менен ошақтағы шоқты қара қумғанның түбине қарай ысырды.

— Ержан аға, муңсыз өткен ашық жоқ. Бурынғы бабаларымызда талай шер төккен. Мақтымқулы да Меңли қызды алалмай әрманда өткен. Излеп келген баласы Сухрабты танымай өлтирип қойып, Рустем де өмир бойы пушайман жеген. Көретуғын мийнет, шегетуғын дәҳмет бар шығар. Буны ҳеш кимнен көрерлиги жоқ. Тәўекел кемесине мине бересең аға... деп Таўмуратқа қарап еди, «дурыс айттың, дурыс!» деп басын екшеп отыр екен. Әжинияз гәпиниң изин жалғастырды.

— Нигарханды излегениң мақул. Бирақ, Айжамалды ертип,

қашпа. Қаңғырып тамағын таба алмаған соң қарындасын апарып сатыпты. Анасын таслап кетипти. Ғарғыс алды деген насаққа қаларсаң. Душпанның гүнасын мойнына қойып, жеме-жемеге келгенше сабыр ет.

— Тап усы пикирге мен де қосыламан, — деди Өтемурат.

Ержан бой тасалап жүре турсын. Қызды анық жан алқымға алған күни «сен қылғанға мен қылдым, сеннен артық не қылдым?» деп атланыў керек.

Бул нәсиятқа отырғанлардың бәри де: «дурыс дурыс!» деп басын ийди. Енди Таўмурат шешилисти.

— Байға кеги, бийге парасы қайғы. Ал гедейге баласы қайғы... Қайып бийшара не қылсын. Түбинде жат-журтлық нашар ғой! Қудайдан көрип жүр. Болмаса қызды асырап сақлаған сол. Ал бийге, пара болса, даў болса — болғаны. Қаспағы қалың қатады.

— Таўмурат дурыс айтады, — Өтемурат пақырлап қайнап атырған қуманды ошақтан алыў ушын тутқышты излеп жүрип, гәпке араласты. — Усы мен айтайын. Ҳәзир мына Ержанның төбеси көринсе бар ғой, бай буны жасаўылларға услап берип, шаңырағын ортасына түсиреди. Түсиргени, — жасаўыллар жаманатлы қылып, Хийўаға апарып тапсырады. Онсын ханның зинданына түседи. Оннан айырыў аңсатлыққа түспейди. Ойлан, жийеним!...

... Сол күни Ержан сөзди бир жерге қойып, түн жарпында жигитлер ылашықтан шықты. Түн тастай қараңғы еди. Аўылдың шетине шығып гөне арнаның ултанына түсти. Усы ўақытта Әсенбай да бийдиң сары жорғасын жетеклеп келип, дизгинин Ержанға услата берди.

— Қутлы болсын, жийеним! — деди Өтемурат жымыйып. — Мин үстине! Бир ябы қуралы талай күшиңди Қулымбет бий сорған шығар. Қай бири ҳадал малы? Көп параның бири. Көп гедейдиң бир тайы. Саған буйырды. Алдыңды алла ашсын!...

— Жигитлер аўылдың сыртында аттың зәңгисин басып турып, Ержанды атландырып қайтты.



# ОН АЛТЫНШЫ БАП

## 1

Қулымбет бий қусбеги Мухаммед Нәзирди Халмурат байдың үйине емес, Мәдемин байдың үйине түсирди.

Бул — жасаўыллар даўагер Халмурат байдың үйинде қонақ болса, «пара алып, байға тартты» деген журттың гүңкил сөзи шығар деп, Қулымбет бийдиң тапқан ақылы еди.

Бирақ Мәдемин де Халмуратқа қашық емес. Абырой шерик, аталас иниси. Жасаўыллар келгели Мәдеминниң иниси Қудияр-дың Қосыбай аўылының қырманына ала топылып жүргени де, бир жағынан Халмурат байдың кеги ушын ат салысқаны еди.

Мәдемин менен Қудияр енши алысқан жоқ. Булар бир атадан үшеў. Ортаншысы Қарақул — орта ҳаллы, мөмин киси. Бул көшеден бай — ҳәмелдар атағы кешип жүрген Халмурат, Мәдемин Хийўадан бери қалаларды айналып, саўда жүргизеди. Қудияр болса — мурап. Таллықтың суўының ҳәмири соның қолында. Суўсыз — тиришилик жоқ, олай болса, гедейдиң тиришилик тәғдири де, Қудиярдың қолында.

Ол «Қудияр жилли» деген атақты тегин алған жоқ. Егини жаңа баслайын деп турған ўақытта, суўдан әспек қылып, жабының сағасын көмдирип, талайды ырысынан айырып, қан қақсатып кеткен усы Қудияр. Өйтпесе бай ағасының есигине салатуғын малай табылмайды. Алты ай тәрбиялаған егининен «ҳәл сүп» болғанларды Қудияр гүзде топар-топар айдап әкелип, Мәдеминниң орағына салады.

Усындай бир топар орақшылар жасаўыллар келди деген хабарды еситип, арыз етиў ушын Мәдемин байдың отаўын айналып жүр еди. Қудияр Қосыбайды ертип келди. Тентек мураптың талай таяғын жеп, заққы болғанлар қарсыласыўға жүрек ете алмай, төбесин көриўден зып берди. Отаўдың қасында үш-төрт егеде кисилер ғана тур еди. Қудияр:

— Айдатайын ба, Хийўаға. Тур, жоғалың. Ҳақы сорасаң бир базардан соң кел, — деп камшысын үйирип, оларды да қуўып салды.

Орақшылар кеткен соң Кудияр Қосыбайды ертип, отаўға кирди. Алты қанат ақ орданың төри менен жапсарын алып, гилең ҳәмелдарлар отыр. Алдыларына екеў ара гөш қуўырдақ тартылған. Еки жасаўылдан тете отырған Қулымбет гөштиң сүбели жерлерин жылан көзли муртлашқа асатажақ болып, сары қасықты апарып еди:

— Рахмет! — деп ол да жемге үйренген өгиздей гүжирейген мойнын созды. Бий асатқанына мәз болып, қапталындағыларға жымыйып қарап қойды. Ал Халмурат бай, Есен қазы, Мәдеминлер жасаўыллардың аўызына аўқат салған бийдиң мәртебесине ынтығып, инам болғандай болса, қасықларын алып жуўыра қояйын деп отыр.

Қосыбай таңланып таңырқаныўдың да, әжиўалап табалаўдың да есабын таппай, енжары көзқарас пенен ошақ жаққа барып отырды.

Аўқат үстинде қол алысқан жоқ. «Ассалаўма әлейкум!» айтылды. Бәриниң де көзлериниң жанары муздай қатып, Қосыбай кириўден найзадай шаншыла қалды.

Қосыбай туйық минезде түйилип отыр. Бул келиўден жасаўыл басы болды деп қолын табақтан тартты. Оны көрип басқалары да кейин шегинди. Бий «усы бастан қыр жесин» деген пәмде жасаўыл басының сарқытын Қосыбайға бергизбей, Мәдеминге: «бала-шағаларға апар» деп атландырды да, бай менен қазының сарқытын Кудияр менен екеўиниң алдына қойғызды. Қосыбай да астың ҳүрмети ушын бармақтай етти аўзына салып, табаққа қайтып қолын узатпады.

Әңгимени Мухаммед Нәзир қусбеги баслады:

— Қосыбай молла деген сиз бе?

— Аўа, биз тақсыр.

— Не ушын бийдиң салғырт жыйнаўшы адамын талатасыз. Атын, малын неге алып қаласыз? Бул биринши сораў? Қәне жуўап бер?

— Мүширипти биз емес, мәмелек айландырыпты, тақсыр. Жин-пери қамашалапты. Жинге биз не ҳийле етемиз... Пери, шайтан көп...



— Хош, екинши сораў: Халмурат бай менен қуда болдыңыз ба?

— Болдық.

— Жесирин неге қашырасыз? Қуда атын неге бузасыз?

— Қашырғанымыз жоқ. Бийдиң аўылының жигити алып қашып кетти.

— Байлап, зорлап әкеткен бе, я қыз өз тилеги менен қашқан ба?

— Өз ерки менен...

— Ҳәзирети ханымыздың жарлығы сизиң елден бузылыпты-ә? Хийўа сорамында өз ерки менен кеткен қыз жоқ еди. Сиз бузықбасы болдыңыз. Заман усындай басшысы жоқ елден азады. Көргенсиздиң қызы шәрият бузады. Хан алдында жуўап бересиз...

— Тақсыр, бий неге қарамағындағы жүўенсиз жигитлерге дәкки бермейди?

— Қораңыз мықлы болса, қасқыр кирмейди. Қызыңа бек болалмай, хан ҳәмирине қарсы шыққанлар, шәриятты бузғанлар дар астында гүнасын тартсын. Әўмийин!...

Қосыбайдан басқаның ҳәммеси:

— Әўмийин, тақсыр әўмийин! Шәриятты бузғанға ийман-ислам буйырмасын! — деп гүўлести.

— Мусылманшылықтан шықсын! — деди бий.

Қосыбайдың көз алды тынып кетти. Жала болса да қыйсынын келтирип, жасаўыл гүнаға буйырды. Хан жарлығы солай. Қыз қашса ел айыпкер. Байдың баласы жесир алып қашса, малын берип қутылады, гедейдиң баласы алса, басын берип қутылады. Қайып сорлы қызының некесинен неси менен қутылады. Ҳадалдан таўығы, ҳарамнан пышығы жоқ. Өкшеси илер жеп таппай қармалаған Қосыбай қыздың қунын даўласып еди, жасаўыл басы Мухаммед Нәзир сөйлетпеди.

— Қызды қуўған өзиң. Өлтирген өзиң. Бундай даўға төрелик усы. Ендиги кәткудалық сөз байдың жесирин бер. Жан орнына жан бер. Қыз орнына қыз бер!

— Тақсыр! — деди усы ўақытта бий. — Сары жорғаны жоқ қылған да усының жигитлери. Сизиң уллы бийлигиңизден дәмем бар?

— Бий аға дурыс айтады. Аттың урысы, малдың бөриси сенсең! Бийге аттың қунын төлейсең. Урының ийеси, сен. Сени атлап кететуғын бул атаўда уры жоқ.

Бурын үлкен даўға түспеген, жала-жалған менен иси жоқ, ақ кеўил Қосыбайдың қуйысқаны босап кетти. Шийрақ келсе де, мәккар жасаўылдың барқыраған айбатынан тайсалақлай берди.

— Ҳақлығыма китап услайын, тақсыр! — деп Қосыбай зил кирген қаўындай босасып еди, заңқылдақ қазы Есен ортаға түсип:

— Китабы көп болған соң услай береди... — деп мысқыл етти. Бул сөзге бий менен бай шортандай жылмаңлап жымыйып күлди. Мухаммед Нәзир қазыға тикленип қарады.

— Қуданың ҳүкимин хан орынласа, хан ҳүкимин қазы орынлайды. Сиз айтың төреликти! Қазы каламий китапты ашып, әдил ҳүким етесиз.

Қазы сөйлер алдында тамағын қырынып дәстанға түсейин деп атырған жыраўдай тамсанып алды.

— Тақсыр, төреликти бизге бергениңизге куллық етип, сизге бас ийемен! — Қазы тәжим берип, орнынан турып отырды. — Тақсыр, мына Қосыбай деген ханның бендеси, сизиң пуқараңыз, ана «сақыўлар аўылы»ның кәткудасы. Өзи талып илимли адам. Лийкин Есенгелди деген бурынғы бийдиң сөзине ерип, бузықбасы болды. Мәселен: Халмурат бай менен қуда болғаны ҳақ. Бай бас қудам деп сарпай жапқан. Қуданың атын ортаға салып, өзиниң аталас ағасы Қайыптың қызына пәтия оқысқан. Ҳақ па усы сөзим, Қосеке?

— Ҳақ.

Баўыры муздай қурсап отырған Қосыбайдың ишинен қазының марапаты күншуўақтай жыллы тийген еди.

— Лийкин, тақсыр, балық басынан ширийди. Ел — кәткуда адамлардан бузылады. Бузыққа тәкийит, ал ҳарам перзентке жаза керек. Қайыптың қызы опасыз болды. Шәриятты аяққа басып,



нәканы талақ, пәтияны қарап етти. Бабамыздан қиятырған дәстүрди бузды. Оның жазасы кәфир бөлими. Ал нашарды бас жипсиз өсирген Қайып пенен Қосыбайдың гүнасын ҳәзирети ханымыз кеширгей!...

— Ҳә, алла соннан сақлағай! — Мәдемин жағасын услап тәўбе етти.

— Опасыз қызды, бийнеке жесирди алып қашқан Ержанға ҳәзирети ханымыздың қәҳәри жаўғай!... — деди Есен қазы.

— Оның жазығы дар! — деп бақырған жасаўыл басының бәд даўысынан қасындағы бий солқ ете қалды.

— Әўмийин-әўмийин!... — Ҳәмме қол көтерди.

— Заман усыннан бузылады, тақсыр... Қызды еркине жибериў — кәфирдиң қылўасы.

— Сизлерде ҳаял-қыз ашық жүреди екен. Биз өзбеклер, қызды бәләәтқа жеткенсоң ең ишкери бөлмеде сақлаймыз. Ол жайдың терезеси көше жақта болмайды. Еркек үстине кирмейди. Күйеўге узатқан соң пәренже жамылады, — деп жасаўыл басы мурнын гиржийтти.

— Туўры. Шәриятта нашарлар еркекке тикленип қарамаўы керек. Ҳаялға өз еринен басқаның жүзи мәкириў. Бирақ, биз жаўгершиликти көп көрдик. Бир жерде қырқ жыл қоныс басқан халық емеспиз. Түркстанда отырғанда бабаларымыз жаўгершиликти көп көрген. Ҳәтте, ҳаял-қызларымыз да шашын шекесине түйип, ақ саўыт кийип, нөкер ҳәм сәрдар болған. Соның ушын болса керек, Майқы бий деген бабамыз: «Қызлар келиншек болғанша еркин жүрсин. Есикке түскен соң көзи менен бетиниң алмасы ғана ашық жүрсин» деп, рәўият шығарған екен, — деди қазы.

Усы гәпти еситкен соң Мухаммед Нәзир «булар бала шағасына шекем урыспаз халық усайды» деген кәўстерге берилди ме, Қоңырат аталығынан шақырған нөкерлериниң кешиккенине тақатсызланып, қасындағы Мәтқурбанға:

— Атланып, жол қара. Әлмурат неге кешикти? — деди. Мәтқурбан орнынан турып еди, Қудияр:

— Мен де бирге барайын, — деп Нәзирден руқсат сорады.

— Мақул, — деди жасаўыл басы.

Мәтқурбан менен Қудияр сыртқа шыққан соң отаўда даў тағы қызды...

Қудияр далаға шыққан соң, Мәтқурбанға қарап:

— Пай, сонарға шығатуғын күн екен-дә? — деди.

— Сонар деген не? — деди Мәтқурбан Қудиярға шекелеп.

— Мынаң қара? Жерде қырпық қар бар. Ана тоғайда қоян көп. Биз сол тоғайдың үстинен жүремиз. Қуры қайтқанша қоян қашыртайық десең, бир жаманлаў ийт бар, ертип жүремиз. Қоянды ол тоғайдан урып та аласаң.

— Мейли, — деди Мәтқурбан, — шақыр ийтиңди. Жасаўыл басыға қоян саўға етсек, қандай жақсы.

Қудияр салпы қулақ, аңшы ийтин ертип шықты.

Олар тоғайдың ишине кирип, ярым шақырымдай жер жүрген ўақытта қанбақтың арасынан бир қоян атлыға қашты. Қудияр менен Мәтқурбан қыйқыў салып, атларын қамшылай баслады. Булардың қасындағы аңшы ийт қоянды көре сала, қуўып еди, жете алмай адасып қалды. Бир мәҳәлде булардың қарсы алдынан бир ақ тазы шыға келди де, жатаққа жатқан қоянды үркитип, арқаға қарай қуўды. Қудияр бир төбеге шығып, еки ийттиң қызығына қарады да турды. Аңшы ийт аз ғана жер жуўырды да, шамасын билгендей қаңсылап, турып қалды. Ақ тазы кийиктей атлығып, қоянды тарпа басты.

— Ал, жүр енди? — деп Қудияр жасаўылды ертип, тура шаўып баратыр еди, тоғайдың ишинен бир атлы шықты да, тазыға булардан бурын жетип, қоянды қанжығасына байлады.

— Бул ким өзи? — деп Қудияр жақынласып барып еди. Соқпақ жол менен желип жортып Ерназар киятыр екен. Қанжығасында бес-алты қоян, қырғаўылы бар. Қапталында киятырған бағанағы ақ тазы.

Мәтқурбан менен зәңгилесип Қудияр:

— Анаў Есенгелди бийдиң атқа шыққан тазысы. Қашқан аңды алдынан кесе өткермейди. Бизге бермей жүр. Шикәрға шыққанда ханға ылайық. Сиз алың. Хийўаға апарсаңыз, Хан сарайына тартыў етесиз, — деп сыбырлады. Келгели өшпенли жасаўылда не турыс! Қасына қуйынлатып шаўып барды. Сыла-



йын бузық көрди ме, Ерназар сәлем де бермеди. Әбден қәҳәрли келген жасаўыл:

— Заңғар «Қоңырат» көзиниң ети өскен екен дә! — деди топа-торыстан. Ерназар томсырайып, иллә деп аўзын ашпады.

— Неге үндемейсең, заңғар. Кимсең?

— Адамман.

— Мен киммен?

— Сен адам емессең, жасаўылсаң.

Алдында турған жигиттиң тәкаппырлығына Мәтқурбанның ашыўы қайнап кетти.

— Түс алдыма, бәтшағар! — деди Мәтқурбан, — мына ийтти хан сарайына апарамыз. Мына қоянды атыўға кимнен руқсат алдың? Ханның жери бул. Атыңды, ийтиңди патшалыққа аламыз. Әкел, ана олжаны! — деп жасаўыл аттың қанжығасына асылды.

— Өзиңди ер билсең, басқаны шер бил! Мениң бабаларым қанжығасынан олжасын берип көрмеген. Хан елдиң ханы, көлдиң ханы емес! Тарт қолыңды! — деп, Ерназар ат үстинен қағып алып, ылақтырып жиберди де, Қудиярға тура умтылды. Ол қолындағы қамшы менен сабалап, қашып жүрип урысып еди, Ерназардың анық изине шуқшыйып түскенин көрип, аўылға қарай тура шапты.

Ерназар қашқынды қуўған жоқ. Тоғайда қалған жасаўылға қарай жүрди. Буның тағы киятырғанын көрип, Мәтқурбан атына ырғып минди де, қылышын жалақлатып қарсы жуўырды. Ерназар қуў торaңғылдың бир шақасын омырып алып, шоқмар қылды да, жекпе-жекке келе берди. Жасаўыл қылышты көтерген ўақытта, Ерназар шоқмар менен аттан қағып түсирди де, жерден жулып алып, тағы тақымға басты.

Жасаўыл күши жетпесин билген соң, енди халыққа масқара болмайын деди ме, Ерназарға жалына баслады.

— Мени босат, иним! Сизге енди тиймейин. Елге масқара қылма!

— Мени Хийўаға айдамайтуғын болсаң босатаман. Болмаса ҳәзир геллеңди омырып аламан. Батыр еки сөйлемейди. Мен Айдостың туқымынан. Билип қой!

— Ант ишемен, — деди Мəткурбан.

Ерназар жасаўылды босатты да, тазысын ертип аўылына қайтты.

## 2

...Мухаммед Нəзир нөкерлериниң кешиккенине тақатсызланып, Қулымбетке «сырттан хабар ал» деди.

— Қуллық, тақсыр қуллық! — деп бий майданға шықты.

Отаўдағылар аз ғана тым-тырыс болып еди. Бий хаплығып үйге қайта кирди.

— Нөкерлер киятыр, тақсыр!

Үйдегилердиң бəри өрре турып, сыртқа жуўырды. Қосқостан атлар жеккен еки арба толы нөкер келип, байдың отаўының алдына келип тоқтады. Бəринде муздай қарыў. Хəр арбада үш-төрт нөкер отыр. Алды менен арбашылар түсип, арыстан атларды шығарды. Күтип алыўшылар арбаны айланып, емпеңлесип жүр:

— Аман келдиңлер ме?

— Болдырмадыңыз ба?

— Бəрекелла, жақсы келдиңиз.

Мəдемин хызметкерлерге ис буйырып, еки үйдиң арасында жуўырып жортып жүр. Бий, Халмурат бай, қазы, — үшеўи жасаўылларды арбадан қолтықлап түсирип атыр. Мəдемин бир беткей шығып, түнерип турған Қосыбайдың қасына келди:

— Көрип турсаң ба, жора? Тағы нөкер алдырды. Бир апатшылық болмағай да! Маған қара, хеш қарсыласпа. Мақул дейбер. Бир қыз ушын қартайғанда зинданда жатқаннан гөре, мың қыз алса да отыңның басы тыныш! Дос десең, нəсиятым сол. Абайлы бол? Айдап кетиўи мүмкин...

Қосыбай лəм-лим деп үн шығармады. Мəдемин шекелеп қарап, отаўына кетти.

— Қəне, кириңлер! — Мухаммед Нəзирдиң қəхəрли даўысы шықты — Жаңағы гүнакəр кетип қалмасын! — деп жəн-жағына қарады. Қосыбай гүнакəр деп өзин айтып отырғанын сезди де, хəмминиң соңынан шубатылып үйге кирди.



Қосыбайдың ақылы сарсаң. Ойласарға аўылға жибермейди. Бул жердегилердиң бəри жаў. Кимди дос тутар?...

Соңғы қонақлар менен отаўдағылар саў-саламатлық сорасты. Мухаммед Нəзир нөкерлерден Мəткурбанды сорап еди, олар көрмедик деди. «Бир жерге қайрылған шығар» деп Қусбеги тəкаппыр қəддине қайта түсти.

— Қəне, қазы гəпиңди даўам ете бер! — Нəзир соңғы нөкерлер келгенге Хийўа көшип келгендей зеребесин қайта үйирди. Барлық «Бозатаў»дың күши усы отаўда турғандай бийлер жүгингенге елат жүгинди деп отыр.

— Қуллық тақсыр! Қуданың атын айтып оқыған пəтияны тəрк еткени ушын Қосыбай менен Қайыпты қандай жазаға буйырыў, сизден тақсыр!

— Бизге салсаңыз қыздың жазасы — дар, ата-енесиниң гүнасы зиндан!... деп Мухаммед Нəзир қабағын үйди.

— Тəўбе! — деп бийлер, байлар тиксинип, Қосыбайға аянышлы қарайды. Отаўдың иши бираз ўақытқа шекем матам тутқандай жым-жырт! Хəмме үнсиз, тым-тырыс! Кəткудалар менен жасаўыллардың тум-тустан қараған ызғарлы көзлери Қосыбайдың гə геўдесине, гə бет алдына найзадай шаншылып тур.

Далада əлле кимниң шаўқымы еситилди. Үйге жибермеў ушын пешине асылған хызметкерди қағып Əжинияз кирип келди. Путында қара бөз сым. Үстинде көк ала бешпент. Узын бойлы, жаўырыны қақпақтай, шымыры денели, ақ қуба жигиттиң ашыўлы ала көзлери масаладай жанып, жасаўыллардың тас төбесинен қарады. Хəмелдарларға салқын сəлем берди. Буған тек аўыл адамлары ғана басын ийзеди.

— Тақсыр, арзым бар! — деди, Əжинияз.

Мухаммед Нəзир бийге шаншылып қарады:

— Ким бул?...

— Хə-ə-ə.. — Нəзир қалың еринлерин қымып, бала жигиттиң басынан аяғына шекем бежирейип қарады.

Усы ўақытта Əжинияз дəслепки сөзин қайталап тағы:

— Тақсыр, арзым бар! — деди.

Сонша жыйынның ортасында жүрек басқан шешендей салдамлы турған жас жигитке қусбеги таңырқанып қалды.

— Айтсын, не даўы бар екен...

— Тақсыр, хан — халықтың атасы. Атасы барлық баласын тең көрмесе, үйдиң бирлиги бузылады. Дәўды әдил шешиң. Кемликке атам көнсе де, мен көнбеймен. Хийўаға мени айдаң. Атамды азат етиң! — деди Әжинияз қәҳәрли сөйлеп.

Әжиниязға: «Әкеңди Хийўаға айдайжақ. Жасаўыллар қыс-қыға алып атыр. Тез жет» деп бағана падашы Әсенбай хабарлап кеткен еди.

Қусбеги қәҳәрли көзлерин бий, қазы байларға алартып еди, олар тунжырап қалды. Усы ўақытта еки-үш нөкер есикке ат-лығып, Әжиниязды услады да, отаўдан сыртқа алып кетти. Муҳаммед Нәзир «батыр қарасын!» деп сүренледи де, бийге бурылды:

Ертең қыздың әкеси Қайып пенен гүнакәр Қосыбай ҳәм жаңағы тентек баласы, — Хийўаға айдалсын. Биз дәрья аяғын-дағы қарақалпақлардың хан ҳәзиретке қалай мойынсынып отырғанын барластырыў ушын келдик. Бүгин ханның қусбеги метерлери менен қарсыласқан бала ертең хан ҳәзиреттиң жағасынан алады. Биз ондай бузақылардың дар, зиндан, қылыш пенен көзин орнына саламыз. Түркистаннан посып, шубырып келген халыққа хан ҳәзиретимиз малына көл, елине жер берди. Ҳүрметти билмедиңиз. Хан менен жағаласқан Айдос тұқымларының қырғын болғанын умыттыңыз ба? Бүгин тағы салыққа қыйналасыз. Қызыңыз, шәриятты, улыңыз ҳүкимди бузады. Көзиңиздиң еле аласы бар. Тезлетиң салғыртты. Ҳүким сол. Қама, ана Қосыбайды!

Қосыбайға дар, зиндан қәўетерли көринбесе де сүйириктей қылтыйып ержетип киятырған баласын Хийўаға айдаймыз дегенде жүйкеси босап кетти. Жастан аясында өсирип, «жаңа ержетти, енди бели бекисин» деп жүрген үмитли баласы Әжи-ниязды Хийўаға айдап, хан қәҳәрине дус етсе, есер хан өжет балаға қандай зақымететуғынын ким билсин!... Аталық реҳим теңизи шайпалып, ыссы баўырында қарлы боран уйтқып кетти...



— Бир қасық қанымызды кешиңиз, тақсыр! — деп, Қосыбай орнынан турып, тәжим берип отырды.

Муҳаммед Нәзир түнерген қабағын еле жазған жоқ. Бирақ бий, қазы, байлар «қарағай ағаштай қатты Қосыбай морт еттиң бе?» деп, бир-бирине қарап жымыңласа қалды. Қазы томағасын алған бүркиттей, пәнже салыўға: «бир нәўбет берсе екен!» деп талпынып отыр.

— Қазы! — деди Нәзир салмақлы сөйлеп, — сөзиңиз бар ма?

— Ләббай тақсыр. Қазы пуқараңыз арыз етеди. Хан ҳәзире-тимиздиң уллы меҳринен, сизиң уллы дәўлет-дәрежеңизден үмитим бар!...

— Айтыңыз, тилегиңизди.

— «Бозатаў» бийлериниң, бай кәтқудаларының, қазы кәлан-ларының атынан гүнәкар қыз бенен бийнеке жигит қандай жазаға тартылса да, қайылмыз. Ал бирақ туўысқанларының басларының азатлығын сорайман! — Қазы усыны айтып, аўзын жыймастан саққа жүгинип, қусбегиниң аяғына тәжим етти.

Отаў иши тағы жым-жырт. Әллен ўақта тунжырап отырып, қусбеги тил қатты.

— Питимин айтыңыз.

— Қуллық тақсыр! Шәрият бузған бузақы жигит Ержанның үйинде ержетип отырған қарындасы бар. Соны байдың баласына некелеп, байды бий рийза етсин. Некени бузған қыздың атасы Қайыптың Айсәнем деген аталас қарындасы бар. Оны бийге атастырып, Қосыбай менен Қулымбетти тамыр етейик. Бийдиң сары жорғасы Қосыбайға мингизген сарпайы болсын! Байдың кеги гедейде кетсе, Ержанның қарындасын келин етип, өши питеди. Қосыбай менен байды бий жарастырады. Ал бийдиң жақсылығы ушын Қосыбай жесир берип, бий менен татыўласып қуда болады. Еки қуданың пәтиясы үстине келген сиз, — сыйлы мийманға ат, тон сарпай жабамыз. Не хызмет буйыр-саңыз бәржай етемиз. «Дослastырмақ жаўшыдан, еллестирмек елшиден». Төрелигим усы, тақсыр!...

— Қәне, бий сиз не дейсиз? — деди Муҳаммед Нәзир Қулымбетке қарап.

— Қазының төрелиги орынлы, — деди Қулымбет бий, қәддин тиклеп, — лийкин мениң айтажағым, мына Қосыбай жетим-жесирге ғамхорсып, ийтаршы болғанын қойсын. Егер ҳақ кеўил менен ат қосшы болса, халық деген қалың жоңышқа. Орған сайын орталаныў түўе, ғаўлап өсе береди.

Күни менен өзин сабырлы услап, ҳәмелдарлардың төрелигине иштен күлип отырған Қосыбай енди тақат ете алмады.

— Аўа, бий жора, халық деген жоңышқа, бирақ күтими болмаса, ол қуўрап та қалады. Оның үстине, кәтқудаман деп мен орсам, қазыман деп Есен орса, байман деп Халмурат орса, Хийўалыман деп жасаўыл орса, төрт жақтан орақ, түссе, бесинши орақта, жер сыйпалап қалып жүрме. Мен соны айтаман. Үш мың үйли Таллықтың еки мыңы ҳәмелдар. Олар белдардан да, салықтан да азат. Бес жүз малы бар Халмурат бий да, ақ тазысынан басқа наўасы жоқ Өтемурат «жалаңаш» та, тең түтин пул төлейди. Жарлыман деп Өтемурат қалай от жақпай отырады. Гедейдиң де аўзы бар, қарыны бар. Тири, шаңырағынан түтин шығарады. Бай менен ошағың бир деп, салықты гедейге де, байға да тең салған, әдиллик пе? Мен жарлыға ийтаршы болсам, усы жағын айтып «үремен». Ал сен, бий көлдиң хожасыман деп буўыны қатқан қамысқа орағың өтпеген соң, жамбасқа жумсақ деп сүйригин жапырып басқылай бережақсаң. Халық алды менен бийге керек. Тоғайға бий болған адамды көргенимиз жоқ, — деп Қосыбай гәпин питирди.

Қулымбет бий үрлеген местей тырсыйып, қалың бетиниң алмасы қызарып исип, домбығып шыға келди.

— Мине, усындай тақсыр, — деп Муҳаммед Нәзирге шағынды. — Усы ашшы ҳәм майлы тили менен пуқараны азғырады. Салық жыйнаўшы шабарманды талайды. Сары жорғаны да «жолбарыс жеди» деп бир көлдиң қабатында сақлап отыр. Бизге теңлик бермейди.

— Ҳәмме бай болса, белдарға ким барады, орақҡа ким шығады, малды ким бағады! — деди Муҳаммед Нәзир. — Бул соны түсине ме екен? Усы бузықбасы болыўыңды қоймасаң, Қосыбай молла, хан дарының шылбыры мойныңа түсип



жүрмесин. — Муҳаммед Нәзир муртын шыйырып отырып Халмуратқа қарады. — Қәне, бай аға қазының төрелигине қалай қарайсыз?

— Мениң даўагерим Қосыбай, Қайып, Ержан, — үшеўи. Егер мениң некалы келинимди алып қашқан Ержанның қарындасын балама алып, есигиме бир түсирсем, ол гедейден сонда кегим қайтады. Ал, қызын жүўенлеп усламай қашырғаны ушын Қайыптың бузаўлы сыйырын услап отырман. Қосыбай болса, егер жесир қарындасын бийге беретуғын болса, бунын менен даўласпайман. Бий өтеймен деди.

— Қәне, жесир бересең бе, жоқ па? — деди Муҳаммед Нәзир Қосыбайға қарап, қылышын жалақлатып. — Еки ҳүким бар. Бири, — жесир берип, бий менен, бай менен питимге келесең. Егер буған турмасаң, — таң ертең өзиңди, балаңды, қыздың әкеси Қайыпты, — үшеўиңди Хийўаға айдатып жиберемен. Бул екинши ҳүким. Қәне сөйле!

Қосыбай суўық демин ишине тартып, аўыр гүрсинди. Бий-мезгил өлимине хан себепкер болған Төремурат суўпы, Айдос бий, Бегис, Мыржық батыр, Ырза, Төре, — ҳәмме көз алдынан бирим-бирим зарланып өтти. «Бунын да ақыбетин күтейин» деген ой келди.

— Жесир үйинде. Былтыр күйеўи өлди. Қолында соқыр атасы бар. Рийзаман десе, мен қол қатпайын, — деди Қосыбай әллен ўақытта. Гәпке қазы араласты:

— Күйеўи өлген ҳаял ерге тиймесе, бир жылдан кейин қолынан аўқат ишиў мәкириў. Шәрият бойынша ери өлген соң, «жесир ҳаялды ким алады?» деп үш мәртебе бақырыў керек. Қарыйдары келсе, некелеў керек. Жесирден усы ўақытқа шекем рийзалық сораған ҳеш ким жоқ.

— Болды. Гәп питти! — деди Муҳаммед Нәзир. — Үш күн ишинде аўылыңның барлық закат-салығын жыйнап келесең. Муғдары бес жүз тилла.

— Қосыбай шубатылып отаўдан шықты.

# ОН ЖЕТИНШИ БАП

## 1

Бай—бийди уттым деп, Мухаммед Нәзир барлығынды уттым деп, хәр қайсысы өзлеринше пайдасын тәрезиге тартып, иштен тынып отырған ўақытта сырттан атлардың дүрсилдиси еситилди.

Қудияр менен Мәткурбан кирип келди. Түслери суўық. Әлле кимнен ыза көргенге усайды.

Екеўи де дәслеп жаңадан келген нөкерлер менен сәлемлесип шықты. Оннан соң Мәткурбан төрге шығып томсырайып қалды.

«Тағы бир тентекке ушырасып қалды ма» деп, бий байға, бай қазыға көз астынан қарасып, елеңлей қалды.

— Не болды? Ким жәбир берди? — деп, Мухаммед Нәзир Мәткурбанға шекшийип қарады.

Мәткурбан ат үстинен шөгирли жерге қулап түскен ўақытта жараланған еки бетиниң алмасын сыйпап отырып, тоғайдағы болған ҳәдийсени айтып шықты.

— Неге қылыш пенен геллесин алып келмедиң, заңғардың?! — деп қусбеги жудырығын түйип, күйип писти.

— Ол бес-алты адамға пай берер бәтшағар емес! — деп, Мәткурбан шағынып жуўап қайтарды. — Қылышты қынаптан суўырып аламан дегенше-ақ үстинен шыңғытып урды. Турпаты гүмбездей бир добал қара жигит. — Доңыздай бәле. Көзи ала екен бәтшағардың. Қоллары бүркиттиң тырнағындай бүрген жерин осып баратыр. Мына екеўимизди қаңбақ шелли көрмеди. Хийўаның жасаўылларында өши бар ма, билмедим. «Ханыңа айтып бар» дейди. ... — Жасаўыл жапсарға қулай кетти. — Астында ала аты, изинде ақ тазы ийти бар. Қус атып жүр екен.

— Аяқ қолын байлап, келтириң! — деп Нәзир нөкерлерине буйрық берди. Бир топар адам отаўдан гүўлеп шығып, атларына қарай жуўырды.

Олар кеткен соң Нәзир Қулымбет бийге қарап:

— Ким деген доңыз ол? — деди даўысы қалтырап.



Жасаўылға дәкки берген жигиттиң еле аты-жөни айтылған жоқ еди. Сораўға батына алмай иштен қысылып-қымырылып отырған кәткудалар өзлеринше хәр кимди бир дусмаллап жорыйды. Сонлықтан бий де бул сораўға кескирт жуўап бере алмай, төмен қарап тунжырап отырған Қудиярдан сорады.

— Ерназар ғой, — деди Қудияр — Есенгелдиниң жийени.

Ерназардың аты аталған ўақытта аўыл кәткудалар бир-бирине қас-қабағы менен қарасты. Арғы тарийхын айтып қояма дегендей бир-бириниң аўзын бағады. Әсиресе Қулымбет Есенгелди менен өкпелессе де, батырдан қалған жалғыз туяқ деп, Ерназарға иштен бүйири бурды. Оның үстине туқымлас ағайин аты бар. Ағайиниң Хийўаға услап берди деген ыстанатқа қалады. Қулымбет ҳәмел ушын жасаўыллар алдында қанша жорғаласа да, елатының ары ушын гейде жан қыятуғын намысшыл да бий. Усының менен бирге өзине жынтығы тийетуғын анаў мынаў адамды өлим базарында услап бериўден де тайынбайды. Усындай еки минезли, еки жүзли қылыштай кескир бий қай жағына аўарын билмей, дағдырып та отыр. Ерназарға жаманлық ойласа — орны келип тур. Бирақ, тири жетимниң кәтере бедели болмаған менен аталарының «өли әрўақ» кеўили бар. Ерназардың аталарынан жақсылықтан басқа ийнедей жаманлық көрген жоқ. Бул жағы елге тағы қанық. «Жақсылыққа — жаманлық» деп, халық тағы күлмей ме? Усы жағын ойлап Қулымбет Халмурат байға жалтақлап қарап отыр. Бийдиң бул мийзамын Мәдемин түсинип, «айтпа» — деп, қасында отырған инисиниң санын бурап алды.

* * *

— Ерназар ким?...

— Ерназар — Айдос бийдиң иниси Мыржық батырдан қалған жанғыз туяқ.

Айдос, — Мәдирейим ханның тусында патшалыққа жаранып «Майлы шеңгел» ден берги қарақалпақты аўзына қаратқан бий. Бегис пенен Мыржық усы Айдостың иниси, екеўи де батыр жигит еди. Айдос бийлик етсе, еки иниси елди қорыйтуғын

еди. Екеўиниң қырқ жигит нөкери бар еди. Усы еки батырынан айбынып, Хан Айдосты «бий баба» деп хүрметлесе, Айдос еки батырына арқа сүйеп, ханға жараныў ушын елге салықты басып салатуғын еди.

Бир күни Төремурат суўпы деген кәтқудасын алдына салып Бегис пенен Мыржық Айдостың отаўына келди. Айдос еки атқосшысы Ораз хәм Арзы — үшеўи отыр еди.

— Бий аға! — деди Бегис — Ханның сарпайы менен марапатына қызығып, салғыртты көбейтип жибердиң. Халық посыўға қарады. Ханға елден жыйналған салғырттың төрттен бири де жетеди. Қалған үш бөлимине нөкер менен жаў-жарақ алайық. Ханға исенбе. Бир күни тобының аўзын берман қаратып жүрмесин?!

Бул кеңес Арзы менен Оразға да унады. Ал Төремурат болса, қарақалпақты Хийўадан бөлип алып, өз алдына ханлық етиўден тәрепдары еди. Тек Айдос бул кеңести ишинен жақтырмайтуғын еди. Оған биринши себеп: қоржынын тиллаға толтырып Хийўаға хәр барғанда Мәдирейим хан: «Кел бий баба!» деп, хан сарпайы — зерли шапан жаўып, — «сизди Қоңыратқа ярым хан етемен», — дейтуғын еди.

— Қашан? — десе.

— Келеси жыл. Өз алдына нөкер хәм жаў-жарақ беремен — деп, исендиретуғын еди. Сонлықтан Айдос хан болғанды тәўир көрип, еки инисиниң күшине исенбейтуғын еди. Жеңилип қалса, бул күнимнен де айрылып қаларман — деп, қорқатуғын еди. «Жәнжеллеспей-ақ хан боламан» деп ханнан үмитли еди.

Бир күни, хан қасында болған зияпатта Айдос мақтанып:

«Шешенликке Арзы зор,
Омыраўға Ораз зор.
Хан қасында Қабыл зор.
«Майлы шеңгелден» өткен соң
Бәриңнен де дәкең зор», —

деп, қапталдағы Қабылды қымтып алды. Қабыл ханның мәхреми еди. Айдос бурынлары елден әкелген саўғасынан оны да бир



пай етип, сыйлайтуғын еди. Бирақ, соңғы күнлери тек ханды танып, Қабылды үлестен тысқары қалдырып жүр еди. Мине, усыған өкпели Қабыл Айдостың хан алдындағы мәртебесин көнсинип, «қолға бир түсирсем» деп, гижинетуғын еди.

Жаңағы дәлкек әңгиме усы өшти тутандырып жиберди. Қабыл хан алдына барып:

— Тақсыр, Айдос сизди соңғы күнлери салғыртқа төрттиң бири етиўге қарады. Патшалық қазна орта түсип баратыр. Ендиги салғыртты жыйнаўға бизди жиберип көриң — деди.

Хан рийза болды. Қабыл жасаўылларды алып, Айдостың үйине келип түсти. Ханның сәлемин тапсырды. Ақ кеўил Айдос бул сапары салғыртты нобай жыйнап, Қабылдың кеўлин хош етип жиберип еди, Бегис пенен Мыржық Қабылды қорқытып, салғырттың тең жартысын тартып алып қалды.

— Хан усыған көнсин. Болмаса урысқа шықсын! — деп. Айдос ағасының бирликке көнбей, ханға ийек артқанына өкпели инилери усылай бийликке араласты.

Қабылдың да тилеги усы еди. Хийўаға барып. Айдосты ханға жаманлады. Бегис пенен Мыржықтың нөкер жыйнап атырғанын, пүткил қарақалпақты изине ерткенин, салғыртты талап алып қалғанын, урысамыз деп сәлем жоллағанын айтты.

Мәдирейим хан қәҳәрленип, Айдосты Хийўаға шақырып алды.

— Еки иниңди көндир. Көнбесе геллесин алып кел де, урыс-жәнжелсиз елиңе хан бол! — деди.

Көндиремен, тақсыр, — деп Айдос ханның елшисин ертип әкелди.

Бирақ, Бегис пенен Мыржық көнбеди. Қайта ағасына: «Бизди Хийўаға урысқа баслап бар!» деп шәрт қойды. Хан елшилери қайтып кетти. Айдос қапа болып, отаўында жатып алды.

Ханнан тағы елши келди. Бул сапары Қабыл басқарып келди. Айдосқа Мәдирейим ханның жазған хатын тапсырды.

«Атамдай хүрметлейтуғын бий бабам Айдосқа!» Еки тентек ушын халықтың қаны төгилмесин. Геллесин алып келиң! Сизди хан қыламан. Лебизиме исенбесеңиз, мине, құран услайман. Құран урсын!...

Түн ортасы мезгилинде Айдос Бегистиң үйине келди, Бегис пенен Мыржық екеўиниң еншиси бир еди. Бир үйде туратуғын еди. Айдос жылап отырып, муңын айтты.

— Мен қойдым ханды. Ойласайық инилерим! Ойласық төбеге барайық.

Мыржықтың ҳаялы Бийбимәрьям жаў-жарақсыз кетип баратырған батырларға:

— Ең болмаса қылыш асының! — деп, жалынып еди. Мыржық:

— Ҳаялдың ақылы жолға кес болады, — деп жекиринип таслады.

Төбеде аңлып жатырған ханның жәлладлары жарақсыз келген еки батырдың геллесин қылыш пенен қағып алды.

Айдос, хийўалыларды ертип Хийўаға атланды. Еки батырдың геллеси салынған қоржынды арқалап, сарайға кирди. Бий сәлем берип еди, хан алмады. Айдос тиксинип:

— Жаз, енди жарлығыңды? — деп еди, хан әжиўалап мыйығынан күлди. Жәлладларға қарап:

— Бий бабаны сарайға апарың, — деди.

Айдос ханның суўық ажарынан қәўетерленип, еки ийни түсип кетти. Сонда да сыр бермей, сарайына кирди. Бир майданнан кейин, Хийўадағы бир достын излеп бармақшы болып есикти ийтерип еди, қулыплап таслаған екен.

— Ханға нәлет! Айдосқа өлим! — деп, еденге сылқ етип қулады.

Таң алдында еки киси сарайды ашып, Айдосты сыртқа шығарды. Екеўи де Айдостың досты еди. Ертлеўли атты алдына тарта берди.

— Таң атса мойныңа дар арқаны түседи. Шап Қоңыратқа, ақылсыз достым...

Айдос еңиреп жылап, атқа қамшы басты...

Айдос Қоңыратқа келип, Арзы менен Оразға хан ләшкери қуўып киятырғанын айтты. Олар Айдосты қанша ақыретлеген менен өтер ис өтип кеткен еди. Айдостың ат қосшысы болып жүрген оларға да өлим қәўпи туўған еди. Сонлықтан Арзы менен Ораз да Айдосқа ерип Түркстанға қашты.



Қызыл қумның үсти менен түйели қашып баратырған Арзы бул жолдағы қудықларды бес саўсағындай билер еди. Сонлықтан ол:

— Қудықларды көмип кетейик. Хан ләшкери суўдан тарықса, кейин қайтады, — деп, ақыл берди. Бирақ, бул кеңеске Айдос көнбеди. Себеби еки баласы Хийўада медреседе оқыйтуғын еди. Айдос соны еске салды.

— Мениң қашқанымды еситип, еки балам Ырза менен Төре изимнен келеди. Қудықларды көмсек, олар суўды қайдан ишеди. Көмбе, қудықларды. Хан ләшкерлери Түркстанға шекем бизди қуўмайды.

Бирақ, арадан үш күн өткен ўақытта Айдостың изинен ханның ләшкерлери қуўып жетти.

Айдостың тағы бир өжет ҳәм ақылсызлығынан Түркстанға қашып баратырған батырлардың басына өлим қәўпи туўды.

— Айтпадым ба, ақсақал! — деп, Арзы оң қолының бас бармағын тиси менен жулып алды.

Ғажжа-ғаж урыс басланды. Айдос жеңилди. Есапсыз баслар еспе қызыл қумның үстинде қалды.

Айдостың Хийўадағы еки досты медресеге барып Ырза менен Төреге болған ўақыяны баян етти. Еки жигитти сол күни үйлерине әкелип жасырып, түн ортасында оларды да, Қоңыратқа атландырды.

Үлкени Төре еди. Ер жүрекли батыр ҳәм мерген жигит еди. Төре иниси Ырзаны ертип, бир түнде Қоңыратқа қашып келди.

Еки жигитти Төремурат пенен Есенгелди күтип алды.

Төре келиўден Бегис пенен Мыржықтан қалған қырқ жигитти қарыўландырып, Қоңыратқа топылған хан ләшкерлери менен урыс салды. Төремурат туў услап, нөкерди басқарса, Есенгелди елден қарыў-жарақ жыйнады.

Ал хан ләшкерин Қабыл мәхрем басқарды, олардың саны ҳәм қуралы басым еди. Хан әскерлери Ырза менен Төрениң жигитлерин «Таллық» дәрьясына қарай тықсырды.

Ертеден урысқа таярлық көрмей, еки-үш күн ишинде жыйналған «Бозатаў» жигитлериниң көпшилиги қарыўсыз ҳәм биразы мылтық атыўға сөлекет еди.

Солай да болса «қоңыратлылар» күн-күннен қатарын дүзеп, жаўға берилмеди.

Таң алдында Хийўадан жаңа қол, тың ләшкер келип, тағы урыс баслады.

Ал турың, жаў келди! — деген ўақытта Төре менен Ырза мылтықларына асылып еди, екеўи де көшпей қалды. Әлле кимлер сатқынлық етип, сүмбесин алып таслаған екен. Еки қайсар ийегин тислеп, қанша урыс салса да, жаў төтепки берди. Еки батырды қолға түсириў ушын дәрьяға қамады. Батырлар да тири берилмеў ушын әбден ҳалдан кеткенин билип, дәрьяға бойын таслады.

Жүзип баратырған еки жигиттиң арғы жағаға шықса қутылып кететуғынын сезип, хан ләшкери оққа тутты.

Талай биийгүна мәртлердиң қыршын жасына қайырын шайып жуўған Таллық дәрьясы ийримленип өксип, жаўға ызғарлы толқынын серпип жиберди де, еки баланы пәк баўырына қысып, Аралға қарай ағып кете берди...

Айдостың аўылы ол жыллары дәрьяның аржағында еди. Бегистен бала жоқ еди. Мыржықтан бесик жасындағы Ерназар деген бала қалып еди.

Хийўа ханы:

— Айдостан тұқым қалмасын, — деп жәлладлар жиберди. Бул хабар Есенгелдиниң аўылына келди. Ерназардың анасы Бийбимәрьям Есенгелдиниң туўысқан қарындасы еди. Есенгелди «қарындасыма қәдик болар» — деп, шоршынған жоқ, ал Мыржықтан қалған жаңғыз тырнақты заялар деп қәўипсинди де, суўыт арғы жүзге атланды.

Усындай мүсийбетте азаматтың азаматы шалғай жабады. Душпанларың басын қорғанып қашатуғын досларың да бар. «Жалғыз туяқты жасаўыллардан қорғап, қыпса сақлап турың?» деп, Бийбимәрьям өрден-ыққа жуўырса да, биразлар ат тонын ала қашты.

Мине, усы ўақытта Есенгелди жетип келди. Жасаўыллар үйме-үй тинтип киятыр. Көп ойланып турыўға ўақыт жоқ. Баланы үлкен шүлен қазанның астына таслады да, жасырып



алып қалды. Хийўалылар кеткен соң Есенгелди қарындасы менен жийенин «Бозатаў»ға көширип әкелди.

Оннан бери жигирмалаған жыл болды. Жетим Ерназар ала көзли, палўан ғайратлы жигит болып, шыға келди. Есенгелди баланың аталарына тартып, тентек болатуғынын кәшшанақ сынап билген еди. Сонлықтан өзи барда баланы узаққа жибермейди. Бүгин атасының базарлап кеткенин тақыйық билип, Ерназар анасының тилин алмай, мылтығын асынып, тазысын ертип, шикарға шығып кеткен еди.

Бағана Ерназардың аты шыққан ўақытта Қулымбет бизиң «батырдан қалған нусқа еди» деп, услап бериўге тартынып, қысыныспаға түскени де сол еди. Бирақ, тәкийит бермесе, болмайтуғын еди.

Төрт жасаўыл Ерназарды айдап әкелди. Аяқ қолын байлайжақ екен, бала көнбепти. Күш жумсаўға төртеўиниң шамасы келмепти, Муҳаммед Нәзир есиктен кирип келген Ерназарды түрқынан өзи де айбынды ма, тилге келместен, байдың бир үйине қаматып қойды.

## ОН СЕГИЗИНШИ БАП

### 1

Мәдеминниң отаўынан дәкки жеп Әжинияз өз үйине қабарып киятыр. Он бестеги отаў ийеси шағынан да өтип, быйыл он алтысын толтырды. Ҳәмме адамзаттың өмир мәўсиминде қуйындай уйытқып, шалқып есип келетуғын жигитлик ҳәсери Әжинияздың да кеўилин кернеп толқытады. Әлле қандай бир күш қабызына сыймай, толып, тасып турғандай. Жас жүрек асаў тайдай туўлап, түлеген томағалы қаршығадай әл аспанды күсейди. Ушыўға аспаны, шабыўға майданы тар ма, талпынып көтерилип турып, аяқтағы тусаўы есине түскендей жулқынып басылады. Сол таршылық. Сол тусаў не екенин баланың өзи де сезбейтуғын еди. Бүгинги биринши көрген дәкки зейнин зийреклетип салмақлы бир ойға батырды...

Әжинияз ой үстинде ... Алысқа-жақынға, бийикке-төменге көз таслап, зийрек ой жуўыртады. Бәлент пенен пәстиң, зор менен хәлсиздиң парқын бүгин таныгандай ақыл дәрьясында қулашлап қалқып киятыр. Еле де көзи шалмай турған булдыр-булдыр сағымлар көп. Оны болажақ тәғдийирден көрер!...

Ойға батып киятырған Әжинияз пискек пенен атлаўдың гүмбирлеген сести қулағына тийген ўақытта ғана өз үйине келип қалғанын сезди. Ол үлкен үйге кирди. Анасы Нуржамал гүби писип. Айсәнем айран атлап атыр екен.

Нуржамал есикти ақырын ашып кирген баласының жүзине жалт қарап, ажарының сынып келгенине түси оңып сала берди.

— Аманлық па? Бир жериң аўырған жоқ па? Неге шырайың солғын?

— Әй, жайша...

— Аш болдың ба? Май жейсең бе, қатық ишесең бе?

— Хеш нәрсеге мейлим алмай тур.

Баласының жүрегинде әлле қандай бир зерде барын сезип, ана тағы пәйик болды.

— Дениң саў ма?

— Саў.

— Биреў менен урыстың ба?

Бул сораўға жуўапты Айсәнем айтты:

— Қойыш. Усы ўақытқа шекем Әжиниязды биреў менен урысты деп, еситкенимиз жоқ. Балаңның шырайы сап-саў. Еси енип, енди жигит болып киятыр. Қашанға сениң мойныңа шапшый берсин! — деп, дәлкекке алып еди, Нуржамал: «олай емес, мийзамын билемен ғой»... дегендей, түксирейген қабағын жазбады. Әжинияз отаўдың гилтин алып, салқын пишинде үлкен үйден шықты. Нуржамал өткен бир гәпти есине түсирди.

...Балалардың алды ержетип, есин билип киятырған соң «кемпир-ғарры болып бөлек жатайық» деп, Қосыбай өткен жылы бес қанат киширек үй тикти. Үлкен баласы менен Әжинияз түнемесинде сол отаўда жатады. Шанияз — баланың генжеси болған соң, еле кемпир ғаррысының, баўырында. Мәтнияз кеште келип жатқаны болмаса, отаўдың рәхәтин Әжинияз көрип жүр. Жигит-желең қатарларын жыйнап, күндиз-



ақ, мейлис қурады. Бир күни: «Ақшамында неге өткермейсең?» деген әкесине:

— Мәтнияз ағамның уйқысын бөлемиз ғой, — деп Әжинияз дәлил айтты. Анасы күлип:

— Хаў, ол да жигит емес пе? — деген еди.

— Жигит болса, уйқысынан кешсин! — деп дәлкек етеди.

— Гәпине қара буның? — деп, Қосыбай хаялына жымыйып қарады, — рәхәтти усы балаңнан көрерсең.

Ана бүгин иштен қайылшылық билдирсе де, басқа балаларында кемситпеў ушын:

— Бийталап қой балаң. Әкелип атырған табысы жоқ, түйеклеп атырған тарысы жоқ. Несине мақтайсаң. Қудайға шүкир, бул күнде аўзыма ас салып, ошағымды басқарып турған Мәтеним жақсы деп, көзабаға Әжиниязды әкесиниң алдында минеп сынайды.

Кемситкенди қай бала жақсы көрсин! Мәтниязды мақтап атырғанда Әжинияз қысылып, жүзи қызарып сала береди. Бундай ўақытта тағы Қосыбай араға түсип баласын жақлайды.

— Бизиң тұқымға тартса ахун болар, сениң тұқымыңа тартса шайыр болар. Әйтеўир усы балам бел теўип, орақ ормай-ақ тамағын табады. Солай емес пе, балам? — деп шақалақлап күледи.

«Шайыр болар», — дегени Нуржамал Күнхожа (Жийемурат) шайырдың немере қарындасы. Әжинияз Күнхожа шайырға жийен болады. Бирақ, Әжинияз дайысын жасырақ ўақытта бир мәртебе ғана көрди. Онда да анасына ерип, дайы журтына барғанда Нуржамалдың: «Мына дайыңның қолынан ал» — деп, узын бойлы қара кисини көрсеткен ўақытта шала аңғарып қалды. Оннан соң дайысын қайтып көрмеди.

Оған биринширден: Күнхожа аржақтағы, ал Қосыбай бержақтағы елдиң ишинде болған соң, қатнасыўға жер шалғай болса, екиншиден: алыс журтқа жаслайынан узатылып, еси кетгенликтен бе, Нуржамалдың өзи төркин журтқа суўық болды.

Дәслепки баласының тусында аўылына жыл сайын барып турса да, Әжиниязды туўған соң қатнасты сийреклетип, арадан

бес жыл өткен соң бир мәртебе барды да, оннан соң өз үйиниң руўзыгершилигинен шыға алған жоқ.

Буған тағы бир себеп: Нуржамалдың төркини бир тапқаны бир тапканына жетпеген аш-жалаңаш болды. Сонлықтан төркинине дастурхан толы апарса да, төркининен сүбели әкелери болмаған соң, ойлы ҳаял кәйин журтынан кысынып-ақ бармайтуғын еди. Ал ағалары да усыны ойлап, күйеў баласына қол жайып келиўди намыс көреме, соңғы жыллары ат дизгинин бул жакқа бурмайтуғын болды.

Күнхожа ағасының шайыр екенин Нуржамал да, Қосыбай да билетуғын еди. Әсиресе Нуржамал төркинин сағынса Әжиниязды алдына алып, ағасының қосықларын әстен ыңылдап айтып отырады.

Әжинияз есин билгели дайысының «қазының ийти» менен хан түйесин ғәриплеген еки қосығын аўзынан түсирмейди. Әсиресе тили жаңа шыққан балаға айтыўға жеңил ме, әйтеўир: узақ күнге шүлдирлеп, ермеги түйеге шығарған қосық еди. Енди үлкейе келе, саўатын ашқан соң, ара тура есине түскенде ғана айтады. Оның үстине бир-еки жыллықта аржақтағы елден келген бир кыссахан Қосыбайдың үйине қонып отырып, еки-үш қосығын көширип берди.

Бала дайысының қосығына молайып қалды. Қосыбайдың «сениң тұқымыңа тартса шайыр болар» дегени де усы.

Бирақ, қанша бақса да, Қосыбай да, Нуржамал да Әжинияздан еле шайырлықтың ескимин сезе қойған жоқ. Тек хош хаўаз лапызлы екенин, жигит желеңниң ортасында бир—еки жылдан бери қосық айтып жүргенин сезип жүр. Бул әдетин молласы жақтырмады. Ийшан-уламалары да хош көрмейди. Қосыбай «қой» дейин десе, аўылдағы жасы үлкен, жасы киши: «балаңа лапызды қудай берген. Жастан ишине зерде салма, ишкыста қылма. Үлкейген соң бахытынан көрер» деп, баланың сөзин сөйлейди.

Әкениң тағы бир кәўетери бар. Ол, баласының күндеги оқыйтуғыны, — Наўайы менен Мақтумқулының китаплары. Әкениң ықласы, — баланы ахун етип шығарыў. Ол үмитинен дәме етейин десе, баласы парыз-ўәжип ҳаққындағы китапларды үйде қолына усламайды.

— Неге илимий шәриятты оқымайсаң? — десе, баласы:

— Билемен ғой! — дейди. Әкеси тергестирип, сораў берсе, дурыс жуўап қайтарады. Дәслепки молласы менен басы писпеген соң быйыл Елмурат ахунға берди. Ол болса баланы еркине жиберип қойыпты. «Неге?» десе, «ҳәр ўақытта бир сабақ алса болады» дейди. Оның үстине жақыннан бери бир дуўтар таўып алды.

Әжинияз отаўға кирип, кишкене қобдыйшаны алды да, төрге шығып отырды. Оның китап салатуғын сандығы усы қобдыйша. Жасырын қупыя-қағазлары да усында болады. Аўзына кишкене қулып салып, гилтин өзи алып жүреди.

Қобдыйшаны алып, сыя дәўети менен қамыстан ислеген қәлемин бир шетке қойды. Оннан соң Мақтумқулының жазба китабын алды.

— Неге «Наўайыдай» мектепте оқылмайды? Биреўлердиң Мақтумқулыға пәтиўа басылмаған деп кеситетуғыны да усыннан-аў!» — деп гүбирленди ишинен. «Мегзер» деген қосығын ыңылдап даўысқа салып оқыды.

... «Яманнан якшы сет болмаз,
Асыл якшылар бет болмаз,
Дунайәликден девлет болмаз,
Огул чын девлети мегзер».

... Сөз мәнисин аңмаз адам
Бир гуйруксыз ите мегзер» —

— Пах, сөз болғанына! Мақтумқулының заманында да сөз мәнисин билмейтуғын еки аяқлы «маллар» көп екен ғой! — Жасаўыллар есине түсти. Усы қосық пенен кеўил шерин шығарғысы келип, қолына қәлемин алды да, бир қатарын қағазға түсирди. Екинши қатарына келгенде, жоқ, бул болмайды, — деди. — «Пирим менен Әзбергенге түсиникли етип көшириў

керек. Онда қарақалпақша қосық қылып шығарыў керек. Мақтумқулыдай шайырлық йош керек. Ол Әжинияздың сарайынан шыға қояр ма екен?!»... Усы жағы баланы көп толқытты.

Толқытса да, қыйналса да, енжары жүрегине ем болып турған қосықты жазып, кеўил дебдиўин шығармасқа илажы жоқ. «Тәўекел!» деди де баслады:

Қыял етип соқса кеўилим,
Ертлеўли бир атқа мегзер,
Бир достыңнан қайтса мейилиң,
Ғәлет жазған хатқа мегзер.

Бу дүнья бир түпсиз дәрья,
Ғарық етер, болма бийпарўа,
Исиң түссе пейли тарға,
Хызметиң дөхметке мегзер.

Мақтумқулы шеккен налаң,
Сақый да жоқ, байлар сараң,
Сөз мәнисин аңбас адам,
Қуйрықсыз бир ийтке мегзер!

Деп қайтадан бир тәкирар етти де, бир төбениң басына шыққандай кеўли көтерилип сала берди. Енди өзинше жаңадан қосық құрастырыўға мейли соғып тур.

Жарлы болсаң сөзиң пасық,
Кек алалмас намәрт жасық,
Тиришиликте жоқ сыйласық,
Өлгеннен соң жатқа мегзер.

— Келисип киятыр — деп өз-өзинен қуўанды.

Жаманға қонса бақ-дәўлет,
Халқы менен болмас үлпет,
Басқа түссе жала-дөхмет,
Өмириң зимистана мегзер.



Адам улы бәри адам,
Айырылар жақсы-жаман,
Сөз қәдирин билмес надан,
Төрт аяқлы малға мегзер.

деп Әжинияз қосықтың ақырына ноқат қойды да, бастан тәкирарлап оқыды. Иштеги қайғы зәхәрин қосық пенен қайтарғысы келгендей тағы да Мақтумқулыны ашты. Әдилсизликке, инсапсызлыққа, зорлыққа нәлет айтып, зарланып жазған шайырдың мұңлы қосықларын ыңылдап оқып отыр. Мақтумқулының гә ғәззеллерине, мухаллеслерине құмартқаны соншелли, төбесинде қарап турған иниси Шанияздың, үйге қашан киргенин де  сезбей қалды.

Желкесине тийген ыссы деминен сетем алып, артына жалт қарап еди, өзине келбетлес сары бала көзи жаўдырап жымыйып күлип тур екен.

— Қашан келип едиң? — деди ағасы да мыйық тартып.

— Сениң ыңылдыңды еситип, дуўтар тартатуғын шығар деп келип едим. Қысса оқып атыр екенсең. Селтең бермейин деп аяғымды ғаз-ғаз басып келдим. Рас, сезбедиң бе, ажаға? — деп бала таң қалды.

— Рас сезбедим. Китапқа қуныққып отыр едим. Ағаң келди ме? — деп сорады Әжинияз үрейленип.

— Келген жоқ.

— Онда Пирим менен Әзберген ағаңды шақырып келесең бе?

— Қай жаққа?

— Усы үйге.

— Шақырып келейин. Дуўтарыңды бересең бе, келген соң.

— Берейин. Тез шақырып келе ғой.

— Жақсы, — деп иниси үйден шықты.

— Әжинияз енди «Мақтумқулыны» жаўып, «Наўайыны» қолына алды. Оқып отырып Есберген молланың бир күни «Наўайыны көп оқысаңыз хәўайы боласыз» деген сөзи есине түсип жымыйып күлди. «Наўайының қосықларына ықласы аўып кетпесин!» деп сақландырғаны екен ғой, — деди.

Әллен ўақытта есиктен Пирим менен Әзберген кирип келди. Жораларын көрип, Әжинияз өрре турып, төрлеп орын берди.

— Китапларды жайып таслапсаң ғой, — деди Әзберген дәлкек етип, — енди моллашылық жолына отырғаның ба?

— Жасаўылларға дуўа жазып атырған шығар... — деп Пирим де дәлкектиң изин алды.

Әжинияз салқын мыйық тартты.

— Дуўаның қолынан келсе жасаўылларды ешекке терис мингизер едим. Ол қүдиретке жеткенимиз жоқ ғой. Қайта жасаўыллар бизди гүнакар етип атыр. Ағам солардың үстинде. Терген атыр. Бағана Әсембай бир суўық хабар айтқансоң шыдай алмай, үстине кирип, шекинисип қайттым. Қәйдем не гүнаға сазыўар ететуғынын — деп Әжинияз муңайды.

— Хабарымыз бар, — деди Әзберген де қабағын шытып. — Не қылар дейсең. Әбзели сен бармай-ақ қойыўың керек еди. Жасы үлкенлер өзлери шешеди ғой.

— Барғаны дурыс! — деп Пирим Әжиниязды қуўатлады. — Ол залымлар кимди аяп атыр. Тынышына жүрген Ерназарды неге айыплап атыр.

«Ерназар» деген ўақытта Әжинияз шоршып, Пиримниң бетине тигилди.

Пирим Ерназардың жасаўыллар менен жәнжеллесип қалғанын айтып берди.

Әжинияз басын шайқап, тунжырап қалды.

— Полаттан қалған бир қыйынды еди. Кемик ўақтында душпанлары мүжип тасламаса болар еди. Көзине түспеў керек еди.

— Түспесине қылама. Жазығы жоқ адамды таласа не қылады?

— Билмедим, жигитлер! — Әжинияз аз ғана тымсырайып отырды да, гәпин жалғастырды. — Сизлерди ойласыўға шақырғаным, Нигарханды излеп кетежақпан. Ол үйде (Қайыптың үйинде) сүйегин излейтуғын адам жоқ.

— Буған атаң руқсат етер ме екен? — деди Әзберген.

— Руқсат етпесе, медресеге оқыўға бараман дермен дә.



— Әне бул талабың келиседи, деди Пирим, — усы сылтаў менен кетпесең, қаршадай жасында, жат журтқа жибере қоймас.

— Қәне, онда маған хақ жол тилең, досларым! — деп, Әжинияз атасынан хабар алыў ушын майданға шықты.

## ОН ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

### 1

Қосыбай:

— Шеним болмай киятыр, — деп Нуржамалға үйге төсек салдырып, жатып алды.

Мәтнияз келип, шешесинен ағасын сорап еди:

— Жаңа аўырдым деп жатып қалды, — дегенди еситкен соң, әкеси менен иси болмай анасына жасаўыллардың аўылды үйтип атырғанын айтты.

— Мадемин байдың үйиниң алдындағы тақырлық Қоңыраттың базарындай болды, апа. Кимниң маңлайындағы жалғыз ешкисин, кимниң сыйырын апарып, ийирип байлап қойыпты. Ғәлле оннан да көп. Салық төлей алмағанлардың урасын аштырып, ғәллесин майданға төктирип атыр. Қарсыласқанның жаўырынында сартылдаған қамшы. Дәрбийке шешеңниң де жаңғыз ешкиси кетти.

Нуржамалдың аўызы аңырайып ашылып қалды. Баланың суўық сөзине түршигип, шоршынған ана әллен ўақытта тил қатты.

— Обалдағай, шешеме обал болған екен!

— Аўа, Қыс азықты молдан алдық, усы базарға ғәллени теңгеге тең алмастырып байыймыз деп, биразлар қомпылдасып жүр еди. Енди қыстан кесек жеп шықпаса, урадан айрылған шығар.

— Қәйдем. Бизиң үйлер ҳәзир аман ғой. Ағаң да тис жарып ҳеш нәрсе айтпады. Екеўимиз ана уралардың үстине боқлық, сабан, тасласақ па екен? Ана «Ақ жигит те» усы ўақытта қаңғырып кеткенин көрмейсең бе? Жәрдемлесер еди...

— Киятыр ғой анаў, қайқы балаң, —деп, Мәтнияз үйлердиң арасы менен киятырған Әжиниязды көрсетти. Нуржамал жалт қарады. Баласын әлле қандай бир ой басып киятыр екен. Сезимталлы хаял баласының мийзамына қарап турып, жатырған Қосыбайдың «наўқасынан» да гүманлана баслады. «Мынаники тегин келис, ананики тегин жатыс емес ғой. Алла апатшылығынан сақлай гөр!» — деп, ишинен гүбирленип әрўақларға сыйынды...

Әжинияз ағасы менен анасының қасына келген соң да, салқын қабағын жылытпады.

— Қырман жаққа жүр! — деген Мәтнияздың буйрығына:

— Ағамды көрип шығайын. Сизлер бара бериң деп, үлкен үйге кирип кетти.

Қапталына келип саққа жүгинип, ҳал сорасқан баласының ажарына Қосыбай узақ ўақыт тигилип қарап:

— Қайда жүрсең? — деп, салмақлы сораў берди.

— Елмурат атамнан сабақ алдым. Оннан шығып Өтемурат ағамның үй бетине қайрылдым, —деп Әжинияз минайым жуўап қайтарды.

Қосыбай тунжырап отырып, жекиринип күйинди.

— Сол Өтемурат жетер басымызға?... — Қосыбай сөзиниң арасын бөлип турды да, жасаўылдың үстине бар деп, геўкеўлеген де мәгар сол шығар. Бизди қойып, басқа жақтан әке таўып алдың ғой. Соның ақылы менен бола бер...

Әжинияз әкесиниң бопсасы менен өкпесин аршыў ушын жымыйып күлди.

— «Қолда өскен тананың баспақ аты қалмайды» деген, ата. Он алтыға қарадым ғой. Өзлериңиз: «он бесте отаў ийеси болатуғын бала, бес жасынан белгили» деп әңгиме етесиз. Есейип қалған балаға ким ақыл берсин. Ҳеш кимнен де көрерлиги жоқ. Жасаўыллар да өзимдей адам ғой, айтысайын деп бардым. «Мени бассынып, атлап, кеттиң» десең. Онда әпиў ет! — деп көз жанары телмирип, еки бетиниң алмасы қубылып қызарды.

Қосыбай ойланып қалды. Қаршадай бала өзлери айтысқан сөзлерин өзлериниң алдына бөгет қылып отыр. Қосыбайдың



да күткени усындай бала. Жаўгершиликти көп көрип, көп дуппанда кеги кете бергенге ме, әйтеўир ата-бабадан шынжырлы айтылып киятырған: «Бала болса шоқ болсын, шоқ болмаса жоқ болсын!» деген ҳадал тилек бар. Қосыбай да усындай аталардың тәрепдары еди. Бүгин, мине усы нақылын өз баласы өзине қайтырып берди. Буған иштен сүйсинип, шүкирлик етиўи керек. Бирақ мына заманда «шоқ» пенен «соқ» тың, батыр менен ердиң талай жулыны үзилгенин көрген ата, алғыр деп суңқардың дизгинин ертеден босатқысы келмейди.

— Билемен. Отаў ийесинен бир жас өттиң. Бирақ, көзсиз батырлықтың заманы өтип кетти. Бурынғы заман беллесип жыққандики еди, ендиги заман парахор менен сумлығы зордың заманы. Қайтқан дәўлетти теппе, тасқан дәўлеттиң алдын кеспе! «сабырлы муратқа жетер» дейди китап та.

— Китап бойынша жүрсе, зорлар мүсәпирлерди қорлап, дәўлети менен теппесе, кимниң иси бар, — деп бала тағы қарсы даў айтты.

— Әй, шәрият!... Садағасы кетсин! Бийдиң деми, байдың малы, — сол шәрият. —Қосыбай басын шайқап бираз мүлгип жатты да, ызаға буўлығып, геўдесин көтерди.

— Балам, көк ийтти көп ийт жеңди... Биз мәмилеге келдик. Жесир орнына жесир бердик. Нигарханның орнына Айсәнемди алды. Болмаса үшеўимизди Хийўаға айдайтуғын болды. Бий Ержанның қарындасын байдың баласына берип, байды рийза қылды. Қайыптың сыйырын услап қалды. Бәледен қашпасақ болмайтуғын болды. Арамыздағы даўды жәнжелсиз шештик. Мениң айтқанымды қыл! Келгенлер менен қарсыласып жүрме! Кек қуўсаң белиң бекип, жигит болсаң көрерсең... Ықтыят бол! Енди менсиз ҳеш жаққа ылағып кетпе, балам!...

Әкесиниң сөзин еситип туңғыйық ойға түсип баратырғандай Әжинияздың көзи тынып кетти. Әллен ўақытта гүрсинип, тилге келди.

— Айсәнемниң өзи жарата ма екен?

Баланың тиксинип ашыў толқыны бетине теўип турғанын сезген Қосыбай қәҳәрин қайтарыў ушын жекиринип сөйледи:

— Қандай шәрият оқып жүрсең, өзиң? Қайсы нашар аға менен атадан атлап өтип жүр. Атаның рәсимин бузаман деген ана Қайыптың қызы не болды. Өз басын өзи жутты... Сол сықыллы бийдиң пешине асылып, дәрет суўын жылытып бериўге арзыса, түбинде шүйке бас нашар ғой. Айсәнемниң не әрманы бар. Бир гедейдиң есигине барып, масақ терип, ақырет көрип жүргеннен не? Барсын!

Даладан Нуржамал жуўырып келди. Үрейи қашып, хәўлирип, қыслығып кирди:

— Түргелөс, ағасы! Ана қызды биреўлер жылатып, урып-соғып атыр. Қудайым-ай, бул не деген зорлық! Бассыныў...

Қосыбай түргеле қоймаған соң, Нуржамал Әжиниязға топылды:

— Турсаң-а, жүўернемек! Еркек киндиксең ғой. Бар арашала.

— Өшир үниңди, — деп, Қосыбай бақырып жиберди. — Елди бийлеп төслейтуғын сен емессең! Аўзыңа қумды қуярман. «Барып тәселле айт! Қуўанып баратырса да, елден шығарда жыламайтуғын нашар бар ма? Бес-алты күннен соң өзим хабар алып қайтаман. Айт соны! Жыламасын!... Бийге атастырдық...

— Хә—ә—ә! — деп Нуржамал аўзын ашып, аң-таң болды да, қалды. Сылқ етип отырып көйлегиниң етегин шыйырып, көзинен моншақ-моншақ жас төкти.

Әжинияз да төмен қарап, сам-саз. Ақыл кемеси тубалап, қырға тирелди. Қабырғасы майрылған қустай айдында мантығып, қырға талпынып, қанатын сабалайды.

Нуржамал жылап жас төгиўден басқа тамары жоғын сезди ме, солығын басып: «хошласып қалайын» деп, орнынан шубатылып турды. Кетип баратырып артына жалт-жат қарап күйеўинен еле де жақсылық күтип еди, Қосыбай жапқан қабағын ашпады:

— Сөз сол! Әй антурған, барған соң, аўызың кемсеңлеп, бийдиң жасаўылларының қолына асылып жүрме! — деп, Қосыбай хаялдың енжары кеўилин, бекитип шегелеп жиберди.

Нуржамал гүдерин үзген соң, есиктен долланып шықты...

Айсәнем қарсыласқан болыў керек, жаўшылар оны арбаның алтақтасына байлап таслапты.



Еки қолы артына шандып байланған нашар, еки көзинен сибер аққан ыссы жасты сыпырып таслаўға да димары жоқ, зарқурып таўланып жылап отыр.

Қара үйде ыңырсып, гә гүрсинип, гә сыңсылап соқыр шал жылап отыр. Екеўи де жүрегиндеги қайғы-шер хәсиретин хәм сарсық дебдиўин айтынып жылайды. Айсәнем өз сүйгилигин — қостарын, ғарры жалғыз тырнағын — баласын жоқлайды!...

Үй алдында ширенип Есен қазы тур. Қолында жез баўырдақ қамшы. Қамшының ушы менен: «ана төсек ғарры да қалсын, мына көрпешени арабаға сал!» деп, төрелик айтып тур. Хийўалы жасаўыллар, Айсәнемди байлаған арбаны қоршаған, бала-шаға, хаял-еркеклерге: «жақынламаң, кетиң. Тарақ!» деп, жекиринип тур.

Нуржамал топты айырып келип, Айсәнемниң жоқлаўына егитилип жылап тур.

...Қаршығам батты қалыңға,  
Жүрегим күйди жалыңға,  
Айбатым қолдан кеткен соң,  
Гириптар болдым залымға.  
Бул ислер ойда бар ма еди,  
Кешеги нарым барында.  
Шынарымды қулаттың.  
Күнимди жатқа қараттың,  
Жек көрсең, аллам, нашарды—  
Әзелден неге жараттың...»

Солқылдап жылап турған Нуржамал бир ўақытта өкирип даўысын шығарып, арбаға ырғып минди де, Айсәнемниң қапталына барып, бетиниң алмасына қонған шыбынды желпиди. Былтырдан бери етейин, еки жағының нуры балқып, бийдай реңли нашардың ажарлысы болып толысып, доланып, шырайланып киятырған Айсәнем азаннан бери урныға-урныға сабылған пахтадай солып, семип қалыпты. Еринлериниң жарығы айғыш-уйғыш. Тоқпақтай қара шашы уўдар-дуўдар. Үстиндеги сары бөз көйлеги көздиң жасы менен топыраққа

былғанып, жағал-жағал, бет-аўзы сатпар-сатпар кир. Узатылып баратырған келиншек сыйқы жоқ. Ҳәмме кеше жайқалып жүрген қыздың бүгин сарсылғанына иштен күйинеди... Гижинеди!...

Бирең-сараң ҳаял — еркек: «Қосыбай неге жоқ?» дегендей Нуржамалдың бетине жалтақ-жалтақ қарап қояды, қол қатыўға Қосыбайдан буйрық жоқ. Нуржамал жаўшыларға қарап:

— Не қылған көргенсиз адамларсыз. Малды да аяғын бослап жетекке алады. Босатың мына қыздың қол-аяғын! Еркин дем алсын! — деп, шаңқылдап сөйледи.

— Қашпаўына кепил болсаң... — деп, бийдиң бир тәңки мурын дасмалшысы дилўарсып киятыр еди, Нуржамал аўзындағы сөзин қағып алды.

— Қашатуғын адамға кудайдың түни менен күни көп. Бий әўели еки ҳаялын неге келе қылмайды. Әзелден ишин тоймағанның, жалаған менен карны қалықпайды. Жүз үйли «сақыўды» бассынып, бир нашарын жылатып алған менен, ертең, бийиңниң де ақыбетин көрермиз. «санасы жоқ-уйқышыл, ақылы жоқ—күлкишил»—деп, азғана ойланып турды да:

— Кете бер, шырағым, — деди Нуржамал Айсәнемге қарап, — ығбалың жанбаса, заманың тыңламаса, не илажың бар! Дәўлеттиң ерте-кеши жоқ. Қор болмасыңды ойлап жүрерсең. Бесик көрген емес, есик көрген атың бар ғой? — деп, гәптиң еки ушын алыстан пинҳамы орап алып келди де, қалғанын қасқабағы менен сездирди.

Анасының сөзлерин Әжинияз тыңлап тур еди. Әкесиниң алдында «яқшы» дан ары атламайтуғын анасынан тап усындай қайсарлық шыққанына гә сүйсинип, гә күйинип, ана жүрегин ҳәмmеден зор бир алп күш көрди. Темир тырнағы, алмас қылышы менен кеше әлемниң жүрегин титиреткен Темир ләң патшаға: «Улымды тап!» деп, ҳәмир еткен айбатлы бир ананың дәстаны есине түсти. Айсәнемниң қолын жаўшылар шешип атырғанда: «инсанның батырлығы ананың жүрегине жыйналған екен ғой!» деген пәмге кетип, анасына емиренип қарады.

Бийдиң арбасы аўылдан шығып, қарасып үзгенше алтақтада зарлап баратырған Айсәнемниң даўысы сембей тал-тал еситилип турды.



## ЖИГИРМАЛАНШЫ БАП

### 1

«Сақыўлар» аўылының пада-пада малын, қора-қора қой-ешкисин жасаўыллар шаңлақты толтырып, шаңғытып айдатты. Мал менен қоса дәнге шүйелип тийелген арба-арбаға қағысады. Өрисинен айырылып мөңиреген маллардың, жайлаўынан кетип маңраған қой-ешкиниң, сықырласқан арбалардың, сыңсыласқан ашп-арықтың тоқсан түрде толғаған даўысы гүңренгенде, пүткил аўыл посып баратырғандай аспан әлеми титиреп кетти. Малдың, дәнниң ийелери арбаның шүйине, сыйырының бас жибине асылып Қулымбет бийдиң аўылына шубырып киятыр. Булар: «жасаўыллар жарылқар» деп, дәмегөй киятырған адамлар. Ал дәмесин үзгенлер қарғанып, зарланып, ярым жолда қалып атыр.

Усы посқынның ортасында жасаўыллар қоршап киятырған бир арба бар. Онда түнерип Ерназар отыр. Оның изиндеги арбаға Есенгелди менен баласы Турым минген. Олар жетимди жарылқар деп Қулымбет бийден дәмели.

Турымның «сен қала бер ата» дегенине қулақ аспай, Қоңыраттан жаңа келген Есенгелди Қулымбетке бир қолқа салып қалажақ. Талай жыл бийлик сүрип, қыян-кески даў жыйында жүйрик тили, тапқыр ақылы, әдил төрелиги менен журтты аўзына қаратқан бий енди картайған арыслandай қожырап қалса да, бүгин көз жанары қайта тирилди. Әлле кимге күйингендей ети семген ернин тислеп, басын қайта-қайта шайқап қояды. Гейде түксирейип түтенип, қалың қаслары қабағын жаўып, ойға шүмсе, гейде сергексип, сирескен тамырлары жазылып, жатақта сарғайған қырандай әл-ҳаўаны күсеп, ала көзлери жалт-жулт етеди. Алғыр жигитлик шағын күсейди.

Аўылға келген соң Есенгелди бөлинип шығып, басқа үйге бурылды.

Ерназарды жасаўыллар арнаўлы үйге айдап алып кетти. Есенгелди әллен ўақытта Турымды ертип, бийдиң отаўына кирди.

Үй толы кәтқуда — хәмелдарлар бийге қутлы болсын айтып күлисип отыр еди. Есенгелдиниң төбесин көриўден кими жалбыраклап, кими салқын пишинде орынларынан турды. Тек Муҳаммед Нәзир жасаўыл басы ғана орнынан табжылған жоқ. Ҳәмме менен қатара сәлемлесип киятырған Есенгелди жасаўыл басыға ала көзлерин қадап еди, ғаррыдан ийбенди ме, еки дизесине минип, өңменин зорға көтерди. Ғарры қолының ушын берди де, жапсардағы усынған орынға барып отырды. Үйдегилер менен қайтадан аман-түўеллик сорасып болған соң, ғарры Қулымбетке бурылды.

— «Қабарсаң — қоныс өзгерт, перзент көрмесең, — төсек жаңарт!» — деген. Перзент талабы деп, тоқал түсирипсең иним. Иним қутлы болсын! — Есенгелди тамсанып сайрайтуғын бүлбилдей тамағын бүлкилдетти. — «Ханды қудай қарғаса, карашасы менен қас болар, бийди қудай қарғаса, досты менен өш болар, душпаны менен дос болар». Қарақалпақ халық болғалы қырқ жыл қоныс басқан жоқ. Баспағаны — тең атаның баласы теңликке турса да, кемликке көнген жоқ. Қоқан ханы Асан бийден қырқ қыз соратқанда, бий бабамыз: «ақылсыз тақсыр-аў, қырқ қыз беретуғын халық Жайықты таслап Түркистанға келе-ме? Оннан қанға жерисең, мениң қырқ қасық қанымды ише ғой!» деп, ханның айбалтасына мойнын тутты. Асан халықтың ары ушын шийрин жанын кешти. Асан өлген соң халық Хорезмге көшейик деп үйлерин жықты. Себеби, хан халық пенен қас болды. Ердиң қунын ер алады. Ел көшетуғын ўақытта он сегиз жасар Амангелди шығып: — «Асан ағамның қанын алмай қайда көшип баратырсыз. Сол сықыллы ердиң қуны умыт болғаны ма?» — деп, ат дизгинине асылды. Көш тоқтады. Кәтқудалар кеңес қурды. Асанның қанын алыўға Қоқан ханына Амангелди атланды.

Амангелди шаш тарез болып, хызметин сарайға жақтырды. Ханның басы зеңип аўыратуғын, сақыйналы кесели бар еди. Неше жерден келген тәўип емин таба алмады.

Амангелди бир күни сарайға барып:

— Мен тәўип едим, тақсыр! — деп, ханға арыз етти.



— Қай журттансаң? — деди, хан.

— Хожа Ахмет Яссаўий туқымынан.

— Не ем ислейсең?

— Төбеңди күйдиремен, үш күн сарайды қадаған етесең. Үш күн ем ислеймен.

Хан рийзалық берип: «үш күнге шекем арыз соралмайды» деп, жар урғызды.

Бир күни өткир пәки менен ханның төбе шашын қырып отырып, Амангелди:

— Тақсыр, мениң хызметим сизиң төбеңизди жазыў емес, келлеңизди кесиў еди. Асан бийдиң қанын алыўға келип едим, — деди.

Хан үрейи ушып:

— Өзим де сезип едим. Сен пәкини алыўдан етимде қалтыратпа пайда болып еди. Асанның қаны ақыры тутты, — деди.

Амангелди ханның басын, Асанның қанын алып.

— Енди көшсек болады... деп, халықты Хорезмге баслап келип еди. Мен сол Амангелдиниң туқымы едим. Бийлик Асанның үрим-путағы Ашамайлы да еди. Сениң туқымыңда палўан менен батырлық бар еди. Бийлик саған аўысты. Бийликти батырлық жеңип, ел менен кеңеспей, жаўға жекке шабатуғын еди. Батыр — аңқаў, ер — гөдек. Айдос бийликти алып, ақыбети не болды. Шайтан ханнан жеңилди. Жорға минип жолдасынан айрылды, хан боламан деп, қаналасынан айрылды. Елин таба қылды, достын қапа қылды... Халық ийесиз қалып еди. Сен ийелик еттиң.

Ғарры бий бираз ғана тыныс алып, шалғайы менен маңлайының буршақ терине қосылып аққан көзиниң жасын сүртти. Отаўдың иши силтидей тынып қалды. Жасаўыллар гәсине түсинсе, гәсине түсинбей, бийдиң бетине жалт-жалт қарайды. Қулымбет иштен тынып, төрели сөзге тек деп айта алмай тымсырайып отыр.

Ғарры бойындағы сарқынды күшин жыйнап алып, жаңа шабысына түсти.

— Мен боларым болды. Қыршын кетемен деп қылыштан қорықпайман. Бий болды деп төрди қызғанбайман. Бирақ, ел панасыз болса, сайдан безеди, нәмәрт болса, бийден безеди. Салының арқасында шигин суў ишеди. Ағайин деп панаңа келген бир жетим торғайды услап берсең, суймурық болғаныңнан не пайда? Айдоста кеткен өшти сен алайын деппедиң?.. Бул бир. Екинши: барға тиймей, аш-арықты неге шабасаң? Бий, — байдың панасы болса, аштың атасы емес пе? Урадағы дәнин, қорадағы малын сыпырып алдың. Енди қыстан қалай шығарасаң? Халық қырылса қара жерден хан не өндиреди. Халықтың жетимин, аштың малын қайтар, мен айтып болдым.

— Бий ағам дурыс айтады, — деп, бир-еки кәтқуда басларын ийзеди. Усы ўақытта отаўды айлана қоршап турған даўагер — гедейлер шуў ете қалды:

— Айнанайын ата — аўызыңнан!

— Хорезмге келгели бир маңлайымыз ашылмады ғой.

— Қыс азықтан айрылғаннан Хийўасына барып-ақ өлейик.

Мухаммед Нәзир қусбегиниң көзлери қапталласып кетти. «Тақланың!» дегендей мурты шаншылып жасаўылларына көзлерин алартты. Бас болып өзи, оннан соң нөкерлери бирим-бирим қылышларын қынаптан шығарды.

— Тилин тартпаса, мына ғаррының шап келлесин! — деген Нәзирдиң даўысы шаңқ ете қалды.

Еки жасаўыл орнынан ушып турды. Қос қылыш ғаррының тас төбесине көтерилди. Усы ўақытта әкесиниң қапталында отырған Турым өрре турып:

— Тамыры шириген шынарды ким жықпайды? Нәмәрт атасы менен айқасады. Атамның орнына мени шабың! — деп, қарсыласты. Хан жасаўыллары менен Турымның ашыўлы көзлери бир-бирине қарай шаншылған ўақытта, үйдиң төбесинен гүрп етип атылған мылтықтың даўысы шықты. Хәмме отырғанлар, елеңлеп, ким шаңыраққа, ким есикке үрейленип қарады. Бир-бирине қәһәрленип өшиккен отлы көзлериниң жалыны кем-кем сөне берди. Қылыш услаған қоллардың пәнжеси де босасып кетти. Тап усы ўақытта сырттан:



— Ҳәй жасаўыллар, тарт қылышты! Хан да атасыз болмайды. Тийме, атама, шығың урыс майданына! — деген ғаўырлы отаўды қоршап алды...

## 2

...Ережеп тутыўсыз шатпасында ана күни жасаўыллар өлтирген ғазының терисине топан салып, кеп дүзетип отыр.

Қыс айы. Керегеси айғақ-сайғақ қыйсайған бес қанат қара үйдиң сыртына гөне шыпталарды қат-қат тутып, иштен керегеге қырқ жамаўлы көрпелерин керип жаўса да, үскирик жел ызғырып өтип, тула бойын қарпып жалап баратыр.

Сонда да ошақтағы оттың тийимли жерин үсти басы қызыл шақа еки баласы менен шапанға оранған добал қара ҳаялына берип, өзи бир беткей отыр.

Кеп дүзетип отырып, ғазының пәрине көзи түскен сайын жасаўылларға иштен гижинип қояды. Шақыраўық ғазын өлтирип, талабын кескен душпанын ашыўлы мерген «басына бас қыйратсам!» деп, қәһәрленеди де, тағы анаў күни Қулымбет бийдиң «бир ешки беремен» деген ўәдеси есине түсип, өзине өзи хәй береди. Бирақ, еле қолына тийген ешки жоқ. Оннан бери бираз ўақыт өтти. Беретуғын болса, неге бермейди. Ешейинде билегиниң күшин ортаға салып, зейнине тийген адамды хан да, қара да демей, жағаласып, қызыл муш бола қалатуғын «Ережеп тентектиң» усы сапары журттың арғымағына бергисиз «ақ тамақ» ғазының қунын даўласпай, сабыр суўын ишип не отырысы? Тири ғазы кеткен соң, өли кеп не олжа табар дейсең?

Ережеп мылтығын оқлады да, ийнине илдирип, үйден қәһәрли шықты. Нәзери Қулымбет бийдиң отаўы.

Ойға батып киятырған Ережеп әлле кимниң өз атын айтып шақырған даўысын еситти. Артына жалт қарап еди, қарсы қарап жуўырып киятырған үш жигитти көрди. Хәммесиниң алдында киятырған Әжинияз жақынлап келип:

— Ережеп аға, тоқта! — деди.

Әжинияз, Әзберген, Пирим, — үшеўи де жүгирип келип, нәўбет пенен сәлемлести.

— Ережеп аға, кус атыўға барасаң ба? — деди, Әзберген Ере-жеп пенен дәлкеклесе беретуғын дағдысына салып.

— Ерназардың тазысына асылған жасаўыллар, Ережеп аға-ның ғазын қоя ма. Ана күни шаўып кетипти деп еситтим, рас па аға? — деди Әжинияз.

— Шапты ғой, шабылып өлгирлер! — деп, Ережеп жасаўыл-лар отырған отаў бетке ызалынып қарады да, Әжиниязға бурылып, — жаңа Ерназар деп бир неме айттың ғой. Тазы деген не? Не хабар? — деди.

Әжинияз кус атып жүрген Ерназарға ушырасып, жасаўыл-лардың зорлық етип, тазысына асылғанын, Ерназардың олар менен урысқанын, соған өшигип, бүгин усы аўылға айдап келгенин айтты.

— Усы елди паналап келе қойып еди, — деди Әжинияз ашынып, қабағын түнертип, — Хийўаға услап бергенимиз елатлыққа миясар емес. Бизлер хабар алайық деп киятырмыз. Не жақсылық етеримизди билмей де турмыз.

— Қай жерде өзи? — деди Ережеп тәпинип.

— Ана үйлерге қамап қойған қусайды.

— Түсиң алдыма! — деди Ережеп ашыўға буўлығып, — мына хийўалылар енди тазымыз бенен ғазымызды қуртып, өзимизди гүнакәр ететуғын болса, биротала посып, Хийўасына-ақ, барайық, Несине ойланып турсыз. Бузың есикти. Шығарың Ерназарды!

Ережеп жигитлерди ертип, Ерназар қамаўлы үйге қарай жүрди. Буйырып сөйлеп киятыр:

— Үйге барған соң, ана қоралардан адамға бир сырық алың. Нөкерлердиң қылышы —гедейлердиң шоқмары. Салың урысты.

Олар отаўға жақын келе бергенде, үйди қамашалап турған дийқанлардың биреўи, Ережепке жуўырып келип:

— Өлтирди ана жасаўыллар. Есенгелди атаңды... деп, күйинип сөйледи.

Әжинияз үрейленип:

— Кимди? — деди сорап, аўыз жыйнағанша болмай-ақ, Ережеп отаўдың шаңырағына қаратып, мылтықты гүрс еткизип атып еди.



Не деген менен ханның нөкериниң де жаны татлы ғой. Мылтық даўысынан сескенип, қуты қашқан жасаўыллар сыртқа жуўғарада шыға алмады.

Малынан айрылған гедейлер топары Ережепке болысып, кими қолларына таяқ, кими темир айыр, бел, шоқмар алып, бийдиң отаўының керегесин теўип, түңлигин сабалады.

— Шыға-шық!

— Малымызды бер!

— Өлим, өлим бар өлим, өлтирип я өлип ақ тынайық! — деген шаўқым-сүрен үйди басына көтерди.

Усы пайттан пайдаланып, Әжиниязлар Ерназарды қамап қойған қара үйге қарай топылды.

Жигитлердиң қолында узын сырық. Үйди қорып турған еки жасаўыл қылышларын жалаңлатып, айбат етип көрип еди, булардың сырығы сермегенде қылыштан бурын тийетуғын болған соң, тайсалып қашты.

Тек Мүширип ғана қамақ үйдиң есигиниң алдында дәрпенбей түнжырап тур. Пирим қапталына бара сала, жағасынан қылғындырып услады.

— Аш мына үйди, дасмалшы, жуўындыхор!

Айсәнем бийдиң, үйине келгели, Мүширип ызалы еди. Оның еки көзинен жас парлап кетти.

Усы ўақытта үйдиң ишинен:

— Жигитлер, Мүширипке тиймең! Еки-үш күннен бери Мүшириптиң наны менен тиришилик етип жатырман — деген Ерназардың мүнәйим даўысы еситилди.

Пирим Мүширипти қоя берип, есикти ашыўға бейимлесип, қара үйге қарай жуўырып еди, оннан бурын керегени маңлай-шадан қопарып алып, сыртқа ылақтырып жиберген Ерназардың ғайбар келбети көринди.

Әжинияз жуўырып барып:

— Жарайсаң палўаным! — деп, Ерназарды айқара қушақ-лады. — Усы қарыўың менен еки жасаўылдан ийбе етип жатыр-ғаның ба? — Ақшыл жүзинде күлки толқыны ойнап шықты.

— Ўай гәп болғанына! Еки жасаўылды қолтығына қысып алып қашатуғын едим. «Келисермиз. Ҳәккиликти қойсын!» —

деп, атам руксат етпеди. Егер билекке қараса, он жасаўылға да тәўекел етер едим... — деп, Ерназардың қалың қабағы түнерип сала берди...

— Қәне, көп сөзди қояйық. Сен тайсал, Ерназар! Жасаўыллар услап алса... — деп Әжинияз ғамхорсып еди.

Бул сөзге Ерназар кәўетерлениў орнына бойына ашыў жыйнап, жасаўыллар жаққа карап еди, ала көзлери масаладай жанып, қалың қабағының үстиндеги қасларының түги шаншылып кетти. Тусаўын жаздырған қырандай, жудырығын түйип тислерин қышырлатты.

— Маған қайда қаш дейсең? Мен басымды қорып, атамды жаўға жиберемен бе?! Өзим қашып атам менен Турымды байлап беремен бе?... Бир басым ушын еки басты қурбан етемен бе?... Ол болмас... Әжелим жетпесе, хан не қылады маған... Атабабамнан артықпан ба? Түбинде қудайдың жазғаны болар!

Ерназар бийдиң үй жағына қарай қәхәрли адым атып еди, сырғаўылдай билеклерине Әжинияз бенен Пирим жалбарынып асылды:

— Өш қуўсаң еле алда күн көп. Жаңа қанат-қуйрығың жетилген шақта өзиңди отқа урма! Батырға да ҳийле керек. Сен ханның шынжырлы жаўысаң. Мен, мысалы Қосыбайдың баласыман, пара менен қутылып кетермен, ал сен Айдостың тұқымысаң, мың тилла менен қутыла алмайсаң! Қаш, тайсал аға!

Шапанға сыймай, тырсыйып жайылған денесиндеги күш булағы шайпалып, нағыз қурыжына минген жас батыр Әжинияздың бул сөзин писент етпейин десе, ата-бабаларының ийек тислеген әрманы есине түсип, еки ойлы болып турғанда, бийдиң үй бетинен әлле кимниң сүрен салып, жуўырып киятырғанын көрди. Әжинияз бенен Пирим тағы жалбарынды:

— Қаш Ереке, қаш! Тайсал!

— Қаш! Қойса батырлықты!...

Үш жигит Ерназардың тыңламасын билген соң ким пешинен, ким қолынан, қара жердеги кемени сүйрегендей жулқылап түр еди, киятырған адам даўыс жетер жерден:



— Төртеўиңиз де келиң! шақырып атыр. Даў-жәнжел басылды. Келе бериң енди... Бәри әй-жай болды... — деп шулғып сөйледи.

Онысыз да бийдиң отаў бетине барыўға ҳәўес болып турған Ерназар ҳәммеден бурын адым атты. Енди тоқтаталмасын билген соң жигитлер ардаңлап баратырған батырдың соңына ерди. Жақсылық хабар алып келген Өтемурат еди.

Ерназардың азат болғанына аяғы сайға тиймейди.

— Ўай, садаған кетейин кәтқуда адамды қойсеш! — деп, шәўкилдеп күлип, ентигип сөйледи. Ерназарды айдап алып баратыр деген хабарды еситиўден Өтемурат та ешегине минип шыға берген екен. Күни менен отаўды айналып жүр екен. Мылтық даўысы шыққан соң Қулымбет: «сыртта ким бар?» — деп, сүренлепти Өтемурат «Мен бар» депти.

— Онда шақыр халықты. Қусбеги рехим етти, — депти.

— Ережеп ағаның батырлығы бир пайда берген екен ғой, усы бүгин...— деп, Пирим шақалақлап күлди. Әжинияз Әзберген «кәйдем» деп, жақсы жаман сөз қоспады. Мыйықларынан жымыйды да қойды. Өтемурат Есенгелдини мақтады.

— Кәйдем, Ережеп те себеп болған шығар. Сонда Есенгелди аға не деген менен бурынғының дилўар бийи ғой, сөзин орнына отырғызды.

...Булар бармастан алдын отаўдағы кәтқудалар менен жасаўыллар сыртқа шыққан екен. Есенгелди ғарры ҳасасын услап, үйге сүйенип, жүрисинен отыр. Ғаррының нәзери көтеринки. Үйилген қабағы жазылып, жайдары отыр. Кеўили сергек.

— Ата! — деп, сәлем берген Ерназарға қолын узатып, «мына жерде отыр» дегендей мойнын шепке бурды.

— Аўылға қайтатуғын болдың, балам... Енди тегиңе жүр.

Қулымбет бий қораның аўызында әлле кимлерди шақырып тур. Үйдиң қасында топланып турған гедейлер бийдиң сести шыққан сайын «Ендиги сапар мени шақырғай да» деп, қора жаққа жалт-жалт қарайды. Телмирген, үмитли, муңлы көзлердиң гәси булт астынан шыққан күндей жарқ етеди. Ол өз малын қайтып алыўшылар. Аты аталыўдан қораға жуўырып,

гәси қойын, гәси ешкисин жетелей ала зып берип баратыр. Усы қуўанышқа жете алмай, күте-күте зарығып, кем-кемнен нуры семип баратырған көзлер бәринен көп. Буннан тысқары малын қолынан берип, изинен дәреклесип келе алмай қара жерде отырып қалған мешеўлер қанша?!

Гедейлер өз малын өзине қайтырғанды дәўлет билсе, жасаўыллар қорадан бир ылақ шыққанына қайылшылығы жоқ. Бәсе сонда неге Қусбеги, жарлыларға ғамхорсый қалды? Олардың да шеклеп отырған нәзери бар. Ол, — ашыўлы халықтың азғанасының кеўилин таўып, бүгинги көтерилисти басыў еди. Кимлердиң кеўилин табыўды Қулымбет биледи. Ал бундай ўақытта, қайта айналып шабыўға талай елдиң тәсилин алған, Муҳаммед Нәзир шебер.

Жәмин жыйнағанда онлаған адамның аты аталған ўақытта Қулымбет нәўбет күтип турғанларға қарап:

— Ендиги арызды ҳәзирети хан тыңлайды, — деп, дағаза айтты да, сүренлеп, Ережепти шақырды:

— Тентек елге келген мийманды сыйлаўды билмейсең. Ғаздың бир ғаллағалағын атаңның қунындай даўласып, көтерилис шығардың. Жасаўылларға берген қонақ асым-ақ болар, демедиң. Мә ғазыңның қуны. Енди бузық басы болсаң, «ағайын арашаламадың» деп өкпелеме!

Ережеп тоқалақ мүйиз қара серкени алдына салып үйине қайтты.

Усының бәрин көзден өткерип, ақылға жуўырытып турған Әжинияз Әзбергенге бурылып қарап:

— Ережеп ағаның тасыўы да, қайтыўы да бир серке екен ғой, — деп, мысқыллап күлди.

Дыққатын Әжиниязға бөлген Әзберген кетип баратырған Ережепке нарыйза пишинде көзин аўдарып:

— Бийдиң шаңлағынан алғандай мардыйып баратыр ғой.

Әлле кимниң көз жасы — ҳадал малы, мына Ережеп ағаға қайырлы барса не жақсы... Ақыбетин айт! — деп, тунжырап ойланып қалды.

Ережеп кеткен соң Қулымбеттиң:



— Тараң енди! Арызың болса, Хийўаға бар. Енди бийликти хан айтады, — деп, жекиринип бақырғанына да даўагерлер тарқамай отаўды айналшықлай берип еди, Қусбеги Есенгелдиге келип, әлле нелерди айтты. Есенгелди ҳасаға сүйенип, орнынан турды.

— Халайықлар — деп, өкпеси гүрилдеп, Есенгелдиниң даўысы шыққан ўақытта жыйналған адамлар тағы дәме етип, ҳәсиретли көзлерин тигип, ғаррының аўызына қарады. — Халайықлар! Хийўа хан ҳәзиретиниң қол астында отырмыз. Жер, суў, мүлик — бәри патша ағзамдики. Биз оның пуқарасымыз. Патша — атамыз, биз соның — баласымыз. Атамыз сораса жанымызды да бермеклик-парыз. Қуда қәлесе патша ағзам пуқараларына мийримини салар. Бүйтип жылда ала бермес. Көпшилигиңиздиң қыс ырысқы напақаңыз кетип баратыр. Сонлықтан қысылып, тарығып, турған шығарсыз. Сабыр етиң! Буннан да аш ўақтыңызда қаза салып, қысты өткерип едиңиз. Быйыл Хийўада жаўгершилик бар қусайды. Салықты атланысқа жыйнап атыр. Тезирек тынышлық болсын дең. Тынышлықты сораң!...

## ЖИГИРМА БИРИНШИ БАП

### 1

Жасаўыллар сарғырттты жыйнап Хийўаға кеткен соң, аш-арықлар зорға мойынсынып үйлерине тарқасты.

Ерназарды алып қалғанына масайрап Есенгелди ғарры да аўылына қайтты. Көп пенен тарқасқан Әжинияз үйиниң қасына келген соң, Әзбергенге мирәт етти. Ондағы мақсети бүгинги ҳәдийсени екеўи ақылға салып өлшесиў еди.

Нуржамал баласының төбесин көрип, алдынан жуўырып шықты. Баласынан қәўетерленип, жолына айдай қарағаны анасының үрейли ажарынан көринип тур.

— Қайда жүрсең, шырағым? Жасаўыллар сени де қосып алып кететуғындай көринди маған. Ҳәўлирип отыра алмадым, балам!

— Бизлер аманбыз. Апа! — деди. Әжинияз күле шырай берип. — Есенгелди атам да Ерназарды босатып алып қайтты.

— Жасаўыллар өйтип жақсылық етсе тәўир ғой. Жақсы болған екен. Мен чай қайнатайын, — деп, Нуржамал аяғын жеңил басып үйден шықты.

Еки жигит оңаша қалды.

— Әзберген! —деди Әжинияз ойланып, — бүгинги Ерназардың азат болыўына ким себепкер болды, сениң ойыңша?

— Ким болсын. Ережептиң мылтығынан сескенген шығар.

— Жоқ, — Әжинияз басын шайқады. — Бир Ережеп болса, олар түтип жейди. Мениң сезгеним, халықтан айбынды. Анық бирлессе, гедейдиң де айбаты зор екен ғой. Қайсы бирин қырып шығады.

— Өйтип бирлесетуғын халық қайда! Ерназарды ағайин деп Қулымбет бий де аяған қусайды. Есенгелди «жетимиңди айдат!» — деп, таба етипти дейди ғой. Неде болса Ерназардың аман қалғаны жақсы болды. Бирақ, Халмурат бай өшегисип, Хийўаға билдирмесе, бул сапары оны Айдостың тұқымы деп, гүман еткен жоқ. Халмураттың атын атаған ўақыта Әжинияздың Нигархан менен Айсәнем есине түсти.

— Мениң ендиги өшим тек Халмуратта қалып тур. Әжинияз түсин суўытты, —душпанлығын алдына бир келтирсем, соңсын Хийўаға кетер едим. Ержаннан хабар жоқ па екен.

— Жоқ усайды.

Есиктен Пирим кирип келди.

— Болды енди. Қойың ойласықты. Жасаўыллардан қутылдық. Енди бир емин-еркин жүрейик. Ертең «Ашамайлы» аўылында отыриспа бар. Барамыз ба?

— Барайық! — деди Әзберген Әжиниязға қарап. — Үйде отырып не питкеремиз.

Бүгин үшеўи усылай тарқасты.

... Сәске ўақты. Күн ашық. Жер-жәҳән ақ шымылдық жамылғандай қыраўға малынып тур. Соқпақ жол менен үш жигит адымлап жүрип киятыр.

Қылшылдаған үш жас жигит, бар жаңа кийимин үстине илдирген. Басларында қырма қураш. Беллеринде шашақлы



қырмызы белбеў. Кеўиллеринде жигитлик ҳәсери. Әңгимеси, — сулыў қыз. Үшеўинде де быйыл муҳаббат ескими бар. Жақсы яр тутсақ! деп, ышқы етеди.

Қылаңлаған жас жигитлер қызыл шүберек көрсе елең етип, көз таслап киятыр. Тап усы ўақытта жигитлердиң қарсы алдындағы есиги түриўли отаўдан қабақ арқалып, бир нәўше қыз шықты. Жигитлер жалт қарады: Үстине қызыл шубар көйлекти шубатылдырып кийип, оның сыртындағы қара бешпентиниң өңири менен етегин қарыс сүйем нағыслап, белин қуўыршақтай қынаған, басына айдыллы менен түрмени жүйин келтирип, тегислеп шебер ораған. Он бес жасар шамасындағы бойлы-сынлы қыз үйден шықты да, жигитлерди көрип, қиялап бир қарады. Оннан соң қәддин дүзеп «Таллық» дәрьясына қарай адымын майдалап басты.

— Әне! — деди Пирим Әжиниязға қарап, — излеген қызың шықты.

Әжинияздың ақшыл жүзиниң алмасы қызғыш гүрең тартып, жаўдыраған көз жанары қубылып кетти.

— Әне! Деп қуда түсип келгендей, қызықсаң-аў. Елде қыз көп. Қоңыратта дуз көп, аспанда жулдыз көп. Қолың бәрине жете бере ме?!

Әзберген Әжинияз жақлы болып, мырс етип күлди. Пирим «Гәптен қалмайын» дегендей Әжиниязға ғыжақ берип сөйледи.

— Бизлерге қарағанда тилге жүйириксең, шырайға сулыўсаң. Мен қыз болсам, сени өзим–ақ айттырар едим. Ынжықсаң-аў! Бир жуўап ур! Сени көрсе бир қайырылмас па екен!

Әзберген де, Әжинияз да кеңкилдеп күлип киятыр.

— Бул сапары мынаў гәпти ушырды. Жеңилдиң Әжинияз... — деп, Әзберген енди Пиримниң сөзин жөнледи.

Қыз бир бапта ырғатылып жүрсе, жигитлер «қызды көрип қалайық» деп жүрисин тезлетти. Суўға киятырған қыз жигитлерден бурын жолды кесип өтиўге үлгерсе де ийбе етип, гүлзар жолдың шетинде тоқтап қалды. Жигитлерге қасына келгенше қиялап қарап, қарсы келген ўақытта ержеткен қызға тән жылўа менен мөлдиреген көзин пәске түсирип жасырды.

Жигитлер адымын сүрнигип басып, қыздың бойына ҳәм сынына тигилип киятыр. Тәрбиялы есиктен шыққан әдепли қыздың қанша асығыс болса да, еркеклердиң алдын кесип өтпей турғанын көрген соң бийтаныс қызды азғана иркип, сөз рәмәўзин көриў ушын Әжинияз қасындағы жолдасларының пешинен тартты:

— Әстерек жүриң! Деди.

— Қарындасым амансыз ба? — Үш жигиттиң үш мәртебе сорасқан аманлығына қызда оймақ қаслы сақыйнадай жаўдыраған сүйкимли көзлерин жигитлердиң жүзине үш мәртебе аўдарып таслап, үш мәртебе «шүкир!» деди.

Әжинияздың жүзи бирден қызара бөртип, жүреги дүпилдеп соқты. Үндемей өтейин десе екеўи бетине жалтақлап тур. Тәўекелге салды.

Арыслан қарпып өтеди,
Арғымақ ғарғып жетеди,
Сыны келген қыз екен,
Орамал сорасақ нетеди?—

Деп қызға сүзилип қарады.

Қызда жигитлер менен жуўап айтысыў ушын үйинен таклanып шыққандай тақмақлап төге берди:

Күйгелек деген қус болады,
Ийнеликти жем етеди,
Топқа басы кирмеген,
Жол тосып, кәр етеди.
Ышқы зарын шекпеген.
Көринген қыздан
Орамал дәме етеди...

Қыз жарқ етип күлип, жигитлердиң арт жағынан айланып, дәрьяның жағасына қарай кетти. Әжинияз изинен жигитлик сын көзи менен тағы бир қарады. Ишинен: «Сымбатына дилўарлығы жарасыўына қара!» — деп, қәўметине сүйсинди. Сөзден



утылғанына өкинген жоқ. Қайта бирден тосаттан айтылған жуўапқа дәлил келтирип, жигитлердиң алдынан сүринбей өткен қызға қайыл болды. Әлле қандай бир баўырман сезим менен өзине тәбия тартып, кеўилин мақтаныш бийледи. Қыздың кетердеги жымыйып бир қарап, жалт етип ойнақшыған көзи Әжиниязға «ашық болсаң, изертлес» деп, ықлас билдиргендей сезилди. Усы бир сезим жүрегине орналасып, қызға емиренип, телмирип қарап қалды. Әллен ўақытта жүзин бурып, ишинен қыздың гәпин тәкирарлады: «Ышқы зарын шекпеген»....

Жигит ойға батып тур. Ол бул турысын Әзберген менен Пирим өкинишке жорып, сықақ етип атырса да, кеўил аўдарған жоқ. Дыққат ойы дәрья жағасында...

Еки жорасы: «қабарып қалды ма» деп, кеўилин алмақшы болып киятыр еди, Әжинияз:

— Жаңа шыққан қыз бала менен өнер жарысытырып кәйтемиз. Ол биреў, — бизлер үшеў. Ол қыз, — бизлер ер азамат. Жас көкирек қыздың кеўили қайтпасын. Сөз табыла береди... — деп салмақлы жуўап қайтарды.

— «Ашамайлы» аўылының қызынан жеңилип қалдық. Енди қайтайық, — деди Пирим. Әзберген «қой» деп, пешинен тартты:

— Қызыл тилди жумсай берсең, кимниң зейнине тиймейди... деп, Әжиниязды хошлады. — Жуўабый, сымбатлы ҳәм әдепли екен. Кимниң қызы екен?

Тап кеўлинен шығып ойындағысын айтқандай Әжинияздың көзи жарқ етип, жалт қарады. «Ҳақ кеўили ме, я дәлкек пе?» деп, достының жүрегине үңилди.

— Бабаларыңа усап сыншыл болайын деп жүрсең бе? Бир көриўден шаппаттай қызға не деген баха бердиң... деп жымыйды.

Әзберген дәлил келтирди:

— Жуўабый екенине сөзин еситтиң. Жулпыс дегеним, анаўмынаў ынжық қыз үш жигиттен қаймығады. Әдепсиз болғанда, жолды кесип өтер еди. «Қыз атасының үйинде патша, жигит ўәзир» дейди халық. Ол бул рәсимди еткен жоқ. Бизлерди ҳүрметлеп, әдеп көрсетти. Сымбатлы дегеним, — есикке жарасықлы ажары бар екен. Бунның неси жалған. Кимниң палы түссе де, нәсип етсин!

Қызды мақтағанға Әжинияздың кеўили толды. Буннан ары қыз ҳаққындағы әңгимени соза бериўге қызғанғандай мейли соқпады. Пирим болса, «маған жынтыўы жоқ гәп» деп, мәни бермеди.

Жигитлер усы ўақытта шаңырағының алды артына гөне шыпта жабылған бир елеспесизлеў үйдиң қасына келди.

Үйдиң тусынан өте бергенде кейўаны ҳаял суўырылып шықты. Жигитлер бир қарап, иси болмады. Ал ҳаялдың еки көзи усыларға тигилип киятыр. Адымын шаққан басып, ҳаял қуўып жетти.

— Балаларым, тура турың!

Жигитлер жалт қарады. Басында кирлеген бөз жаўлық. Үстинде гөне гүрте. Геўишиниң өкшесинен басып, шубатылған көйлегиниң етегин есип жүрип киятыр. Кейўаны емес, — кемпир.

Кемпирге ҳүрмет көрсетиў ушын жигитлер қалшыйып турмай жолдан бурылып барып қолынан алды.

Кемпир Әжинияздың бетине телмирип қарады.

— Сен Қосыбайдың баласы емесписең?

— Аўа, шеше!

— Үйге жүриң, сөйлесетуғын бир хызметим бар еди. Жигитлер кемпирдиң изине ерип, үйге кирген соң, төрдиң бир буршында отырған сары сынлы қызға көзи түсти. Апасынан дәкки жеген нашардай томсырайып, өзинше бир ой үстинде отыр. Он бес, он алтыдан асқан ер жеткен қыз. Үстиндеги бояма қызыл бөз көйлектиң түси оңып, ақшыл тартқан. Аяғы жалаң аяқ.

Жигитлер жапсарға жайласып отырып болған соң, қыз орнынан аўыр қозғалып, сыртқа шығып кетти. Кемпир қара қуманды ошаққа қойды. Қыз бир дәсте шөп әкелип, жигитлерден еки адымдай қашықлап, есик бетке отырды. Ошаққа от жағыўдың әнжамын ислей берди. Кемпир шай-суў таярлаўдан қолы босаған соң, жайласып отырып әңгимесин баслады.

— Шырақларым, кеседен келип, жолдан қайырған бул қай кемпир? — деп, ҳайран болып отырған шығарсыз. Бул үй



Ержанның шаңырағы. Мен анасыман. Мына қыз қарындасы...

— Кемпир гәпиниң усы бәнтине келгенде суўық демин алды. Иейгин қолына тиреп, муңлы – шерли сезимге батты. Жылап турған киси таклетте кемсеңледи. Бирақ, семген көзине жас келмеди.

Әлле жылай-жылай жас булағы кесилип қалды ма я жас балалардың алдында егитилмейин деди ме, әйтеўир еки-үш мәртебе ишти кернеп келген хәсирет толқынын ышқынып қайтырып, солығын басып алды. Сөзин бир бап пенен жалғастырды: — Сизлерди танып шыққаным... Әжиниязға жалт қарады. — мына баламды, үйдеги қыз жаңа далаға шыққанда көрген екен. Келип маған айтты. Сизиң аўылдағы ана Өтемурат мениң аталас иним. Мына қыз, сол дайысының үйине қыдырып барып жүргенде, сизлерди көрген екен. Жаслар биздей емес, ғабырыспайды. «Апа, солар киятырған» деп, бийнеңизди айтқан соң, шыдамай сыртқа шыққаным еди.

Қыз ийбе етип, жүзин жасырып, төмен басын алды. Жигитлер де жымыйып қойды.

— Сөйтип, шырақларым былтырдан бери басымызға бир сүргин түсе қалды. «Бай менен бай қуда болса, арасында жорға жүреди, бай менен жарлы қуда болса қайдан дус болдым деп зорға жүреди» дегендей тентек баламыз көрпесине қарамай аяғын созып, арқасын қарамай таяғын суғып, байға тийер ме?! Байдың жесирин алып қашар ма?! Түси келиспегенниң иси келисе ме, алып қашқан қызы суўға кетип, байдың жарлыдан өшин алыўына бундай қуба-қуп келер ме? Быламағымызды қараўыллап зорға ишип отырған күнимизди қудай көп көрер ме?! Былтырдан берги күнимизди ийтке бермесин... —Кемпирдиң көкирегиндеги уйытқыған хәсирет усы гәпти айтқан ўақытта шайпалып, бет-ажарына атлықты. Еки көзден жас парлады. Әллен ўақытта солығын басып, көз жасын жеңи менен аршыды. — Ийманым кәмил! Ол баланың сизиң аўылдан қыз алып қашайын деп жүргенин сезсем мына пирли үйде отырман ғой, ол дүньямды бермесин. Әйтеўир: «дайымды көрип қайтаман» деген қатнаўы зор еди. Үлкен «дайысы» бар екен!

Күйинип сөйлеген кемпирдиң сөзине жигитлер күлерин де, ашынарын да билмей, ызалы жымыйды.

— Сөйтип, шырақларым, бир мүсийбет түсти де қалды. Қапа болып келген баламды ертип бийге бардым. Жағдайды түсиндирдим.

— Жаман ис болған екен. Егер қыз табылмаса балаң қун төлейди. Анаў–мынаў да қун емес. Шәриятты бузған қун. Байдың пәтия оқыған жесирин алып қашқанын Хийўаның ханы еситсе, балаңды дарға асады. Баска хүким жоқ!—деп, бий аспанды төбемизге төңкерди.

— Енди қәйтемиз.. Ағайин атың бар. Аяғыңа жығылып, сениң қолтығыңнан пана сорап келип отырмыз. Өлтирсең үш жетимди өзиң өлтир деп жыласып еңирестик. Бираз ўақыт тунжырап отырып, әллен ўақытта тилге келди. Рәҳимин төкти. Көзине не керек. Сол сапары жақсылық етип еди...

— Бес-алты ай балаң аўылдың қарасын үзип кетсин яўмыт ишине барын талап етип, басын жасырсын. Соннан соң көре жатармыз, — деди.

Көнбеске илажымыз қанша! Өли айрылғаннан тири айрылғанды мақул көрдик. Басы қатпаған, буўыны бекимеген, дүз көрмеген жалғызды жиберип қала бердик. Соннан бери мына қаршадай қыз бенен бийдиң есигине жүрип, аўысқанын ишип, таслағанын кийип, өлмес аўқат етип отыр едик. Жақында бий шақырып алды:

— Ал жеңге! Ержанның ол жүриси де өзине көп болды. Мына бай: «Мениң жесиримди алып қашып, шәриятты бузған инисин жорта елден тайындырып, астыртын сақлап отыр. Бузақылыққа өзи бас болды. Елди бузды. Жесир қунын төлесин» деп, ханға арыз айтты. Соған төрт жасаўыл келип, Ержанды таўып бер деп атыр. Мениң де басым биреў. Қун төлеўге жағдайым көтермейди. «Биз билмеймиз» — деген менен түркменлер услап береди, — деди.

— Енди қәйтемиз? Жалғыздың жанын сақлап қалатуғын илажыңды айт, дедим.

Бий дағдырып көп ойланып барып сөйледи:



— Ендиги имканият бай менен қуда боласаң. Түбинде кетеси нашар ғой. Қолыңдағы қызыңды байдың баласына бер де, даў-жәнжелден қутыл. Ана жалғыз балаңның да басын азат ет! Бурынғы қыздың даўын басайын. Сен мени байдан қутқар. Мени емес, ана балаңды қутқар! «Шәриятқа шарам жоқ» деген усы — деди.

Ақылға салып қарасам оннан басқа уждыбатлы бийлик жоқ. Жалғыз баланы қашанғы жат елге дилгир қыламан!... Қаналасы ушын қара баўыры қан болмаған қарындастың не кереги бар?!.. Сүйгенине кеткен нашар жоқ. Соның ушын да ер азамат етпей, нашар етип жаратқан. Мени де мына қыздың әкеси арбаның алтақтасына еки бурымымды байлап, зорлап әкелди. Усы гәпти айтсам мына қыз кешеден бери қан сорпа болып жылап, мениң менен жағаласып отыр. Мен не қылайын. Заманы усындай етсе, мен кәйтемен!... Жыласа, жыласын! Бир заманда шешең де жылап сықлап жүрип, ақыры көнип кеткен. Инсан бинә болғалы қыз жылап киятыр. Күшли зорлық етип, әзиз қорлық көрип киятыр.

Кемпирдиң күйиниш – сүйиниш аралас гәпин тунжырап тыңлап отырған Әжинияз бир тыныспасында басын көтерди.

— Шеше, ол айтқаның дурыс ғой. Бизиң ағамнан да қәтелик болды. Ағаң менен жағаласып атырсаң журт күледи. Оның үстине бизлер бундай үлкен даўға араласыўға еле жаспыз — деп, еди.

Кемпир усы жерде қымтып алды.

— Даўды ислеўге, қыз алып қашыўға жас болмайсыз, жайғастырыўға келгенде жас боласыз? Өспес елдиң баласы қырқты да жаспан дер...

Жигитлер бир-бирине қарасып, мақулласып ымласты. Сөзге тағы Әжинияз араласты.

— Ол айтқаныңыз дурыс. Ержан да, Нигархан да буған гүналы емес. Еки жас қәлесе, ким кесе турар. Бирақ, заманымыз бул тилекти тыңламаса... Малы бардың, ҳалы бар. «Аўзы қыйсық болса да, байдың улы сөйлесин» дейди. Шеше, бийди ағайин деп мақтап отырсаң ғой... Қосыбайды өзим жай қыламан дегени,

кеше қорқытып, бир қарындасын тартып алды. Байдың жесирин биз бийге төледик. Енди бий сениң қызыңды байдың баласына берип, байдан қутылажақ шығар. «Қудай шебер ме, қурқылдай шебер ме» — деген, бий қайниңиз дауды жайғастырыуға, «шебер» екен. Қым-қыйқаш қылыуын қара!... Болмаса байдың жесири, — Қайыптың қызы. «Сақыу»дың қызы. Бай даўласса — Қайып пенен даўлассын. Қайыптан алсын, бергенин. Сениң қызыңды не деп араға қыстырады?... Жас та болсам... Мениң пәмимше, бий усы даўдан еки пайда көрип отыр. Қосыбайдан жесир алса, байдан жорға минеди. Бийдиң неси кетсин?

Кемпир «Қосыбайдың баласы болған соң, әкесине тартар» — деп, қатты қайырым сөздиң басына бармай отыр еди. Хеш қайсысына да болыспай, әдил сөйлеп, бийдиң жөлкерлигин дууры айтқан балаға ол да рийза болды.

Кемпир, бийдиң Қосыбай менен питиминен бийхабар еди. Қосыбай, Ержан, Халмурат бай — үш даўагердиң үшеўин де бир шылбырға байлап отырған бийдиң «жақсылығынан» иши түңилсе де, кемпир мойнына түскен қурықты үзип кете алмай, кеўилинде: «я қыздан, я баладан без!» — деген сезим толқыны ҳаллас урып тур еди. Оның көз алдында дар астына кетип баратырған баласы елеследи. Улға қарағанда, қыздың тәғдири жеңилирек көринди. Ана үлкен жүрегин тәрези етип, еки ҳүкимниң салмағын өлшеп отыр.

— Ақылың дурыс шырағым! Бирақ, зорға не илажымыз бар. Биз жеңилдик. Ҳәзир балам көзимнен бир-бир ушып отыр. Тезирек, мына шаңырағына ийелик етсе екен... Көп жеген таяқтың бири болар... Ушқанда қайда жетемен, шапқанда қайда кетемен?...

Пирим күни менен жәбир-кемликке буўлығып отыр екен, жуўан даўысы шаңқ етти:

— Бәрин қырып кетер ме един!...

Әжинияз кемпирден ишки сырын еситкиси келип: — бул аўҳалдан Ержан хабарлы ма екен, — деди?

Кемпир Ержанның бойын жасырып, келип кетип жүргенин сездириўге қәўетерленип, жигитлердиң бетине сезикленип қарады.



— Ол буған көне ме? Минезин билемен ғой. Соның ушын далада кеўили хабарып жүрген балаға уўайым үстине уўайым арта берип қәйтемен.

— Онда Ержан аға рийзалық бермеген екен ғой. Ал енди бизлерге не хызмет буйырасаң, шеше? — деди Әжинияз.

— Сизлерди шақырғандағы хызметим, ана Өтемурат дайысына усы хабарды айтарсыз. Байдың жаўшылары қайсы күни келетуғынын айтып жиберермен. Көз қулақ болып жүрсин. Жигиттиң үш журты болады. Ержанның бир журты — Өтемурат. «Ер дайысына тартады.» деген гәп бар. Ержан өз сүйеги Ержанды таўып алсын. Ақыллассын... Мына қыз кетерде Өтемурат жыйынның ишинде болсын. Усы аманатым, шырақларым!

Кемпирдиң көмекейине тағы бир гәп келген еди, аўзын жасқап турып, қыпса сақлады. Әжинияз ол сырды сезсе де, тергестирген жоқ.

— Мақул шеше! Айтамыз, сәлемиңди. Бүгин усы аўылда отырыспа бар екен. Соған келип едик, Ертең, атар таңға аманатыңды жеткеремиз — деди Әжинияз.

«Отырыспа» деген ўақытта қыз анасына муңайып қарап, әлле неден тартынып отырғандай көзлери жерге телмирип, ыңжылды.

Анасы қас қабағынан түсинип, жигитлердиң рехими келсин деди ме, қызының ҳәсиретин сездирди.

— Айзадажан, сен бармай–ақ қой отырыспаға, десемде жас көкирек қылмай отырғаны. Отырыспа кийимли қызға жарасады. Усындайда бир-еки кийимин ертеңге шекем берип туратуғын жеңгең де жоқ.

Қыз жигитлерден қысынып, сыртқа шығып кетти. Үш жигит те өз қарындасының басына жоқшылық түскендей Айзада менен қосыла ҳәсирет төкти.

Азғана отырған соң жигитлер руқсат сорап, үйден шықты.

Майданға шыққан соң Әжинияз:

— Қәлмен ағаның үйинде хызметим бар еди, — деп Пирим менен Әзбергеннен бөлинип кетти. Үшеўи кеште мерекеде ушырасатуғын болды.

## ЖИГИРМА ЕКИНШИ БАП

### 1

Қәлмен — Қосыбайдың «Ашамайлы» аўылында өзине бейим тартып кеўил жақын иниси. Ол Әжинияздан бес-алты жас үлкен. Таллық бойында «бала палўан» атанып, гүреске түсип жүрген дәпең, қара жигит. Үйленгенине жылынан асып баратыр. Гүлбий деген шийкил сары ҳаялы бар. Әжинияз усы Гүлбий арқалы қыз бенен тиллесермен бе деп киятыр.

Қәлмен Өтепберген бай менен қоңсы. Өтепберген Пиримниң аталас ағасы. Шоқ кеўилли киси. Басқа байлардай сықмар аты кешпей, қазанлы бай атанып киятырған, адамгершиликли киси. Жасы елиўге шамаласқан, руўы «қыят», енгезердей, қол-аяғы узын киси. Ажары қара бараң, селдир сақаллы, муртын супынамай етип, еки уртына қойған, келбетли адам. Есигиниң алдынан ат кетпейтуғын қонақшыл болған соң, бақсы-жыраў да усының үйине үйир. Үйдеги-дүздеги жумысын биреўлер атқарып жүрген соң, ислерге хызмет таппаған байға ермек керек. Соның ушын мереке жыйынға өзи де ҳәўес.

Әжинияз Қәлменниң үйине жақынлап келе бергенде есигиниң алдында айқасып жүрген еки жигиттиң қызығына қарап отырған Өтепбергенге көзи түсти. Гүрес десе қызбайтуғын жигит бар ма? Көрип кетиў ушын Әжинияз да солай бурылды. Әжиниязды көрип тартынды ма, ямаса шаршады ма, екеўи де бир-бирин жығыса алмай, айқасқан қолларын жазып берман қарады.

Әжинияз екеўин де таныды. Биреўи излеп киятырған — Қәлмени, екиншиси «қият» жигити Жәменей палўан. Екеўи де жас жағынан қатар. Бир майдан алысып, бирин-бири жығыса алмай «енди дем алайық» деп, қолларын жаздырған екен. Гүрестирип турған Өтепберген:

— Келинге күшиң бөлинген екен, бала. Бизиң Жәменейди жыға алмадың. Енди күшиң қайта береди — деп, Қәлменге ғыжақ берип тур.



Әжинияз қасына жақынлап, аттан түсип сәлем берди. Өтепберген баланың бетине тигилип:

— Көзиң, мурның усайды. Қосыбайдың баласы емесписең? — деди.

— Аўа, ата.

— Әкең саў ма? Жаман шешең аман отыр ма? Баяғы торы бийениң қулыны бар ма? Анасы жорға еди. Жүриси қалай?

— Жаман емес.

— Неге жаман болсын. Сары шубар айғырдан дөреди ғой. Қосыбай малдан жоқ–жуқа болған шығар. Еки сыйыр менен қос өгиз, оннан соң, сол ғунан қалды деп еситемен. Рас па?

— Рас.

— Малдан қол үзбеўи керек еди. Ержетип киятырған балалары бар. Келин түсиремен деген дәмеси бар ма, әкеңниң? Қалың малға не төлейди?

— Бай шынлап баратырған соң, бала қапияға айландырды:

— Қалыңсыз келин–ақ түсирер дә?

— Енеңниң шонтайын алар! Қалыңсыз қыз бар ма? — Өтепберген ғарқылдап күлди.

— Бала қызара бөртип, үндемей қалды. Қайтымы жылдам Өтепберген баланың түйилгенин сезип, басқа төрели гәп пенен жайып жуўды.

— Атаңа сәлем айт балам. Қосыбайға — «сақыўдан», бизге —«қияттан» бий шықпағанша, теңлик те, дәўлет те жоқ. Бәринде еситип атырман. Мени бай ғой деп қаша бермесин. Байдың да сықмары ҳәм қайыр сақаўатлысы болады. Өз көшемниң, өз руўымның аш жарлысына өзим қарап, бул елден басқа журтқа шаңырақ жибергеним жоқ. Жаман болсам ана Халмурат байдай мениң де көшем орталана берер еди. Өтемурат қашты ғой. Жақсы сөйлегениңди малда сезеди. Қысылғанда шалғай жаўған соң, аўылымның мурты бузылмай киятыр. Қосыбай да сақыўға шеттен таяқ тийгизбей жүр еди. Баяғы бир қыздың қашқаны жаман болды... Әкеси қайда оның?

— Аўылда.

— Ҳеш жаққа сораў салып барған жоқ па? Әбзели сол қызды суўға кетти деген бийкар. Өлиги шығар еди. Неде болса,

ондай перзентти излеў керек еди. Сен де жигит болыпсаң. Неге сорастырмайсаң? — Өтепберген усы гәпти айтып, баланың бетине карап еди. Аршыл жүреги ажарына теўип, еки бети суп–сур болған екен. « — Пақырдың баласы ақыл тоқтатып қалыпты!» деди ишинен. Өтепберген тағы бир гәптиң ушын шығарды.

— Әкеңе сәлем де! Бәхәрде егинди «Таллықтың» аяғындағы «Қыйсық мәдели»ниң бойындағы «Порхан қайтпа» атаўына өзгертейик. Жери боз. Не екседе бир жылша тирелип қалады. Усы гүзде келистирип жап жардырайық. Соны айт! Мирәт етпеди демесин...

— Әжеп ата, — деп, Әжинияз Қәлменге ерип, үйине қарай кетти.

## 2

Есиктиң алдына келген Әжиниязды көрип айран атлап отырған Гүлбийи түргелип, иззет пенен карсы алды.

Қәлмен атты жайғастырыў ушын қора жаққа бурылды. Әжинияз жеңгеси менен аман түўеллик сорасып отырды. Жеңгесиниң ашық минези, әдеп сақлап отырған қәйнисине қолай түсти. Бир гәптиң ийнинде Гүлбий:

— Қалыңлығың бар ма? — деди, қәйнисин әзиллеп.

— Жоқ. Усы аўылда бар деген менен излеп келдик, — деп, Әжинияз да дәлкеклеп, бағанағы суўға барған қызды әңгиме етип аты жөнин сорады.

Бийнесин көп сорап, Гүлбий әллен ўақытта қызды танып алды.

— Өйбей, бизиң патша қыз ғой! Оны қай жерде көрип жүрсиз? Аўзынан емшек табы кетпей атырып, ол да жигитлерге жуўап айтып жүр ме?... Сол, сол ... Бийнеси соның өзи. Биз еле оны бала деп жүрмиз ғой...

Гүлбийдиң жүзи жаўқылдап, қызы менен жигитти теңгерип, тағы бир тәрезиге тартқысы келгендей, Әжинияздың пишинине жалт қарады. «Гүлге бүлбил қонғандай жарасар еди-аў!» — деди ишинен.



Әжинияз қыздың атын сорап изертлести.

— Жеңге «патша кыз» дедиң бе? Өз аты ма?...

— Өз аты болғанда айтаман ба, бала! «Қият — ашамайлыда» бийкешиниң атын айтатуғын жеңге бар ма? «Патша қыз» — жеңгелериниң қыйыстырып қойған аты. Өзиниң аты Хийўадағы журт сорағанның қызының атындай.

— Ханзада ма?

— Аўа. Аўа... Бирден таптың. Ықласың шын екен, бала!

— Ықлас та бар ғой. Сырттан көрисип те жүр едик. Сыр минез болмадық. Ол кимниң қызы?

— Ол бизге ағайин, «ашамайлы» ана қайнағаның ортаншы қызы. Енди әўлийедей қайнағаларымның атын қалай айтаман?— Гүлбий қысынып, қызара бөртти. Әжинияз көзи мөлтеңлеп, жалынышлы түр билдирди.

— Тисимнен шығармайын, жеңге. Дусмаллап бир мәртебе айта ғой. Кудайдың өзи кеширсин! Мүтәжлықта ахунның келинлери де айтқан.

— Дусмаллап дейсең-аў. Баяғыда бир келиншек: «Саркырамаҳың аржағында. Сылдыраманың ишинде, маңыраманы улыма жеп атыр, ата?» деп, Булақбай, Қамысбай, Қойлыбек, Қаскырбек деген қайнағаларының атын пинҳамы түсиндирген екен. Мен, курыған басым, ондай шешен емеспен ғой, қәйним!

— Онда тоқетерин айт.

Келиншек шоршынып кетти.

— Қудай сакласын! Оннан соң саған бир аўыл ийт айтысады ғой. Ағаңның өзи-ақ сыйымды питкереди. Қәне дусмаллап көрейин. Қазанның түси кандай!

— Қара.

— Ҳе басын таптың. Енди байдың есигинде жүретуғын ким?

— Гедей, жарлы, күнликши, жарымшы, дийқан, кул, малай.

— Болды болды. Соңғы сөзиңниң алдыңғысы.

— Кул?

— Аўа. Соны қос.

— Қара... кул... Қаракул ма?

Аўа.

Әжинияз ишек-силеси қатып күлди.

— Еле де «қарақул» болып жанымыз қалды. «Ақ қул» болғанда жанына жақынлатпас един, жеңге! «Ашамайлының» келиншеклериниң бундай динине берк болғанын айтсеш!

Келиншектиң өзи де кеңкилдеп, мырс-мырс етип күлди. — Қәйтемиз енди. Токпағы күшли болса, кийиз қазық жерге киреди. Өйтпесең, қайнағалап атын айтқанды еситсе, бул аўылдан қуўып шығарады ғой!

— «Бир кемпир, бир кемпирди бийкеш дейди, түйедей ат турғанда өркеш дейди» — Бала басын шайқап, жымыйып күлди. «Хеш китапта жоқ ырымды қайдан тапты екен?!»...

Келиншек қәйнисиниң сыпайы нағыслы сөзине ышқы етип жымыйды.

— Усы пишиниң менен усы тилиңе де қыз айналмас па!

— Атымды алып, пияда қайтарсаң да, сол қыздың бир шырайын көрсет, жеңге.

Үйге сөйленип Қәлмен кирди:

— Қонақ балаға чай-суў бердиң бе, Гүлбий?

— Кишем жақсы күтип атыр. Кел-кети жақсы, — деп, Әжинияз жуўап қайтарды. Жаңа түскен келиншегин «жақсы» дегенге Қәлмен мазатланып, Гүлбийге сүйикли көз қыйығын таслады. Отырып, бала менен әңгимелесежақ мийзам көрсетип еди, түсимпаз келиншек қас-қабағы менен ымлап сыртқа шығарды. Екеўи бир майдан гүбирлесип, керисип, ақырысында келисип үйге кирди. Қәлмен дизесин бүкпей, балаға қарап:

— Мениң бир шарўам болып тур иним. Жеңгең менен әңгимелесип отыра бер. Аўқат писиўге карсы келермен — деп шығып кетти. Бала оның кеткенине қуўанбаса, қыйналған жоқ. Қыз бенен аўлақ үйде оңаша сөйлестириўдиң әнжамында жүрген жеңгесине иштен алғыс жаўдырып атыр.

— Ал биз де кеттик! — деп, ала көзлери жалт еткен жеңгесине жас жигит ишинен «оң сапар» тилеп қуўжыңлап қалды. Ышқы кемесине минип, биринши муҳаббат дәрьясын кешиў алды жүрек толқысы ма я кеўил қуўанышы ма, әйтеўир қызға кеткен соң, жигиттиң отырып парасаты болмады. Ыңылдап үйдиң ишин гезди. Теңселип, тоқсан түрли қыял, жүз түрли муқам



сезими менен араласып жүр... Қыял елес пенен үйге неше түрли кийинген қызлар кирип атыр... Көз алдынан жылўа еткен нәзик наз өтеди, сыңғырлап, гүўдирлеп, ҳәйкел өңирмоншақлы бир ақ қуў сызылып өтеди. Бул шәўкеттиң бәрин ислемей, бойын жасырып, «мени бөз көйлектиң ишинде таны?» деп, келсе не?... Мейли, липаға оранса да, не муқамда келсе де, жигит жүрегиндеги ышқының тилсим сыры, сол баяғы қара көзге бир тигилип қарамай ашылар емес!...

## 3

Үйге қарай сырт-сырт басып киятырған геўишлердиң сести шықты. Жигит өрре турып жабықтан сығалады.

«Киятыр!»...

Жигит төрге шығып малдасын қурды. Қас-қабағын, мойынбасын сыйпап, сыпайы тутымда отыр. Үстинде қара бешпент, қара сым. Басында қара бөрик. Бөриктиң шыйрақ моншақлары жалт-жулт етип, жас жигиттиң мөлдиреген көзине, қәлиптей ақ қуба жүзине сулыўға жапқан сәўкеледей жарасып тур.

Есиктиң қақ маңлай алдында: «Кир!... Үйиңде адам жоқ па?... Адам болғанда сени жута ма!» ... деген жеңге менен бийкештиң дәлкек назы аралас күлискен сести еситилди. Үнсиз отырған жигит иште жымыяды.

Қыз ийбе ете берген соң, Гүлбий билегинен сүйреп келди. Жигитке көзи түсиўден қыздың еки бети алмадай қызарды. Бағанағы жуўабы есине түсти ме? Көзин бир қыя алып, қатарлап дизген сүйриктей нәзик кирпиклерин еки–үш мәртебе қағып, басындағы орамалының ушын аўызына апарып, сызылып отырды. Үстинде бир жөн шатраш көйлек. Геўишти қоңылтаяқ кийген. Ийнинде баяғы суўға барғандағы қара камзол.

—Аман саў жүрсиз бе, қарындасым! — деди, Әжинияз қызды көрип.

Қыз бир қырын отырған қәддинде:

— Шүкир! — деп, мүнәйим жуўап қайтарды. Гәп үзилип қалды...

«Қыз атасының үйинде — патша, жигит — ўәзир» деген усы емес пе? Үйиңе апарған соң, сен-ақ патша бол. Бирақ, бүгин қыз

— патша алдында, ўәзир —жигит қалжаўрап турғаның жоқ па? Қәне батыл болсаң, күшиңди шығарып көр. Сен ата-анаңның алдында да тартынып көргениң жоқ еди. Ат басындай жүрегиң шығанақтай қыз алдында қабызына сыймай неге туўлап тур? Неден сескенип турсаң? Қыз патшаның хәмири қалай екен, ўәзийир жора! Қыз ба, патша ма, муҳаббат па?!... Қыз сусты не деген кәрамат!

— «Муҳаббат нәзик жол!» — деген усы екен ғой деп Әжинияз ышқы қүдиретине мойынсына баслады.

Гүлбий қуманнан чай демлеп, екеўиниң ортасына дастурхан жайды да, әлле нени сылтаўлап, далаға шығып кетти.

Қыз да, жигит те билгенин ишинде тоқып отыр. Дәстүр бойынша гәпти жигит баслаў керек. Муҳаббат қәдеси бойынша ең дәслеп жигит — арзагөй, қыз —тыңлаўшы қазы. Бул ата-бабадан киятырған ирәсим. Сонлықтан жигитти не айтар екен деп, қыз қулағын салып отыр. Ал жигит неден басларын билмей көмейине келген хәр гәпти ақыл тәрезисине салады. Әжинияз әллен ўақытта тил қатты.

— Ханзада сизди азғана сөйлесейин деп шақыртып едим. Сизиң менен бир жағада өстик. Отырысып сырласпасақ та, бир-биреўдиң сыр-сыпатына таныспыз. Сизиң менен өмирлик жолдас болсам деген ықлас кеўилим хәм муҳаббат ышқысы бар еди. Сол ышқы бүгин ерксиз сүйреп, мени усы аўылға әкелди. Бағана дәрья бойында ушырасып қалған соң, қатарлықта бир аўыз дәлкек айтысып едик. Кеширерсең, қарындасым!

«Дәрья бойы» деген ўақытта ол да уялды ма, әйтеўир еки бетиниң алмасы қубылып жарқ етти. Әжинияз бир сыннан өткендей көкирегин басып жуўап күтти. Енди қыз ойланып отыр. Ол да әллен ўақытта басын көтерип, жигиттиң пешенесине қыпылықлап нәзер салды.

— Дәрья бойында қыз көрсеңиз, усылай шақыртатуғын әдетиңиз бе еди? Мүмкин, көрсе қызар шығарсыз. Болмаса, ат жаллап келсеңиз, неге дәслеп усы үйге бурылмадыңыз?

— Көрсе қызар минезим жоқ, Ханзада! — деп, Әжинияз кем-кемнен енди ашылыса баслады. — Дуўры келиўге қасымдағы жолдасларымнан айрылыса алмадым.



— Айзаданың үйине неге бардыңыз? Ол жөнли жуўап айтпады ма?

«Бәрин серлеп жүр екен–аў!» деп, жигит енди жаңадан бәне–себеп изледи.

— Өтемурат дайысының сәлемлемеси бар еди. Соны кемпирине айттық. Сол үйден шыға сала сизди көриўге ахыў-зар болып, берман бурылдым. Хәр шақаның басына бир қонып, түсленип жүрген қус емеспен. Елде жигит те, қыз да көп. Соның ишинде кеўилимниң сүйген, жүрегимниң жарасқан гүл шақасына қонасаң. Ол гүлим сен едиң. Мен шайда бүлбил болып, излеп келдим. Кел десең — мәңги досыңман. Кет десең — дәси қайтқан жаралы қуспан.

— Мен кет демеген менен, биреў бездирейин деп қол салса қәйтесең? — деп, қыз жигитке үлкен бир шәрт қойды.

— Егер кеўилиңди ашып, кейниме ерсең, — мен сениң жолыңда не апат болса да, таяр болайын! — деп, жигит шын сырын айтты.

Қыз енди жигитти оннан ары қыйнай бериўге батылы бармады. «Ер азамат ғой!» — деди ишинен, — «бес күнлик болса, бүйтпес еди. Қолыма қалай түсер екен деп жүрген суңқардың жүрегин езе бермейин». Қыз өзи менен өзи усылай кеңести де, жигиттиң мөлтилдеген жанарына қарап еди, бағанағыдан бери мийтиндей қатты услап отырған кеўили жигитке ерип баратырғанын сезе салып, сыр бермеў ушын тағы өзин тутты.

— Көрейик, ойласып... — деп, Ханзада кеўлиндеги бир гүптикейин айтажақ болып оқталды да, «еле күн көп ғой» дегендей, ол пикирден қайтып, жигитке күлимлеген қызыл ажарын көрсетти. — Бүгин отырыспаға келесең бе? — деди жигитке жылўа таслап, — мирәтимиз бар.

— Сен мирәт етсең барайын. Бирақ, мирәт етип болып, өзиң келмей қалма. Онда мерекениң маған кереги жоқ.

Қыз жигиттиң ықласына мардыйып, тағы бир жутынып қарады.

— Келемен. Кел!...

Гүлбий үйди айланшықлап жүр екен. Қыз шығыўдан сап ете қалды. Бийкешин әдеўир жерге шекем шығарып салып қайтты.

— Усы қыздың теңи сен деп жүр едим, кәйним. Узағына қуўантсын! — деп, Гүлбий есиктен гүбирленип сөйлеп келди.

Қәйниси ашық қабақ пенен:

— Неде болса, тәўекел деп басымды тиктим, жеңге! — деп, шағынды.

— Болады. Ақыллы қыз. Енди жаздырма, кәйним. Қызға жаўшы көп,—деп, Гүлбий кәйнисине кеңес берди.

Усы ўақытта Қәлмен есиктен аўдаңлап кирди.

— Бизиң қонақ бала отыр ма? — Әжинияздан кешиккенине кеширим сорап, Өтепбергенниң үйинде болғанын айтты. — Әжинияз иним, Өтекеңниң бағанағы сәлеми, кудай оңғарса, елдиң бир ырыс несийбеси. Алтындай көпирип атырған сап-сары боз. Не ексең де болады.

— Қәйдем, быйылғыдай хийўалылар қырманның ўағында сыпырып алып кете берсе... — Бала шын әзил аралас дәлкек етти, — сизлер бийи бар аўыл болған соң, онша орталанбаған шығарсыз. Бизиң аўылдың тең жарысы қыс напақадан айрылған шығар.

Қәлменниң түси оңып, көзи бадырайып қалды.

— Қәйдем бала. Өзимнен онша омсырайтып алған жоқ. Ал енди бала. — Қәлмен дәслепки гәпин жалғастырды, — мына «Қыйсық мәдели» бир ғой. Салғыртқа да, напақаға да жетеди. Тамақ тоқ болса, болғаны емес пе? Ал бирақ, әттең суў әспек! Суў... Бул жағдайды да ойластық. Өтекең жап қаздыратуғын болды. Енди бир жери бар. Егер Әўез бий барымға бара қойса, сағаны соның жабынан алсақ, шай суўға тилек жер-аў!

## ЖИГИРМА ҮШИНШИ БАП

### 1

Отырыспа Өтепбергенниң отаўында өтетуғын болды. Геў-гим түсиўден жигитлер менен жигит ағалары курашларын қағып кийип, сыланып-сыйпанып, отырыспаға қарай киятыр.



Отырыспаның усы аўылда болыўына себеп, кеше Өтеп-бергенниң үйине Нурабулла жыраў келген. Дәстүр бойынша жыраў менен бақсы елде аты шыққан гирдикарлы үйге түседи. Сонлықтан мийман атын сорап келсе, ол жигитке де әлле қандай бир маба.

Атақлы жыраўдың ат басын қайырып, отаўына түскенине Өтепберген де қуўанышлы еди. Қонағына чай суў берип болған соң, Өтепберген:

— Бүгин дем ал, жыраўым. Ертең қонақ асын менен мереке, сарпайынды беремен, — деп, кеше Пиримнен Таллық бойын жағалаған еллерге хабар айтқызған еди.

Бүгин хәмме Өтепбергенниң үйине ағылып киятырғаны сол еди.

Әжинияз да Қәлменге ерип Өтепбергенниң үйине киятыр. Гүлбий өзине жақын бийкеш–сиңлилерин ертип, еркеклерден соңырақ келетуғын болды.

Жигит — желең байдың отаўының дөгерегин сырдандай қылып сыпырып, биреўлери отын пуштарласа, екиншилери сойылған қойды пуштарлап, жарыса хызмет етип жүр.

Қәлмен менен Әжинияз жигитлер менен сәлемлесип, жыраў отырған отаўға кирди.

Тобы кишиден келген, қара курашлы, қара барақ киси туқырға қонған қаршығадай еки көзи есиктен кирген кисиге тесилип қарап, бузаў қулақ қобызын бир жөн шалып отыр. Төрде онлаған жигит малдасын қурынған. Жыраў менен қол алысып болған соң. Қәлменниң көзи алды менен Турымға түсти. Екеўи қатар болған соң, көрисиўден әзиллесе кетти.

— «Жолбарыстың үлкени де, кишиси де адам алады» деген, мына кишкене бий не қылып отыр мерекеде, — деди Қәлмен Турымға қолын узатып, Қәлмен анаў күни жасаўыллар келгенде Турымның атқосшысы болып жүргенин бетине басқысы келип еди. Турым гәпти дәрхал илип алды.

— Бийлерден не жаманлық көрдиң. Ережебиң ешкили болып қалды. «Султан сүйегин қорламас» деген Ерназарды алып қалдық. Қолдаўлы болмағанда жасаўыллар жүз үйли

«ашамайлыны» түтин жейтуғын еди, — деп Қулымбетке болысты.

— Усы жүйрик тилиң бар, бийлик саған қолай–аў... — деди, Қәлмен, арқасынан қағып.

— Сонда батырлық пенен бийликке асылма! — Қият — ашамайлы сен мерекеге шеберсең. Отырыспанды қыздыр! — деп, Турым шақалақлап күлди.

— Билмедим. Қолдаўлылар бийликти аўыстырса болар еди. Енди мынаның да тақылдап шыққанына қара! Әйтеўир Хийўаға ҳақыңды жибермесең болар.

Усы ўақытта еки жигиттиң дәлкеги Хийўаға тирелгенин сезип, Нурабулла жыраў қобызын сәл туўарды да.

— Қойың балалар. Үй меники демеңиз. Үй артында киси бар. Абайлап сөйлең! — деп, жан ашыр кеңес айтты.

— Нурабулла жыраў деген усы, — деди Қәлмен Әжинияздың қулағына сыбырлап. — Бухарадан берги жерде бунның алдына түсетуғын жыраў жоқ.

Далада ат дүсирлиси еситилди.

— Ассалаўма әлийкум! — деп, Қудияр мурап баслап Халмураттың баласы, Сабырбай менен Дошым сәўдагердиң баласы Қурбанәлий кирип келди.

— Келиң жигитлер! — деп, Турым бир жапсардан орын усынды.

Әжинияз Қәлмен екеўи төрге жақын отыр еди. Түргелип орын берер деп Қудияр менен Сабырбай оларға шекшейип қарап, бираз ўақыт зеңирейип турып еди. Әжинияздың дәрпенбесин билген соң, суўық көзлерин ақшыйтып, бос орынға барып отырды. Үшеўи әлле не деп сыбырласа қалды.

Әжинияз байдың баласын көрген соң бурынғы, соңғы аразлығы есине түсип, қабағын қатыңқы жаўып, жыллы сөз сөйлемеди.

Олардың ишлеринде алаң-бурқан болып уйытқыған араз кеклерин усы ўақытта далада сыңғырлап гүўдирлеген қыз-келиншеклердиң хәйкел — моншағының сести бөлип жиберди.

Ҳәмме қызларға алаң болып «қашан кирер екен?» деп, есик бетке тигиле қалды.



Қызлардың жеңгеси Гүлбий екен. Есиктен әдеп пенен кирип жыраўға тәжим берди де бийкеш–сиңлилерин баслап, шеп жапсарға шықты. Отаўдың ишине биреў шаңырақтан өңир-моншақ төккендей, улы жыңғырлы болып, оған қобыздың гә газ даўыслы, гә сыбызғы сесли нәзик үни қосылған ўақытта, тоқсан түрли қус сайраған айдындай жаңлап кетти. Жигитлер нәзерин жоқары көтерип, көз астынан қызларға гә жылмыйып, гә қыйылып қарайды. Ҳәр ким өзине ылайық наз, қара көз, гөззал жылўа излейди. Өзине бир мыйық тартқаны мың тилла бергеннен ағла болып отырған жигитлер қызлардың ажарына мың сан рет сығалайды.

Қызлар еле тик аяқтан өрре тур. Мерекениң дәстүри бойынша «мына жер бос екен» деп отыра салыўға ҳеш қыздың ҳақысы жоқ. Ол көргенсизлик болады. Сонлықтан женгениң изине ерип келген қыз, жеңгесин сәрдар тутып, мойсыныўы ҳәм соның менен усынған жеринде отырыўы ғана лазымлы.

Ал жеңгеси болса, ҳәр қыздың орнын әкесиниң жасына, абрай-дәрежесине қарап белгилейди. Жасы үлкенниң, кәт қуда адамның қызлары болса, оған аяқтан орын бериўге женгениң де ҳақы жоқ. Мереке тарқаған соң, үйине барған қызынан әкеси я анасы кимниң кейининде отырдың? — деп жуўап алады. Егер жеңгениң ҳүкими орынсыз болса, ертең ол қыздың әкеси даў шығарып, қыз жеңгесине қатты тәмби береди.

Ал жигитлер жағы қәйтеди? Жигитлердиң де мереке басқаратуғын жигит ағасы «бийи» бар. Қыз жеңгеси соның менен пәмлеседи.

Мине, Гүлбий қызлары менен ойласып болып, жигитлердиң ағасы Турым менен Қәлменге келип сыбырласты. Мақулласып, басларын ийзести. Сол ўақытта Турым Әжиниязға қарап:

— Түргел иним! — деди.

Әжинияз орнынан ушып турды.

— Қызлар менен шегара жерге шық! — деди Турым. Әжинияз бир, еки, үш жигитти атлап, шеп жапсарға барды да, малдасын қурды. Оның бержағына Әзбергенди, оннан соң Қурбанәлийди отырғызды.

— Биз болдық — деди Турым Гүлбийге қарап, — енди, хызметиңе кирисе бер.

Гүлбий:

— Жақсы — деп, Ханзаданы Әжинияздың қапталына әкеп отырғызды. Оннан соң басқа қызларды да ретлестирип отырғызып шықты.

Әжинияз бенен Ханзада жаңа көрискен кисидей көзабаға ийек қағысып сәлемлести де, бир-бирине «келдиң бе» деп, жыллы мыйық тартты.

Қурбанәлий, Әжинияз бенен Ханзадаға көзин ақшыйтып тесирейип бир қарады да, Қудиярға бир нәрсе деп сыбырлағандай болды. Қудияр сол жаққа бурылып:

— Қыз жеңгеси Гүлбий! — деди шекелеп қарап.

— Ләббәй қурдас!

— Әдил емес мына отырғызғаның... «Бийорын жерди хәр ким сөгеди»... деген. Мына жигит Қурбанәлий, Досым сәўдагердиң баласы. Бас орын усыники. Узақтан келип отыр. Түргелсин Қосыбайдың баласы!...

— Айтқаның өзиңе жөн шығар, қурдас — деди Гүлбий — узақ, жақын аўыл деп, арқан салып өлшеп отырғанымыз жоқ, Молла қайнағаның баласы деп, орынды соған бердик. Әпиў етесиз!

— Молла деп, бул садақа емес, мереке... Орын Досымның баласыники. Молланды ертең сыйларсаң.

Әжинияз ызаға қалшылдап, қызара бөртип Кәлменге қарады. Жасы үлкенлер турғанда ортаға түсиўге жигит уялып отыр. Усыны сезген Турым, Қудиярдың жас жигитти жипа-жазықсыз қызлардың алдында муқатқанына қабызына сыймады.

— Әй, Қудияр, тарт тилиңди! — деген Турымның ашыўлы даўысы заңқ етти. — Байлық пенен дүньяны салма ортаға. Ўәжге тур. Молланың баласын аяққа шығарып, саўдагердиң баласын баста отырғызатуғын, бул — Қоңыраттың базары емес. Биз алып-сатарға келгенимиз жоқ. Отырсаң, мерекеге бағынып, тыныш отыр!

— Қойың, жигитлер! — деп Нурабылла жыраў қобызын туўарды. — Қудияржан мерекени бузба! Есиң бар жигит едиң ғой.



Жыраў ортаға түскен соң, еки жақ бир–бирине аларысып қарап, иштен гижинип тынды.

Дәстурхан жайылып, шайнек айдаспа басланды. Жыраўдың қуйқылжытып айтқан күлдирги сөзлерине жигитлер күлисип, бағанағы ашыў умыт болып баратыр еди. Қудиярдың қасында отырған иниси Сабырбай қыз жеңгесин шақырып, бир кесе шайды усынып:

— Айзадаға апарып бер! — деди.

Гүлбий түргелип келип алып, қызға усынып еди. Айзада кесени алмады. Сонлықтан басқа бир қызға берди.

Қудиярдың тағы ашыўы келди. Қапталындағы Қурбанәлийге сыбырлап: «Ханзадаға жибер кесени. Онда не қылар екен?» — деди.

Қурбанәлий Гүлбийди шақырды. Қыз жеңгеси тағы түргелип келип, жигиттиң қолынан кесени алды да, Ханзадаға қарап:

— Ишесең бе? — деп еди. Қыз мурнын жыйырды.

— Мына қыршын қызлар не қылады? Хеш қайсысы, шай берсем ишпейди ғой. Өзим–ақ ишип алайын, қарағым! — деп Қурбанәлийге қарап, үш–төрт рет шайды шым–шым уртлады да, — мә, қәйним кесең. Қызлар ишпесе қойсын, енди берме шайыңды. Бул қызлар шайға қумар емес. Мына шайнегиңди өзиң гене ишип ал! — деп еди, жигитлер менен қызлар дуў күлисти.

Усы ўақытта Әжинияз қасындағы Ханзадаға жымыйып қарады:

— Бизлер шай берсек те, алмай қайтарасаң ба?

Ханзада төмен қарап күлимсиреди:

— Миллет етпей, берсең, тез берсеш!

Әжинияз ярым бели шайы бар кесени Гүлбийге усынды. Гүлбий жән–жағына қарап, қысылыңқырап орнынан турды да, кесени алып атырып:

— Қәйдем, бул кесе де, қызларға өтсе болғаны ғой. Әне, тәўекел «Асылсаң бийикке, жығылсаң пәске» деген. Молланың баласының кесесин бас қызға усынып көрейин! — деп адамларға даўысын еситтирип, Ханзадаға әкелип берди.

Ханзада орнынан ушып турып, кесени еки қоллап алды.

— Ҳаў, туфәлем! Максым бала чайыңды дуўалап жибердиң бе, алды ғой — деп, Гүлбий артына жалт қарап еди, адамлар дуў күлип жиберди.

Қудияр ашыўға буўлыққан тарғыл даўысы шықты.

— Бир баспақ болмайтуғын шүйке баслардың қорлаўына қара!

Қудиярдан пәт алып Қурбанәлий гүңк етти.

— Үйге барған соң Қарақулдың қызына көрсетемен қорлықты.

Қурбанәлийдиң ашыўы Сабырбайдың хөкки арқасын қоздырды:

— Ержан жарлының қарындасы көп болса енди үш күн еркелер... Сонсын үнине суўды қуярман!

Турым сабырын услап тура алмады.

— Қудияр мына арсылдаған төбетлериңди байлайсаң ба, я жоқ па? Бул жер көсилип жатып, көпирип отлайтуғын, байдың шаңлағы емес. Биреўдиң қарындасы, биреўдиң ағасы отыр. Езиўин жыйып сөйлесин. Болмаса, шықсын мерекеден.

— Кимди төбет қыласаң?—деп Қудияр орнынан турды.

— Ийтлердиң мерекесине келген соң, бизлерди де ийт қылды. Бәрин үйретип отырған, сен қолдаўлы!... —Турымға қарап шекшийди,—жасаўыллар кеткен соң, тағы қутырдың ба? Я Қулымбетиңнен пәт алып жүрсең бе? Асықпа. Көрсетермен. Умытпа усы пәтиңди!

Қудияр Сабырбай менен Қурбанәлийди ертип есикке барып, артына бурылып, Қәлменге қарады:

— Сени де жылатарман, Хийўаның жолында.

Қәлмен орнынан ушып турып, Қудиярдың үстине жолбарыстай атылды.

Жигитлер өрре турып, Қудиярды Қәлменниң қолынан зорға арашалап алды.

Адамлар бараман дегенше–ақ, жастап салыпты. Қудияр қызыл қара қан болған мурнын услап, сөгинип үйден шықты.

— Жибер!—деп, қалтырап Қәлмен тур. — Хийўа соның қолында болса, биротала усы жерде жылап қалайық.



— Тентеклер кетти, — деди Турым, қәне, енди мерекени қайтадан баслайық. «Аўзы жаман елди былғайды, аяғы жаман төрди былғайды». Белгили жилли ғой. Билгенин етсин.

Мереке де, жыраў да қайтадан жолға түсти...

## 2

...Отыриспа таң алдында тарқады. Гүлбий бийкеш-сиңлилерин ертип қайтып, үйли–үйине жиберди де Әжиниязға қарап:

— Мына «патша қызды» үйине шекем шығарып сал!—деп Ханзаданы қасына қосты.

... Түн сүттей жарық. Аспанда сийрек көк ала булт бар. Жулдызлар еки жастың тас төбесинен шағырайып қарап, дәслепки муҳаббат сөзлерине қызыққандай селт етпей тур.

Қыз оңаша шыққан соң, бүгинги ақшамғы мерекедеги даў-жәнжелди ой елегинен бирим–бирим өткерип, ойға батып киятыр. «Үйге барған соң көрсетемен қорлықты» деген Қурбанәлийдиң сөзи есине түссе, артынан темир пәнжеси менен бүрип киятырғандай жасқанып, Әжиниязды пана тутады. Жарға қулап баратырған палапандай жигитке өңменин усынады. «Қутқар!» дейди... Бирақ жигиттиң жаў жағына қорған болып, арашалап қаларына қыз көзи жетпейди. Көз алды булдырланған сағым. Шалқар ой теңизинде көшпедей қалқыйды...

Ханзада гүрсинип, шер төкти.

—Неге гүрсиндиң, сәўлем? — деди Әжинияз ажарына сүйсинип қарап, —не қайғың бар? Айт маған!

Қыз тил қатпай, муңайып бираз турды.

— Қалай гүрсинбейин. Бағана Қурбанәлийдиң гәпин еситпедиң бе?!

— Еситтим, — Әжинияз «ол не гәп?» деп сораўға «меннен бурын Қурбанәлийге ўәде берип қойды ма» деген ойға кетип, қызды жаттан қызғанып, жүреги даўамады. Қыз да усыны сезгендей «жигит ренжип қалды ма» деген пәмге кетип, өз сораўына өзи жуўап қайтарды.

— Еситсең, сол тегин гәп емес. Ықлас, кеўилиң болмаса, «айбатлы жарағым бар, сениң жүрегиңе мениң таяғым бар,

зорман күшлимен» деп турғаны ғой. Болмаса, сонша жыйында намысыма тийе ме? Нашар қылып жаратқан соң, көне бересең! Көнбес едим. Күш қайда? — деп, Ханзада еки көзинен сорғалап аққан жасын орайпегиниң ушы менен сыпырды.

— Сен бул гәптиң төркинине түсинбей, ар-сары болып турсаң ғой. Тыңла! Мен бастан айтайын, — деп бир арбаның алтактасына сүйенди. Жигит енжары пишинде ашығының аўзына тигилди. — Мен Қарақулдың қызыман. Мениң анам Мәдемин атамның қарындасы. Атам бийперзент екен. Бизиң апам еки ул, төрт қыз туўды. Ортаншы қызы — мен. Апам ағасы бийперзент болған соң халықтың ырымы бойынша мени Мәдемин атамның хаялының етегине салған. Соннан соң дайымның хаялы қурсақ көтерип, бир қыз туўды. Меннен бир жас киши, аты Палзада. Екеўимизди де халық Мәдемин атамның қызы дейди. Қызым деген менен туўмағанның аты туўмаған ғой. Өз қызын еркелетип, мени соңғы жыллары қаға берди қылады. Өз әкем буны сезсе де, «бир перзенттен кештим» деп иси болмайды. Ал өз анам «неге бердим!» деп өкинеди. Қайтып алыўға атамнан сескенеди. Оның үстине Палзада ер жете келе мениң менен бақ талас болды. Жақсы кийимди сол кийип, мазалы асты сол ишсе де, мерекеде, мениң менен жолға, орынға таласады. Билмедим, меннен бир қызғанышы бар. Екеўимиздиң усы тәбизимизди шешемиз сезип, өз қызын меннен қутқарғысы келди ме, әйтеўир мени ерте ысыражақ болып он үшке келиўден «анаў айттырды, мынаў, айттырды» деп қулағыма қурт болып түсти. Ақыры кешеги Досымның баласы Қурбанәлийди таўыпты. Ол екеўимиз еле тиллескенимиз жоқ. Әкеси Досым ана күни үйге қонып кетип еди. Ертеңине шешем:

— Сени Досымның баласына атастырдық. Енди әдепли жүр! — деди.

— Маған Досымның баласы да, «Қосымның» баласы да керек емес, апа!—деп, өз шешемниң үйинде болып атырман. Жақында әкем усы хабарды еситип маған:

— Қайт үйиңе! — деди. Бирақ анам мен жақлы. Оның менен еркеклерге қарсы турар шамасы жоқ. Мен жыласам қосылып жылайды. Бүгинги хабарды еситсе, Мәдемин атамның хаялы



бизди тағы гүнәкар етеди. Мениң зарым усы. Ана күни саған оңлы жуўап бермегеним де усы еди. Сениң гүнасыз жүрегиңди отқа салып, жаралы қылмайын деп едим. Сени жақсы көрген менен илажым қанша. Мениң қүдиретим жете ме? Мына оттан мени шығарып алыўға сениң шамаң келе ме? Оны билмедим. Алдым думан, артым жар. Саған қосылсам мениң де әрманым болмас еди...

Әжинияз да ойланып қалды... — «Неге қүдиретим келмейди. Хийўаға алып кетсем, ким қуўады артымнан?»... Жигиттиң усыннан басқа паналар жери жоқ еди. Бүгинги отырыспада скеўиниң ықлас кеўили сезилип қалды. Қурбанәлийден тайсалып, безип кетсе... Аўа, ол есигине апарып қорлық береди. Ол дық санап кетти. Сонда өзи жаққан оттан өзи қашып, Ханзаданы таслаў ма?... Жоқ. Бул—инсанлық емес. Ер жигит нәмәрт өлиминде өлмес болар. Жоқ. Ханзаданы, —мына қарсы алдында турған гүнасыз жанды сәбий жүрегине муҳаббат ышқысын сепкен арыў қызды жатқа қыймайды.

— Сүйиклим! — деди Әжинияз тигилип, — сен ушын қандай атланыс болса да қайылман деп едим. Сол сертим-серт. Гәпимди шаймайман. Кисиге жалынғаннан, қудайға жылайық. Бизден бурын да талайлар қысылып–қымырылып жүрип, арзыў әрманына жеткен ғой... Мениң пешиме асылып мийнетке де, рәҳәтке де, қайыл болыўға рийзалық бер. Мына пәк ақшамда ҳадал ләбиз етейик.

Нәўбет пенен қыз ойланды... «Жаманның төринде болғанша, жақсының гөринде бол!» деген ышқы сезими қыз жүрегинде туўлап, толқыды. Муҳаббат ләззетине елитип, жигиттиң көкирегине басын таслады.

— Разыман! — деди қыз сыбырлап...

## ЖИГИРМА ТӨРТИНШИ БАП

### 1

Таң ертең отырыспадан қайтқан Әжинияз Ержанның кемпириниң сәлемин, Өтемуратқа айтыў ушын ылашығына кирди.

Өтемурат пенен Әсенбай жаңа азанғы чайды ишип болып, әңгимелесип отыр екен. Әжиниязды көриўден төрден орын берип, «Ашамайлы» аўылындағы отырыспаны сорады.

Әжинияз отырыспаның мәлелли өткенин, Кудияр менен Қәлменниң жәнжеллесип қалғанын айтты.

— Айттым ғой, — деди Әсенбайға қарап, — Кудияр барса, мереке бузылды биле бер. Әй ғаррылық! — деп Өтемурат мәҳәлиниң өткенине басын шайқап отырды. — Жигит шағым болғанда, ондай мерекеде от жаққыш болсаң да ўақ демейсең!

— Мына Әсенбай не қылып жүр? — деди, Әжинияз дәлкеклеп. — Саған қол бала болған жоқ па?

— Ўәлийсең–аў, бала — деди Өтемурат таңланып. — Я биреўден еситтиң бе? Халмурат бай менен шекинисип, бул да бизди тапты. Ҳақысын сорап барса, «анаў күни жасаўыллар келгенде, белдардан алып қалдым. Сол жақсылығым болады. Жүребер!» депти. «Не қыламан аға?» деп келип еди. Байдың малын бақпа! Мыңда болабер. Екеўимиз қора қыспақласақ та өлмеспиз. Қудай асыраған ашпыз, тәўекел дедим. Қалай дейсең?

— Әжеп болыпты! — деп, Әжинияз Ержанның кемпириниң сәлемин айтты. Өтемурат ойланып отырып:

— Ал, Әсенбай, — деди тыңшыға да, хабаршыға да сеннен қолайлы жигит жоқ. Ешекти ертлеп мин. Қудалардың қашан келетуғынын бил. Соннан соң Ержанға хабарла. Ўәдели жерде турсын. Шап, иним!... деп Әсенбайды атландырып болған соң Әжинияз бенен кеңести.

— Таўмурат пенен келистим. Пирим менен Әзбергенди қапталыңа ал. Бир қарыў салың. Жетимди жылатпайық.

— Қәлмен де қосылатуғын болды—деди Әжинияз.

— Онда қуба-қуп. Хабарды өзим беремен.

Әжинияз руқсат алып үйине қайтты.

... Арадан үш күн өткенде байдың жаўшылары қызды алып кетиў ушын Қулымбет бийдиң отаўына түсти. Соннан бери күйеў ҳәм қыз жағының қудалары берисик–алысықты есапласып атыр. Бий жаўшы келген соң, бағана Ержанның кемпирин отаўына шақырып алған еди. Бийдиң сөзин тыңлап, ошақ басында кемпир отыр.



— Қудаларды күтиўге сениң шамаң келмейди, қонақ асын өзим–ақ берейин. Ортадағы бир қыз еди. Жүзи пәс болып кетпесин. «Төркиниң бир табақ ас таўып бере алмады»— деп келиншек болғанда бетине баспасын. Елге де сынықлық келмесин. Бир тоқлыны Ержан инимниң жолына қойдым. Жақсылықты умытпас... Ҳәзир бәйбише де барар. Екеўиңиз бийдың үйинен келген кийимлерди қызға кийиндирип, көп кешиктире бермей узатың!—деп кемпирге нәсият етти. Бийдиң бул буйрығына кемпир мақул, деп басын ийсе де орнынан турмай, тамағында булкилдеп турған бир гүптикейин айта алмай отырғандай мийзам көрсетти. Бий оны да әлле қашан сезип отыр еди. Кемпирдиң еситпегенше кеўили кеншимей турған ажарын көрген соң бий салқын қабақ пенен:

—Қызыңның қалыңына бир мал алып беремен. Қайта бер, – деди.

Қыбыжықлап отырған кемпир:

—Яқшы, шырағым яқшы — деп, үйине қайтты.

Соннан бери ол қызы Айзаданы көндириўдиң әнжамында. Бийдиң бәйбишеси Жийенгүлдиң қолтығына қысып келген бир қушақ кийимлерин көрсе «қыз қызығар»—деген кемпирдиң дәмеси терис кетти. Жийенгүлдиң «гил бир маллық кийимлер екен. Бийкеш, қутлы болсын, қәне кийе ғой!» деген гәпине қыз силкинип, алдына қойған кийимлерди есикке шыңғытып жиберди. Соннан бери ҳаяллар қыздың қулағына ширели сөзлерди тынбай қуйып атыр. Қыздың еки көзинен жас парлап отыр. Кемпир түпсиз туңғыйық ойдың ҳәсиретине батып, гә қуўарып, гә өкиниш сезим сүргининде арпаласып жүр.

Усы ўақытта шыпта есикти қулашлап ашып:

— Ассалаўма әлийкум! — деп даўысын созып, Өтемурат кирип келди.

Жемтикке таласқан ғарғадай төрде үймелесип отырған ҳаяллар еркек даўысын еситкен соң қозғалысып, үйдиң бир қапталына қарай ығысып қашты.

Аман түўеллик сорасып болған соң Өтемурат Ержанның кемпирине қабағын үйип:

— Бай менен қуда болыпсаң, құдағайлығың қутлы болсын. Ақыбети болсын! — деп, жылап отырған қызға қарады да, Өтемурат дегбирсизленип орнынан турды. Аң-таң болып жалт қараған хаялларға:

— Таярлана бериң. Мен қудалар жаққа барайын, — деп үйден ажары сынып шықты.

Майданға шыққан соң, Өтемурат әлле кимнен сетем алып, изине бурылып қарады да, биреўге қолын былғап қораның аўызына барып, жүресинен отырды. Соның арасында әлле ким менен гүбирлесип сөйлести:

—Жолды тосың! Өзим белги беремен!... — Өтемурат тез турып, бийдиң үй жағына қарай кетти.

Усы ўақытта Ержанның үйине қарай киятырған арбаның сықырлаған даўысы еситилди. Хаяллар алаңлап, сыртқа қулағын түрди. Даладан:

— Болдыңыз ба? Бола қойың... Жийенгүл! Шығар қызды, — деген бийдиң даўысы шықты.

Ат арба үйдиң оң жағына келип тоқтады. Байдың баласы ат үстинде сәнли кийинип, қыздың үйине қарап ширенип тур. Ишке еки жигит кирди.

Қыздың сыңсып бозлап, жылаған ашшы даўысы шықты.

— Әстерек тартың, қыздың қолын жулып аларсыз,—деген бир хаялдың ашынған даўысы еситилип тур.

— Отырамыз ба жалынып, қушақлап арбаға атып ур!—деген биреўдиң даўысы шықты хәм көп ўақыт қыз бенен жулқысып, — сен де көмеклес! — деп қасындағы адамға ентигип сөйледи.

Үш жигит шалғаяқлаған қызды еркине қаратпай сүйреп, арбаға әкеп салды. Қыз енди айқасып, жулқысқан менен азат болмасын билген соң, қараңғы түнниң арасынан телмирип, жән–жағына қарады да, зарлап жылады:

— Бармайман байдың баласына! Жибериң!... Таллыққа жетип өлемен!

Қыздың усылай ышқынған даўысы шыққан ўақытта адамлардың: «айда–айда!» деген ғаўырлысы менен арба арқаға қарай жылысты. Сол ўақытта Өтемурат та шырп етип, адамлар менен қосыла арбаға минди. Бирақ, қыз оны абайлаған жоқ.



## 2

Айзаданың зарлаған даўысынан «Бозатаў» елатының үстиндеги маўжыраған қойыў қара түн шайпалып кеткендей қара перденин астынан жылтылдап жулдызлар шықты. Тәбият қыз зарын, қыз әрманын аңсаған жерине жеткергиси келгендей арқадан қоңыр самал жиберди. «Бенде қызды азат ет!» дегендей, Таллық дәрьясының еки бойындағы хәм көл етегиндеги нар қамыслар сылдырласып сөйлесип, ызылдап шуўласа қалды. Айзада көкте жарқырап турған Зухира жулдызға қарап, «мени алып кет!» дегендей аспанға телмирди де, отырды. Жалынды! Жалбарынды! Моншақ–моншақ көк–көмбек мөлдиреген көз жасларын ағызды...

Атлар пысқырып, арбаны қаңбақтай ушырып киятыр. Атлардың шалт жүргени тек қызға ғана жақпай отыр. Күни менен томсырайып отырған Өтемурат кәпелимде бирден ашылыса қалды.

Өткеннен–кеткеннен, — жоқты барды қурастырып әңгиме айта баслады. Гейде қудаларды дәлкеклейди, гейде қудаларға болысып, қызға нәсият айтады.

Арба жолдың ярымынан өткен ўақытта Өтемурат заргирян болып жылап отырған жийени қызға және тәселле айтты:

— Жылама, жийеним! Сени жыламасын деп, мине мен де шығарып салып киятырман. Қәне жигитлер, қарап отырғанша Мақтумқулыдан бир аўыз қосық айтып берейин. Мына қыздың кеўили көтерилсин хәм жол да өнсин!

— Дурыс, аға, айт аға! — деп, байдың баласы қоқырақлап Өтемуратқа қапталласа бергенде шоқ қамыстың арасынан жетисегиз адам жуўыра шығып, арбаны қоршап алды да, мылтықты гөзеп тура қалды... Қосықтың көкеси шықты!...

Арбада отырғанлар сес–семир. Үрейи ушып, ушқынып, силейип қатты да қалды. Тек Өтемураттың: «илаҳа, илаҳа, илла алла!» деп өзиниң ийманын өзи айтып отырған емески даўысы еситиледи. Басқыншылардың биреўи:

— Жан керек болса, түсиң арбадан! — деп, яўмытша сөйледи. Басында түркмени бөрки бар еки жигит арбаға келди де, дәслеп

Өтемураттың жағасынан услап, сыртқа шыңғытып таслады, оннан соң арбакеш пенен жигитлерди жерге түсирип, қол–аяқларын гүўенлеп байлады. Усы ўақытта арбадан жылысып қашып баратырған байдың баласын мылтықлы биреў қулашлап урып, жерге жықты. Буннан кейин баспашылар арбаға гүўлеп минип, қызды сүйреп далаға шығарды да, қамыстың арасына алып кетти. Арбаның қасында қалған баспашылар адамларды тегис байлап болған соң, атларды арыстан шешип алды. Оннан соң арбаның үстине минип, қыздың кийим-кеншеклери салынған түйиншикти ҳәм алтақтада қыз бенен күйеўге төселген ғалы гилемди сыпырып, атқа артты. Ең соңында Өтемураттың қол-аяғын байлап, шоқ қамыс бетке қарай шаўып кетти.

Баспашылар кеткен соң:

— Бал—лар қалай—сыз?—деп, сыбырлаған Өтемураттың мүләйим даўысы шықты. Байлаўлы жигитлер: «тағы баспашы келди ме?» деп селк етип, сес шыққан жаққа жалт етип қарады.

— Қызыңның үйи жанғай, аға!—деп, бир жас жигит күйинип сөйледи. —Мурнымның қанын сүртип жибериң, қайсыңыздың қолыңыз бос?

— Барлы-жоқлы мурыннан бизде айрылдық, шырағым!... Ҳәммениң де қолы байлаўлы. Яўмытлар бос қол таслап кеткен жоқ. Ең болмаса аяғымыз бос болғанда, аўылға барар едик,— деди Өтемурат.

Байдың баласы мурны пырқылдап жылап отыр.

— Ағам атлар қайда деп енди урысады ғой!

— Атларды айтқанша жалғыз жаныңды айтсаң–о, шырағым, Жаңа бәримизди байлап, атып кеткенде кәйтер еди?! — деп, Өтемурат тәселле айтты...

* * *

Сол күни ақшамы менен жолға қарап:

— Келиншек киятыр!—деп байдың аўылы өрели таңға кирпик айқастырған жоқ. Таң раўан атқанша жас балалар менен жас қызлардың көзлери жолға телмирди. Жаўшыларының



кешиккенине ҳаўлыққан бай азанда бийдиң аўылына еки жигитти атландырды.

Сәскеде шоқ қамыстағы гүзар жолда жатырған қудаларды еки жаўшы арбаға тийеп, байдың аўылына апарды. Аяқ–қолы шешилген Өтемурат та үйине қайтты.

## ЖИГИРМА БЕСИНШИ БАП

### 1

Күн уллы сәске ўақты. Әжинияз отаўда бир өзи ақшамғы ҳәдийселерди бир–бир көзден өткерип отыр. Жас жигит жүзи қубылып, гә жымыяды, гә әлле немеге кеўили иренжип, ажары қуўарып, сурланып кетеди. Ой толқыны жас баланы тербетеди.

Ақшамғы бийдиң аўылынан күйеўлеп қыз алып киятырған Халмурат байдың арбасына топылған баспашы «яўмытлар», Ержан, Таўмурат, Әжинияз, Пирим, Әзбергенлер еди. Таўықтың ортаңғы шақырымында Ержан менен Айзаданы Шоманай беглигине қарай атландырып қайтты. Әкеси буннан бийхабар болыў керек. Есите қойса бир урысыўы бар. Оған бала да мойынсынып, тәўекел кемесине асылып отыр.

Есиктен Елмурат ахун кирип келди. Устазына көзи түсиўден Әжинияз қол қаўсырып, өрре турды. Төсек салды. Ахун үйдиң аманлығына дуға оқыды. Шәкиртиниң саламатлығын сорады.

Әжинияз устазы Елмурат ахунның келбетине ара-тура көзиниң қыйығын салып отыр. Ети семип, көзлериниң нуры аққуўақ тартып, бетиниң алмасында, уртында әжим сызықлары айқыш–уйқыш болып баратыр екен. «Устазым қартайыпты–аў!» деди ишинен.

— Жаңа сизге барып, сабақ алып қайтайын деп отыр едим, — деди шәкирт.

— Ҳәй, биздеги бар гәўҳарды сарқып алдың ғой. Нәсийб етсин, балам! Енди еситкен, сезген илим-өнер болмаса, бар илимимди бердим, сизге балам! Енди сол ҳасылды қалай жумсайман десең, ерк өзиңде...

Устаздың шәкиртке артқан бул үлкен үмитин зийрек зейинли бала да түсинип, «куллық ата!» деп, орнынан турып отырды. Жүзи қәпелимде борлаттай дөнип кетти. Қуўаныш ескиминен жүреги де әжептәўир соқты. Бул — устаз алдындағы әдепли шәкирттиң алғысқа миясар болған ўақыттағы жүрек толқыўы еди.

— Билимниң сағасы жоқары жақта, балам! — деди ахун салмақлы сөйлеп, —Аўа. Хийўада, Бухарада, Самарқандта... Наўайы, Физулий, Бедиллерден көп билим аласаң. Оннан ары кетсең Жәмийдиң сәтирлери, Ҳафыздиң алмастай ғазеллери, Саадийдиң ҳикметлери, Омар Ҳайямның тамаша рубайлары, Әбиў Рудакийдиң, Әбу ибн Сина менен Әл Берунийдиң илимий тағлиматлары, Сизди жети қат әлемге таныс қыла береди... Бирақ, медресеге бармасаң, Бозатаўда отырып, Жәмий, Саадийлерди оқып түсине қояр ма екенсең? Бағана айттым ғой. Китап ғәзийнеси, илим булағы,—үш тилде: фарсы, араб, түрк тиллеринде. Бул тиллерди үйренбей, өткен данышпанлардың ғәзийнесин аша алмассаң, балам! Мени устаз деп сыйласаң, берген кеңесимди тәрк етпесең, Хийўа я Бухардың медресесине барып, бир–еки жыл тәлим алып қайт. Илимди суўдай ишкен неше мударрислер сонда. Ираний, арабый, Түркий шайырлардың не қыйлы «диўанлары» сонда, медреседе, балам. Барсаң, пәтия берейин!

— Ағам менен бир ойласайын, ата.

— Әкеңиз бенен ойласылған. Мақулласқанбыз...

Ахун жымыйып күлди. Әжинияздың көзи жарқ етип, еки қолын көкирегине қаўсырды.

— Қуллық ата, куллық!

— Жай қолыңды! — Елмурат ахун шәкиртине дуға етти, — кетер алдында хабарлас.

— Әжеп!

— Қайтаман онда.

Ахун орнынан қозғала бергенде, шәкирт орнынан ушып турып, геўишин алдына әкелип қойды да, ҳасаны қолына услатты...



## 2

Баланың көз алдынан Хийўа, Бухараның аспан менен таласқан нағыслы бийик медреселери сағымланып өтип тур. Мақтумқулының қол жазбаларына көз жуўыртты. Түркменниң уллы алымы да сонда оқыған. Мен де...

Усы ўақытта жас жигиттиң жүрегинде әлле қандай бир ышқы сезими шайпалып кетти. Хийўаға бараман деп устазына ўәде етип салды. Ханзаданы қәйтеди? «Мени таслап қайда барасаң?» деп көзи мөлтилдеп, қыз қарсы алдына келип тура қалды. Сол қыздан түскен ушқын жүрегинде ғыжлап тур. Есине алған сайын ышқы оты лаўлап, жигитти елитип бийҳал етип баратыр. Қурбанәлий... Жоқ, жоқ жатқа көзи қыйғысы келмейди. Сол қыз салған ышқы көз жүреги менен қоса питип, етине ерисип кеткендей...

Ышқы ҳәмири менен қолына алған қәлеми ақ қағаз бетине муҳаббат шерин төге берди.

Көзиме көринди беглер бир жанан,
Шийрин жаным отқа жақты да кетти.
Ялған жоқ, буў сөзде, ағалар инан,
Мың жылўа наз етип бақты да кетти.

Уйқыдан оянып көрсем бир жанан,
Кирпиги оқ киби, қаслары каман.
Ақылымды житирдим көрген сол заман,
Маған бир аўыр жүк артты да кетти...

Жазыўға еринбесе, қыздың тәрийпи — сөзи таўсылажақ емес. «Бул болмас!» деди — «Сәлемнама жоллаў керек»...

Жигит Мақтумқулыны қолына алып, үлги изледи. Усы мақул болар...

Ылғал етип, бираз жерден жол асып,
Кешлестип ғайбана елиңе келдим.

Сениң ышқы отың, лаўлап уласып,
Лəбте палың. Шийрин тилине келдим.

Нəсип айдап келдим тəнхə өзиңе,
Қəлем қаслы, тотыядай көзиңе.
Жыллы жуўап қайтарар деп сөзиме,
Үмит арзыў менен жаныңа келдим.

Əжинияз қағазды еки бүклеп, кисесине салды да, байдың аўылына жүриў ушын кийине баслады.

Иниси Шанияз кирип келди.

— Əжаға, сени атам шақырып атыр.

— Хəзир бараман, — деп Əжинияз шапанын ийнине желбегей салып, үлкен үйге кирип барды.

Қосыбай төрде китап ашып отыр екен. Нуржамал қазан ошақ жақта қап жамап отыр. Сəлем берип кирген баласының келбетине жалт қарады. Əкесиниң көзиниң нуры салқын. Шешеси де уўайымлы кисиниң пишининде. Кеўилиз алдындағы хызметин де ықлассыз ислеп отыр. Əжинияз оң жапсарға барып отырды.

Қосыбай баласының қас–қабағынан, ажарынан əлле қандай бир нəрсениң сезигин тапқысы келип, сыншыл көзлерин қадап отыр.

— Балам, өткен ақшам қайда болдың? Таң атқанда келип жаттың ғой...

— Қыдырдық аға, биймезгил қайттым.

— Аманлық қыдырыспа ма еди?

Тап усы жерде Əжинияз ушын Нуржамал болыса кетти. Бағанадан бери Қосыбайдың ержеткен баласына берген сораўын жөнсиз көрип отырған ол, Əжинияз ағасына қатты сөз айтып салама деп қəўетерленип отыр еди. Қосыбайға кийлигип сөйледи:

— Балаңды қашанғы байлап қоясаң? Шүкир жигит болып киятыр. «Биймезгил неге келдиң?» — деўге қыз емес, еркек бала, Мереке-мейлиске барған шығар.



Қосыбай ежескеннен нəтийже шықпайтуғынын сезди де, гəптиң ушын басқа жаққа бурды.

— Ержанның қарындасын узатып баратырғанда бир топар адамлар талап, алып қашыпты ғой. Оны еситтиң бе?

—Еситпедим, аға! Ким узатылып баратыр екен? — Өзине қайта сораў берди. Қосыбай ызалы түрде ишинен: «Сен аман емессең ғой!» деп, терис қарады. Бир-бирин бир майдан қас-қабақ пенен бағысып отырды. Əкеси тағы жаңа гəптиң ушқынын шығарды. — Бүгин устазың келди ме?

— Келип кетти.

Баласына гүна таға алмаған соң, пəк жүзине қарап отырып: «Кетерде иренжитпейин!» деген Қосыбайдың жүрегинде аталық рехим пайда болды.

— Балам! Мен ақылсызлық етип жасымда медреселерге түсе алмадым. Нəментай молла бул күнде аўылда да көп. Аўылдың мектебин таўыстың. Енди Хийўаға барып, оқып қайтсаң қəйтеди. Устазың менен екеўимиз усылай ойласып едик.

Əжинияз əкесиниң Хийўаға жибериўдеги мақсет–мийзамын жаңа түсинди. Ол елди қыймай қанша таўланса да əкесиниң оқыўға алаң болсын деп, алысқа жиберип атырған ойын түсинип, «аўылда тартыс, даў-жəнжелдиң арасында өскеннен, илим алғаның абзал ғой!» деген атаның кеңесин мақул көрди.

— Болады аға! Оқыйын, Хийўаға ма, Бухараға ма?

— Хəзирше жақын жер — Хийўа мақул болар.

Нуржамал «неге келисим бердиң!» дегендей, баласына одырайып қарады. Оннан соң ерине бир аларып қарап, гүбирленип тоңқылдады:

— Қаршадай баланы ата–ана билмейтуғын житирим бир журтқа жиберип... Бас аўырып, балтыр сызлары бар... Хийўаға атлы кеткенде ярым айлық жол...

Əжинияз күле шырай берип, жымыйды:

— Қой апа! Қудай мийнет берейин десе, үйдеги бар ма, дүздеги бар ма... Жөргекке салып сақлағанда таппай ма? Устазымнан пəтия алып қойдым. Барайын!

## ЖИГИРМА АЛТЫНШЫ БАП

### 1

Бәхәр келди. Күн жылымық. Сәске ўақыт. Әжинияз үйден шығып, қораға кирди.

Маңлайында алақандай төбели бар сары шубар ғунанға әкесиниң жигит ўағындағы ат турманы ала қайыс жүўен менен ақ баслы ерди қаңылтақ ертлеп, бесиктей саўырына нағышлы еркеше жаўып, есиктей омыраўына қос синемент, шашақлы көйлекше кийгизип, кекилин маржанлап моншақлаған жас жорғаның үстинде кетип баратырған қаршыға көзли, бийдай рең жүзли, сулыў жас жигит таўыстай доланып баратыр еди.

Есиги түриўли алты қанат үйдиң төринде отырған Қосыбай ат дүрсилдисине елең етип, есикке қарады. Бекзада тақылетте жасанып баратырған баласына көзи түсти. Муртының ушын шыйырып, хаялына жымыйып қарады.

— Усы балаңнан моллашылық та шықса болар еди. Ана кетип баратырған шәўкетине қара?

Нуржамал есикке бурылып:

— Қойыш. Ата сыншыл болады дегенге сен де көз ашық әўлийе бола бермей... Айнанайын қулыным! Түфәләм!... Ҳәмме балам бир төбе, Әжинияз жаным бир төбе!... деп, ана жүрегиниң мийрим толқыны шайпалып кетти.

* * *

Әжинияз ат үстинде түрли ойға елитип қалғып киятыр. Таллық дәрьясының иши сығасқан сең. Күн ашық. Күнниң оттай қыздырған әптабы менен кеше дәрьяны қақпақлап, сиресип жатырған муз бәхәр тасқынынан қашқандай ыдырап тум–тусқа ылағып баратыр. Әжинияздың анаў күни жасаўыллар айдап кеткен маллар есине түсти. Олар да усылай қуўғынға түсип, посып еди. Қәне зорлар да усылай посса!...

Аўылға келип ат басын Қәлменниң үй жағына бурды.

Үйде Қәлмен менен Гүлбий екеўи оңаша отыр екен.



— Кел, кел! — деп, ықлас кеўли менен мирәт етти. Аман–түўеллик сорасты. Гүлбий чай қайнатыў ушын сыртқа шықты. Екеўи сөйлесип отыр еди.

— Әстапыралла! — деген Гүлбийдиң үрейли даўысы шықты.

— Ол не? — деп, Қәлмен сыртқа қулағын тосты.

— Қудайдың көп нөкер атлысы киятыр. — Ҳаял усыны айтты да, ҳаплығып есик жаққа қолын созды, — болар емес, ушы–қыйыры жоқ... Еркесиз ғой, шығың, көрсеңиз де!...

Майданға шыққан соң Қәлмен шети аўылға аралас кирген атлыларды көрди де, Әжиниязды ымлап қораға шақырды.

—Усы бәлелердиң көзине түсип не қыламыз. Аўлағырақ турып қарайық.

Хийўалылар. Отызлаған атлы. Атланысқа шыққандай бул сапары муздай қарыў асыныпты. Ийнине асынған мылтықтың найзалары желкесинен тесип шыққан сырықтай басларындағы бөркинен бурын шошаңлап киятыр. Аўылға араласқан соң атларды жеделлирек айдады. Гүзге бейим ызғары кетип, орпаң ашқан гүзар жолдың топырағы арғымақ атлардың кетпендей туяғына буркырап, қойыў шаңға үйлерди көмип таслады. Ҳәммесиниң алдында баслап киятырған Муҳаммед Нәзирди танып, Қәлмен менен Әжинияз: «Мынаў тағы киятыр ғой!» деп, бир–бирине үрпейисип қарады.

Жасаўыллардың киятырғанын биреўден биреў еситип, сыртта шарўасын ислеп жүрген дийқанлар хызметин таслай сала жаў киятырғандай үйлерине тығылды.

Ким үйдиң жабығынан, ким ергенектен сыртқа сығалап, жасаўыллардың келисин тағы бир қорқынышқа жорып тур.

Тек «бизди не қылады» деген бирен-сараң ғаррылар таўықларын кетекке қамап, ийтин байлап жүр.

Жасаўыл басы Қәлменниң қорасының тусына жетер жет-пестен–ақ, ат көтерип қарсы алып шыққан Қулымбет бий менен Есен қазы көринди. Қушақласып көрисип, отаўға мирәт етип еди, көнбей арқа жаққа шаўып кетти.

— Бул не келиси? Үш-төрт ай болды ғой, келип кеткенине! — Қәлменниң жүзи түнерип, Әжиниязға қарады. Ол да ар-сары еди.

— Қәйдем!... «Қайта шапқан жаў жаман, қайтып келген қыз жаман!» — деген емес пе? Маңлайдан көре беремиз дә. Елдиң бәрин қырып кетер дейсең бе. Ханға жа пуқара керек ғой... — деп, Әжинияз Қәлменниң де, өзиниң де кеўилине ҳай бергени болмаса, иштен иренжип тур.

Екеўи қорадан шығып тағы үйге кирди. Сол ўақытта жалпақ бетли Жәменей есиктен геўгимдей болып түнерип кирип келди. Отырар отырмастан Қәлменди дәлкек етти.

— Қәлмен палўан, ал гүресетуғын болсаң Хийўалы көп палўан келди. Сазлана бер!

Қәлмен де үлкен көзлерин бежирейтип қарап:

— Заман күшлиники, жыққандики болса, оларға екеўимиз-ақ дадымал айтар едик-аў. Ана бир шошайған мылтықлары бар ғой!... деп, жымыйып қойды.

Әжинияз Қәлменниң үйинде қонып, Ханзада менен тағы бир ушырасарман деп, келип еди. Жасаўылларды көрген соң, неден екени белгисиз жигиттиң көкиреги ҳаплығып әлле неден кәўетерлене берди. Қоныўға хошы, отырып тақаты болмады, үй жағына қарап алаңлайды. Кеўилине жасаўыллар өз үйине топылып атырғандай, әкесин айдап баратырғандай сезилди. Оның үстине жаңа Қәлменнен: «Қудияр онлаған күнликте Хийўаға кетипти. Сол гөжени төкпесе болар еди» деп, еситкен суўық хабары тағы ҳаўлықтырды.

Қәлмен да ана күнги жәнжелди есине түсирип, кәўетерленип отыр. Сонда да ҳаялының алдында сыр бермей, Әжиниязға бурылып:

— Неге тақатсызланып отырсаң иним?—деди.

— Үй жаққа қайтажақпан, аға. Кишем де аз ғана жумысым бар. Руқсат ет! — деди, Әжинияз түси бозарып.

— Бар, кәйниңди шығарып сал! — деди Қәлмен Гүлбийге тигилип.

Әжинияз жеңгеси менен далаға шыққан соң атын жетекке алып, дәрья бойына қарай жүрди. Хийўаға баратуғынын айтқан жоқ. Ханзадаға Қурбанәлийдиң сөз салғанын. әке-шешелери мақулласқанын айтып:



— Ол бәледен қутылыўдың илажы қалай? — деп шағынды. Гүлбий сам-саз болып ойланып қалды. Азғанадан кейин тапқан болды.

— Сениң әкеңниң де абыройы жаман емес. Қыз сенликпен деп отыр. Екеўиңиздиң кеўлиңиз жарасты... Неге уўайым жейсең, сениң де әке-шешең қуда түсип, алдынан өтсин. Әбден көнбесе, ығбал талайыңнан көрерсең! — деп, гәпти писирип қалды. Әжинияз қызға арнап қосық пенен жазған сәлем хатын «тапсыр» деп, жеңгесине берди. Айрылысқан соң, жас жигит атланайын деп жүўенге асылды да, усы аўылда бир қымбатлы заты умыт қалғандай зәңгиден аяғын тартып алды. Иркилип тура бериўге сылтаў керек. Ат суўғарған киси болып дәрьяның жағасында ет писиримдей тағы иркилип қалды. Қаршығадай жалтақлап қыздың үй жағына қарай береди. Гүл жүзин тағы бир көрсе... Айтылмаған гәп, танысып билиспеген еле жағдай көп. Таўланып есилип дәрт маўқы басылмағандай жас жигиттиң көзлери жолда интизар.

Бирақ, оның жағада усылай телмирип турғанын қыз қайдан билсин?!... Сабыр тақаты, шыдамы таўысылып, енди турыўды әнтеклик көрген жигит илажсыз атқа минди. Сонда да аўылдың қарасы семгенше аттың орта жүриси менен изине жалтаң–жалтаң қарай–қарай кетти...

Адамның өз қылўасына артынан өзиниң өкиниши де бар ғой! Әжинияз үйине келип аттан түсип отаўға киргени де сол, кеўилине әлле қандай бир ой пайда болды. Дизе бүгип, отырғысы келмеди. Жүреги қабызына сыймай туўлап, ҳәўлиргендей бир бийжағдай сезим баланың тынышын ала берди.

Қамшыны керегениң басына қыстырып, үйден сыртқа шықты. Жүрегиниң қысылғанын ат қағып, терлигеннен көрди де, арқа жаққа қарай бәҳәрдиң салқын самалына қарсы жүрди.

Тап сол мезгилде әжеп тәўир шуўласқан бир даўыс еситилди. Тоқтап, қулағын салды. Әлле кимниң сыңсып зарланған аншы сести келеди. Зарлы даўыс Есенгелдиниң көшесинде. «Әлле ким қайтыс болды ма екен?» — деп, бала даўыс шыққан жаққа қарай бурылды.

Есенгелдиниң үйине жақынлай берген ўақытта Әжинияздың көзи еки жасаўылдың алдында киятырған Ерназарға түсти. «Ўақ» деп, қатып қалшыйып турды да қалды. Астыңғы ернин айқара тислеп, өкинип, басын шайқап тур!...

Ерназарға Есенгелдиниң үйиниң бала–шағалары ере шықты. Ғарры да, Турым да көринбейди. Бир жаққа кетпесе олар үйде тақаты шыдап отырыўы мүмкин емес. «Көтерилетуғын несийбеге усындай күн қолай келиўине қара!» деп, гүбирледи ишинен Әжинияз.

Ерназар изинен қалмай айтынып жылап киятырған анасына тәселле айтып киятыр:

— Ҳаққа сыйын апа! Әжелим жетсе әкем Мыржықтан артықпан ба? Жүримим болса, оттың ишинен де тири қаларман!...

Ерназардың қалың қабағының түклери тикирейип, ала көзлери ғазап ҳәм ҳәсирет шеринен шатнап кетти. Қәҳәрленип сөйлеп тур.

— Көз жасыңды төгип, кимнен рехим сорап турсаң. Мыржық пенен Бегистиң Ерназарын өлтирген менен Хийўа ханы халықтың Ерназарын қурта алмас! Әжелим жетпесе маған дар не қылады. Қудайда дөрете салып, өлтире қойыў ушын, жаратпаған шығар. Үмитиўар, тилеклес бол! Жылап, Батыр тұқымның әрўағын қашырма! Қала бер! — деп, алға еки–үш адым атты да, тағы бурылып: — Атам рийза болсын! — деди.

Ерназарды үйинен айдап шыққан бес жасаўыл еди. Аўыл үйлери биреў–биреўден еситип, жуўыра шыға берди. Бәри де хошласып, ерип киятыр. Бағанағы төрт-бес бала-шаға кем-кем көбейип, үлкен жыйынға айланды. Усыны көрип сескенди ме, жасаўыллардың биреўи: «Жоғалың!» деп, мылтықты адамлардың үстинен көширип жиберди. Халық буннанда тайсалажақ емес еди.

Мылтық даўысы шығыўдан аўылдың ҳәр қуўысында жасырынып турған онлаған атлы нөкер жердиң астынан шыққандай шапқыласып келе қалды. Ерназарды қоршап, адамларға мылтықтың аўызын қаратты. Аламан енди сийрексий баслады. Сол ўақытта: «Ерназар!» — деп, сүренлеген Әжинияздың даўысы заңқ етти.



— Ел ғафылда қалды!... Тилеклеспиз, аға!

Бул сөзге Ерназар:

— Хош халқым! — деп, жуўап қайтарды да, қыстастырып турған жасаўыллардың алдында аўдаңлап жүрип кетти. Жасаўыллар менен қосыла кетип баратырған Қутлымуратты Әжинияз көзи шалып қалды.

Халық аўылдың ортасында тобын бузбай мәсләҳәт қурып турып қалды. Әзберген Әжинияздың қапталына келди:

— Сен азаннан бери қай жақта болдың?

— «Бийдиң» аўылында бир шаруўам бар еди.

— Сонда жасаўылларды көрмедиң бе? Алды менен сол аўылға келген ғой. Неге хабар бермедиң?!...

Бағана жасаўыллар келген ўақытта аўылға шаўып келип, Ерназарға «тайсал» деп бир хабар сездире алмағанына Әжинияз үйине келген ўақытта-ақ өкинген еди!... Әзбергенниң сөзи пушайман дәртин тағы да қоздырып жиберди. Әзбергенниң пикирине қосылмай Пирим Әжиниязға болысты.

— Бул заңғарлардың қайта оралып, Ерназарды алып кететуғынын ким билсин!

Әзберген оған шекелеп қарады.

— Қарыў жыйнап қайта келгени, «Ерназарды аламан, елиңди шабаман!» дегени емес пе?

— Бий атам көринбейди ғой? — деди, Әжинияз. Есенгелдини усылай айтатуғын еди.

— Кеше аржаққа кеткен екен ғой.

— турым аға да ма?

— Бәри.

Әлле кимлерди қасына шақырған Қосыбайдың даўысы шықты. Булар да сол жаққа бурылды.

Қосыбай еки жигитти Есенгелдиге суўыт хабарға жиберип атыр екен.

## ЖИГИРМА ЖЕТИНШИ БАП

### 1

Қусбеги Халмурат байдың отаўына келип түсти.

Жасаўыллар келиўден үш мың үйли Бозатаўдың «Қыят», «Ашамайлы», «Сақыў», «Балғалы», «Ырғақлы» аўылларына шабарманлар кетти. Байдың үйине руў бийлери, көше ақсақаллары изли–изинен сүңгип кирип тур.

Жасаўыл басы, қусбеги муҳаммед Нәзирдиң бул келисте байдың үйине түсиўин хәр ким хәр түрли жорып атыр. Еки қапталында еки жасаўыл. Отаўдың ишкери ҳәм сырткары есигинде турған жасаўыллардың қолларында жарқылдаған семсер қылыш. Қалған қуралы жасаўыллар узақтан, жақынан отаўды қорып жүр.

Отаў толы үлкен–киши бийлер. Муҳаммед Нәзир қусбеги қарасур жүзин қәҳәр менен түтендирип, қәўметин шыйрақ услап, қоқырайып отыр. Қусбеги келиўден Қулымбет пенен Есен қазыны да усы жерге алдырды. Қулымбет өз үйинен атлап кеткенге үлкен қорқынышта. Әсиресе қусбегиниң жүзи суўық. Бий менен онша хошы жоқ.

Бийден гөри Халмурат байға жыллы жүз бенен қарайды. Халмурат та усыны сезип, аяғын жеңил басып, хызметине пәйик болып жүр.

Қутлымурат үлкен бир ис питкерип келгендей қоқырайып азаннан бери ат үстинен түспей жүр. Хәр руўдың кәтқудаларын шақырып емес, ал ҳәмир менен отаўға қуўып айлап келип, киргизип тур.

Бийлер, кәтқудалар толық жыйналып болған соң, Муҳаммед Нәзир қылышын алдына кесе қойып:

— Қулымбет бий! — деди, даўысын көтерип

— Ләббай тақсыр! — деди, бий жалт қарап.

— Қулымбет бий, сиз бүгиннен баслап бийликтен түстиңиз. Ханға ҳадал хызмет етпедиңиз. Буған себепкер өзиниз болдыңыз. Ҳәзирети ханымызға гүнәкар болдыңыз. Ҳәзирети ханымызға гүнәкар Айдос бийдиң тұқымы Ерназарды баяғы



келгенде «бир жетим еди» шалғай жаўып жасырып қалдыңыз. Тентегиңе таяқ силтетип, жасаўыллардың намысын қорладыңыз. Екинши гүнаңыз: хан салғыртын жыйнап болған ўақытта жарлы–гедейлеринди қутыртып, жасаўыллар отырған отаўға топылыс еткиздиңиз. Сонлықтан хан жарлығы бойынша бийликтен түстиңиз.

Қулымбеттиң көзлери шарасына сыймай шертилип, маңлайынан суўық тер бурқ етти.

— Жала тақсыр! — деп, қалтырап.

— Болды. Гәп кесилди. Хан еки сөйлемейди,—деп, қусбеги руў бийлерине бурылды. — Ҳәзирети ханымыздың екинши жарлығы: Патшалыққа Иран қызыл басы саўаш баслады. Таллық ўалаятынан бес жүз нөкер бересиз. Бес жүзликке бес жүз ат ҳәм жаў жарақ төлейсиз.

Салғыртты ел көтерсе, нөкер бериў шығынының ярымы ел бийлеўшилердиң илйнына түсетуғынын сезип, ҳәмелдарлардың ишлери ғым етти.

— Тақсыр! Арзым бар! — деди Өтепберген, — хан ҳәзирети ағзам қарақалпақлардан нөкер алмайман деп ўәде етти деген не сөз?

— Ҳа, туўры! Бес жүз нөкердиң қунын төлесеңиз, ҳәзиретимиз таллықтың балықшы халқына ҳәўес емес. Хийўаға нөкер боламан — деп күнде жүз саяқ келеди. Лийкин ат, жарақ қарыўын сиз төлейсиз. Сизге «қыят» аўылына жүз нөкер. Хош, нөкер бересиз, хош еки мың тилла төлейсиз. Қол астындағы шаңыраққа бөлип, таң ертең таяр етесиз.

Өтепберген тунжырап жерге қарады. Есик бетте саққа жүгинип, сарсылып отырған Қосыбай басын көтерди.

— Тақсыр! Төлеўге кеширмеси жоқ шаңырақлар қәйтеди. Ҳадалға бир шақлы малы жоқ кәмбағаллар қәйтеди?

— Қысқа базарға неше күн қалды? — деп Нәзир Қосыбайға жекиринип қарсы сораў берди.

— Еки күн...

— Кеширмеси көтермесе шаңырағын көтерип Қоңырат базарына сал. Нөкер болып, қан төксин яки бес қанат үйинен кешсин... Егер пул болар мүлки болмаса, хан ҳәзиретимиздиң

тағы бир жарлығы бар. Патшалық шәхәр Хийўаны сырткы жаўдан сақлаў ушын үлкен дийўал салынады. Бир ай мүддетке және бес жүз белдар бересиз. Олардың да бир айлық аўқат азығы елдиң мойнында. Белдар пуқарасын хәр бир бийдиң өзи қолынан тапсырыўы лазым.

Қусбеги Қулымбетке қыйтар көзин бурып:

— Былтыр малының шақына асылып, жылаған бираз пуқараны салғырттан азат етип едик... Сизде солардың дизими бар. Мына бийлерге атма–ат оқып, көширип бер.

Бий гибиртиклеп, маўыты сымының кисесине қолын суқты. Төрт бүклеўли қағазды алып, оқый баслады.

Дизимде өлген қазының қунын төлетип алған Ережеп Сарыбай улы... Турым Есенгелди улының атлары шықты. Ережеп ғазының қунын алса да, салықтан «азат» етилгенниң қатарына оны да тиркеп кетипти. Ал Турымды Ерназарды азат еткени ушын дизимге жазыпты.

— Мине, усы исми-заты аталғанлар, — деди қусбеги, — белдарға бас болып барсын.

«Шылымкештиң хәм иши жанады хәм пулы жанады» дегендей, сөйтип Ережеп те хәм ғазынан айрылып хәм даўласып қотыр ешки алғаны ушын Хийўаның қазыўына тиркелди.

— «Ал, қыйыўын келтирген жоқ па» дегендей, Өтепберген көзиниң асты менен жымыйып Қосыбайға қарады.

— Хәзирети Султан Мәдемин ханымыздың үшинши жарлығы, — деди қусбеги — Таллық бийлиги Халмурат байға берилди. Қулымбет бийликтен түсип, Халмурат бий болды. Мине, жарлық...

Бай орнынан ушып турып, қол қаўсырып қусбегиниң аяғына жығылды. Оның бул тәжими бийликке емес, гүнәкар кисиге усар еди. Үйде отырғанлардың биразы өрси көрип, намысын төгип турған байды әжиўалап иштен күлди.

— Хәзирети патша ағзамның хәрне хызметине — деди, Халмурат — бес ўақытлы парыз намазға турғандай таярман! Ийман исламнан соңғы соңғы қудадан тилегим Мәдемин султан патшаның хызметине садық болыў. Рахмет! — деп, жарамсақланып турды.



— Үй толы адамның байдың жаңа хызмет дәрежесине қутлы болсын айтқан ғаўырлысы әдеўир ўақытқа шекем басылмай турды.

— Қәне, бийлер!—деди, Мухаммед Нәзир қусбеги, — алым салыққа кирисиң! Белдарларды таярлаң! Патша ағзамның хәмирине ким қарсы шықса... — қусбеги көзин алартып, жүзин қубартты, — дар арқаны — өлим қурығы мойнына түсетуғынын айтың!...

## 2

Бийлер қымсынып–қымырылып, жорғалап отаўдан шықты. Үйде жасаўыллар менен Халмурат бай ғана оңаша қалды. Қусбеги байға дәреже әкелиў ушын хан хәзиретлерине еткен хызметин, Қулымбеттен бийликти қалай алғанын, хан алдындағы абыройын мақтап, бираз әңгиме етти. Бай қусбегиниң хәр гәпиниң бәндиргисинде — тыныспасында қубылып, қыпылықлап, бет-аўызы түрли муқамда қубылып, шыбынлаған жылқыдай бөксеси тыныспасыз былғаңлап турды.

— Енди бир гәп бар! — деди, қусбеги — бул бийлерден қупия тәнха үлкен бийлерге ғана айтылатуғын сыр. Хәзирети ханымыз үш тәрепке алағада. Орыслар мусылман ўәлаятына, ислам журтына атланыс баслады. Орыс ләшкери «Ақ мешитти» Қоқан ханлығынан басып алды. Хәзир сол жерге қаласын салып атыр.

Бай селк етип, басын көтерди:

— Алла сақласын. Мына жерге келип қалыпты ғой!...

— Аўа, патша хәзирет сизиң халыққа, қарақалпаққа исенбейди. Бул халық өжет, тентек халық. Өлимнен, жанынан қорықпайды. Қоқан ханы, — патша ағзамның геллесин шаўып, Хорезмге қашқан бул халықтан сиз де, биз де жақсылық күтпесек керек. Хан хәзирет — мен усы жаққа шығар да, былай деп еди. «Бу халық әзелден орысқа жақын отырды ма, я ата бабасы ғайры динге шоқынды ма, билмедим, орысқа тәбия халық. Минез дәстүри де орысқа мегзес. Қазақ ханы Абилхайыр буларды тегин шапқан жоқ. Түркстанда отырғанда орыстың Петр деген патшасына барып, «отыз мың үйди қол астыңа ал!»

— деп, усы қарақалпақтың бийлери ўәкиллик берген. Бул, — Қоқан қол астында турған ўақты екен. Ал соннан соң Маман деген бий шығып, Петр өлген соң, орнына патша болған қызы Елизаўета (Елизавета) ның сарайына онлаған елши жиберген. Буны Абилхайыр еситип, патшаға — орысқа ант берип киятырған адамларды өлтирип, жарлығын қолға түсирген. Әне гәп сондай!... Мине, сол қарақалпақлар бизиң қол астымызға келди. Абайлы бол!

— Ҳәмме хан болмайды. Хан тегин болмайды. Ханды қудай сақлайды. Қараны ханы жарылқайды. Ханға қарсы шығыў қудайға қарсы балта ылақтырыў деген сөз...

— Бул халық бул жерге келген соң да тыныш отырды ма? Мәдирейим хан заманында Төремурат суўпы деген қарақалпақ жәнжел шығарып, ханға қарсы көтерилди. Айдос бий Аллақул ханға жаманлық етти. Бул жылқы минезлес халық қурық пенен услап, қамшы менен жумсайсаң!...

—Бағана сизге хан ҳәзирет үш тәрепке алағада деген едим; — деди, қусбеги гәпин даўам етип, — биринши алағадасы усы. Орыслар... Орыс пенен халқың астыртын тил жүргизип жүрмесин. Ҳәр ўақытта иштен тил бириктирген жаў ел алады. Орыслардың төбеси көринсе, қарақалпақлар Хийўаны таслап, сатып кететуғынына мен кепилмен!... Бул халық динине берик емес. «Ийман, ислам — тоқлықта!» деген булардың бир нақылы да бар. Қайсы хан жақса, соған кете береди. Екинши алағадасы, — инглиз (Англичан) шаҳынан пуў алып, Түркмен-яўмытлар көтерилип атыр. Олар түркменлерди геўкеўлеп орыстан бурын журтты алажақ. Булар менен де қарақалпақ тил бириктирип кетиў қәўпи бар. Усы жағына да муқият бол!... үшинши алағадасы, — Қызыл бас, иранлылар. Ол патшалық та, бизиң патшалық та, — еки жағы ләшкер топлап, саўашқа күтинип атыр... Патшалықтың ҳәзирги хабары усындай. Сизге рәсмий түрде үлкен дәреже бергендеги үмит, хан ҳәзиретимиздиң сизге буйрығы ҳәм сәлеми: Халықты темир пәнжеде қатты услаў керек. Ҳәр қандай топалаңның алдын алыўыңыз лазым. Төбелес — саўаш бир шаппаттан басланады. Арқанды селпи усласаң, томар қағады. Қамысты бос усласаң, қолыңды қияды.



Заманның ағымы ҳәр түрге дөнип баратыр... Биз мына Ерназар қарақалпақты Хийўаға алып баратырғанымыз, — бул батыр туқым, тентек әўлад. Бузықлық, жаманлық «ала көзден» шығады. Ендиги қалған көзлерди сиз қадағалап, хабар етип турасыз. Яқшы хызмет етсеңиз, Қоңырат ҳәкимлигинде алып беремиз!...

— Қуллық! — Бай саққа жүгинген пишинде еки қолын қуўсырды.

— Ҳәзир үш ағаш табың! Аўылдың ортасындағы майданға дар қурамыз. Бул бийлерге сиясат, пуқараға абай болады... Тез алым салықты жыйнап, азанда бизди атландырың!

— Әжеп тақсыр, әжеп! Ҳәрне хызметиңизге биз садықпыз! Хан ҳәзирети ағзамның. Уллы патшаның жақсылығын не менен өтесек екен?

Бай ойланып, отаўдың дәскесин көзи менен бир шолып өтти. — Патшалық малға, атқа, мүтәж емес ғой. Бир мың тиллә берейин! Мениң тилегим: Ерназардың тәрийпин еситтиң ғой. Буны патшалық темир торда усламаса, бул жердиң қамалын бузып кетти. Оның бабалары бизлерге де көп жәбир берген. Зинданда ширисин, сол кәфир!... Қәне, тынығып дем алың,— деп бай сыртқа шықты.

## 3

Жасаўыллар келген күнниң ертеңине тал түсте Өтепберген менен Қосыбай қусбегиге арыз етиў ушын Халмурат бийдиң үйине қарай киятыр. Өтепберген «қыятлардың», Қосыбай — «сақыўлардың» кәтқудасы. Өтепберген менен Әўез байдың арасында көптен бери суў даўы бар. Өтепбергенниң жери аякта, Әўездиң жери сағада. Әўез жаз болса, өзи қанғанша, Өтепбергенге суў аўыстырмайды. Бүгинги «нөкер» салықта Өтепберген Әўез байға қыр көрсетип қалажақ.

— Халмурат бай Қулымбет бийге бундай пәнт бермес, — деди, Өтепберген Қосыбайға мақуллатып.

Қосыбай шоқ сақалын сыйпап, қабағын шытты.

— Мал менен дүнья нени кеспейди. Оның үстине Ерназарды услап берди. Жетимди жылатқан менен Халмурат та оңбас. Ақыбети болсын, сабыр ет.

— Сениң усы «сабыр етиң» қалмайды... Балаңды Хийўаға жибересең бе? Ишли-тыслы сөйлесип турайық.

— Жиберемен... Қәйдем, тентеклеў.

— Тентек емес. Балаң ойлы. Анаў күни сөйлестим.

Отаўға Өтепберген менен Қосыбай кирип еди, Әўез бай қусбегиге қашшан келип, арыз айтып отыр екен.

— Мына Өтепберген алым–салықты шаңыраққа бөлмей, байға байдай, жарлыға жарлыдай бөлемен дейди.—Әўез бай қусбегиге щағынып сөйледи. — Хаў, тақсыр–аў! Бай қылған да, жарлы қылған да бир қудай емес пе? Мен хеш гедейдиң сыйырын зорлап, атын тартып алғаным жоқ ғой!... Олар да бай болсын. Қолынан келсе... Бул ҳәммемизди қара табан жарлы қылажақ. Бул салық тек байлар ушын емес шығар, — барлық аўылға келген шығар...

— Буйтип гедейлерди қутырта бермеў керек, — саққа жүгинип отырған Мәдемин төмен қарап гүңк етти. — Ҳәмме бай болса... Ҳәй, Өтепберген, сениң егиниңди ким орады, малыңды ким бағады, отыныңды ким шабады? Еркелетпе гедейлерди... Сен аяп оларды бай қыла алмайсаң! Қудайға жыласын! Көп болғанда бес сыйырыңды бес гедейге бүгин берерсең, ал ертең уймаға батып өлсе, арғы күни неңди бересең. Өзиң де жарлы боларсаң!

—Қәне, сен сөйле! —Қусбеги шаншылған узын кирпиклерин Өтепбергенниң өңменине қадады.

— Мен сөйлесем, тақсыр, мен булардай шоласқан бай емеспен. Орта қурғын хожалықпан. Белдарға баратуғын, — гедейлер, байлар бел теппейди. Оны өзиңиз билесиз, үш жүз сыйыры, мың жылқысы бар байлар жалғыз қара ешкиси бар пуқара менен қалай тең болады. Айырым қуўатлы хожалықлар көтериўи керек. Он сыйырдан бир сыйыр шығарсын. Мен өзим елиў сыйырдан бес сыйыр беремен. Мына Әўездиң еки жүз сыйыры бар, жигирма сыйыр берсин, елиў жылқы берсин. Қалғанын шаңыраққа бөлемиз. Онда да шаңырақтың шаңырағы бар. Қарақалпақ төрт керегени қаластырып, басын шошайтса, «шаңырақ» дей береди, тақсыр. Қәне ана Ережеп те шаңырақ.



Өтемурат та шаңырақ, неси бар?! Олардың өзин белдарға айдамасаң, — не шығады? Мениң бийлигим сол! Өтирик болса, мына Қосыбай айтсын!

— Болдыңыз ба? — деди, Қусбеги көзин алартып. — Бай менен бийдиң қолында дүнья болса, патшалық тарығып баратырса, түбинде ала береди. Ана киси дурыс айтады. Өйтип гедейлерди өшиктирме! Ҳәмме бай болса, ким малай болады. Шерғазы ханның минарын, бай болса, бес мың қул салар ма еди? Жубы жетип, жармасы қойыў болса, ким есигинде жүреди? Ақылсыз!... Гедейди өзине жаў қылып отырған бул қандай бай! Халмуратқа бурылып, ҳәмир етти, — бул еле ҳөкки адам ғой. Хийўаны патшалықты көрмеген, шөлде еркин өскен адам екен. Өзин жазың бир белдар етип, Хийўаның арбасын айдатып көрейик!...

Халмурат бий басын ийип:

— Қуллық — деди де, Халмурат белдардан гөри Өтепбергенниң малын тәўир көрди. — Тақсыр, мен тилеймен, билмей, лебиз қашып кетти, ойланбай атып салды. Өзи адыр бай еди. Әфиўлик сорайман. Ҳәй Әўез бармағыңды бүге берме, жора! Ханның атланысына бес-алты тыршаңқыңды қый! Басқа байларға көзаба болсын. Бузықбасы болма! Қәне, шаңыраққа бөле бериң! Қамыс жаға ма, — түтинин төлесин, мөлдек салды ма, — үсирин төлесин, малдан закат... Патшамыздың атланыс сапары ушын аша туяқ бермеген шаңырақ қалмасын. Гәп питти. Турың қәне!...

## ЖИГИРМА СЕГИЗИНШИ БАП

### 1

Қосыбайдың үйи. Төрде Есенгелди, оннан тете Қосыбай отыр. Әжинияз жапсарда. Қолында — Мақтумқулы. Ол, Елмурат ахуннан соңғы, екинши устазы.

Есенгелди жасаўыллардың хабарын еситип, аўылға суўыт қайтыпты.

«Енди гәпим өтпес» деп жасаўылларға бармапты. Оны Қосыбай да мақуллады. Есенгелди саққа жүгинип, ошаққа тигилип отыр.

— Қулымбет қолдаўлымыз тәўир еди ғой, — деди ғарры, — Хийўаға мал берсе де, жан берген жоқ еди... Бопсамызды айтатуғын едик.

— «Ақ орыстың қасында қара орысты әкем дерсең!» деген, — Қосыбай ызалы күлди.

— Шырағым, жаў бурын арысландай алыстан айбарақ урып келетуғын еди, енди түлки болып, тыңтыңлап, қасқыр болып қуўысында жатып шабатуғын болыпты. Бизди хийўалылар алдап соқты. Ерназардан айрылдық. Турым сүйеў еди, оны да белдарға жазыпты... — деп ғарры муңын шағып, сырнағып отырды, — хан сырымызды алды... Енди биз де усылды өзгертпесек болмайды. Түлкини қасқыр болсаң аласаң!...

— Ерназарды қәйтер екен? — деди Қосыбай.

— Ерназардың әкеси Мыржықтың ҳәм Бегистиң Хийўада ҳәмелдар яр-дослары бар. Хат жаздым. Олар баланы өлтиртпейди. Оннан кейин Турымға: «арыз айтып ханға кир!» деп, болажақ әңгимелерди де қулағына қуйдым. Үшинши бир дәме, ол — халық. Не деген менен хан бизди ғайры журт деп санайды. Сонлықтан қолайын тапса аямайды, таппаса айбынады.

— Усыл, ҳийлени өзгерткенде қәйтемиз? — деди Қосыбай. Ғарры қапталда отырған Әжинияға жалт қарап:

— Китабыңды жыйнап жақын отыр. Әңгимеге қулақ сал. Ендигиниң бийи — сизлер, — деди.

Әжинияз ғаррының қасына келди.

— Мениң айтайын дегеним, бүгин-ертең болатуғын ис емес. Келешектиң бир кеңеси ғой. Сонда да ишимдеги шеримди айтып кетким келеди, — деди де ой толқынына тербетилип, ишинен ҳәсиретли ыңылдап алды, хан қызыл бас журтына урысқа таярланып отырған болса керек, соның ақыбетин күте турайық... «Қырқ жыл байлық, қырқ жыл жарлылық жоқ» деген. Заман жақын арада бир шайпалмас па екен? «Ханды



қудай қарғаса, пуқарасы менен қас болады... Елдиң көз жасы бийкар аға берер ме екен? — Ғарры усы сөзди айтып, гәпти бир түйип таслады да, ендиги ойын айтыўға әлле неден тартынғандай, үмитсизлик ҳәм сары уўайымлық кейипке түсти. Тоқсан жолдың торабына тирелип дағдырған кисидей иштеги пикирин екшеп өлшеп нәзерин көтерди. Мен көп жасап, көпти де көрдим, көп шешенлер менен отырып, өткеннен көп те еситтим. Адам қартайып, шөккен соң бир төбеге шығып, өткенди, кеткенди, питкенди, шала қалғанды ақыл тәрезесине салып көрсе, «қайтадан жасартса енди пысық болар едим» деген әрман пайда болады екен!... Сонлықтан көп жасағанды мәстан дейтуғын болса керек... Жалғыз жайылған қой — бөриниң жеми... Қарақалпақ шашаў жүрип ҳеш опа көрген жоқ. Қайсы ханның қол астына барса да, жегени баяғы таяқ, көргени баяғы қорлық еди. Хорезмге келгенде, мынаў Хийўаның қутырысы!... Сонлықтан үлкен патшалықтың етегине асылып, отыра қойған жөн! Бирақ оған қол жете ме?... Жеткен менен мына бийлер, ҳәкимлер жетегиңе ере ме?... Булар алыстағыны арбалы жыйнағанша, жақындағыны дорбаға салып қайтқаны жақсы!... Әттең,... Мамай бийим-ай!... Елди бир үлкен кәрўанның жетегине баслаған екен дә, әттең әрманына жете алмай кеткен екен!... Ғарры тағы толғанып, алысқа ой жуўыртып, қалғып қалды.

— Ол қайсы патша, бий аға? — Қосыбай шыдамсызланып сорады.

— Ол...Ол мына үлкен орыс журты. Орыс патшалығы ғой!... Ата-бабаңның Түркстанда отырғанда еки мәртебе Петрбор сарайына барғанын еситкениң жоқ па еди? Қайда туўылып жүрсең өзиң?

— Ҳе-е, еситтим, еситтим, бий аға!... Қосыбай жүйрик ойлы, сыпайы кәтқуданың алдында серсизлик билдиргенине қыпылықлап қалды.

— Ол ғайры дин емес пе?

— Ғайры дин. Бирақ олар да қудайдың бендеси. Қудай жаратты. Аспаннан түскен төрт китаптың биреўи соларға тийисли. Пайғамбары Ийса... Ийсаға табынады. Биз Муҳаммедке

табынамыз. Жөҳид деген тағы бир журт бар. Олар Дәўид пайғамбарға табынады. Биз Мәкке-Мәдийнеге жүгинип, намаз оқыймыз.

— Ең әзел дүнья жаратылғанда, — деди ғарры, — ҳәмме халықты бендем деп қудай тең дөретти. Тек соңынан ғана ҳәр ким динге айрылып, мусылман, кәфир болды.

Ғаррының қыйқашын келтирип сөйлеген әңгимесине, әсиресе орыс дини туўралы айтқан дәлийлине таң қалып, таңырқанып отырған Қосыбай баласы Әжинияз бенен қосыла жымыйып күлди.

Шешен бир тыңлаўшыларын әбден елитип қайыл қылыў ушын тағы бир жаңа әңгиме баслады.

— Кешеги өткен келте базар күни Қоңыратқа барып едим. Қутлыбек бийдиң үйинде бир оқымыслы дәрўиш көрдим. Мал дүньядан безип ғайры журттан бир журтқа қәлендер болып келипти.

Қутлыбек бий жаңағы дәрўиш пенен әңгимелессин деп мени үйине шақыртқан екен, үшеўимиз оңаша отырдық.

Дәслеп мен оны: «Көп дийўананың бири шығар»... деп менсинбеп едим, жақ, данышпан адам екен. Жети журттың тилин биледи. Көрмеген ели жоқ. Стамбул жақтан келсе керек. «Ҳасылым түрк» дейди.

Түрк журтынан шығып Мәкке-Мәдийнаны зиярат еткен. Арабстанда, Аўғанстанда, Самарқандта, Бухарада болып, Хийўаға өткен. Илимди суўдай ишкен. Көп елди гезген адам екен. Бермаған қара, есиңде болсын, заманның қаяққа аўып баратырғанын ҳәммеден бурын кәрўан менен қәлендер биледи. Олар бир жылда жети журттың үстинен өтеди.

Қутлыбек мени оңаша алып:

— Мен қәлендердиң еки жеринен сезиклендим. Биринши — пишини менен түси түркке усамайды. Екинши — бизиң журттың егжей-тегжейин қалдырмай сорайды. Соған қарап, орыс патшалығынан келген жансыз ба деп пәмлеймен... деди. Мен оған қой дедим.

Қосыбай да, Әжинияз да, ғаррының бетине тигилди.



— Шырайы қандай? — деди Қосыбай.

— Шырайы сары. Көзи көк. Сақалы, мурты қоңыр, узын бойлы. Зон мурын. Еңсели, жоталы, шымыр киси. Басында бөрик. Үстинде қара маўыты шапан. Аяғында етик. Тек көзине қарап серлемесең, мусылманнан айырмасы жоқ. Түркшелеп ҳәм өзбекшелеп сөйлейди.

— Жансыз болса, жансыз-ақ болсын, — деп ғарры даўысын қәҳәрли шығарды. — Мына Хийўаның залым патшаларынан «аўзы түкли» орыс жақсы!...

— Әстерек! — деди Қосыбай.

Ғарры жеделин басып, гәпин даўам етти:

— Мамай бийдиң әңгимесин айтып бердим. Оннан соң Түркстаннан қалай келгенимизди айттым. Ең ақырында кешеги Айдостың саўашын әңгиме етип едим, Хийўаға ғазабын тигип, бир қарақалпақтай қыйналып қалды.

— Аты ким екен? — деди қәлендерге ықласы кетип.

— Аты ма? «атым Махмуд Рийшад ҳажы» дейди... Хийўаның қысымын еситкен соң, ол былай деп ақыл берди:

— Мен Мәкке-Мәдийнадан бери қарай журттың бәрин саяхат етип киятырған — ҳажыман. Сизиң журт шашаў отырған халық. Анаў түрк, аўған я ирандай тутас мәмлекет емес. Сонлықтан бул журтты жаў тез алады... — деп, бираз ойланып турды да, — усы журтты, биринен-бири бурын аламан деп еки «арыслан киятыр». Оның бири, — орыс, екиншиси, — инглиз деди. Сизлерге, — бурынғы бабаларыңыздың ықласлы болған журты — орыс патшасы қолайлы болыр. Инглизлер келип қалмастан бурын, тез бир ойласыққа келиўиңиз керек.

— Елестирмесең, — ўәтайы бир гүрриң ақыл жуўыртсаң — ол сөздиң жаны бар. Орыстан басқа теңлик алдыўдиң жолы қалған жоқ!... Бирақ оған белсенип, шығатуғын ер-азамат, кеңесетуғын кәтқуда бар ма?!... — деп ғарры тунжырап көпшикке қыйсайды.

Қосыбай да, Әжинияз да көпти көрген шежире ғаррының сөзине уйып қалып еди, есиктиң алдына келген ат дүрсилдиси қалғыған қыялларды шайып жиберди.

— Қосыбай бармысаң, шық, хабарлас, сизди салғыртты алып тез жетсин деп Халмурат бий шақырып атыр, — деген хабаршының шаңқ еткен даўысы шықты.

— Қосыбай елең етип, орнынан ыңжылып турды. Төрде илдириўли турған бөрки менен қамшысына асылды.

— Кең жазық отырып, гәплесермиз, бий аға! — деп Есенгелдиден руқсат сорады да, баласына қарап:

— Мына атаң қайтаман десе үйине шекем атлы апарып сал, балам! — деп үйден асығыс шықты.

Ийбе етип отырған әкеси кеткен соң Әжинияз оңаша үйде шежире ғаррының қасында өзин бир пәс еркин сезди. Ғаррының қасында отыра бергенин тәўир көрди. Күни мененги гәпке жигиттиң ықласы кетип, мумдай ерип отыр. Бүгинги әңгимеден Әжинияз бираз ибрат алып, кеўили, ҳәр қыялға алып ушты. Мамай болып Петербор сарайына барсам — деп, ҳажы болып дүньяны саяхат етсем — деп, жаслық кеўил талпынып, темир қанат қағады. Шежире ғарры кетпесе екен!... Шежиресин айта берсе екен!...

— Ата, чай қайтанып берейин бе? — баланың қара көзлери ғаррыға жалбарынып сүзилди. Талай жыл ел басқарып, ер азамат жыйынына түскен, сыпайы бий, сыншыл ғарры бағанадан бери үлкен кисидей төрели сөзге қулақ салып, отырған баланы «тек емессең ғой!» деп иштен сынап алған еди.

— Тағы бирде келермен, шырағым! — деп ғарры Әжинияздың келбет пишинине сығалап қарады. — Хийўаның медресесине барады деп еситтим бе, сени?

— Аўа, ата.

— Бар, шырағым. Оқы! Илимди қатым ет!... Бирақ бул жақтағы елиңди, бизлерди де умытпа! Патшалықта не жаңалық болып атырғанына қулағыңды сала жүр. Хабарлап жүр! — ғарры мүлгип қалып, гәпти бираз тыныспа етти де, Әжиниязға қарап:

— Сенде тәмем көп. Кеклиден кек қуўып жүргенийиз-ден де хабарым бар. Халмурат байдың келинин қашырып, дурыс етипсиз. Енди Қулымбетке тиймей-ақ қойың. Бурын бир сәри еди. Елди атлап, Хийўаға жағынаман деп еди, «сарпайын» кийди. Өзи де өкинип жүр. Мықлы менен беллес, әззиге асылмаң. «Қулан қудыққа қуласа, қулағына қурбақа үймелейди» болмасын. Өз тентегине ежесип, қылышың елине тийип кетпесин. Хан ҳийлели жаў. Бириңди-бириңе өш етип жығып киятыр. Өйтпесе, бул елге күши жетпейди. — Ғарры тағы ойға батты. — Мен жетпис жыл жасап, жети хан заманын көрген халықтың «жыраўыман». Елдиң муңын, ердиң әрманын айтып, мына сизлерге, — соңғыларға жырлап кетежақпан. Таслаң енди балалықты. Асан бабаң он алтысында бийлик айтыпты. Амангелди онсегизинде Асанның қунын алыпты. Хийўаға барып, қатып-семе бер. Дос жыйнай бер. Мен де ғарры жанды қыйнап, Ерназар ушын, ел ушын тағы бир атланарман. Хийўаға баратырып, Қоңыраттағы Махмут-Рийшад ҳажы менен гәплесип кет. Узақ жолға биринши сапар барыўың. Дәрүиш узақ жердиң ойлы-шуқырын көп биледи.

Есенгелди усыны айтты да, орнынан турды. Әжинияз атасы менен ере шығып, қорадан атты әкелди де, ғаррыны мингизип, өзи ерип кетти.

## ЖИГИРМА ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

### 1

Бүгин күнниң көзи шықпады. Аспан қап-қара болып, бултласып тур. Ара-тура көлдеги қамыслардың шуўылдаған сести ғана еситиледи. Мереке-мейлис, отыраспа-жыйын ҳәммеси тоқтап, жасаўыллар келген соң аўыл тағы қулағына урған танадай жым-жырт болды. Көшеде сет-семир жоқ. Жадырап шыққан күнди ҳәўес ететуғын Әжинияз күнниң түнергенине ол да кеўилсиз.

Әжинияз үйден шығып, атына минди де, «Ханзаданы көрип қайтайын!» деп Қәлменниң үй жағына қарай жортып кетти.

Аўылдың шетине араласып еди, Халмураттың үй бетиндеги үлкен далалықта аспанға көтерилген үш ағашты көрди.

Жасаўыллардың келиў ҳүрметине той тамаша өткериў ушын бий әткеншек қурғызып атыр екен-аў» – деген ойға кетти.

Көз алдында Ханзада елеследи. Әткөншек қыялына берилди... Ымырт жабылды... Ҳәйкел өңир моншағы жуўдырлаған қызлар шашпаўлары сыңғырлаған жеңгелерине қосылып, әткөншекке киятыр. Бир жағында қыз-келиншеклер, таранып, әткөншекте бир беткейлеў тур. Қараңғыда сығалап, көптиң арасынан әллекимди жойытып, жаўдыраған көзлерин жән-жаққа қыялап аўдарады. Әлле кимге телмирип, елжиреп қарайды да «ол емес!» деп басын тартып алады. Әткөншекке түсиўге жубайы жоқ. Онысыз мерекениң қызығы жоқ... Мине Әжиниязға көзи түсти. Жүзи қубылып, толқынлаған қара көзлери менен — еркелик пе, назы ма жалт етип қарады да «өзиң кел»! дегендей жилўа таслады...

Аўыл жигитлери: «Қонақ келди. Әткөншекке конақ түссин. Қәне, теңин табың!» деп Әжинияздың қолынан услап, арқанға асылдырды. Жигиттиң жүреги аттай туўлап: «Ханзаданы әкелгей де!» деп дүрсилдеп соғып тур. Ийбе, наз етип, мине Ханзада киятыр. Жаўдырасқан көзлер түйисти, табалдырыққа минген қыз өкшеси жигит өкшесине тийди, зарығып сағынған еки жүрек қуўысты, нурлы сәўлеге ашық айғабағардай еки жастың жамалы жарқ етип ашылды.

* * *

Усылай йошып киятырған жигит аўылдың ортасына келгенде дар ағашын көрип, жигери қум болды!...

Дар ағаштың алдында еки сақшы-нөкер тур. Ағаштың айлана дөгереги толған халық. Олардан сырткары үш киси отыр. Ортада көкирегин аршынлап, белге қатар байлаған, Муҳаммед Нәзир жасаўыл басы, оң қапталында Халмурат бий, сол қапталында Есен қазы.

Жасаўыллар менен көше бийлер ерсили-қарсылы жортып, үйлердиң жабығын сабалап, аўылды жүндей түтип жүр. Сыйыр, қой, ешки жетеклеген пуқаралар Қусбегиниң алдына муңайып келип, зарланып баратыр, жетеклеп келип, еки қолы бос баратыр.



Бир жасаўыл Ережеп тентекти айдап әкелди. Дар астына апарды.

— Ханның салығын ҳәм закатын неге бермейсең? — деп Қусбеги дар асында еки қолы артына байланған Ережепке дәпинди:

— Ханнан алған қарызым жоқ. Инсан қылып жаратқаны ушын қудайға үсир-питир берип отырман. Дүньяға шыққанлы байдың бир өгизин майына алып, бир мезгил қос айдап көргеним жоқ. Туқым алғаным жоқ. Шығыр сорағаным жоқ. Асқатық деп, барғаным жоқ. Мергеншилик пенен тамағымды асырайман. Закат берер малым жоқ.

— Атланысқа барасаң ба, жоқ па?...

— Қай жаққа атланыс? — Ережеп басын көтерип, тикке қарады.

— Жаўға атланыс. Иранға атланыс!...

— Жаўдан мен немди қорғайман? — деди Ережеп. — Отырған қамыс қосым Иран келмей-ақ қулайын деп тур.

— Тасла! — деген Қусбегиниң даўысы шығыўдан жасаўыллар илмек жиптиң түйинин Ережептиң желкесине апарып, арқанды мойнына салды.

Қусбеги үшинши, ақырғы ҳүкимди айтыўға ыңғайласып тур. Қусбеги қурды қоршаған жыйынға көз жуўыртты. Аламанның жүзинде қара күйе түтенип турған жан ашыўының ызасы ғыжлап тур. Ережептиң қуны деп халық тәп қойса!... Хийўа житирим жерде калды. Аспан менен таласқан айбатлы мунарлар, айбалталы жәллатлар, қалың ләшкерлер жоқ... Қусбеги әлле неден жасқанып, жүреги шымм етти. Онысын сездиргиси келмей, даўырық салды.

— Белдарға барасаң ба, я өлигиңди Хийўаға тийеп апарайын ба?

Қусбегиниң жедели пәсейгенин, биреў «мийрими түсип киятыр» десе, екиншилери «жан алыўшының жолы көп!» деп иштен өзлеринше жорып тур.

Ережеп ләм-мим. Оның аянар жери жоқ. Жанын алса, изинде қалар аянышлы мийрасы қамыс қосы менен анаў күни ғазының қуны ушын алған жалғыз ешкисинен өзге неси бар?

Бирақ өлимге ким жанын қыйсын! Ережеп еле де жасаўылдан емес, елден дәмели...

Усы ўақытта:

— Ей, Ережеп, — деп биреўдиң сүренлеген даўысы еситилди. Ҳәмме сол жаққа жалт қарады. Турымның даўысы екен — ғазыңның басын қыйған жасаўыл, өзиңниң басыңды аяр бейсең бе? Ҳарам териң қай жерге төгилгенде не, барайық белдарына! ... Мен де бараман... Қайт ырайдан! Мезгилсиз жаныңа әзирейил шақырма. Қақ ийекти!... Мезгилсиз жаныңа әзирейил шақырма. Қақ ийекти!...

Ережеп сөйлеп турған Турымға көзин бир аўдарып қарады да:

— Барайын! — деп ийегин қақты.

Ережептиң мойнындағы арқанды алды. Қусбеги қылышын көтерип, орнынан ушып турды.

— Бийпарўа жүргенлер тарқасын! Белдарлар азық киййимин арбасына салып, песинде усы далаңға жыйналсын!

Қусбеги, бий, қазы үшеўи әңгимелесип отаўға қайтты.

## 2

Әжинияздың ажары бозаң тартып, Қәлменниң үйине келип аттан түсти.

Үйде Қәлмен Гүлбий екеўи ғана екен. Ерли-зайыплы, жигит пенен келиншек әлле нени айтысып, ойласып отыр. Қәлмен ер азаматлық етип, Әжиниязға сыр бермей, жыллы жүзин көрсеткиси келсе де, қабағын ашырмай, еки ийнин басып турған бир салмақ бар еди. Гүлбий төмен қарап, сарсылып дағдырады. Ишинде ғыжлап өртенген шоққа дәти шыдамай, аҳ урып, аўзынан ыссы жалын атады. Көз нуры семик. Қабағы қатыңқы. Жарқырап туратуғын ажары бүгин геўгим тартқандай, иштеги ҳәсиреттиң гүңгирт бады бетине тепкен.

Жигит бир мүсүўбет барын иштен сезип отыр. Олардың муңайғанына бул да сарсылап бирден жадырап келген ажарын суўытты.



— Бул не, Қәлеке аманлық па? — деди Әжинияз.

— Аманлық ғой! — деп иркилди де — тиришилик болған соң аманлық деймиз ғой... — деп, Қәлмен келиншегине көзиниң астынан аянышлы қарап, гәпин жалғастырды, — бизге де бир белдар түсипти!... Таўыққа шекем сатып, қолдағы барды мына хаялдың қалыңына төледим. Енди еки билектиң күшине исенип, қудай оңғарса, талап етермен, қабым дәнге толар, маңлайға ақ шашырар, сыйыр саўмасақ, ешки саўармыз, ат минбесек, ешек минермиз деп атырғанда: «Хиўаға белдарға барасаң» дейди. Белдар жан алғыш емес. Онысынан қорықпайман. Аманат жаным саў турса, еки-үш адамның хызметин ислеймен. Бирақ мен кетсем мына хаял кимниң есигине телмиреди. Кимнен отын, кимнен нан сорайды. Көп болғанда биреўдиң күлин алып, кирин жуўар. Онда қандай болды!... Соның уўайымы, қосшым!... Теңгеси барлар тилла берип, белдардан қутылып атыр. Бизде тилла да, пилла да жоқ!...

— Қәлмен тунжырап қалды, Әжинияз да есик бетке қарап, бир ноқаттан жазбай тигилип ойға батты да, бир азғанадан кейин:

— Неше тиллаға келисетуғын түри бар? — деди.

— Сыпыра бес тилла деп атыр. Төрт тиллаға келиседи ғой. Тилламыз болмаған соң сорап не исимиз бар, — деп Қәлмен мүнайым жерге қарады.

Гүлбий басын көтерип күйеўине:

— Мениң билезигим менен сырғамды ямаса киймешегимди сатсеш! Тилла болса, төлеп қутыл, — деп адасқан күйеўине ақыл таўып берген кисидей, жаўдырап турған көзлери бирден жалт етти.

Қәлмен мыйығын тартып, әстен басын шайқады:

— Сатқанда сол не болады? Базар алыс. Бул аўылда еки тиллаға да алмайды.

— Қойың ол гәпти! — Әжинияз Гүлбийге жаны ашып, ортаға түсти, — бас кийимди, қулақ пенен билектиң мүлкин сата көрмең! Бул, жаслық естелигиңиз ғой, жеңге... Төрт тилланы мен төлейин, Қәлеке, талабың бир оралған жылы қайтарарсаң!...

Қәлмен де, Гүлбий де: «шын айтып отырма» дегендей, аң-таң болып, Әжиниязға көзин телмиртти.

— Шын айтып отырман, Қәлеке, бийге барып төрт тилла болсын, бес тилла болсын, келисип қайт. Ақша табыў меннен болсын. Бар! — деди жигит. Гүлбийдиң бетине жыллы шырай кирди. Жаңа ғана солып турған ажары менен көз жанары қайта тирилип, жасарып, шешек атып сала берди. Күлип, еркелеп күйеўин қыстастырды.

— Болсеш, турсеш енди! Қудай берди. Қудай айдап келген шығар, бул баланы!...

Қәлмен Әжиниязды баласынып, еле де, кеўили ярый бермей, жалт-жалт қарады. Оның да қуўанышы тасып, жүреги орнына түскен еди. Күле шырай берип, тағы төмен қарады:

— Оны қайдан табасаң, иним! — деди.

Гүлбий күйеўиниң езбелеп сорағанын жақтырмай «қолға түсейин деп турғанда қырсығып қалмасын» деди ме:

— Не исиң бар, онда... Турсеш! — деп кийликти.

Әжинияз ҳаялдың мийзамын сезип:

— Мен Хийўаға оқыўға жүрейин деп атырман, Қәлеке, сол қәрежет пулымнан сизге төрт-бес тилла берип кетемен, барып қайта ғой!... — деди.

Болды, болды иним! — деп Қәлмен жалбырақлап орнынан турды. Ҳимм! Солай де. Медиресеге барасаң ғой... Жолың болсын... Тағы бизге қәрежетиңди сепситип алып, өзиң тарығып қалма, иним!... Бирақ мен бар ғой, қолыма азлы-көпли теңге түссе саған жибере беремен. Әйтеўир барыўшы болса, иним, жиберемен... Усы белдардан қутылсам, бар ғой, не талап болса да, таңламай ислей беремен. — Адам бир қуўанышта, бир қорқынышта өзин ериксиз бийлей алмайды ғой. Тап сондай, мына жигит ағасы болған Қәлмен де қолына базарлық тийген баладай аяғы сайға тиймей, қулшынып сөйледи: — билек бар, қарыў бар, иним. Омыраўласам он адамның жүгин тартаман. Әттең, Жәлмен екеўимиздиң талабымыз келиспей жүр ғой. Ҳәй, заман жоқ, заман!...

Қәлмен есикке барған соң да, артына бурылып, тағы гәп айтпақшы болып еди.



— Қой енди, — деп Гүлбий күйеўи мақтанса, ол әдеп сақлаған киси болып, көзаба ушын жекиринди, — мақтана берме! Бүлбилден шешен қус жоқ, қарасы тырнақтай. Сизлердиң әўкийген жотаңыз кимге дәри! Үш шайы болмаған палўанлығыңызды ортаға салмай, тез бара ғой, енди. Тезирек оралып, қуўант бизлерди!...

— Жеңгең дилўар ғой, иним, — деп дәлкеклеп Қәлмен сыртқа шықты.

Қәлмен үйден шыққан соң Әжинияз Гүлбийден Ханзаданың ҳал-жағдайын сорады. Қыз жеңгеси жаўқылдап гәп баслады:

— Сениң қосығыңды төс қалтасына тумардай түйип жүр. Жақында бийкеш бир түс көрген.

... Сен қаршыға салып, қустан киятыр екенсең. Қолыңда ғаздың палапаны бар екен. Бийкеш алдыңнан шығып саўға депти. Сен: «абайлы бол, ержеткен палапан» деп берейин деп, аяғын шешип атырғанда, палапан жаздырылып арқаға қарай ушыпты. Ўақ, анаў, кетти!» деп сен кейнинен заңқ қойыпаң. Қыз: «қайт берман!» деп бақырып атырғанда оянып кетипти.

Биз былай жорыдық:

— Ат үстиндеги қаршығаң өзиңниң сүйген ярың. Қаршыға қалса сүйгениңе қосылғаның. Анаў қашқан бәле қада душпаның деп жорыдық... деп Гүлбий иркилиңкиреп турып, тағы гәпин даўам етти, — аўызы жеңил Палзада ҳәзил айтаман деп: «сениң сүйген жигитиң еки қызға ашық болады екен. Қашқаны соның биреўи. Қалғаны сен»... деп бийкешти өкпелетип алды. Бәримиз оған түсти ҳәзилге жорыма деп урысып тасладық.

Әжинияз ышқы етип, кеңкилдеп күлди.

Усы ўақытта шыпта есикти қулашлап ашып, әўкийген денеси ергенекке кепленип, аўдаңлап Қәлмен кирип келди. Кеўили көтериңки, нәзери бәлент. Үйдегилер «не қылдың?» дегендей, бетине жалт қарады.

— Келистик. Берекет тапқыр, бий аға төрт тиллаға зорға келисти. Белдардан қалдық, Гүлбий...

— Әўмийин, әўмийин, қалғайсаң! — Гүлбий күйеўин алыс сапардан қайтып келгендей, жалбырақлап қарсы алып, пәйик болып атыр. Қайтадан қосылғандай еки жас мәзимайрам.

Әжинияз ишинен: «жарлының өз малын өзине берип қуўантады!» деп аянышлы сезимге батып отыр.

— Қәлеке, — деди Әжинияз — белдарлар қашан жүрейин деп атыр?

— Бүгин бала, тап ҳәзир жыйнап атыр. Мен саған... — деп аўызын жасқап, батына алмай турған Қәлменниң тәбизине түсинип, Әжинияз әкесиниң: «Кийим ал» деп берген теңгесинен төрт тилланы санап берди.

## ОТЫЗЫНШЫ БАП

### 1

Түн. Ел жатар ўақыт. Әжинияз Қәлменниң үйинен шығып сүйген Ханзадасына, — жас көкирегинен төгилген шайырлық сөз маржаны менен «Сәўдигим» деп атаған сәўер ярына баратыр. Муҳаббаттың дәслепки уўыз сүтиндей пәк ышқысынан илҳам алып, бар шеберлигин салып жазған усы қосығы жигиттиң кеўилинде сайрап баратыр.

Тастай қараңғы. Аспан қара шымылдығын айқара жамылған. Қыз бенен қупыя сырласыўға баратырған жигитке түнниң қараңғысы жақсы. «Биз урлық қылғанда, ай жарық болды», деп талай жигитлер: айға да өкпелеген. Сонлықтан, булт арасынан: «мени көрдиң бе?» деп, ара-тура жылт еткен жулдызларға жигит «қоя тур!» деп киятыр. Дәрья бойының түнги ҳаўасы, айрықша бәҳәрдиң желемик түни ол да бир жағымлы дүнья. Жигиттиң бойы сергек. Өкпеси толы, таза ҳаўа.

Көтериңки кеўил, ышқы сезимине елитип, ғайры нағыслы қосықлар шығарғысы келеди. Жақында жазған «Сәўдигим» қосығын иштен тәкирарлап, селпи қатарларын шыйратып, муҳаббат сөзлерине нәр берип, әшекөйлеп киятыр. Қосықты бабына түсирип айтатуғын жигитте хош ҳаўаз, қоңыраўдай лапыз да бар. Әттең, түн болып, даўыстың дизгинин босатпай киятыр.

«Бағ ишинде қызыл гүлдей доланып,
Саллана-саллана келгил сәўдигим.
Сүмбил шашың сәрўи белге оралып,



Бир майдан қасымда жүргил, сәўдигим.
Қыя-қыя көз ушынан бағысып,
Мыйық берип, қәлем қасын қағысып,
Қараңғыда қармаланып табысып,
Мақсудымды арзыў қылғыл, сәўдигим!...»

Ханзаданың үйлери дәрьядан ығырақ, бир жамай болып отыр. Мәдеминниң үйи «сақыўлар» аўылына жақын. Халмурат бай ишиндеги маллысы болған соң, кеңирек өриске шығып, өзине тәбия — жылқыман, падашы, қойшы, күнликши, диййқан үйлерин қапталға алып, бөлек отыр.

Гүлбий кеште барып, қыз бенен тиллесип қайтып еди. Ханзада Гүлбийге:

«Кишкене үйде үкем менен жатаман, хабарласар»... — деген екен. Жигит сол кишкене үйди излеп киятыр. Түн ортасында урыдай тың-тыңлап жападан-жалғыз киятырған кисиге ийт те, қус та жаў. Гезлескен ийт: «қайда барасаң? Кимсең? дегендей, бир бапалап қалады. Гәсине: «күшим!», гәсине әсте: «жит!» деп, аяғын ғаз-ғаз басып, адымлап жүрип киятыр.

Қублаға қарап тигилген еки үйдиң қасына келип, зеңирейип турыўды миясар көрмей, қуўысқа бой таслады. Жүреги улыдүпилди. Көзи еки үйдиң есигине телмирген жигит аз ғана отырып, жүрегин басты да, отаўды жағалады.

Үйди айналып, тың-тыңлады. Сыбырлап шақырыўға жүреги даўамайды. Үйдиң ишине қулағын салады. Пыснап уйықлаған жас биреўдиң мурнының дем алысы келеди. «Усы үй емес пе екен?» Аяқ ушынан басып, ана үйге барады. Онда биреўдиң қурылдысы шығады. «Бул емес...» Тағы бағанағы үйге келди. «Әлле ким туў сыртымнан аңлып тур ма?» деп, жән-жағына тесилип телмиреди. Шаңлақта шыбынлап жатырған маллар «Бийсәўбет кимсең?» дегендей, басын көтерип, одырайып қарайды.

Әжинияз ой үстинде...

«Тамшыдан қорыққан жаўынға жолығады!»... Қараңғыда усыл етпесең, ай туўса, қәйтесең? Буннан аўыр машақат гезлессе, қәйтесең? Ханзада ушын отқа түсип, суў кешемен дегениң қайда? — Жигиттиң кеўлине ерлик жедел енди. — «Бирақ,

уят — өлимнен де күшли». Муҳаббат — нәзик. Өжетлик — сыпайы жигиттиң баҳасын арзанлатады.

Әдеп сақласаң — ақылсаң, гөзеўин тапсаң — батырсаң!... Қалың малын төлеген қалыңлығың болса да, қарақалпақ дәстүринде қызға урлап келиў уят. Сонда қайтып кетиў керек пе? Жоқ!... Пәлен ўақытта қуда түсип, айдаўлы малға жесир сатып алыў — бул муҳаббат бағының нәзик гүлин териў емес. Лалазар болып жасарып киятырған бағдың ишине нәзик жол менен кирип, машақат, маңлай тер менен, сағынып терген мийўаны айт...

Ой теңизинде қалып турған жигиттиң көзине қораға сүйеўли кели түсти. «Усы келиге минип, жабықтан түссем!...» деген ой келди. Келини үйдиң қапталына тигине қойып, үстине минди. Жабықты түрди. Үйдиң иши тастай қараңғы. Керегениң басын услады. Ишке түсиўге уўықтың арасынан сыя қояр ма екен?... Дизбени шешсе, бир уўықтың басын тайдырса, сөйтип қырынласа!... Ал иште биреў аңлып, услап ала қойса, қәйтеди... Онда қайығыңның қайырға тийгени...

Жигит уўықлардың дизбесин шешиўге талап салып атырғанда иштен биреў оң қолының билегинен шырп етип услап алды. Жигиттиң жаны ушқынып, жүреги лоблып, дирр етти!... Дәрҳал қолын сыртқа тартты.

Пай, усы ўақытта жигиттиң қысыныспасын айт!... Беденнен, маңлайдан моншақ-моншақ тер ақты. Жигит жүреги мойнына қурық түскен асаўдай туўлап, шапшыйды. Ертең күндиз журт алдында байлаўлы турғанша, усы бүгин түнде билегин кесип бериўге қайыл!... Тек «услап алыпты!» деген насақ ермесе!... Оның үстине Ханзадаға қанша уят! Жигит абыройына не деген өлим! «Уят өлимнен күшли!» деп, халық соның ушын айтқан ғой... Жигит ышқынып, жигер жыйнап, жан таласып гүреске түсиўге бел байлап еди, иштен сыңқ-сыңқ күлген нашар даўысы еситилгендей болды. Жигит аң-таң болды!...

... Қыз күлкиси еситилди... Қоллары дирилдеп, қалшылдап, күлип тур. Жигиттиң қолын қулағына апарып, сырғасын көрсетти.



— Ух! — деп жигит иштеги жалын ҳәўирин шығарды. Бағанағыдан берги уўайым толқынының бәри тынды, бәри басылды. Дүбелей үргин тынып, аспан жадырап ашылғандай, жигит кең тынысын алды. Жупар ҳаўаны рәҳәтленип бир жутты.

— Ханзада, сенбисең?

— Хе, қай аўылдың қарақшысысаң? — деп қыз дәлкек етти. Екеўи де жымыйысып күлди.

— Есик жаққа бар, — деди қыз сыбырлап.

— Иште ким бар?

— Ким керек еди? Кимди жойтып жүрсең?

— Сени.

— Қыз есиктиң қулпын ашты. Екеўи көрисип, аман-түўеллик сорасты. Әжинияздың жаны жай тапқандай түсине жыллы шырай енип сала берди.

Қыз сыңқылдап күлди.

— Сен екенин бағана-ақ сезип едим.

— Онда неге шықпадың?

— Муҳаббат мийнетин көрсин деп сынадық тә.

Екеўи де жүреклери шәўкилдеп күлисти.

— Қурбанәлийден не хабар бар?

— Баяғыдан соң ҳеш хабар еситпедим. Әкесине исенип, қудалық жағын бекистирип атырған шығар. Қалың малына исенетуғын жигитлердиң ураны сондай болып келеди.

— Мен не қылсам екен? — деди Әжинияз тунжырап.

— Қәйдем?! — деп, қыз бармағын аўзына апарып, ойланып қалды. — Гүлбий кишеме ойластың ба?

— Ойластым. Сениң де әке-шешең жаўшы жиберсин дейди.

Қыз басын шайқады.

— Атам келиспейди.

— Мүмкин келисер. Алдынан өте берсин.

— Өзиң бил.

— Әбден келиспей баратырса, Хийўа жаққа алып кетемен. Бир-еки жыл болып қайтамыз. Оған шекем ашыўы басылар.

Әжинияз Ханзаданы қарсылық билдирер деп ед. Қыз аз ғана ойланып:

— Сол ақылың мақул болар, — деди. Оның кеўлине бул жақ асылар панасы жоқ тик жар, ол жақ қашса қутылатуғын кең жазық болып көринди.

— Онда, Хийўаға барыўға рийзалық бергениме өкинип жүр едим. Сениң мақуллағаның маған қуўат болды ғой, — деп, Әжинияз медиресеге оқыўға түсетуғынын айтты. Екеўи келешек тәғдирин ақылласты. Басына кәўип төпсе, қыз хабарлайтуғын болды.

— Ержан да, Айзада да, Нигархан да кетти. Бизлер де сол жаққа кетсек... — деди Ханзада.

— Қыз –жигитлерге «Боз атаў» тарлық етсе қайтесең? — деди Әжинияз. — Туўылған жеринен қыр көрген адам ғана қашады.

— Ол айтқаныңыз да дурыс-аў, — деди қыз, кимниң басына түссе де, аңсат емес. Айзада бийшараға обал етти ғой. Бизиң атамлардики де зорлық ғой. Нигархан тири усайды. «Ержан соны излеп жүр» дейди. Сол ырас па?

— Үйде отырып, бәрин сен биледи екенсең ғой. Көзи ашық ўәлий емесписең? — деп, Әжинияз Ханзаданы дәлкек етти.

— Бизге ўәлийлик қайда? — деп Ханзада мыйық тартты, — атамның үйине үлкенлер келип, әңгиме етеди. Кирип-шығып жүрип, соннан мениң де еситкеним ғой...

— Солай дегенди айтады. Ол пақырды «қашып кетти» деп әкеси излемейди. Сүйек қуўысатуғын жан ашыр қаналасы жоқ. Жылай-жылай анасы отыр. Хийўаға барсам, сорастырып көрежақпан...

— Ай туўыпты-аў. Жарықлық таза ай! — Ханзада аспанға тигилди.

— Қәне, — деп жигит те солай қараған ўақытта, екеўиниң бир-бирине шекеси жабысты.

— Әне, — деп Ханзада Әжинияздың көкирегиниң үстине еркелеп басын таслады.

— Қәне? — деп, жигит төмен қарап, айдың жарығы менен қолаң шашы мойнына оратылып, жарқырап турған қыздың қып-қызыл ләбинен: «хе мынаў екен ғой!» деп сүйип алды...



## 2

Әжинияз Қәлменниң үйине келип, атын ертелеп минде де, үй иши менен хошласып, сәске ўақытта аўылына қайтты.

Түс ўақытта Халмурат бийдиң үй жағындағы майданда топар-топар болып турған адамлардың үстине келди.

Сығасқан көп арба. Арбаға байлаўлы, ертелеўли атлар. Өгиз, сыйыр, жылқы еки-үштен хәр арбаның арысына байланған. Арбаның үстинде өреден асырып, көнтлеп, байланған жүк. Жигирмалаған жасаўыл усы көшти қараўыллап тур. Белдар-шылар хәм оның бала-шағалары изли-изинен келип, азық-түликлерин арбаға салып атыр. Аза тутып турғандай жасаўыл-лардың түслери суўық. Көштиң алдында бөгенекли телеген арба.

Жасаўыллар Нәзирди күтип тур. Хәмелдар байлардың хеш қайсысы еле көринбейди. Олар Халмураттың үйинде аўқатланып атырған болыўы керек.

Көштиң сийне сыйқы посып баратырған аўылға усайды. Елатынан айрылғанға дағдырып, пуқаралар муңайса, өрисинен айрылғанға маллар да мүлгип, басын төмен салып тур.

Әжинияз сыртқары жүрип баратыр еди, атын айтып сүренлеген Ерназардың даўысы шықты. Атының басын сол жаққа бурды. Хәмме көштиң ортасындағы бир арбаның үстинде Ерназар отыр екен. Аяғы кисенлеўли. Алдына гөнерек шаршыны жайып, пәтир нанды қайзап отыр.

Әжинияз жақынырақ келип сәлем берди. Ерназар басын ийип, мыйық берди. Бул шын күлки емес еди. Душпан алдында бас ийгиси келмеген, қайсардың ызалы жымыйыўы еди.

Жигит атты ортаға айдап... арбаға қапталлап барғысы келип еди, жасаўыллар қылышларын көтерип, жақынлатпады. Усыны сезип турған Ерназар да: «келмей-ақ қой!» дегендей мийзам көрсетти. Әжинияз сонда да бир-еки адым алға жүринкиреп тоқтады.

— Үй-ишлериң аман ба, Әжеке иним? — деди Ерназар.

— Аман. Өзиңниң дениң саў ма? Әжинияз усы сөзден өзге гәптиң басына бара алмады. Айдаўға кетип баратырған

азаматтың кеўилине демеў болғандай гәп жууғарада аўзына түспеди. Не айтарын билмей, бираз ўақыт исинип, аянышлы муңға батып, бозарып турды да, Ереке хеш гәп болмас. Аман келерсең. Қапа болма, аға! Жаманлық болмағай! — деп саўдырап сөйлеп, үсти-үстине тилекти жаўдырды. — Патшаның кеўилине жақсылық салғай! Кемпириңнен ғам жеме. Ел - халық бар ғой. Аман келерсең, аға!

Ерназар мақуллап, басын екшеди де:

— Сени Хийўаға барады деп еситтим бе? — деди Әжиниязға қарап.

— Аўа. Барсам хабарласарман.

— Яқшы, бизиң апама айт. Әкемниң мүликлерин хеш кимге бермесин!

— Әжинияз «мүлик» дегенди жууғарада аңғара алмай ойланып турып:

— Яқшы! Айтаман. Үйге хәзир бараман, — деди де, ишинен: «мүлик, мүлик...» деп бир-еки мәртебе тәкирарланып турып, — «хе, әкесиниң жаў-жарағын кисиге услатпасын дегени екен-аў»... деп жорыды. — Өзи айдаўда баратырып, мой бермей турған жүрегине қара... Сонсын батыр болады да... Жасаўыллар сезбесин деп, пинханы айтты ғой...

Усы ўақытта қусбеги бир дүркин бийлер менен отаўдан шығып, берман қарай жүрди. Қусбегиниң соппасы шалқайып, ширенген сайын қасындағы қара бөрик, қара қурашлар селтең-селтең етеди. Қусбеги кетер алдында бийлер жағынып қалыўға таласып киятыр.

Қусбеги көш қурдың қасына келип:

— Сапарға таярсыз ба, жасаўыллар? — деп қышқырды.

— Таярмыз, — деп елиўлик нөкер басы, узын қара жасаўыл тәжим етти.

Қусбеги қапталында қоршап турған қара, қызғыш көк шапанлы, жууан жоталы бийлерге, байларға қазы-мирабларға қарап, «дуға етейик!» дегендей ишарат билдирди. Хәмме бийлер қос алақанларын жайды. Қусбеги:



— Хан хәзиретимиздиң атланысы жеңисли болғай. Хәзирети Әлий руўхы жәрдем еткей! — деп қолын түсирди. Буннан соң Халмурат:

— Енди сизиң оң сапарыңызға дуға етейик! — деп қолын көтереди. Еки дуға питкен соң, қусбеги бөгенекли арбаға минди. Арбалар қозғалды. «Ағалап» жылаған балалардың аянышлы үни, өрисин жойытқан маллардың мөңиреген, қулынынан айрылған бийелердиң шыңғырған зары, арбалардың сықырлы сести, бәри қосылып, көл, дәрья теңизди қаплаған муз гүркиреп бузылғандай әлем гүңренди.

## ОТЫЗ БИРИНШИ БАП

### 1

Қосыбай баласының Хийўаға атланар алды бир күн бурын халықтың ирәсим-ырымы бойынша жоллық бериў ушын ағайин-туўысқанларын жыйнады.

Жасы үлкенлерден Есенгелди, Өтепберген, Қайып, Елмурат ахун, Қәлмен, Жәменей, Таўмурат, Өтемурат хәм тағы басқа өзине тәбийя адамлар шақырылды. Әжинияздың қатарларынан Әзберген, Пирим, Әсенбай және аўыл жигитлери келди.

Төрде усы үйге жыйналғанлардың бәриниң аяўлы атасы болып, мәпеге бөленип, Есенгелди отыр. Хәмме соның гәпин мүлгип тыңлап отыр.

— Мына Қоңыратқа келген Махмуд Рийшад деген хажы заманның қалай баратырғанын услап көрсеткендей айтты. Бул журтты орыс патшасы менен Инқылыш деген елдиң патшасы «мен бурын қол астыма аламан» деп бәсеки тарыста екен: «Орыс арқадан киятыр» Инқылыш түркмен үстинен келеди. Сизлерге орыс патшалығы қолай болар. Ноғай, қазақ, қырғыз қашшан қол астына кирди. Балалары Петрборда оқып келип, бәри хәмелдар болды... — дейди, — әлемди айланып жүрген хажы екен!

Әжинияз Пиримди түртип, сыбырлап: «бий атам билгир екен ғой. Әлемниң келешек хикметин болжаўына қара!» деди. Пирим де, басын ийип мақуллап:

азаматтың кеўилине демеў болғандай гәп жуўғарада аўзына түспеди. Не айтарын билмей, бираз ўақыт исинип, аянышлы муңға батып, бозарып турды да, Ереке хеш гәп болмас. Аман келерсең. Қапа болма, аға! Жаманлық болмағай! — деп саўдырап сөйлеп, үсти-үстине тилекти жаўдырды. — Патшаның кеўилине жақсылық салғай! Кемпириңнен ғам жеме. Ел - халық бар ғой. Аман келерсең, аға!

Ерназар мақуллап, басын екшеди де:

— Сени Хийўаға барады деп еситтим бе? — деди Әжиниязға қарап.

— Аўа. Барсам хабарласарман.

— Яқшы, бизиң апама айт. Әкемниң мүликлерин хеш кимге бермесин!

— Әжинияз «мүлик» дегенди жуўғарада аңғара алмай ойланып турып:

— Яқшы! Айтаман. Үйге хәзир бараман, — деди де, ишинен: «мүлик, мүлик...» деп бир-еки мәртебе тәкирарланып турып, — «хе, әкесиниң жаў-жарағын кисиге услатпасын дегени екен-аў»... деп жорыды. — Өзи айдаўда баратырып, мой бермей турған жүрегине қара... Сонсын батыр болады да... Жасаўыллар сезбесин деп, пинханы айтты ғой...

Усы ўақытта қусбеги бир дүркин бийлер менен отаўдан шығып, берман қарай жүрди. Қусбегиниң соппасы шалқайып, ширенген сайын қасындағы қара бөрик, қара қурашлар селтең-селтең етеди. Қусбеги кетер алдында бийлер жағынып қалыўға таласып киятыр.

Қусбеги көш қурдың қасына келип:

— Сапарға таярсыз ба, жасаўыллар? — деп қышқырды.

— Таярмыз, — деп елиўлик нөкер басы, узын қара жасаўыл тәжим етти.

Қусбеги қапталында қоршап турған қара, қызғыш көк шапанлы, жуўан жоталы бийлерге, байларға қазы-мирабларға қарап, «дуға етейик!» дегендей ишарат билдирди. Хәмме бийлер қос алақанларын жайды. Қусбеги:



— Хан хәзиретимиздиң атланысы жеңисли болғай. Хәзирети Әлий руўхы жәрдем еткей! — деп қолын түсирди. Буннан соң Халмурат:

— Енди сизиң оң сапарыңызға дуға етейик! — деп қолын көтереди. Еки дуға питкен соң, қусбеги бөгенекли арбаға минди. Арбалар қозғалды. «Ағалап» жылаған балалардың аянышлы үни, өрисин жойытқан маллардың мөңиреген, қулынынан айрылған бийелердиң шыңғырған зары, арбалардың сықырлы сести, бәри қосылып, көл, дәрья теңизди қаплаған муз гүркиреп бузылғандай әлем гүңренди.

## ОТЫЗ БИРИНШИ БАП

### 1

Қосыбай баласының Хийўаға атланар алды бир күн бурын халықтың ирәсим-ырымы бойынша жоллық бериў ушын ағайин-туўысқанларын жыйнады.

Жасы үлкенлерден Есенгелди, Өтепберген, Қайып, Елмурат ахун, Қәлмен, Жәменей, Таўмурат, Өтемурат хәм тағы басқа өзине тәбийя адамлар шақырылды. Әжинияздың қатарларынан Әзберген, Пирим, Әсенбай және аўыл жигитлери келди.

Төрде усы үйге жыйналғанлардың бәриниң аяўлы атасы болып, мәпеге бөленип, Есенгелди отыр. Хәмме соның гәпин мүлгип тыңлап отыр.

— Мына Қоңыратқа келген Махмуд Рийшад деген хажы заманның қалай баратырғанын услап көрсеткендей айтты. Бул журтты орыс патшасы менен Инқылыш деген елдиң патшасы «мен бурын қол астыма аламан» деп бәсеки тарыста екен: «Орыс арқадан киятыр» Инқылыш түркмен үстинен келеди. Сизлерге орыс патшалығы қолай болар. Ноғай, қазақ, қырғыз кашшан қол астына кирди. Балалары Петрборда оқып келип, бәри хәмелдар болды... — дейди, — әлемди айланып жүрген хажы екен!

Әжинияз Пиримди түртип, сыбырлап: «бий атам билгир екен ғой. Әлемниң келешек хикметин болжаўына қара!» деди. Пирим де, басын ийип мақуллап:

— Жаңағы Гүлшад па! Ким еди? Сол ҳажы айтқан ғой, — деп дилўарсып киятыр еди.

— Гүлшад дейсең бе! — деп Әжинияз Пиримниң бетине қарап, күлип жиберди, — Гүлшад қалыңлығыңның аты болмаса... ол ҳажының атыр Рийшад шығар.

— Солай ма еди — деп Пирим қысынып қалды.

Ғарры бир кесе чайдан шым-шым уртлап отыр. Тек жаслар жағындағы гүбир-сыбыр әңгиме болмаса, үлкенлер жағы сам-саз. Ҳәр ким өзинше иштен ақыл жуўыртып отыр. Есенгелди тағы гәпин даўам етти: — кешеги Айдос ағаңыз Хийўаға қайта-қайта шапты. «Ярым хан болдым, шерек хан болдым», — деди. Ақырысында ханның дузағына түсти. Ақыбетинде өзин де, журтты да қарап етти. «Ханнан тойдық, қайт болдық!» деген гәпимниң мәниси сол еди. Енди несине қол жаямыз?... «Талабың келиспесе журт жаңала, қоныс өзгерт! деген ата-бабадан киятырған ибарат бар. Хийўа менен аңлыса бергенше арқаға ат жиберип, мына үлкен журтқа елдиң арзыў аўҳалын айтып көриў керек. Ығбал талайды бир сынап көриў керек. Бул — бабаң Мамайдың арзыў-әрманы еди. Батыл болған гөне әрўақ еди. Жаңғырса қәйтеди? — деп ғарры жапсардағы жигитлерге қарап, сөзин мақуллатты. Мамай бийлерди көрмей, сезбей алапаға Петерборға барған емес. Ол күнде жолдың мойны алыс, ат қәйрымы узақ еди. Енди ол патшалық мына теңиздиң арғы басына келди ғой!... Көринип тур ғой төбеси... Орыс, ол жерге келип, жата бермес... Жылысар берман... Сен сезбесең Хийўа сезип отыр. Ойлан, халқым! Мениң бул гәпим ўәлийлигим емес, заманның ағымы солай деп тур. Мен де отыра бермеспен. Өлместен бурын қол силтеп кетпесем де, жол силтеп кетейин деп, сайрап отырман. Мен болдым, — деп көп жасаған шежире-шешен көпшиликке жақпайды.

## 2

Әжинияз Хийўаға атланатуғын күни аспан ашық еди. Бәҳәр айы болса да, шуўағы жазымлы, жыллы жаздың бир күни болды.



Үлкен киши ағайин, жекжат, бәри хошласыўға келип, абысын-ажын жағы Нуржамалға, еркек жөни Қосыбайға: «жолы, болсын!» айтып кетип атыр.

Әжинияздың устазы Елмурат ахун кешеги отырыспадан бери усы жерде болып атыр.

Шәкирти менен ақшам отаўда оңаша болып, көп әңгимелер айтысты. Хийўадағы медireселердиң тарийхы, талабалардың мударрислердиң, медиресе инамының ўазыйпалары, низамлары көшеде, дәрисханада жүрис-турыс қәделери ҳаққында көп-көп ибарат сөзлер, ақыл-кеңеслер айтты. Ҳәзир де төрде әлле қандай бир китапты ақтарып отыр. Қасында Өтемурат, Әжинияз кирип-шығып, жоралары менен хошласып жүр. Хийўаға апарып қайтатуғын Таўмураттың атының қанжығасына баланың азық-кийими бөктерилди. Әжинияздың минип жүретуғын атының қасында жерде нағыслы жаңа қоржын тур. Қоржынның еки басы толған китап. Усы қоржынды атына бөктерейин деп атырғанда отаўдан Елмурат ахун шығып:

— Әжиниязжан, мына китапты да сал, бундай китап Хийўадан табыла бермейди. Тапсаң буны өзиме қайтарып жиберерсең, балам! — деп сырткы муқабасы қара таўар менен қапланған гөне китапты усынды.

Әжеп, ата! — деп шәкирти устазына куллық етип, алғыс айтты да, китапты қоржынға салды. Бул «Шаҳнама» еди.

Пирим менен Әзберген келди. Бозатаўдың қатара өскен ғазындай үш жас жигит айрылысар алды бир-бирине ынтығып қарайды. Ойын, жыйын-мереке, мейлис үстинде талай айтысып, талай тартысып, жаслықтың талай қызық күнлерин өткерген жаслар бирин-бири айырылсыўға қыймай тур.

Уллы сәскеде Таўмурат, Әжинияз, Әсенбай ҳәм оларды шығарып салыўшы Пирим, Әзберген, бәри бес атлы болып, жолға шықты. Пирим, Әзберген, Әжинияз — үшеўи изиректе сөйлесип киятыр. Пирим қапталласа берип:

— Әжинияз, кешеги ҳажыны не деп един? — деди.

Әзберген: «о не?» деп Әжинияздың бетине қарады.

Әжинияз мырс етип күлип жиберди.

— Денеси түйедей адамның, сөзи де постындай бола ма деймен. Бизиң Пирим серсиз бе, аңқаў ма, есейген кисидей аңғармай қала береди, — деп Әзбергенге мақуллатып, Пиримди дәлкек етти. Кеше еки мәртебе айтқанда да, қулағында қалмағаны да, жоражан-аў!

Пирим де мыржыйып күлип киятыр.

— Әй, сендей бәрин кәтим етиўге, мен молла болайын деп жүргеним жоқ. Ҳажының аты дәри бола қалды ғой. Айтсаңа, ширене бермей!

— Айтпа, Әжинияз — деп Әзберген де ойнап киятыр, — усындайдан үйренип серли болсын. Ертең бул ҳаялының атын умытып қалып, оны да бизлерден сорайды.

Бәри шақалақлап күлди. Ақ кеўил, серсиз, умытшақ Пирим қызараңлап, қысынғанынан күлди. Гәптен жеңилип тоқтамаса, ол да көк өжеттиң биреўи.

— Әй қойсаңа, Әзберген. Ҳаялымның атының не кереги бар маған. Қыятлар ҳаялының атын айтпайды. Ҳаял ма, ҳаял болды. Атын айтсам, ҳаял екенин умытып кетеди. — Пирим де қуўлық етти, — сен-ақ бетине түсип, «пәленше бийке» деп жүр, – деп Әзбергенниң бетине жымырайып бир қарады да, Ҳажының атын айта қойсаңыз да! — деп жалынды.

— Айтайық, — деп, Әжинияз жымыйып күлди. — Рийшад, умытпа енди! Оны неге сорадың? Бир гәп бар ма?

— Ушырасып, сөйлесейин деп едим.

— Сөйлес!... Қоңыратқа барып, ол кисини мен де излеп көремен. Тапсам сөйлесип кетемен, — деп, Әжинияз аз ғана ойланып турды да, — әттең бизиң Есенгелди атамның отыз жастағы шағы болар ма еди, — деди.

Әзберген оның не ойланғанын түсинди де, гәпке араласты.

— Есенгелди атамның гәпи бизиң Пиримге ҳәммеден көп тәсир етти ме деймен. Ҳажыны бәримизден көп сорап киятыр. Әй, барсаң мени де ерте кет. Стамбулдан келген ҳажы болса, әңгимелесип қалайық.

— Болады, — деди Пирим. — Мен оннан орыслардың қай жерге келгенин сорап билмекшимен.



— Алдына шығажақсаң ба? — деди. — Жигитлер күлисти.

... Узақтан «Ашамайлы» аўылы булдырап көринди. Әжинияз аўылдың қарасын көриўден Ханзада қарсы алып турғандай, үйлерге жалт-жалт қарады. Жигит оңаша қалғысы келип:

— Ал, жигитлер! — деди шығарып салғаныңызға рахмет! Енди қайта бериң! Саўлық пенен көрискеймиз. Хош болың! Әжинияз қолын усынды үшеўи де қол алысты. Пирим оқталып:

— Жаңағы ҳажыны көрсең, — деп аўызын жасқап киятыр еди, Әжинияз: «мынаў тағы умытты-аў!» деген пәмге кетип:

— Неге атын айтпай турсаң? — деп Әзберген мырс етип күлип жиберди:

— Мынаў тағы умытты?! — Ишек-силеси қатып күлип тур. — Атын айтсын, атын! Олла, усы умытты!...

Пиримниң өзи де күлип жиберди, Әжинияз қыстап:

— Айт, атын! — деди.

Пирим күлкисин тыйып, бозарып, қызарып турып:

— Рийшад, хе Рийшад!... — деп бармағын шошайтып жымыйды.

— Аўа, сол! Рийшад... Хош, не айтпақшысаң? — деп Әжинияз өзин салдамлы услады.

— Сол ҳажыны көрсең, мени сырттан таныстырып кет, — деди Пирим. — Өзи келип, сәлем береди де! Мақул ма?

— Мақул!

Пирим менен Әзберген усы жерде хошласып, кейин қайтты.

* * *

Әжинияз Ханзаданың аўылына келген соң, Таўмуратқа:

— Қәлмен ағаның үйинен алатуғын бир китабым бар еди. Сизлер жүре турың. Қуўып жетемен — деп, аттың басын аўыл жаққа бурды.

Қәлменниң үйине жақынлаған ўақытта, зарлап ысқырған шарықтың үйреншикли сестинен өзге, бир сыңсып, ырғап созған даўыс жигиттиң қулағына алыстан тал-тал еситилди.

Әжинияз селтең бермей тыңлағысы келип, атын алысыраққа байлады. Үйдиң қасына келип, ишке қулағын салды. Шарық

ийирген, жип келеплеген қызлардың даўысы. Қыз даўысқа салып, сыңсып қосық айтып отыр. Ханзаданың да даўысы шығады. Гүлбий қызларға гезек салып, қосық айттырып отыр.

Тарғыл даўыслы бир қыздың лапызы шықты:

Қулан гөшин жеймен десең қырға бар,
Қулағымда зергер соққан сырға бар,
Дүньяның қызығын көремен десең,
Күндиз қозақ тоқып, түнде ярға бар.

деп ақырғы сөзди созып барып тынды.

Қызлар сыңқылдасып бир басып күлисти. Қосық айтқан қызды биреўлер мақтап отыр еди.

— Өлим-ә, тандыры шыққыр! — деп Ханзада кеңкилдеп күлди. Жигитке таныс даўыс. Өз ярының сыңғырлаған жағымлы, хәўесек даўысы. Әжинияздың кеўилине дүньяда Ханзаданың даўысынан жағымлы даўыс бар ма?... Сыртта турып: «сол, соның даўысы... Тағы бир сөйлесе екен!» деп ынтығады. Қыздың даўысынан бәхәр алып, елигип тур. Сыртта турған жигит жүреги мум болып, ерип тур.

— Қәне, кишкене қыз, сен айт енди. Нәўбет сеники, — деген Гүлбийдиң буйыра сөйлеген даўысы шықты.

— Мен қосық билмеймен ғой, кише, — деп Ханзада жалтарып қашты.

Әжинияз сыртта жымыйып күлди. Ишинен Гүлбийди хошлап тур: «Биледи. Аўа Ханзада айтсын! Нәўбет сеники!»...

Гүлбий хәмир етти:

— Айт, айтасаң! Бир аўыз қосық билмейтуғын «Бозатаў»дың қызы бар ма? Айтпасаң шаңыраққа асамыз. Арқанды әкел, қызлар!...

— Яқшы, кише яқшы!... Қоймадың ғой:

«Мениң бир ярым бар ханға хат берген,
Ақ баслы ер салып, жорға ат минген,
Билесең бе, билмейсең бе кишежан,
Сақал-мурты жаңа ғана тап берген».



— Өйбей, мына мақаўды-ай! — деди бир қыз. Даўысы әпэнедей ғой! «Билмеймен» деп айтқан қосығына қара. Бизлерге де үйретсе!...

Түсимпаз Гүлбий қыздың өз жүрегинен шыққан өзине тән қосық екенин сезип, араға түсти.

— Биреўдиң қосығын биреў үйренип айтыўға болмайды. Биреўдиң яры биреўге ярлық етеме, қурған қыз-аў! Хәр ким өз ярына өзи айтсын!

Әжинияз бағана «Ханзаданың бир аўыз сөзи елитсе, енди мына қосыққа балқып кетти. Ярының лапызын биринши еситиўи еди. — «Қандай әсем, ырғақ, нағыслы даўыс! Қысса даўысына мегзейди. Айдында қалқыған ақ қуўдың сыңсығанындай ләззетли!» Ханға хат берген. Ярым Хийўада дегени ғой»...

Усы ўақытта тағы бағанағы лапыз көтерилди. Тағы Ханзада...

Қоңыраттың көшеси үш айыр көше,
Бизиң ярдың кийгенлерди жипекше,
Бул дүньяда қалмас еди әрманым,
Кеўил сүйгениме қосылсам, кише!

Жән-жақтан хошемет гәп жаўды:

— Хе, бәле!

— Тилиңе зибан берсин!

— Қосылғайсаң, балажан!

Қыз айтып болып, енди ийбе еткендей, «қойса, қойса!» деп отыр. Гүлбийдиң гүрсинген даўысы шықты:

— Ах, ығбалыңыз, заманыңыз болғай, қызлар!

Әжинияздың енди шыдамы таўсылды.

— Гүлбий женге, үйдемисең? — деп даўыслап кирип келди.

— Қызлар бағанағыдан берги айтысқан сырларына, жырларына уялып, төмен қарады. Бирине-бири қабақ астынан сығалап, бирин-бири шымшып, түртип қызара бөртти. Жигит мыйығынан күлип, қызлар менен аман-түўеллик сорасып тур.

Гүлбий Әжинияздың көрип, қуўанып қалды. Орнынан ушып турып, жапсарға көрпеше салып атырып, қызларға: «Отырың, тыныш!» деп жымың-жымың етеди.

Әжинияз жапсарға шығып, малдасын қурнып отырғанан кейин, Гүлбийге қас-қабағы менен асығыс екенин сездирди.

Түсимпаз келиншек, қызларға:

— Тарқаса қойың, енди. Қонақ келди, — деп руқсат етти де, қызлар менен далаға қосыла шығып, бир бәне себеп айтып, Ханзаданы қайырып алып қалды.

## ОТЫЗ ЕКИНШИ БАП

### 1

Қоңыратқа келген соң Әжинияз Абдулланың үйине келип түсти. Абдулла – араллы өзбек. Өз көшесиниң ири баслы адамы. Кәсиби алып сатар саўдагер. Бақа мурын, тайпақ бет, добал қара киси. Саўдагердиң гезбейтуғын жери бар ма? «Бозатаўға», барып, тери-терсек, жүн, балық алып қайтып жүрип, Қосыбай менен таныс болған. Ол Хийўаға да жийи барып турады. Сонлықтан Қосыбай Абдуллаға: «Хийўаға барсаң бизиң баланы ертип кетип, «Шерғазы» медресесине кириўине жәрдемлес!» деп сәлем айтып жиберген еди. Әкесиниң усы сәлемин Абдуллаға айтып отырып, Әжинияз Рашид хажының дерегин де сорады.

— Болды, — деди Абдулла. — Ол хажы мына Қутлыбек бийдиң үйинде жүретуғын еди. Ҳәзир қайда екенин билмедим. Бир билсе, ол хажыны бизиң Мухаммед фана биледи. Ол қызық хожа. Тарийхы көп әңгиме. Айтпақшы, Есенгелди өткен бир келте базарда келип, сөйлесип отыр еди. Билмедим, не сорағанын. Маған кереги саўда болған соң, оннан иним, мен тек қай қалада қандай заттың қымбат, арзанын сорадым. Мына Чаржаўда ийне, бояў көп дейди. Бизиң халыққа бояў қандай керек. Әттең, ҳәр түрли лаплама бояўлардан әкелерме едиң. Нашарлар бөз көйлектиң не сүлейин кийер еди.

Абдулла өз жыртысын айтып баратырған соң, Әжинияз бир-еки мәртебе өзин усласа да, ақыры болмаған соң гәпин бөлди.

— Сөйтип Фананы көре алармыз ба екен?

— Ким? Фананы ма? Көрессең. Ҳәзир шақыртамыз... Әй, ана далада ким бар? Ана, Фананы шақырып келиң!... «Бир мийман көремен деп отыр» де... Аўа, иним. Сөйтип медиресеге



баратырсаң ғой. Келиўшиден бизге Хийўада не арзан, не қымбат екенин айтып, хат жазып тур. Әкеңниң сәлемин питирмей алмайтуғын түрим бар. Жаным менен барар едим. Бирақ бир ис шығып тур. Ҳәзир гедейлер салғырттан қысылып тур ғой. Быйыл хан «Қыл қуйрық» салығын да шығарды (нөкер салығы). Ақша кимде? — саўдагерде. Ҳәзир қысылған жарлы маңлайындағы жалғыз қарасын ярым бахасына беретуғын ўақыт. Усы күнде мал алып қалыў керек. Иним, билесең ғой, саўдагер, елдиң усындай албыраған ўақтында утады.

Әжинияз ләм-мим деп аўызын ашпай, тек томсырайып тыңлап отыр. Абдулланың үйине келип, заман ағымына бурынғыдан да көре тереңирек бойлады. Саўдагер де гедейге жаў. Гедейди болсын дейтуғын биреўи жоқ. Хан да, бий де, бай да мурап та, ҳәтте мына саўдагер Абдулла да гедейди сорыўға өш. Байдың малын неге айтпайды? Бай тарықпайды. Тарықпаған соң, сатпайды. Гедей тарығады, қорқады, көнеди. Сонлықтан оны талаўға ҳәмме өш. Оның жарылқаўшысы ким? Дәўлети — қара күши. Неге ол да бай болмайды? Мысалы мына Таўмураттың Халмурат байдан қай жери кем? Олар қалай бай болады?... Усы жумбақ ойға келгенде оның ақылы дағдырып адасады... — Әжинияз Абдуллаға бурылды. Ол еле сөйлеп отыр екен. Таўмурат та, Әсенбай да оның гәпинен заққы болды ма, кемсалыйқа тыңлап отыр екен. Бир тыныспасы келгенде Таўмурат шыдамай:

— Бизлер қала аралап келейик, — деп руқсат алды да, Әсенбайды ертип шығып кетти. Оның изинше жигит ағасы бола келген бойы ортадан жоқары, ажары түркменге усас, келбети суўық, бир жигит кирип келди.

— Кел Фанажан, — деп Абдулла төрден орын берди. Әжинияз орнынан турып, қол алысты. Қонақты таныстырыў ушын Абдулла сөйледи.

— Фанажан, мына бала, «Бозатаўдағы» Қосыбай деген ашнамның баласы. Хийўаға медиресеге баратыр екен, — деп енди Фананы таныстырыў ушын Әжиниязға бурылды, — Фана мениң туўысқан бөлем «Еки аяқлыда бөле татыў, төрт аяқлыда бота татыў» деген гәп бар емес пе? Татыў ағайинбиз.

«Ким бай болмайын демейди, кудай қылмайды, ким бий болмайын демейди, хан қылмайды» дегендей, өзи бир елге аға болатуғынын-ақ жигит. Не қылсын. Өзинен ажары төмен мына Қутлыбек бийдиң хызметинде жүр. Бир талабы оралмай жүр дә...

Әжинияз ишинен Абдулланы Жақтырмай: «тағы аяқсыз дәстанға түстиң аў!» деп отыр еди, оның «тығынсыз» гәпин бул сапары Фана бөлди. Әжиниязға көз астынан қарап:

— Атың ким, иним? — деди.

— Әжинияз...

— Әжинияз иним, ол жақта мениң Кәлмен, Жәменей деген жораларым бар еди. Аман ба? Я белдарға кетти ме?

— Аман. Аўылда. Белдардан қалды.

— Хә, яқшы, яқшы. Қәне, не хызмет, иним?

Әжинияз Рийшад деген ҳажыны сораўлап жүргенин айтты.

— Ол киси қалада бир жамайды кирейге алып отыр. Аратура намазға барып турады. Ол кисиде сениң не хызметиң бар еди? — деп Муҳаммед фана сезикленип, ҳажыны қыпса сақлағысы келди.

— Ол кисиге Есенгелди атамның бир сәлеми бар еди. Өзге журттың адамы болған соң ҳәм көп ғайры елди гезип келген соң, оны ҳәмме көриўге ҳәўес қой, аға. Мен де сәлем берип, көрип кетейин деп едим. Қайыр садақамызды берип, ҳажыны зиярат еткенимиз китап бойынша саўап усайды, — деди Әжинияз.

— Ол бир мүсәпир адам. Кисиге жаманлығы жоқ. Хийўа қол астына келген соң, биреўлер ханға жаманлап жүреме деп тартына береди, — деп фана алдындағы сары балаға салмақ таслады.

— Хан менен не исимиз бар, аға? — деди Ҳажыда кимниң кеги болсын... Есенгелди атам: «пәтиясын алып кет!» деп еди...

— Мейли, жүр онда!

## 2

Екеўи әдеўир жер жүрип, үлкен хәўлиден кирди.

Басына жасыл мақпалдан тиккен пөпекли тақия, үстинде ойма жағалы ақ көйлек, сыртынан узын қара бешпент кийген,



көк көз, жоталы сары киси қағазға бирнемелерди жазып отыр екен. Есик беттеги аяқ дыбысынан сетем алып, басын көтерди. Фанаға жыллы шырай билдирип, орнынан турды. Қол алысып, қапталынан орын берди. Фана менен кеўил жарасқан дос болыпты. Фанадан Әжинияздың аты жөнин еситип болған соң Ҳажы «Бозатаў» елиниң ҳал-аўҳалын, турмыс кәсибин, руў ҳәм тийресин майдалап сорап отырды. Оннан қарақалпақлардың Түркстаннан көшип келиўи, Айдос бий көтерилиси. Ырза менен Төрениң батырлығы жөниндеги әңгимеге түсти.

Әжинияз гәп арасында:

— Есенгелди атамыз көп биледи. Сораған шығарсыз? — деп барластырып еди. Ол:

— Сорадым. Шешен адам екен. Қалай, ғарры қуўатлы отыр ма? — деди.

— Қуўатлы, — деп келте жуўап қайтарып, Әжинияз енди Ҳажының көрген билгенин еситкиси келип еди, Ҳажы өзи туўралы тис жарып хеш нәрсе айтпады. Қанша әңгиме айтылса да, Ҳажы тыңлаўға жалығар емес. Әжинияз усыны сезип:

— Тақсыр, енди әңгиме сизден болсын, — деди.

— Ҳажы бираз ойланып отырып:

— Исмимди билесиз ғой. Ҳаслы затым — түрк. Дәрўиш саяхатшыман. Ҳәр елдиң дәстүрин көриў ушын, өмир бойы кәрим журт гезиў. Келбетим орысқа усағаны ушын талай өлимнен қалдым, — деп, басынан кешкен бираз ўақыяларды әңгиме етти.

Ҳажы әңгимесин питкерген соң Әжинияз:

— Сиз қартайған ўақытта қай елде отырасыз? — деп сорады.

Ҳажы бул сораўға жымыйып күлип:

— Мен әдил ҳәм бай елди излеп жүрмен. Бирақ еле ондай ел көргеним жоқ, — деп жуўап берди.

— Сиз бул жерде көп боласыз ба?

— Бир айдай боламан, — деп, Ҳажы:

— Ендиги гәп сизден даң молла! — деп тағы Әжиниязға аталарынан еситкен әңгимесин айтқызды, Әжинияз әңгиме

айтса, Ҳажының бет ажарынан гейде ашынғанлық, гейде рийзалық толқын ескими көринип кетип турды.

Әжинияз көп әңгимелесиўге асығыс екенин айтып, үйине мирәт ете алмай баратырғанына әфиўлик сорап еди. Ҳажы да баланы қыймай:

— Бирге алып қыдырар едим. Кетип баратыр екенсиз? — деп, ынжылып турды да: — Мен сизге бир хат жазып берейин. Ол киси Хийўада турады, өзи ҳәмелдар. Излеп барсаңыз, ханның сарайынан табасыз. Таўып алып мени айтып, танысың. Пайдасы болмаса, зияны тиймес. Меннен сәлем айтың! — деди.

Ҳажының аманатын алып, хошласып Әжинияз Фана менен бирге майданға шықты.

— Иним, Әжинияз, — деди Фана сыртқа шыққан соң — «малдың аласы сыртында, адамның аласы ишинде!» деген. Адам менен сөйлесип, ишин көрмей ким екенин танымайсаң. Мен себеп пенен сени де танып қалдым. Иним бол. Ағаң болайын. Адам адамға күнлердиң күнинде керекти!...

## ОТЫЗ ҮШИНШИ БАП

### 1

Әжинияз Фана менен айрылысқан соң, жолдасларынан хабар алыў ушын Абдулланың үйине келди. Таўмурат пенен Әсенбай да келип отыр екен.

Әсенбай Таўмуратқа қарайда да, мырс-мырс күле береди. Таўмурат оған көзиниң аласы менен қарап, «қойсаңа!» деп жекиринеди. Оннан сайын жигиттиң күлкиси тыйылмайды.

— Әсенбай, не көрип келдиң? Неге күле бересең? — деди Әжинияз таңланып, — күлкиңниң атын айт?

Күни менен уялып ҳәм сескенип отырған Әсенбай Әжиниязды сүйеў көргендей күлкини үдетип жиберди...

— О не? О не? — деди Әжинияз да күле ширай берип.

Әсенбай айтпақшы болып оқталып еди, Таўмурат түсин суўытып, жудырығын көтерди.



— Қәне, илла деп аўзыңды аш!

Әсенбай Таўмураттың тастай түйген жумырығынан тайсалып, былайырақ жылысты. Күлкиси тыйылса да, тамағына тығылып тур. Жүзи қып-қызыл. Әжинияз жымыйып, енди Таўмуратқа жалынып: «Айтсын да, еситейик!» деди

Әңгимениң мәниси былай екен: Бағана Таўмурат пенен Әсенбай көше аралап жүрип, бир жуўабый — дилўар қыздың лақабын еситип, үйине барады, жигитлик ҳәсерди қойсеш! Қыз деген соң қызара бөртип барса, отаўдың төринде үш қыз отыр екен. Булардың үсти-басына, түр-түсине қарап: — «аманбысаңына» да, оңлы шүкир айтпапты. Екеўи сам-саз болып, қапталда отыра берипти. Таўмураттың үстинде ойма орамалы бар екен. Қызларға не деп гәп басларын билмей ойланып отыр екен. Бир ўақытта дилўар қыз:

«Берги жигиттиң арғысы,
Қайсы елдиң байғусы,
Қутлы болсын өзине,
Мойнына таққан қарғысы!»

деп, жуўап айтыпты. Жуўапқа жуўап қайырар дәрман болмаған соң, жигитлер қызараңлап үйден туўра қашыпты. Әенбайдың шықылықлаған күлкиси сол екен.

Ол қыздың лақабын анығырақ етип Абдулланың ҳаялы айтты: Лақабы — Хийўалы қыз деген екен. Хийўадан көшип келген бир байдың ерке қызы екен. Тийгенге тийип, тийме-генге сөз бенен «кесек» атып, баратырғанның балтасын, киятырғанның кетпенин әжиўалап қалады. Бир гөрим, шешен — деди Абдулланың ҳаялы, әсиресе үсти-басы жупыны кийинген адам үстине бассынып бара алмайды... Ой бийшара, «Бозатаўдың» жигитлери-ай, шәҳәрдиң дилўар қызларының үйинде не жейсиз. Тең-теңи менен пар, тезек қабы менен пар, жармаңызды былғамай, шанашыңызды шайқамай жата қойың, карақларым!

Ҳаялдың сөзи Әжинияздың арына тийип, ызасын қоздырды.

— Олай деме. женге! — деди Әжинияз нықлап сөйлеп, — дәни жоқ деп қаптан түңилме, суўы жоқ деп жаптан түңилме!»...

Бүлбил сонша шешен болса да, қарасы тырнақтай жоқ. Түйе қус қанша ардаңласа да, гүлдиң ийисин сезбейди. «Жақсыны жаман кийимниң ишинде таны!» деген. Шүберек адамзаттың бир кеби емес пе?

Ҳаял жигит пенен сөз жарыстырған жоқ, тек Әсенбай менен Таўмуратты ертип баратырған Әжинияздың сыртынан мурнын жыйырып қалды.

Сыртқа шыққан соң, Таўмурат:

— Рас-ақ айтысасаң ба, сол қызлар менен, — деп бағана жүрек шайды болған кеўили тағы қобалжыды.

Әжинияздың өзи де өжетлик минездиң жетегине ерип шықса да, лодаға — ортаға биринши түсиўи болған соң, жүрегинде әлле қандай бир лоблып ҳаплыққан сезим ескими бар еди. Жаслықтан пайда болатуғын сол тартыншақ, уялшақ, ынжық минезди басыў ушын, ишки сезимлери арпалысып киятыр еди.

Кеўилин басып:

— Жуўабына жуўап қайтарсақ, болғаны емес пе? — деди.

Үшеўи гүрриңлесип отаўға жетти. Айтқанындай сыртқы дәскеси менен әшекей нағысы байдың отаўына усап тур. Ерке қызға арнап тиккизген салтанат ордасы болыў керек. Қызлардың биреўи сыртқа шыға сала, жигитлерди көрди де, ишке қайтып кирди.

Әжинияздың иши қымм етти: «Бармастан бурын сөзди торлап отыратуғын болды-аў, мақаў қызлар!» деди.

Есикке тақалған жерде Таўмурат пенен Әсенбай кириўге жүрексинип кейин шегинди. Әжинияз нуқырып есикти қулашлап ашты да:

— Хабарласқандай адам барма екен, бул үйде? — деп даўрық салып кире берди. Төрге жақын отырған сары орайпекли қыз басын көтергенде қулағындағы гүмис моншақлы сырғасы менен мурнындағы алтын әребеги жалт етти. Қара торы жүзи көгерип, жигитке шаншылды.

— «Суўға кеткендей салысы,
Әбеший екен даўысы,



Аманлықты билмеген —
Бу қаяқтың жабайысы!».

деди.

Әжинияз толықсып шапшыған жүрегиниң епкинин басып, өзин сәл жайдары услаў ушын иркилип турды да:

— Биз адамның сыпайысы,
Сиз адамның жабайысы,
Келмей атырып ийттей алап,
Ийт пе екен буның дайысы?

Төрде отырған үш қатынның
Қайсысы екен Хийўалысы?—

деди.

Жуўабый қыз жүзи қубылып, — жеңилген қыздың дәстүри бойынша орнынан ушып турды да, төрдеги тенкке асылып, жапсарға төсек салды. Әжинияз өзин салдамлы, сыпайы пишинде услаўы менен Таўмуратты алдына салып, Әсенбай менен екеўиниң ортасына барып отырды.

Сам-саз болып, суўық пишинде тунжырап отырған қызларға аманбысаң айтты Жуўабый қыз ғана, даўысын еситтирип, «шүкир!» деди де қалғанлары еле өзлерин баяғы тәкәббыр минезде услап, тек еринлерин жыбырлатты.

Оларға жуўабый қыз шекшийип бир қарап еди, екеўи бирден әлпайым кейипке түсип, қозғалысып, чай-суў қайнатыў ушын орынларынан турды. Хийўалы қыздың өзи де ушып турып, жигитлерге хызмет етиў ушын қазан-табаққа айланыпты.

Байдың сый қонақ келгенде ғана шығаратуғын гүмис самовары отаўдың ортасына қойылды. Қант, шекер, баўырсаққа толы жипек дастурхан жайылды. Сары чайнек пенен көк чай келди. Бозатаўдағы елдиң дәстүри бойынша қызлар чайникти жигитлерге бос жибереди. Жигитлер қалтасынан чай қалтасын шығарып, чай салып, чайникти ысыратуғын еди. Қоңыраттың «Араллы» қызлары олай етпей, чайникти чайға толтырып жиберди.

Таўмурат пенен Әсенбай сыпайы зийнетке рийза болып қызлардың алдында баяғыдай емес, еркин отыр. «Әжинияздың арқасы ғой, — деп, бирин-бири түртип қояды. Таяқ еттен, сөз сүйектен өтеди. Қызлар өзинен хәкте келген шешен тилден утылмаса, бул зийнет қайда? Әжинияздың бойына сай, сын-сымбатын, ақылына сай шешенлигин көрген соң «Хийўалы қыз» оның менен айтыса берип не қылсын! Еле оның үстине хош ҳаўаз лапызын, сазенде өнерин көргенде, буннан да бетер ықласы кетер еди. «Сен де бир кисиниң орнында өлер ме екенсең?» деп, жеңгелери дурыс сын берген емес пе?...

Таўмурат чайнеклер келип болған соң, ортада отырған Әжиниязға әстен сыбырлап:

— Иним, еки адамның басы қосылған жер мереке болады. Сен мына жаққа шығып, баста отыр. Сонша хызмет етип отырған байдың қызының еңбегин күйдирме!, — деди.

Соңғы ҳәзил сөзине жигитлер әсте күлисип қойды. Әсенбай да Таўмураттың сөзин жөплеген соң, жас жигит басқа шығып отырды.

Таўмуратың ўәлий екен!... Хийўалы қыз көтерип келген чайнеклерин жигитлердиң алдына қойды да, төрге сүзилип бир қарап, Әжинияздың қасында бир дизеге қонып, отыра кетти. Қалған қызлар да солай қарап төрге шықты.

Әжинияз бир кесе чайды өзи ишип, екинши кесени «Хийўалы қызға» усынды. Қыз орнынан ушып турып, еки қоллап алды.

Қыз бенен жигит дәлкеклесип отырды. Әжинияз қызға тил тийгизгенине әфиўлик сорады.

«Айтыўшыны ақыллы билсең, тыңлаўшыны дана бил» деген, — деди қыз, майдалап өрген бурымларының ушын сыйпалап отырып, — еки палўан гүрессе бири жығылады, еки шешен айтысса бири жеңиледи. Бизиң де күткенимиз сиздей бир жүйрик еди, — деп мыйығынан күлип бадам қабағына төгилген кирпиклерин көтерип, гүңгирт қарашықлы ала көзлерин жилўа менен жигитке бир аўдарды. Не деген нағыслы сыйқыр, өткир көз! Жигиттиң ышқы толқыны, шайпалып барып басылды...

Жигитлер руқсат сорады. Таўмурат пенен Әсенбайды үйден шығарып, Әжинияз қыздың хызметине тағы бир алғыс айтыў



сылтаўы менен есикте аз ғана егленип қалды. Хийўалы қыз есикке шекем ере жүрип:

— Хийўаға сизден қосатуғын бир аманатым бар еди. Ертең кетерде ана арнаның жағасына барып, соны алып кетиңиз. Умытагөрмең! Сәскеде күтсем бола ма? — деди.

— Әжеп болады! — деп Әжинияз хошласып шықты.

* * *

Әжинияз қыздың аманаты тегин емес екенин сезди. Алмай кетсе айып. Күткен қызға жигиттиң жолықпай кетиўи адамгершилик емес. Ол жағдайда қыз кеўилине зерде түскени былай турсын, «натық жигит екен» деген насақ та ереди. Қыздың аманатын Таўмурат та, Әсенбай да еситип қойды. Бас тартса — нәмәртлик, барымына барса — ышқы қызығы менен мойнына муҳаббат қурығы түсиўи мүмкин. Онда Ханзаданы қәйтеди?!...

Жигит түни менен кирпик қақпай, қыял қусы шарықлап шықты.

Азанда «Хийўалы қыз» ды тәриплеп еки-үш аўыз қосық жазды да, жан қалтасына салды.

Атланып жолға түскен соң, Әжинияз тағы иркилетуғынын айтып еди. Таўмурат:

— Бийдиң аўылында да иркилип, бөлинип қалдың. Бул сапары тағы иркилежақсаң. Бул бағыттан Хийўаға жете алсақ, болғаны ғой. Жолға шыққанда алдыңды нашар кескеслеп жол болсын сорай берген де жақсы емес! — деп дәслебин дәлкек, соңын шын етип айтты.

— Бул ҳаял емес қой, қыз ғой... — деди Әжинияз да ҳәзилге айландырды да, — халықтың ырымы ғой, бул Тәке, онсегиз мың әлемниң бәринде ҳаял бар. Ҳаялсыз еркек тиришилик ете ме? — деп атының басын бурды.

«Хийўалы қыз» жылғаның жағасында суўға келген қыз болып тур екен. Әжинияз аттан түсип, сәлемлести. Қыз бешпентиниң қалтасынан шығарып, бир түйиншикти жигиттиң қолына услатты.

— Меннен естелик болсын... Сизге арнап тигилген бир қол орамал бар. Жүрегимдей пәк, ақ сүп таўар менен ақ жүзиңди сыпырғанда есиңизге түсип турарман. Қыз бала басқа не айтсын!... деп, демин ишине тартып, жүрегиниң төринен гүрсинип бир ҳәсирет төкти. — Биреўлер, сырттан қарап, мени байдың қызы шалжаңлап, мәслигин көтере алмай, жуўап айтып жүр дейди. Олай емес. Ҳәсиретимди ишиме сыйғыза алмай, дебдеўимди шығарып жүрмен. Сен, асықпай тыңла мени. Мени бир жигит әкеме қунымды төлеп сатып алып қойыпты. Ол меннен: «мени қалай көресең?» деп еле бир аўыз сөз сораған жоқ. Мен оны сүйемен бе, жек көремен бе, оған бәри бир. Тек ҳаял етсем болды жеп жүр. Мени қурбанлыққа сойыў ушын сатып алып қойған малындай көреди.

Жигитлерде сирә ес бола ма екен? Сыртқы еркинен айрылған менен ишки сезимим, ерким, жүрегим, өзимдики ғой. Өз кеўилиме өзим хожаман ғой. Дәрьяны зорлап терис ағызыў мүмкин, бирақ баяғы аңғарындай нағыслы ийрими ойнай ма, нәзик ағысы мәўиж ура ма! Жийде ағашының қасына алма жараса ма? Бүлбил қус көлде сайрай ма? Ғарға ғаңқылдап ғаз бола ма? Соны жигитлер неге түсинбейди? Неге кеўилин әкелмей, қызға малын алып жуўырады? «Дүньяда жигиттен ахмақ бар ма екен!» деп, — мен олардан түңилип едим. Себеби бирли-жарым емес, усы қаланың ҳәмме атқа минерлери «қатын ала қаптың қатыны» деп, қызлардың арына тийеди. Сонлықтан мен тилимди ништер етип, көринген жигитти жыландай бир шағып қалатуғын едим. Мен саған да солай кийлигип едим. Сен ойлы, парасатлы жигитсең. Сен мени халыққа әшкара етпе! Сен мени түсин!... мен де бир шала күйген шоқпан... Жүрегим жаралы... Мени ая!... Қыздың көзинде мөлдир жас тамшылары пайда болды...

Жигит те қосыла қабарып, муңайды. Бул ўақытта не деп жуўап айтыўы мүмкин? Қайғыдан арылтыўға қүдирети келмейди. Қайғы жүгин бөлисип арқалаўға еки жүреги жоқ. Өзине тән жалғыз жүрегиниң отын Ханзада алып қалды. Оны енди сөндириў мүмкин емес.



Жигит тунжырап, дағдырып отырды. Қыз да жигиттиң қасқабағынан әлле қандай бир ишкирне жумбақты аңғарды.

— Шамасы, сизиң басыңыз бос емес ғой! — деди қыз аўыр гүрсинип, — мейли, мен айрылмас талақ емеспен. Күйик пенен шағып сөйлеп, жигитлерди өзимнен қашырып алдым. Мен енди кетемен. Хош! Сапарыңыз оң болсын!

Қыз түргелип, кетиўге мейил берди. Әжинияз жердеги бир ноқаттан көзин жазбай турып:

— Меннен не жәрдем болыўы мүмин! Сизиң ығбалыңызға тек жақсылықтан басқа тилерим жоқ... — деди.

## ОТЫЗ ТӨРТИНШИ БАП

### 1

Әжинияз Қоңыраттан шығып, алтыншы қонаға дегенде Хийўаға жетти. Жол азабынан ат қағып ҳарып келген бала шәҳәрди аралаўға да димары келмеди.

Бурын дүз көрмеген жабанның баласы шәҳәрге кирген соң, Таўмураттың:

— Бүгин бир шарбақта-ақ қонып шығайық! — деген гәпине таңырқанып:

— Шарбақ деген не? — деп сорап еди. Ол:

— Қонғаның ушын «жанбас пул» төлейтуғын қонақ қабыл етер үй. Соны шарбақшы дейди. Бул шәҳәрде қыймас танысың болмаса, гез келген үйге қона алмайсаң деп түсиндирди.

Ертеңине азаңғы чайды чайханада ишиў ушын қаланы аралап, базарды излеп кетти.

Хийўа әңгиме, ертеклерде айтылғандай келбетли ҳәм айбатлы қала екен. Алтын ғуббалы мешит медиреселердиң сырлы, нағыслы дийўаллары ғалы паластай жарқырап тур. Қаланың ортасынан жарып шыққандай дүп-дүзиў ҳәр қыйлы бояўдағы минарлар көкке тиреледи. Пүткил Хийўа сорамын усы минарлар қараўыллап турғандай алыстан булдырайды. Мешит, медиресе, минарларды саўап деп айналған адамлар, хан айбатын

көрмей-ақ, усы қудиретке-ақ табынып атыр. Топырағына маңлайын басады, ийиледи, бүгиледи, әлле қандай тилек тилеп, сыбырланып жылайды. Биреўлер усы иморатлардан: «тилегиң бәржай болды, үйиңде күт!» деп саза еситкендей аяқ-аяғына тиймей қайтып кетип атыр. Хәр жерде жалт етип байбәтше, бег, жасаўыллар арғымақ аттың үстинде қуўыршақтай нағыслы кийинип өтип тур. Хан сарайы менен медреселердиң нағысын айт. Айқара гилем жапқандай жалт-жалт етеди. Бирақ шәхәрдиң усы бир орайындағы көшелерде ғана пардоз бар. Аўылынан басқа жаққа шығып көрмеген адамға ҳақыйқатында да бул жер «жәннет» көриниўи әжайып емес екен.

Бирақ усы «жәннет» дүньясына тағы бир дүнья қарама-қарсы турғандай шәхәрди узақлап аралаған сайын, ләззет алған кеўилиң зийнеме-зийне суўый береди.

Мине дәрўишлер!... Гүл-гүл жанған мешит, медреселердиң сыйқын қашырып отыр. Ырғанақтай мойынларында ала дорба. Неше күн жол азабынан, ашлықтан хәм мүсәпирликтен бет сүйеклериниң ети түсип, қамыс билеклериниң тамырлары билеўленип көгерип тур. Қуў сүйеклерди қурастырып, денесин қәлипке тартқандай, өлеси арық: семик қабақ пенен қалақтай маңлай сүйегиниң ортасынан шыққан жалынсыз көзлери хәр кимге жаўтаңлайды. Қолларында таяқ, билегинде тәспи, моншақлар. Дәрўишлердиң де өзине боларлық аз ғана базары бар. Ең үлкен ўәжи — қапталындағы дорба толы топырақ пенен шийше толы суў.

— Мен Мәккеден келдим. Шифа суў бар!

— Мәдийнеден келдим. Кәраматлы топырағын көзге сүртиң!...

Адамлар дәрўишлердиң қасына барып, Мәкке Мәдийнениң топырағынан бир қысымлап қалтасына салып, суўынан бир тамшысын көзине жағып, кетерде садақасын берип атыр.

Оннан ары жүрген сайын жупыны кийимлер менен аш арықлар базары тағы қыза береди. Жалаң аяқ диййқанлар бул шәхәрде де бар. Хәтте жүзине пәренже жамылған хаяллардың кийген шапанларының өзи тоқсан түрли өзгеше.



Сол күни келте базар еди. Соның өзинде сатарманлардың қолындағы ўәжди көрсең, — Хийўалылар бар мүлкин көшеге шығарып, көшип баратырғандай сезиледи. Кийим-кеншек, төсек, табақ-қасық, билезик-сырға, боғжама-садық, мүлк-көлик — бәрин базарға әкелген. Сатарманлар тусынан өткен жолаўшыларға жалт-жалт қарайды.

— Арзанына-ақ алағойса, балаларым аш отыр еди! — деп емиренгенлердиң есап-саны жоқ.

Чай пурыштың әтирапы толған бала. Хәр кимнен қалған қуўырдақтың гил қалғынды шөбирелерине таласып, қан сорпа болады. Қолайы келсе қолындағысын қағып алып қашып батарығанлар да көп.

— Жаңа ғана тур еди, қағып кетти!

— Қалтамды кесип кетти! — Қарғанып сөгинген, ашынып жылаған, бақырып жар салып жүрген даўыслардан қала уўшуў.

Шылымға елитип, тирекке уйысып отырған бәңгилер бул даўысқа селк етип, жән-жағына қарайды.

Чайханадан иле-шала чай ишип, Әжинияз лар Шерғазы ханның медресесин сорап кетти.

Күн батысқа қарай кеткен қыйсық көше менен жүрип тас хәўлиге келди. Излеген медресеси усы.

Медресениң ийшаны Ийшанжан ахун деген узын бойлы, ақ қуба, көрикли киси екен. Әжинияздың ата-тегин, қайсы молладан сабақ алғанын, билими қаншелли екенин сорап болып, үш жүз молланың дизимине буны да тиркеди.

Таўмурат пенен Әсенбай аўылына қайтты...

## 2

Әжинияз белдарға келген адамлардан хабар алыў ушын таң азан менен қорған жаққа кетти.

Қараңғы көшеден өткен жердеги алаңлықта нөкерлер қылышласыў, найзаласыў, ат шабыў өнерин үйренип атыр екен. Әскер кийимин муздай кийинген бир сәрдар тазадан келген нөкерлерге зеребесин үйирип тур. Жерге қадаған шыбықларды нөкерлер ат үстинде шаўып киятырып, қылыш пенен қыйып

түсириўи керек екен. Биразы ердиң үстинде тақымын қатты услап, отырыўды да билмейди. Қара талдың хәр шыбығы гүнасыз адамның геллеси болып көрине ме, бирaзының қылыш услаған қоллары шабар жерге келгенде қалтырап кетеди.

Усы көринисти тамашалап баратырғанда, сәрдардың әлле кимге:

— Аралдың балығынан басқа көрмеген «Қоңырат!» — деп сөгинген даўысы шықты. Әжинияздың қулағы ербең етип, сол жаққа бурылды.

Сәрдардың алдында басын төмен салып, тапалтас ири жигит тур.

— Үйренбесең, өз басыңды шаўып үйретемиз! — деп ашыўшақ сәрдар қылышын қынабынан суўырып алды. Жигит еки қолын қаўсырып, аяғына жығылды.

— Бар, үйрен! — деп сәрдар елтири етегиниң басы менен теўип жиберди де, екинши нөкерди шақырды. Дәслепки гүнакәр жигит үсти-басының шаңын қағып, орнынан сүйретилип баратыр еди, Әжинияз тигилип қарап: «Хаў!»... деп аңырайып қалды. Кең ашылған көзлери «сол емес пе? Сол!» дегендей таңырқанып, шарасынан шығып кете жазлады. Ол жигит буған сер салмай, нөкерлердиң арасына кирип кетти. Әжинияз: «сол, сол!» деп изинен бираз қарап турды.

Бул ўақытта оған хабарласыў мүмкин емес еди. Сонлықтан қайтып ораларман, — деп Әжинияз жүрип кетти.

Хан шәхәрди «Ишкери» хәм «тысқары» етип, екиге бөлип атыр екен, «ишкери» шәхәрди сыртқы душпаннан қорғаў ушын қыр дөрегек айландырып, ылайдан қорған дийўал салып атыр. Дийўалдың бийиклиги гей жерде он-онбес гез көтерилген. Ишкериге хан сарайлары, хәмелдарлардың хәўли-хәреми, оннан соң үлкен көшелердеги турған гирдикарлы үйлер ғана кирип, қаланың сыртындағы үйлер «тысқары» қалада қалады екен. Ол хожалықлар дийўал менен қоршалмайды екен.

Әжинияз биреўлерден усыны еситип:

— Сонда «ишкери» деги хан аман болсын, «тысқары» дағы халықты жаў шаба берсин! — дегени ме екен?... деп әжиўалап күлген еди. Хәзир усы дийўалды жағалап киятыр.



Қорған төбениң үстиндеги аламан — жыйын Хийўаның узақ базарынан да үлкен екен. Дизе кийимниң балағын, жуўан санына, көйлегине жеңин билегине шекем түрген, белдаршылардың үстиндеги бөз кийими менен жалаңаш етиниң түсин айырыў мүмкин емес еди. Қазыўшылар адам тәклетте емес, ылайдан суўырып алған маклуққа усар еди. Көпшилигиниң кийимлери парра-парра жыртылған. Биразы: «көйлегим ылас болғанша, көкирегим ылай болсын!» деп жалаңаш ылай атып тур. Қорған дийўалдың ушы басынан жерге шекем текшеме-текше қара ғарғадай адам...

Түслери жүдеў, бәри де харып болдырып, тек көкирегиндеги бир қылға илинип турғандай иленазик жанлар! Жоқарыға қарай арба толы ылайды тартқан өгизлердиң де ылай атқан адамлардың да жаны зорығып, тирсеги тирсегине қағысады, белдар — қараўға жүрек даўамас азаплы өмир еди!...

Әжинияз өз жанына зор түскендей қалағайлап өтип, аламанның арасынан Турымды таўып алды.

Турым «Таллық» елатынан келген белдарларға ақсақал болған екен. Ол өз қоластындағы белдарларға аўқаттан жақсы қарасып, жасаўыл жоқта дем алыс берип турады екен. Сонлықтан Турымның белдары өз шегин ерте болып, қорған баслығына хәм аға мурапқа жаранып қалыпты. Турым басшы болғалы Ережеп тентектиң де мойыны жеңилипти.

Хал-аўхал, саў саламатлықтан соң, Әжинияз Турымға:

— Тап жаңа, Ержанды көрдим, — деди, — нөкер болыпты.

— Қоя, басқа биреў болмасын! — деп Турым хәм басқалар исенбеди, — Ержан нөкердиң ишинде не қылып жүр? Адам-адамға усайды деген, усас биреў шығар...

— Жүриң онда — деди Әжинияз, — жалған болса қайтасыз ғой. Мен жазбай таныдым. Сол! Бирақ Ержан танымады.

— Дурыс шығар, — деди Турым, — бул да серли жигиттиң бири еди ғой. Тәгдир, дуз несип айдаса, ким биледи?!...

Турым, Әжинияз, Ережеп, — үшеўи нөкерлердиң үстине келди. Олар жаңа аўқатқа шыққан екен. Булар бир нөкерден Ержанды сорап турғанда, алыста биреўдиң жуўырып киятырғанын көрди. Ержан.

— Ержан! Ержан! — деп хәмме ғаўырласты.

— Ержан қуйындай ушып киятыр...

Маңлайынан тер, көзинен жас ағып киятыр...

— Келе сала үшеўи менен құшақласып көристи. Буларды узақтан танып, жуўыра-жуўыра өкпеси өшипти. Ҳаплығып, буўлығып сөйлей алмайды.

Әжинияз жүз басыға барып, «ағам еди!» деп бир мезгилге кепиллик берип, руқсат алды.

Ержан баяғы кеткеннен қай жерлерге барғанын, көрген машақатларын, бир күни Нигарханның дерегин тауып, Хийўаға келгенин хәм ақырсында нөкерге қосылғанын узақ әңгиме етти.

— Сөйтип Нигархан қайда? Хәммеден бурын жаны ашып, Нигарханның жағдайын Әжинияз сорады.

— Усы Хийўада Ханның сарайында... — деди Ержан муңайып. Нөкерлерге дем алыс берилген күни дәрўазаның хәм сарайдың гүзетшилерине пара берип, Нигархан менен зорға тиллестим. Бәри параға жығылған екен. Қайсы хәмелдарды көрсең, «пара!» деп қолын жаяды...

— Қыздың көрген күни қалай екен? — деп сорады Турым.

— Ажары жүдеў. Сарай тәртибине мойынсынбаған соң буған онлы кийим де, аўқат та бермейди екен. Сарай шорысы болып жүр... деп қыздың көрип атырған азап-ақыретин көп айтыўға батылы бармады.

— Айзада қайда? — деди Ережеп.

— Айзаданы бир кембағал досымның үйине таслап, кеттим... — деп, Ержан терең демин алды да, аўыр гүрсинип жерге қарады. — Бизики де сасқан үйректиң жандалбас сүңгимей жүриси... Нөкерликке келгенде жүз басы болайын деп жүргеним жоқ. Нигарханды қутқараман ба? — деген бир қам дәме!

— Ҳал-жайдың бәрине қанық болдық, иним? — деди Турым сарсылған жигиттиң кеўилин алып. — Ел бар, журт бар, яр бар, дос бар, ойласайық, кеңесейик. Тартысайық, жыртысайық, әйтеўир сениң ушын ат салысайық. Ҳәзир сыр бермей тур. Балалық етип бүлдирип алма!...

Хәмме усы төреликке турды.



Ол жыллары «Таллыққа» айдарлы кеме менен саўдагерлер келетуғын еди.

Дәрьяны өрлеп киятырған усындай бир ушан кемениң адамлары түнде ығып киятырған биреўди суўдан сүйреп алды. Суўға кеткен қыз екен. Кемеде онлаған саўдагерлер, салдаўшылар, ескекшилер бар еди.

Таң алдында қызды тирилтип алды да: «бул да қарақалпақтан алған бир олжамыз!» деп сәхәрде өрлеп кетти. Усы қыз Нигархан еди.

Суўдың ишинде бираз ўақыт урнығып, диңкеси кеткен қыз қай жаққа баратырғанын да сезбей, кешке шекем кемениң ишинде құсып жатты. Қуптанда көзин ашып, жән-жаққа алаңлап қарады. «Еки жағасы нуў қарағай қамыслық, тоғайлық, дәрьяның ортасында желқомлы кемеде киятыр!»... Кемешилер рехим еткен болып, әлле немелерди айтады. Тиллерине түсинбейди, қулағы да еситпейди. Қыз адамзат қолына түскен жабайыдай қалшылдап отыр. Бир киси бир шайнек шай менен жарты пәтир нан әкелип, алдына қойды.

Нигарханнан кемешилер суўға қалай кеткенин сорады.

—Мен Ержан деген жигиттиң хаялы едим, — деди Нигархан. «Некелимен десем рехими түсер» деп ойлады. — Кememиз түнде аўдарылды. Күйеўим тири қалған шығар. Излейди мени... — деп муңайып турып, — мени елиме қайтарыңыз, ағалар? — деп жалынды. Ушан кемениң басында отырған кемениң дарғасы — муртлаш қара киси, қыздың бул тилегине «болмайды ғой» дегендей басын шайқап:

— Ҳәзир мына жағыстан түсирип қалдырған менен сени бөри жейди — деди. — Кейин қайтыўға болмайды. Аўылға барған соң, бир хәптеден кейин қайтып ораламыз. Сол ўақытта әкелип таслармыз. Ҳәзир мүмкин емес.

Күн батқаннан соң кемешилер қыран таўының қасына келип қонды. Ақшам жас жигитлер арасында қызға талас болып, даў-жәнжел көтерилди. Ҳәлсизирек биреўи дарғаға барып хабарлады. Жәнжелдиң арасына муртлы қара яўмыт келди, жигитлерге ол былай деди:

— Бул нашар саўашта түскен бенде емес. Апатшылыққа түсти. Сораўсыз сүйек емес, — ери, елаты бар. Бир қыз ушын мен қарақалпақ пенен жаў болып, бул жақтағы пайдамнан айырылып қала алмайман, буны қорласаңыз, ертең келгенде мениң басымды алады. Бизиң де кемемизди апат қылады. Сонлықтан елдиң бийи бар. Мен соған тапсыраман. Болмаса сизлер менен мен жаў боламан. Төрелик — питим усы...

Дарғаның айбатынан сескенип, кемешилер тарқасып кетти...

Нигарханды дарға үйине әкелди. Аўылы «Питнек» деген жерде екен.

Нигарханның ойынша, дарға қызды аўылдың кәткудасына тапсырыўы керек еди. Бирақ ол сертин орынламады. Өз қызындай асырай берди. Сораған қоңсы-қобаларға дәрьядан таўып алған қыз демей:

— Қарақалпақ тамырымның қызы, қыдырып келди. Қайтып алып кетемен, — дейди. Оның менен қайтпайды. Аратура айтатуғын сыры:

— Бийсәўбет алысқа барма? Яўмытлар жаман, — дейди.

«Сонда өзи де яўмыт емес пе?» — Нигархан дарғаның ғамхорсынғанын түсинбейди. Оның жаста ғаррылардан еситиўи бойынша:

—«Түркменниң бәри яўмыт, — бәри наймыт! Ел талайды, баспашы»... Бул: мени жақсылық пенен қайтарар ма екен?... Я әлле кимге сатар ма екен?... Ығбалымның келешеги не болар екен?» — деп аўлақта ҳәсирет жасын төгеди...

Нигархан бара-бара түркменниң үйине үйренип, хызметке айланысып кетти. Баласы менен бирге барып суў әкеледи, аўқат асады, кели түйеди, — барлық үй жумысына енисип кетти.

Тек елди, үй ишин, Ержанды аңсары аўып сағынғаны болмаса, пайызы өз үйинен төмен емес. Қызға мийзамы, кәўендершилиги, күтими жақсы. Пейли ҳақ... «Бул жақсылықтың изи не болар екен?!» — деп қыз ҳайран болады.

Усылайынша күн көрис өтип атыр еди. Бир күни үш-төрт атлы қураллы адам қуйылып келди. Қыз алдын ала әжайып, бир қорқынышты сезгендей жүреги ҳәўлирип тур. Оған усы адамлар жан алғыштай көринди.



Үй артына шығып, иштеги гәпке қулағын салды. Тосыннан болатуғын тәбият қорқынышы менен қуўанышын инсанға сезиў ағзалары билдиреди деген гәп бар ғой. Нигарханның да болжаўы дурыс болып шықты.

Келген қонақлар усы аўылдың бийи менен ханның елден сулыў қыз излеўге жиберип қойған барлаўшы жасаўыллары екен.

Олар үй ийесине келген хызметин айтып:

— Мына қарақалпақ қызын хан сарайына аламыз! — деп, гәпиниң соңын ҳәмирге айландырды.

Үй ийеси: «тамырым, жег-жатым...» деп мойын таўлық етип еди, жасаўыллардың биреўи қыздың қалай келгениниң уңқыл-шуңқылын қалдырмай айтып берди. Мәгер, кемешилердиң биреўи бийге астыртын хабарлаған болыўы керек. Бийдиң шама-шарқы кемешилердиң таўып келген олжа қызын хан сарайына саўға етиў екен.

Үй ийеси енди жалған сөзден ҳеш нәрсе шықпайтуғынын сезип: «өлтирип алмасаң—бермеймен қызды!» деп еди, жасаўыллар күш көрсетип, сарайға дарғаны да, қызды да байлап әкететуғын болды.

Сөгискен-керискен қәҳәрли даўыслар еситилди. Шаўқым, жәнжел шықты... Үй ийеси түркмен, «бермеймен!» деген сертинен қайтажақ емес!... Балалары үн салып жылады.

Нигархан қалшылдап ызадан қаны қайнап кетти. Үйге жуўырып барғанын билмей қалды.

— Ата, ҳәй ата! — Қыз усыны айтып буўлығып, бозлап, еңиреп жиберди. Тағы қатыўланып, жасын тыйды. — Сиз ерегиспең! Мен барайын. Сиз бир өлимнен қутқардыңыз, ендиги өлимди ығбалымнан көремен, жибериң мени ата!

Көп гәп-сөзден кейин дарға түркмен қызды өз қолынан апарып қайтатуғын болды. Сол күни қондырып, ертеңине еки жасаўыл қыз бенен дарғаны хан сарайына әкелди. Қыз бенен хошласар ўақытта ғана дарғашы қызға сырын айтты.

— Мениң атым Турдықылыш, умытпа қызым, Турдықылыш, Турдықылыш! — деп, үш мәртебе тәкирарлады, — мен қарақалпақтың қызынан туўылдым. Әкем баспашыларға

қосылып жүргенде бир қызды қолға түсирип, соған үйленген екен. Бирақ, өмириниң ақырына шекем усының азабын тартты. Соңынан бул кәрди қойса да, қанша жалбарынып, бауырына тартса да, анам әкемди «баспашы» деп жек көретуғын еди. Шын жүреги менен емес, оннан қорыққанынан, ерим дейтуғын еди. Буны әкем де сезетуғын еди. Анам пақырдың ығбалына әкем ертерек тырыспай кеселинен өлип қалды. Болмаса олардың тартысы, бир-бирине ала көзлиги басылмайтуғын еди. Анам мени меҳрибанлы өсирди, мен әкемниң жолын қуўмаўға, салдаў тартып өз еңбегим менен күн көриўге серт еттим. Анам өлеринде: «Қолыңнан келсе жақсылық ет, жерде қалмайды, жаманлық умыт болмайды. Адамның кеўили шийшедей нәзик. Сындырсаң дүзелмейди» деген еди. Мен сени өз журтыңа апарып, жақсылық етермен деп едим. Ол мурадыма жете алмадым. Хабар алып турарман, хош бол қызым! — деди.

Нигархан да хошласып:

— Ата, бир қара жигит излеп келсе, мени айтарсыз — деди де, мөлдир жас көзинен бурқ етти.

Нигарханды хан сарайына тапсырып келгеннен кейин үш күннен соң Турдықылыштың үйин сорап бир жигит келди.

Басында қара қураш, үстинде бояўы аўған көгис шапан. Аяғында сары шерим етик. Белинде қырылған қырмызы белбеў. Аттан түсип, үйге кирди. Бул Ержан еди.

## ОТЫЗ БЕСИНШИ БАП

### 1

Наўрыз айы басланыўдан Мәдемин хан бир ҳәптеге шекем ләшкер топлаў, қарыў-жарақ жыйнаў, сәрдарларды тайынлаў, мергенлер сайлаў жумыслары менен бәнт болып, ўақытша арыз сорап турыў ушын баласы Абдулланы тахытқа мингизди. Өзи ләшкерлерди баслап, Иранға атланыс жасады. Үстинен ел көшкендей Хийўа тынып қалып, ҳәмме урыс жаққа қулағын салды.



— «Кеше кейин шегиндик. Бүгин алға өрледик. Нөкер жибер депти», — деген хабарлар келип турды.

Әжинияз медиресениң тәртибине, ас–суўына көниңкиремей, басқа моллаларға қарағанда көшеге көбирек шығады. Оның үстине аўылын сағынып, «келген-кеткен жолаўшы жоқ па екен?» деп, Қоңырат сарайына барып, белдарға келгенлер менен гүрриңлеседи, урыстың хабарын сорайды, оннан шығып — Рийшад ҳажының аманат хатын тапсырыў ушын Ырысқул жасаўылды излейди. Ерназар жатқан зинданның қасына барып, не гәп сөз бар екен?» деп тың-тыңлайды. Зиндан райысынан жөнли жуўап ала алмай, узақ күн отыра-отыра сарылып қайтады.

Ырысқул жасаўылды хан атланысқа алып кеткенин еситти. Қашан келетуғынын ҳеш ким билмейди.

Арадан бир ярым ай өткен ўақытта силтидей тынып турған Хийўа қайғылы хабардан гүңирене қалды. Шәҳәр теңселип, минарлар тербелип, жарлылар күни-түни зарлап турды.

Мәдемин уллы патша саўашта шейит өлди!

Үш күн, үш түн сарай ҳаяллары жоқлаў айтты, сарай шайырлары қайғылы бәйитлер оқыды. Ахунлар ғирәт пенен қуранды тәкирарлады. Үш күнге шекем халық толқыны хан сарайына ағып барып, ҳәзиреттиң табыты тийген топырақтан бир қысым алып, бир саўырыс теңге таслап кетип турды. Сарайдың ойыншы қызлары, ханның жети ҳаялы ҳәм ҳәр елден, ҳәр миллеттен жақында әкелген сарай сулыўлары қара шашларын тарқатып жайды.

Ҳәзирет жерленген күнниң ертеңине:

— Абдулла хан болды! — деп, жар шақырылды. Саўашқа кеткен ләшкерлердиң тең ярымы өлип ҳәм жаралы болып, Мәдемин атланысы қайырсыз келди!... Жаңа хан Абдулла әтирапына жаңа ақылгөйлерди, кеңесгөйлерди жыйнап, мәсләҳәт қурды. Тири қалған әскер басшылардың биразын босатып, орнына таза жасаўылларды сәрдар етти. Жаңадан нөкер, қурал-күш жыйнап Абдулла хан ата қанын алыў ушын Иранға атланыс жасады. Бирақ, еки айдан кейин Абдулла хан урысты тоқтатып, Иранлылар менен питимге келди. Өйткени

түркменлер: «өз алдымызға хан боламыз, салғырт төлемеймиз, нөкер бермеймиз!» деп, көтерилис шығарыпты. Нөкер жыйнаўға барған ханның жасаўылларын өлтирипти.

Хан сарайы тағы дағдарысқа түсти.

— Абдулла хан енди Түркменлерге атланыс жасайтуғын болыпты, — деген хабар жайылды.

Арадан бир ҳәпте өткен ўақытта хан нөкерлери қаладан шубырысып шықты.

Шәҳәр халқы жағасын услап, тағы титиреди. Тағы қан төгилди... Талай жанлардың геллеси ушып, талайлар тағы байлаўда бенде болып келеди. Қара көзден тағы сел-сел жас төгиледи.

Әжинияз күнде Ырысқул жасаўылды излейди... Ондағы мақсети жасаўыл менен танысып, Нигарханды азат етиўге оннан жәрдем сораў. Бирақ, гезлесе алмайды.

«Түбинде бир келер!» деп, Әжинияз дәрисханаға[1] кетти.

## 2

Әжинияз медиресеге келип, илим ғәзийнесин ақтарыў ушын араб, парсы, түркмен тиллерин үйрениў лазым екенин сезди. Наўыйыдан баслап Рудакийге шекемги жети ықлымдағы билим ғәзийнесин ақтарған ҳәм бул билимниң шалқар сағасына жеткен ақыл ийелериниң ғәзеллери, рубайылары, бәйитлери, — бәрше китаплар сол тилде.

Илим өнер дүньясының төбеси узақ, таң сағымланып көринди. Енди сол төбеге жетиўдиң әнжамын көриў керек. Бул ушын ең кеминде үш тилди билиў керек.

Талабанлардың[2] ҳәммесиниң де сабағы әжинияздан қара гөрим озық. Көпшилик моллалар өз бетинше оқып, Омар Ҳайям, Саадий, Бедилдиң рубаят ғәззеллерин ядтан төгеди. Олар парсы-тәжик сөз мәнилерине жетик. Олардың биразы араб, парсы, тилин терең үйренип, қуранның сүре, аятына мәни берип, билим жарыстырады. Гейде алысқа, тереңге сүңгип инсанның руўхы, әлем, бейиш-жәннет сырларын, «қүдирет»

[1]Оқыйтуғын орын

[2]Медиресе оқыўшылары



тилсимин ашып таслайтуғын Әбдиқәдир Бедилдиң бәйитин әўел парсыша оқып, соңынан:

«Көзиң аш, қайда дур, дузақуў жәннат?
Исиң нәтийжеси, мақсули меҳнат?» — деп, түркшелеп мәни береди. Бул ғәззеллер, медиреседе мударислер тәрепинен оқытылмаса да, моллалардың өзлери Омар, Ҳафыз, Абдурахман, Саадий ҳәм басқа да шығыстың уллы данышпанларының қол жазбаларын китапфурыш дүканларынан таўып келеди де, әңгимеге кириседи. Ҳарыса, зериксе Омар Ҳайямның рубаятларына түседи. Оннан шайық — уламалардың, суўпы — дәрўишлердиң тәрийпин айтып кетеди.

Биреўи: «Суўпы — дәрўишлер кисиге қолын жаймай өз мийнети менен күн кешириўи керек!» деп еди, екиншиси: шайық-моллалар пуқараның берген қайыр-садақасын жетим-жесирге үлестириўи лазым, деп бул ҳаққында раўаятлар келтирди.

— Сиз еситтиңиз бе? — дейди түркмен жигити Сапармурат, — Ҳафыз Әмир Темур патшаға: «Егер кеўилимди жай етсе, бир гөззалдың жүзиндеги қара қалына Самарқанд пенен Бухараны берер едим!» — депти. Патша: «Мен Самарқанд пенен Бухараны салтанатлы әлемди титиретсин, деп дүньяға ойран салдым. Ол не дегениң?» деп қылышын алып жуўырғанда, Ҳафыз: «Мине, көриң, сақыйлықтан қашшақлығым[1] усы дәрежеге жетти», деп үстиндеги гөне тонның жағасын ашып, көйлексиз жалаңаш көкирегин көрсетипти...

Атақлы шайыр Абдирахман Жәмий ҳаққында Захиритдин оның сақыйлығын ҳәм мийирманлығын мақтады.

— Ол киси өзине жән-жақтан сыйлыққа келген тири ҳәм өли дүньяны медиреселерге бөлип береди екен, — деп нағыслы ғырат даўысқа салып, оның ғәззеллерин араб тилинде айтты.

Усылай етип медиресе өжирелеринде гә парсы, тәжик, гә араб, түрк тиллериниң сәдде-сәдде маржанлары жарқырап төгилетуғын еди. Бир қуўыста мүләйим пишинде отырған Әжинияз усы ҳасыл ғәзийнеге ҳәўес етер еди. Көкирек сарайын усы

[1]Жарлылық

маржанларға толтырып қайтып, өз журтына сауға тартқысы келер еди. Шығыстың жүйрик қыял, дана ақыл оқымыслыларындай дүнья әлеминиң өнер булағына қанып барып, өз журтының шала оқыған моллаларын үйретиуге куштар еди... Бирақ, өзи де еле бул ғәзийнелердиң есигин ашпағанына өкинер еди!...

Сонлықтан ол усы бастан өзин медиреседеги турмыс кемтаршылығына, — ийне менен қудық қазғандай түсиниксиз тилдеги ауыр оқыуға — сабыр парасатын хәм канаат пейилин зорлап көндире баслады. Ол ашлыққа да, азапқа да қайыл болды. Ол зийрек хәм үш тилди қанық билетуғын моллаларға жүгинди. Өйтпесе ауылдағы билими шалағай моллалардай бул да қуры қол қайтатуғынын сезди.

Әжинияздың медиреседеги жақын досларының бири — түркмен жигити Сапармырат. Ол медиресеге буннан еки жыл бурын келген, қара торы, жуқа жүзинде шешек ауырыуынан қалған сепкили бар, ашық минезли жигит. Өз журтында әдеуир шайыр лақабы бар, жигит көринеди. Түрк тили менен араб тилине қараса алдына адам салмайды. Әттең парсыға келгенде шорқақлау. Омар Хаямның рубайлары менен Мақтумқулының нәсият қосықларын нақыл орнына қолланады.

Екинши кеуил жақыны, — Захиритдин. Ол тәжик жигити. Захиритдин узын бойлы, сары сынлы, сыпайы кийинип журетуғын жигит. Әжинияз қарақалпақша, қазақша қосық айтып берсе, ауқат ишпеслигине қайыл. Қосық қумар. Әсиресе оның қызығатуғыны «Нәжип уғлан менен Ашық айдын пирдиң айтысы» деген қысса. Әжиниязға усы қыссаны қайта-қайта оқытады.

Әжинияз болса, оның парсы тилине куштар. Өжиреге келсе, көшеде жолдас болса, хәр ғәззелдиң, хәр бәйиттиң мәнисин сорап, булда оның басын қатырады.

Үшеуи әңгимелессе, Сапармырат пенен Захиритдин айтыушы, Әжинияз тыңлаушы болады. Олар екеуи дәслепки күнлери бунының билиминиң сайызлығын сезип, көбинесе түрк тили менен сөйлесип жүрди. Усас болғанлықтан бул тилди Әжинияз



тез арада үйренип алды. Араб, парсыдан әдеуир сөзди билсе де, айтыуға тартынатуғын еди.

Барлық сабақ араб, парсы тилинде өткен соң сәлем хатты да сол тиллерде жазыу әдет еди. Моллалар түрк тилин менсиниңкиремейтуғын еди хәм араб – парсыша мәни айта алмайтуғын, бул тилди аз билетуғын адамды сауатсыз дейтуғын еди.

Әжинияз ақшам тауықтың екинши шақырымына шекем араб-парсы тиллери менен жатлығатуғын еди. Ол қанша азап шегип, өзин сабырлы тутқан сайын бурынғы ауыр машақат жеңиллесип баратырғандай еди. Кем-кем төбеден төбеге өрлеп еди.

Әжинияз бир күни Сапармырат пенен сабақ таярлап отырып оннан Ырысқул жасауылдың ким екенин сорады.

Сапармырат азғана ойланып отырды да, Ырысқул туўралы әкелеринен еситкен әңгимесин айтты.

## 3

... Ырысқул Аллақул ханның бир атланысында урыста қолға түскен бенде қусайды. Хийуаға әкелгенде күтә жас еди. Ол неше күн, неше айлар: «дар шылбыры қашан мойныма түсер екен?» деп, қурбанлыққа шыққан малдай қалшылдап, үрейип ушып жүрди.

Ырысқул хаслы-заты рус еди. Рус патшалығының солдатлық хызметин атқарып жүрген уақытта түркменлер менен урыста қолға түсип қалды. Түркменлер бенде болып түскен рус солдатын өлтирмей Хийуаның ханы Аллақулға сауға етти.

Хийуалылар тутқын солдаттың тек жанын өзинде қалдырып, атын да, затын да өзгертип жиберди...

Сарай хәмелдарлары оны дәслеп «орыс қул» соңынан «Ырысқул» деп атап кетти. Бирақ, бирге хызмет ислеп жүрген иран, араб, түрк, ауған қуллары Ырысқулды «тил алғыш бала» деп тәуир көргенликтен, оның атын көтермелеп «Арысланқул» деп атар еди.

Тахыт жаңарып, хәр хан аумасқан сайын Арысланқулдың да мойнынан бир buғау түсип, жаңа мәртебе келе берди. Бул,

ханның оған ғамхорсыўы емес еди. Ал оның өзиниң ҳадал жүрегине, турақлылығына ҳәм зийреклилигине көрсетилип атырған жақсылық еди. Аўа, ол хан хызметин ҳадал, садық иследи. Оның аяғының басқан жери жалаңлаған қылыш еди. Көз қыйығы ғабырысса, айбалта төбесинде ойнап тур еди. Сонлықтан егер өмир сүремен десе, ол ханға жаранып ислеўи керек еди... Ол өмир менен өлимниң тайғақ ҳәм тар қыснағында жасап турды. Ол бәрине... бәрине көнди!...

* * *

Әжинияз Ырысқулдың түрк дәрўишин өзине бейим тартып дос болған сырын кем–кем аңғара баслады. «Тегин түрк емес ғой» деди ишинен. Усы ойда жүргенде: «Абдулла хан түркменлер менен урыста өлипти» деген тағы суўық хабар таралды. Хийўа сарайы тағы аза тутты.

... Тахытқа Қутлымурат бала хан минди. Ақылгөйлер менен кеңесгөйлер, қусбегилер менен беглер күн сайын аўмасып тур. Енди гөне, жаңа ҳәмелдарлар арасында жәнжел басланды. Хан сарайды тынышландырыўға киристи. Атланыс тоқтады. Түркменлер менен питимге келип басларына ерк берип жиберди. Бурынғы шаба–шап, туў көтериспе басылып сарай зыяпат ордасына айналды.

Кеңесшилер Қутлымурат ханды ортаға алып, жаңа тәртибин мақтасты. Қус беги метер, ҳәким, беглерге шекленбеген дәреже ҳуқықы берилди. Пуқарадан жыйналған ақшаларды ҳәмеларлар бөлисип алды. Сарай ғәзийнеси орталана берди. Уллы бийлерден киши бийлер үлги алды. Ҳәр ким өз қулқынына қасқырдай тартты. Қутлымурат ханды елдиң тынышлығына арнап, қырқ күн той баслаўға көндирди. Бул тойға ҳәмме елаттан бийлер шақырылатуғын болды. «Тарлық қырқ күнге созылады,» деп, жар шақырылды.

Әжинияз усыны еситип Есенгелдиге хат жоллады. Хан тахтының үш мәртебе жаңарғанын, Қутлымурат бала ханның балалығынан пайдаланып ҳәмелдарлардың тахытты қуўыршақ қылып ойнап атырғанын, Қутлымураттың ҳаслы «қоңыратлы» екенин айтып жазды.



... «Өзиңизде ханның ҳасылын билесиз ғой! Пара берсе бас алатуғын заман болып тур. Ҳәмелдарлар шәриятты аяққа басып, қутырып жүр. Сиз айтқан Қоңыраттағы ҳажыны мен де көрип, әңгимелестим. Ырысқул деген жасаўылды силтеп еди, ол кисини еле таба алмай жүрмен... Шәҳәрдиң иши бийтәртип болып кетти. Уры, газзап көп. Ҳәмелдарлар пара деп қол жаяды. Бала хан ҳәр күни зыяпат пенен бәнт. Ерназар да, Ержан да усы жақта...

— Хан түркменлер менен питимге келсе де — деди Әжинияз, — еле көзинин аласы бар. Соны билип түркменлер де өш. Бирақ, ханның күши ҳәлсиреп баратыр. Азғырыўшылар көп. Таң атып, күн батқанша онлаған ҳүким шығарады. Соның көби тәрк етиледи.

Сарайдағы ҳәмелдарлардың бири түсип, бири өлип атыр.

Соңғысы бурынғысынан өш алып атырған ўақыт. Муҳаммед — Нәзир қусбеги ханға жаманатлы болып, хызметинен түсти. Оны да биреў жаманлағанды да... Ал ата, Хийўаның жағдайы усындай. Хан орыслардан да, инглизлерден де алағада усайды. Усы тойға байларды, бийлерди шақырып, қазнаны қайта толықтырып, атланысқа шыға жақ нийети бар еди. Ондай күш қайда! Кешеги Иранлылар менен урыста-ақ ҳалы белгили болды. Түркменлерге күши жетпеди. Усы патшалықтан не үмит етиўге болар... Ата, сизиң баяғы кеңесиңиз дурыс келейин деп тур. Кеңесип, халық болатуғын ойласық, әне усы ўақыт... Турым менен кеңесип турман. Ол да сизди келсе екен дейди. Ырысқул жасаўылды тағы излейин деп отырман. Егер ол дос болса, көп пайдасы тийетуғын киси екен. Келип, көрерсиз... Келип ата!...

Қудаға шүкир, деним саў. Атама, анама меннен сәлем айтың, ата. Сизди жандай ҳүрметлеўши балаңыз — Әжинияз».

## ОТЫЗ АЛТЫНШЫ БАП

### 1

Базар күни Әжинияз китапфурушлардың дүканын аралап, қәлеген китапларын саўдаласып ақшасын төлеп атыр еди.

Ажары ноғайға кейип берген, сары сақаллы, ири денели киси қасына келип, ол да китап сорады. «Усы болар ма?» деген Әжинияздa бир ой пайда болды.

Үстине кийген кийими сарай адамларының пишинине усас. Әжинияз бетине тигилип қарап турды да:

— Яшы уллы, сиз Ырысқул деген жасаўылды таныйсыз ба? — деди. Ол киси де буған жалт қарап, көгис өткир көзлерин қадады. Ол да бунық келбетин өзге түсли көрип, «қай журтлық?» деп, қызықсынған болыўы керек. Сораўына жуўап бермей, қарсы сораў айтты.

— Өзиң қай жерликсең? Не хызметиңиз бар еди, онда?

Әжинияз: «басқа биреў болар ма?» деп, қыйпақлап келген журтын, кәсип-кәрин түсиндирип болған соң. Ҳажының «купыя болсын!» деген сөзи есине түсип, сақлана қалды.

— Биреўдиң ол кисиге айтажақ арызы бар еди.

Көк көз киси азғана ойланып турып:

— Бул шәҳәрде ондай киси көп. Лийкин мениң де исмим Ырысқул... —деп жымыйды.

Әжинияз Ырысқулдың жымыйған жыллы жүзине қарап:

— Сиз болыўыңыз керек, — деди ол, — Бийнеңиз усайды. Ҳажы Махмудты танысаңыз керек. Махмуд Рийшад...

— Ҳа... Еситиўим бар. Түрк дәрўиши — Ҳажы Махмуд па?... Ол дәрўишти қай жерде көрдиң?

— Қоңыратта...

— Болды, болды... жүр бери! — деп, Ырысқул Әжиниязды ертип кетти. Олар бираз жүрген соң кең өжирели ҳәўлиге кирди.

Әдетте өзбек халқының дәстүри бойынша ҳаяллар көшеде жүргенде пәренже жамылып, ал үйде жат адамның көзине түспеўи керек. Мийман келсе ҳаяллар ишки өжиреге қашып кетеди. Мийманды сол үйдиң еркек адамлары күтеди.

Бул үйде ол дәстүрдиң бирде биреўи көринбейди. Қарақалпақ пенен қазақтың дәстүриндей Ырысқул есиктен кириўден:

— Айтгүл, ҳа Айтгүл! Мийман келди. Төсек сал. Мына кәйниң менен қол алыс. Төменги[1] журттан келген тамыр... — деп, сүренлеп сөйледи.

---

[1]Дәрьяның аяғындағы елди солай атағын.



Жасы отызға жете қоймаған, тобатайлаў бойы бар, турқы майда, қалың еринли, жалпақ бет, сары шырайлы ҳаял төрге алаша таслап, Әжинияз бенен қол алысып, аманлық сорасты.

— Биз үйимизге келген мийманның өз дәстүрине қарай хызмет етемиз, —деп, — Ырысқул жаўқылдап сөйледи, — қарақалпақ пенен қарақалпақ, өзбек пенен өзбек боламыз. Сениң көзиңше ашық отырған менен жеңгеңниң пәренжеси жоқ емес. Көшеге шықса қаршығадай басына томағасын кийип алады.

Өйтпесек бизди Хийўада турғызбайды, иним!... «Шарийтты буздың!» —деп, гүнакәр етеди. Сизиң халықта қалай? Сизлерде дәстүр усындай ма, иним?

Әжинияз өзи есин билгели пәренжени тек Хийўада көрге-нин, қарақалпақ пенен қазақ журтындағы ҳаяллардың еркин ашық жүретуғынын айтып болған соң Ҳажы Махмудтың сәлем хатын төс қалтасынан шығарып берди. Ырысқул бираз үңилип толғанып, ойланып отырды.

— Бәрекелла!... Ой мүсәпир-ай!... жолы болып қалыпты. Сизиң халық Ҳажыға унап қалыпты, — деп Әжиниязға бир күлимсиреп қарады да, хаттың бир жерлеринен үзип-жулып оқып отырды. — «Бул қарақалпақ, ҳақ кеўил халық болады екен. Дәрўишти, диййўананы жатырқамайды. Қайыр сақаўат етеди. Ултының ким болыўына қарамастан мүсәпирлерди сыйлайды. Мен байларды айтып отырғаным жоқ. Олардың бәри де сүтхор. Қара пуқара халықлар, — Стамбул менен Мәкке-Мәдинаны айтпай-ақ Бәҳәўатдин әўлийеден киятырған ҳажыман десең айланып толғанады. Бул жаққа келип, ҳеш нәрседен кәўетерсиз жүретуғын болдым. Уйқым, отырысым тыныш, Қарақалпақлар да бул журтқа жақында посып келген екен. Қырым жағаларында, Едил бойларында, Түркстан далаларында отырған екен. Бул бурынғы ноғай деген халықтың урпағы. Кемтаршылықты, ашаршылықты көп көрген. Бирақ, мийнеткеш, қайсар ел екен. Өгиз арба менен Едилден келиў, — бул мәртлик. Пышық өте алмайтуғын ғырс тоғай, — қамысларды аўдарып, жер ашып жүр. Үлкен дегершик көшерге тас гүзелерди байлап, дәрьядан жапқа суў ағызып атыр. Буны «шығыр» дейди. Оған өгиз ат, ешек қосады. Гейде жалаңаш етине шапан кийген, мойын териси

пөстектей қара диййқанлар өгиз орнына шығырды өзлери-ақ айландырады. Кеше бир гедейди көрдим. Не деген аянышлы. Жаптағы қалған суўды қолы менен серпип ағызып тур!... Буны «қол сериппе» дейди екен. Қәйтесең... аянышлы. Бәринде көрип, билип, танысып атырман. Елге қайтып барғанша көрген ҳәдийселер ишиме сыймай, жолда төгилип қалмаса, болар еди. Ҳәзирше усы қолайлы. Саўа аўылда дем аламан, күш, ҳәрекет жыйнайман. Соннан соң қуда биледи... Маған хат жазсаң, усы балаға бер. Ол мени таныйтуғын адамларды таўып жибереди. Хош достым!...»

Ырысқул хат пенен алаң болып атырғанда Әжинияз Ырысқулдың аўызына тигилген киси болып, оның барлық пишин, бийнесин көз астынан кеўилине түйип алды.

Әжинияз еки нәрсеге хайран болып атыр.

Биринши, Ырысқул ҳәмелдар адам. Ханның жасаўылы. Сонша дәрежеси — мәртебеси бар адам, қаяқтағы бир қаңғыған диййўана менен қалай дос болып жүр?

Екинши, буның да шырайы Махмуд — Рийшадтың шырайына усайды. Әсиресе сақаллары менен көзлериниң усаслығы, — бир устаның қолынан шыққандай бир реңлес. Келбети, дәстүри де өзбеклерден өзгеше. Мәгер бул да түрк тұқымынан ба екен? ...Онда неге ҳажы хатты түркше жазбаған?... Әжинияз жолда киятырып ҳажының сәлем хатына қанша үңилсе де, бир де ҳәрибине түсине алмаған еди. Мына Ырысқул заўлатып оқып атыр... Әжинияз шыдай алмай:

— Ҳажы хатты қай тилде жазған? — деп сорады.

Ырысқул Әжинияздың бетине жалт қарап:

— Ҳажы жети елдиң тилин биледи. Бирақ, өзи түрк... мусылман деп әлле неге кәўетерленгендей, кепиллик айтты. Ол артық гәпке бармаса да, Әжинияз екеўиниң арасында әлле қандай бир жақынлық жумбақ сыр барлығын Ырысқулдың қас–қабағынан сезип қалды. Баланың сезип отырғанын бетине қарап Ырысқул да сезди. Бирақ, Әжинияздың дос я душпан екенин билмеген соң жасаўыл сыр шашпады. Ишинен кеңести:

...«Ҳажы Махмудтың пикирине қарағанда булар турақлы қайсар халық. Хан менен урысып, ханнан көп соққы жеп,



қоныстан қонысқа посқан халық. Айдос бий менен оның баласы Ырза — Төрениң көтерилисин өзи де көрди. Намыслы ҳадал халық... Дос тутыўға, ант ишисиўге турарлық адамлары бар».

Ырысқул усы ойда отырғанда Әжинияз жумбақ сырды қалай шешиў, кәйткенде бул кисиге жараныў ҳәм кеўилин табыў ҳаққында ойға батып отыр еди. Сол күни олар бир-бириниң ишки кеўил сарайына түсинисе алмай тарқасты...

Әжинияз буннан соң күн ара, гейде базар аралығында Ырысқулдың үйине келип-кетип турды.

Ырысқул да гүрриңшил адам екен. Әжинияз да қаты қулақ бала. Екеўи узақ сабақлы әңгимеге түсти. Ырысқул саўаш дәстанын, — қылышпаз нөкерлерди батыр сәрдарларды, мәрт найзагерлерди тәриплеп айтып, енди нәўбетти Әжиниязға береди. Оннан қарақалпақ тарийхының уңқыл-шуңқылын сорайды.

Бир күни Әжинияз Мамай бийдиң орыс патшалығына өтиў ушын Петербургқа өтиниш пенен барғанын ҳәм Абылхайырдың бул хабарды еситип, үлкен ләшкер менен елди шапқанын әңгиме етти.

Бул әңгимени Ырысқул уйып тыңлап, әжеп таң қалды. Бир ўақытта ол:

— Бийлериңиз енди орыс патшасына қосыламыз дегенди аўзына алмай ма? — деп, баланы барластырып сорады. Енди Әжинияз кәўетерленип, «алады я алмайды» деп, кесип айтыўға батылы бармады. Не деген менен ханға жаранып, мәртебе алған сарай адамы ғой. Хан жансызы болып халықты ўайран етсе кәйтесең?... Сонлықтан ол:

— Хан жибере ме? — деп, еки ушлы жуўап берди.

Ырысқул тунжырап ойға шүмип бираз отырғаннан соң:

— Аўа, үстинен ел кеткенин қайсы хан болса да, жақсы көре ме? — деп, гәпти туйық қалдырды. Бир-биринен сескенип, екеўи тағы тарқасты.

Елде жүргенде Хийўа шәҳәрин көриўге аҳыўзар болса да, көзи үйренип, көкирек басқан соң кем-кем түңиле баслады.

Хан сарайы жағына барса асылған менен шабылғанның, жүректи суўлататуғын хабары, көшеге шықса жетим менен

жесирдиң, гедей, қулдың муңлы ҳәсирети жүрегин шерге толтырды.

Елди сағынады. Ата-анасының алдында еркинсип жүрген кең жазық күнлерин күсейди. Отырса сақка жүгинип, турса қол қаўсырып, жүрсе мүнәйимсип, жырқ етип қабағын ашса, айып деп есаплайтуғын медиресениң суўпы тәбиятлы тәртиби кеше «Бозатаўда» желдей есип жүрген жас жигитке қалай аўыр тиймесин?! Гейде усыны ойлап: «жигит ағасы шағына жетпей-ақ иштен картайатуғын бодым-аў!» — деп, өкинеди. Иренжисе де, илаж жоқ. Медиресени таслап кетиўге жүреги даўамайды. Атаға берген ўәде бар. Устазынан алған пәтия бар. Оннан да аўыр, душпанларының «пәленшениң баласын медиреседен қуўып жиберипти. Оңбағаны сол» деген табасы, ызасы бар.

Ел қалды. Қатар-қурбы дос қалды. Бәринен де қымбатлы ышқы муҳаббаты жаңа уйып киятырған аяныш ли яр қалды.

Көшеге шықса, жарқ етип қыз көринсе, Ханзада кетип баратырғандай жигит изинен бир телмирип, тигилип қалады. Жети қабат көлдиң түпкиринен жигитти қуйындай көтерип, Хийўа шәҳәрине қайсы булт қолтығына қысып әкелип таслады екен? Еки жасты ҳә демей айралыққа салған қайсы тәғдир. Балалық па, ҳәсерлик пе, ойсызлық па? Жат жүрт зары, айралық сағынышы қабырғасына батқан сайын жигит ҳәўизге түскен балықтай кең өрисин күсеп, таўланады, толғанады, ойланады, қыйланады.

Сақка жүгинип, тунжырап отырып қәлемин қолына алды. Ишин кернеген ҳәсиретли дебдиўин қағазға төкти.

> «Хабарын сорайын дилдардың кимнен,
> Бир қус болып түссем ярдың қолына,
> Бүлбил болып барып гүлине қонып,
> Әлим ашып кирсем жәннет бағына...
> Пәрўаз етсем келмес шул ярым мыңда.
> Сабырым, тақатым қалмады тәнде.
> Мени йоқлап ол ҳәм шарлайур оңда,
> Ашық болып жүрмен ярдың дилинә...»

Әжинияз қосыққа берилип, өжиреге келген Сапармыратты билмей қалды. Көрсетиўге де, жасырыўға да уялды.



— Әжинияз молла не жазып отырсыз?—деп, Сапармырат жымыйып күлди. — Күлди қупыя хатың болмаса, мениен жасырмай-ақ қой.

Әжинияз қупыя болса да — Сапармыраттың кеўилине келер деп — қыпса сақлағысы келмеди. Оның үстине екеўи қурдас.

— Әй бир ермек ушын жазылып еди... — деп, Әжинияз киши пейилли мийзам менен қағазды Сапармыраттың алдына ысырды.

— Шайыр екенсиз ғой? — Сапармырат таңланып Әжиниязға жымыйып қарады. — Ышқы айралығы сизиң де басыңызда бар екен ғой.

— Бар ғой Сапармырат! — деп, жигит суўық демин алды. — Мениң муҳаббатым аўырлаў. Қыз сүйген менен әке-шешеси көнбейди.

— Усындай еки жастың, жүрегин зорлап айырыў бизде, түркменде де бар.

— Аўа, бұл азап инсан жаралғалы киятыр.

Әжинияз Сапармыратқа шағынып. Нигархан менен Ержанның дәстанын айтты.

— Ол қыз мениң апам, — деди Әжинияз. — Усы Хийўада сарайда жатыр. Мен тек медиресе ушын емес, Нигарханды излеп те шығып едим. Енди аўылдан атамды күтип отырман.

— Мен кете жақпан, Әжинияз! — деди, Сапармырат әлле немеге иренжип — оқырман, шыдарман деп едим. Мына хан Түркменлер менен ала көз болды. Бир қәҳәри келсе дарға тартар деп қорқаман.

Сапармыраттың кетемен дегинине Әжинияз иренжип еди, Ханды айтқан соң қарсы тура алмады.

— Аўа. Қорқыў керек. Атасы менен жаслы ҳәмелдарларын күнде асып, шаўып атырғанда сени аяр дейсең бе?

Сапармырат ойланып отырып:

— Егер қысқы жесеңиз, бизиң жаққа қашың. Пана боламыз. Түркменлерди инглизлер қоллап тур. Хан оларға бата алмайды — деди.

— Рахмет, достым, ағайиншылығыңызға! — деди, Әжинияз елжиреп сөйлеп, — бий менен бай еки елде де бар. Жаңағы

айтқанымдай еки елде де ашықларға зорлық ететуғын солар. Сизиң елдиң де, бизиң елдиң де әзизлери солардың таяғын жейди. Өзим болсам келешек ығбалымнан көрермен. Ал мына Ержан менен Нигарханды азат ете қойсақ, олар сизиң жақта паналамаса, басқа илаж жоқ, шығар. Жасы үлкенлер келе берсин ойласып көрермиз...

Олардың үстине ережеп кирип келди.

Әжинияз жалт қарап, орнынан өрре турды да, Ережепке орын усынды.

— Жоқ, отырмайман, — деди ол. — Мен саған келдим. Аўылдан адамлар келди.

— Атам ба?

— Атаң да, ағаң да бар.

Рас айтасаң ба?

— Қусбегиниң алдында да жалған сөйлеп көргеним жоқ.

Әжинияз мыйығын тартты.

— Айтса, Ереке, кимлер?

— Есенгелди, Өтепберген, Таўмурат, Пирим... оннан соң Қоңыраттан бир-еки адам бар. Танымайман. Жүр, кәне, Есенгелди шақырып атыр.

Ережеп Әжиниязды ертип далаға шықты.

## ОТЫЗ ЖЕТИНШИ БАП

### 1

Медиресениң төңкерген тақыядай, пәтигине түргелсең төбең тийетуғын тар хәм пәс өжиресинде төрт молла жатады. Асханасы да, жатар орны да, дем алатуғын дәлизи де усы бир өжире. Ошаққа жанған оттың, тас шыраның дүти мурыннан кирип, өкпеге атлығады.

Өлимсиреп жанған шыраның алдында саққа жүгинип Әжинияз жалғыздан-жалғыз отыр. Ханзададан келген хат еди дизесиниң үстинде.

Жигиттиң нәзери пәс. Ойға шүмип отыр. Қарсы алдында турған қағаздан бир ели көзин жазбайды. Сөйлеседи, сырласады, мұңласады.



...«Сүйиклим Әжинияз! Саў-саламат жүрсең бе? Бул жақтағы ел-елатың тегис аман. Кеше бир суўық хабар еситип, Нәбийра апама бардым. Сәлем хат жазып бер дедим. Мен айтып отырдым. Ол жазып отырды. Оқып атырған адамды алағада қылмаўым керек еди. Илаж болмады. «Неге ўақтында хабар етпедиң?» деп, маған өкпелеўиң мүмкин. Сонлықтан еситкен, сезген хабарды ашық жазып отырман. Усылай болады деп мен де ойлағын жоқ едим. Сени де гүнәкар етиўге көкирегим бармайды. Егер, Хийўаға кетер де өзиң усылай тапсырған болсаң, онда билмедим... Пәнт жеген биз-ақ боламыз дә! Бул дүньядан жылап өткен көп қызлардың мен де бири боларман... Егер арадағы душпанлардың бузыўы болса, онда тағы маған аңсат түскен жоқ. Ҳәзир гүналы мен болып атырман. Үйдиң иши екеўара урыс. Бәриниң көзиниң аласы менде «Тыныш отымыздың басын былғады», деп, бәри мени душпан көретуғын болды. Оған мен хеш өкинип отырғаным жоқ. Усы саўданың боларын қашшан–ақ билгенмен. Бир сениң кеўилиң ушын өлим базарына басымды тиккенмен. Өзим басладым, енди аўыр азабын да өзим көтеремен. Сонлықтан бул саўда да қабарсам да, қайыссам да, мәрт болсам да, өрт болсам да, кисиден көрип, кисини гүнакәр етпеймен. Тек душпаным алыста болмай, өз үйимнен табылғанына ғана қапа боламан. Хош, енди төкетерин айтайын. Кеше апам шақырып алып:

— Ана, «сақыў»дың Хийўадағы баласы менен ыржаңласқанды қой енди! Жалғыз сиңлиң Палзада менен жигитке таласыўға уялмайсыз ба? Қандай көргенсиз болып шықтың. Жүрегиң жарылса да айтайын, сен Досымның келинисең. Қурбанәлийдиң қалыңлығысаң. Соның менен бол. Қосыбайдың баласына Палзаданы атастырып қойдық. Жақында келип қуда түсип кетти. Бул — мениң емес, аталарыңның хүкими. Олар, сен түўе, мени сатып жиберсе де, қолынан айырып алатуғын хеш ким жоқ. Енди руқсатсыз, жыңқ етип дыбысың шықпасын. Баў-шуўың менен көрпе-төсегиң питкенше бир еки жыл үйде қыз болып отырсын деп қойыппан. Егер өшегисетуғын болсаң, арбаға байлатып, Досымның үйине апарып таслатаман! — деди.

Бул сөз маған көктен түскен жасындай болып тийди. Не жуўап айтыўым мүмкин! Палзаданы араға қоспаса, онда бир сәри еди. Жылап–сықлап өтиниш етер едим. Алдыма өткелсиз ушпа таўды кесе тартты. «Қәне асылып шығып көрсин!» деп, артыма қамал салды. Сиңлиси менен таласыўға уялар!» деп кимде болса, биреўдиң тапқан ҳийлеси. «Қудай шебер ме, қурқылдай шебер ме?» деген усы екен... Жоқ. Қанша ҳийле етсе де, қанша қамал салса да, Досымның баласы Қурбаналийдиң отын жақпайман. Сени Палзадаға көндирсе де, мен Қурбаналийге көнбеймен. Нашар болсам да, айтқан лебизимнен, берген антымнан шығысаман. Азап көрип узақ жасағаннан «рәҳәт көрип» қысқа өмир-ақ сүремен. Мениң сеннен бир тилегим: мени сарсылдырмай кеўилиң кимде екенин ашық айтып жибер, жан аға! Егер арашалаўға күшиң жетпесе, — мен оллаўий өкпелемеймен, — онда жағдайыңды айт!... Өлимнен басқаның ертеси жақсы... Тағы өтинемен! Мениң жүрегимди жаралама! Ҳалың келмесе, я айнысаң, мени әўере етпе! Мен муңлы нашарман. Жаслық ҳәсери болмасын. Атаң я анаң қарсы болса да, тартынбай ашығын айт! Мен ушын отқа түсиўге жүрексинсең де ҳақ кеўилиңди сездир! Мен кеширейин! Сен жылама, мен жылайын!... Усыны өтинип, дуўай-дуўай сәлем жоллаўшы, муңлы сәўдигиң —Ханзада».

Ержанның қарындасын да есигине түсире алмағанына ел-журттан уялып, Халмурат бай менен баласы Сабырбай қара болып қалып еди.

Қудияр Хийўаға барып, тапсырған хызметин орнына отырғызғанына, жасаўылларды ертип келгенине ҳәм бийликти алып бергенине Халмураттың төбеси көкке жетсе, енди «елден сайлап қыз аламан!» — деп, Сабырдың көзи айға тигилди.

Сабырбай ағасы менен ойласыўға Қудиярдың үйине келип, аттан түсти.

Қудиярдың үйи Мәдеминниң үйи менен сыбайлас тигилген киши отаў еди.

Қудияр Қурбаналий менен әңгимелесип отыр екен. Қурбаналий Сабырбайдан сақланған жоқ, әңгимесин соза берди.



— Сөйтип, сол отырыспадан шыққан соң ағама Қосыбайдың баласының берген қорлығын айттым. Ағам дым үндемей атын ертледи де кетти. Ертеңине апамнан сорасам, Әжинияздың әкесин Халмурат атамның алдына шақыртып, азабын берипти. Әжинияз соның ушын елден кеткен усайды. Әкеси, урып, сөгип Хийўаға қуўып жиберипти.

Қудияр ғарқылдап күлди.

— Отырыспаның көл жерине барған екен. Енди ханның қызларына чәйнек айдар. Пай бапладық-ә! Турым сақаўдан да кек алғанымыз жоқ па? Ерназарын зинданға бастық. Ағайини Қулымбеттен бийликти алдық. Өзин белдарға қуўдық. Усының бәри мына дәкеңниң ғайраты, инилерим. Әкел қолыңды! — Қудияр Қурбаналийдиң қолына шаппатын сарт еткизип урды. — Қәне, не дейсиз?

— Рахмет, аға!

— Рахмет алдында еле... — деп Қудияр аўзын жасапатырған ўақытта есиктен биреў кирип келип:

— Қудияр аға, сени бий атам шақырып атыр! — деди.

Қәне, балалар, әңгимени соң сөйлесермиз. Мен бий ағама барып келейин. Не хызмет буйырар екен. Сизлер «төрт асық» ойнай турың! — деп Қудияр орнынан турып, сары шекпенин желбигей жамылып, басына қурашын кийди.

... Қудияр Халмурат бийдиң отаўына кирди.

Келен ағаштай еки бүкленген қара кемпир, бийдиң аяғын қысып отыр екен. Бий өңменин көтерип, Қудияр менен сәлемлесип, оң жапсардан орын берди.

— Қудиярҗан мәсписең? — деди бий басын былғап.

— Қудайға шүкир!... Ҳәзир хеш нәрсеге мүтәж емеспиз.

— Ал енди бир ойласық бар, бала! — деди Халмурат көзин сүзип, — мына Қосыбай баласына Мәдеминниң бир қызын сорайды. Буған не дейсең?

Қудияр шоршып кетти.

— Қайсы қызын?

— Әй билмеймен. Ол да, мен де еле ашылысқанымыз жоқ. Ойласайық деп қалдым.

— Қашан келди?

— Кеше, қасында Өтепберген бай бар.

— Хе, енди бизден қыз алатуғын болды ма?

— Аўа ... Қуўып жиберейин деп едим. Тағы бир ой пайда болды. маған ол пәнт берип еди... мен де пәнтине пәнт берип өшимди алсам қәйтеди деймен.

Халмурат ойланып қалды.

— Бизге ол «сақыў»лар бир мәртебе емес, еки мәртебе пәнт берди. Қайыптың қызын да. Ержанның — қарындасында қашырып, саған еки пәнт берди.. Сениң балаңның еки мәртебе абыройын төкти. Оның баласы сениң балаңнан қалай? Сениң балаң қайта байдың, бийдиң баласы... Сен мақул дей бер. Өзим бул жағынан қыйқашын келтиремен.

— Сол ғой, ойласық дегеним!... — Халмурат бий қуўжыңлап, ақыл тапқан инисине тағы бир мәртебе рийза болды. — Онда, Мәдеминге де, келинге де айтарсаң. Шоршынып жүрмесин. Түсиндирип айтарсаң. Бирден қол үздирип жибермей, узын арқан менен босатып, кең тусаў менен қайыра берсин.

Халмурат ғарқылдап күлди. Қара кемпир өңменин көтерди.

— Досым өкпелеп жүрмесин!

— Кишисин! — деди Халмурат.

— Ол кележақ емес еди-аў, — деди Қудияр бийге қарап, — баласы қоймаған соң келген шығар. Баяғы бир отырыспада баласы бизиң Ханзаданы көрип, ықласы қаўып қалып еди. Енди ол қызды Қарақулдың үй жағына жибермеў керек. Ол аўылда, ана Қәлменниң ҳаялы қусаған, әзәзүл қатынлар бар.

— Ол бала бул күнде Хийўада емес пе? — деди бийдиң бәйбишеси.

— Хийўада ғой...

— Ал гәп сол! — деди Халмурат. — Енди өзиң басқара бер.

— Жақсы, аға! — деп, Қудияр үйден суўырылып шықты.

## 2

Әжинияз өрели таңды кирпик қақпай уйқысыз өткерди. Тоқсан түрли толғанып, жүз түрли таўланды... «Елдеги күншил



өшпенли душпанлардың тутандырған оты ғой! — деди өз-өзи менен сөйлесип: Қуда түсиң деп, кетерде анама айтпаўым керек екен... Душпанлар атамды қолға түсирди ме екен?»

Жигит таң намазын оқып болып, Таўмуратты излеп кетти:

Таўмураттың өзи де қупыя сөйлесиў ушын күтип отыр екен. Әжиниязды көрип, қалтасынан атасы Қосыбайдың жазған хатын шығарып берди. Әжинияздың нәзериниң суўық екенин көрип, «еситип қойды ма?!» деп Таўмурат та Әжинияз бенен қосыла тунжырап, қосыла муңайды.

Әжинияз бул хатты ежелеп емес, заўлатып оқыды.

Қосыбай үйи ишиниң ҳәм аўыл-елдиң аманлығын айтып болып, баласына төмендеги арзыў аўҳалын жазыпты: «Халмурат бай менен арамыздағы даў жаңа басылып киятырғанда, балам тағы бир даўды жаңартқаның не? Енди Досым менен жаўласатуғын болдық па? Даўдан даўға түсе бериўге мениң жас ўақтым емес, ал бес ўақыт намазымды оқып, ийманымды тилеп отыратуғын мәҳәлим. Биреўдиң пәтия оқысқан некели келининен басқа нашар табылмай ма саған? Питиўажа исти бузған анаў Ержанның изи не болды?!... Есиң бар еди ғой. Даў-жәнжел шықса, «ишинде Қосыбайдың да баласы бар!» деген насақтан қулағым тыныш болсын деп, медиресеге жиберип едим. Сен меннен де сумлықты асырып, мени отқа салып кеткен екенсең!... Ержан атасыз болсын. Сен ата тәрбиясын көрдиң ғой! Ата перзентке қонақ емес пе? Ендиги қалған бес-алты күн өмирдиң ишинде анаң менен мениң аядай кеўлиме жара салсаң, қарғыстан басқа айтарымыз жоқ... Үйленгиң келсе маған неге сездирмейсең. Көпирден өтерде үлкен түйе таяқты көп жейди ғой. Еле де кеширдим. Мәдемин менен қуда болдым. Киши қызын ал! Оған көнбесең, атаң Қосыбайды бүгиннен баслап қолына ҳасасын алып дийўана болып кетти деп есаплай бер.

Хош, саў бол! Илим өнерден басқаға алаң болма. Таўмуратты усы сәлемнама ушын әдейи жибердим».

*Меҳрибан атаң Қосыбай.*

Бағана биреў болса, енди жигиттиң белине еки жүк минди. Анаў-мынаў қағып салатуғын емес, қара зил, аўыр жүк. Усы жүкти арқалап, Әжинияз делбедей теңселип, көшеге шықты.

Есенгелди баяғы бий хәмелдар болған ўақыттағы ярдосларын таўып, солар арқалы Ерназарға жолығыўға руқсат алыпты. Енди Ерназар жатқан зинданға кетейин деп атыр екен. Әжинияз да соларға қосыла кетти.

Қыйыншылыққа муңаймаған, ыза-қайғыға қайыспаған батыр тұқымының мәртлигинен бе я тәбият айрықша соқты ма, «жүдеп болдырған шығар!» деп, барған адамлар Ерназардың турқын хәм ажарын көрип бир-бирине қарасты.

Етейип, жаўырыны гүжирейип, мойын ети еки қулағына теңлесипти. Буўра сан, нар белли, көкиреги қапыдай, ири жигит аўдаңлап келди. Зиндан хәкиминиң өзи де шығарып болып, сескенип турма, бетине жалт-жалт қарай берди.

Көмешине келген сөзди қайтармай айтып салатуғын, Ережеп, Ерназарды көриўден қуўжыңлай қалды.

— Ханның зинданында жатып дәў жигит болып кетипсең ғой!

Ережептиң дәлкегине Ерназар:

— Хә ханның тойына бизлер де таярланып атырмыз. Зиндандағылар да бир елдиң адамынан аз емес, — деп мыйығын тартты. Даўысында ғайратлы ердиң сестиндей ири шығады.

Есенгелди хал-жағдай сөйлести. Зинданда жатырған адамлар Ерназарға: «Ханның усы тойында гүреске шық. Алла оңғарса, абырай аларсаң! Абырай алсаң, хан бенделерине кеширим береди...» деп, бар тапқанын усының аўызына салады екен. Ерназардың зинданда тарықпағаны сол екен...

Патшалықтың дәстүри бойынша той берген хан сарайға күшли палўанларды, шапқыр атларды, урыспаз бөдене, қошқарларды бир жыл бурын алдырып, қол-аяғына шынжыр, қулағына сырға илдирип, ақ ордада бағып отырады. Мереке күни хан палўаны жықпаса — гүрес, ханның аты байрақтан келмесе — шабандоз ойыны басланбайды. Ханның бөденеси менен хан қошқары үстем болмаса да той-тамаша бузылады, усылардың биреўи қара пуқарадан жеңилип қалса, хан қапа



болады. Хан иренжисе той-мереке азалы жыйынға айналады. Онда қараға кәдик!

Усыны бурыннан билетуғын Есенгелди Ерназардың гүресемен деген сөзин хош көрмеди.

— Сөйт! Ерекең бир абырай ала ғойса... гүрес! — деп, аўзын жасқап киятырған Ережепке Есенгелди көзин алартып, жекиринип жиберди.

— Қойсаңа! Майырылып қаласаң!... Ақ ордада бир жыл майсөк жеген ханның қоңыраўлы палўаны менен жер төледе жатырған сен теңбисең? Онысызда, әлхәмдулилла, қутқарып алармыз! Сениң жолыңа, дүнья керек болса, — шашаман, балам! Жата бер. Ханға арзыға өзим барарман! — деп Ерназар менен хошласып қайтты.

Жолда киятырып Есенгелди:

— Бүгин я ертең бир ойласып, кеңесип алайық балалар, аўлағырақ кимниң үйи бар екен? — деди.

Әжинияз Есенгелдиге Ырысқул менен танысқанын айтып, оның хан алдындағы беделин, хаслы хатын, киши пейил, адамгершилигин әңгиме етти.

— Химм!... деп ғарры ойланып қалды, — мен де еситип едим. Бийнеси қандай?

Әжинияз мүшесиниң бәрин сыпатлап, үй-ишиндеги дәстүр қылўасын айтты.

— Сол, сол, сол балам. Оның хаслы орысият болыў керек. Аллақул ханға түркменлер әкеп берген. Орыс нөкерине басшы болған үлкен бир сәрдардың баласы екен. Әкеси урыста өледи. Бул баланы қолға түсиреди. Келгенде он үш-он төрт жасар бала деп еди. Мен өлтирип таслаған шығар деп едим. Аллақул сум хан еди. Әлле қәйтип орыс журтты алыўға келсе, «Сизлердиң тұқымыңызды мен сақладым. Бухара әмири орысты жек көрсе, мен зийнет еттим!» деп айтажақ болып сақлаған екен ғой... Ислам динине енген шығар!

— Намаз, руўзасы бәри дүзиў.

— Онда хәзир сен барып сөйлес. Қабыл етсе, кеште мийман болайық. Ақыл, кеңес сорайық!

# ОТЫЗ СЕГИЗИНШИ БАП

## 1

Намазлыгерде Ырысқулдың үйинде қарақалпақ кәткударларының кеңеси басланды. Бул кеңеске Ержанды да алдырды.

Есенгелди саўдыраған ашық пейил кәткуда емес пе? Оның үстине талай келип, неше ҳәмелдар менен табақлас, мерекелес болған шешен адам. Келиўден Ырысқулды «хызмет етейин» — деген сыпайылығына жибермей, қапталына отырғызды да:

— Биз қарақалпақ деген халық боламыз. Қарақалпақ деўдиң мәниси... деп, тарийх шежиреге түсип кетти. Кавказды жайлап, Каспий жағалары менен Едил, Жайық бойларына көшти. Жунгарлар менен урысып, оннан Абылқайыр ханның қоластына барды. Усы жерде Оразбай батыр, Қарамерген, Убегей Султанларды отыз мың шаңырақ атынан, оннан кейин Маман бийди он еки мың шаңырақ атынан, Петерборға апарып, ант бергизди. Халықтың бул әрманының бәржай болмаў себеплерин түсиндирип, енди елди, Қоқанд ханлығына өткерди. Бул ханның да зулым болғанын, Асандай бийлериниң дарға асылғанын әңгиме етип, Амангелди батырдың ханның геллесин алып, елди Хорезмге әкелгенин майдалап гүрриң етти...

... Берги тарийхында айта берейин бе я мына бала айтып берди ме? — деп Есенгелди Әжинийзды көрсетти.

Уйып тыңлап қалған Ырысқул әңгиме питкен ўақытта ғана қабағын көтерди. Анаў күни усы әңгимени Әжинияз айтқанда, баласынып, онша исениңкиреген жоқ еди. Мына шешен ғарры әңгимениң ҳәр қашырымын услап бергендей қылып айтқан соң кеўили қаўып қалды.

— Бержағын айтты. Сонда да айта бериң! — деп Ырысқул ықласын сездирди.

— Жоқ. Айтылған гәп болса, онда қайталамаймыз. Биздеги дәстүр солай, — деп жымыйды ғарры. — Сондай ағайин, биз жаман ханнан қашыўға, жақсы ханды излеўге шаршамаймыз. Хийўа хорлап ақырет берсе, Хорезмди де таслап кете беремиз. Сизден ақыл сораўға келдик. Қәне әўели өз исми затыңды айт?



Ырысқул атасындай адамның алдында жалған сөйлеўди әдепсизлик көрди. Ол анаў күни Әжинияз бенен гүррińлескеннен бери жатса-турса ойланып: «Ханның гүман еткениндей Хийўаға қарағанда орыс патшалығын тез қабыл алатуғын халық усайды. Буларға силтеў беретуғын адам болса өзлериақ астыртын ўәкиллик жиберип, орыс патшасы алдында ант бериўи мүмкин. Ал егер бул журт орыс қол астына өтсе, мениң де елимди табыўыма аңсат болар еди» деген пикирде еди. Есенгелдини көрген соң бул үмити қайтадан қозды.»

Ырысқул жайдары минез бенен бар сырын ортаға салды.

— Хийўаның бурынғы бийлериниң бири болсаң, мениң бул журтқа қалай келгенимди еситкен шығарсаң? Еситсең есит. Мен орыстан дөредим. Бирақ, ҳәзир әлҳамдулла, мусулманман. Ал бул журтқа қалай келдиң дейсең ғой, ол ўақытта мен он еки жасар бала едим. Бизлер татарлар менен сыбайлас отыратуғын едик. Еки аўыл бир-бирине жаў еди. Бир күни түнде әкем менен аўылға киятыр едим. Алдымыздан онлаған атлы татарлар шыға келди де «рус, рус»—деп, бизлерге тәп қойды. Соннан соңғы ҳәдийсени билмеймен. Есимди жыйнасам бир татардың қорасында жатыр екенмен. Әкемди не қылғанын билмеймен. Онлаған күннен соң ол жерден қашып кеттим. Бирақ, тағдир мени түркменлердиң қолына тапсырды. Түркменлер услап алып, «татар, татар» деди де Хийўаға тапсырды. Хан мени қайтадан соқты, — деп жыймыйды да:

— Мениң атамның қойған аты Димитрий, ал әке-бабамның аты Постанов еди... — деди, — мында келген соң «орыс қул» атандым. Бирақ, көп узамай мени мусулман динине ендирди. Соннан кейин Аллақул хан халыққа: «бунның аты енди Ырысқул болсын!» — деп, ҳүким берди. Соннан бери Ырысқулман... — деп гәпти туўарды ҳәм әлле елаты есине түстиме, бирден тунжырап төмен қарады.

Есенгелди қалың қабағын көтерип, Ырысқулдың ақ кеўилин ашқанына шулығып отыр еди, бир ўақытта оның муңайғанын көрип, ол да қосыла қабарды. Әллен ўақыттан кейин ғарры басын көтерип, Ырысқулға тәселле айтты:

— Қабарма! Кемликтиң кәмалы болар, шырағым! Ата-ененди табарсаң... Сениң ким екениңди өз аўзыңнан еситиўге қумар едик. Жаңа ҳағынан келдиң. Сени бенде етип елге әкелгенде мен де Хийўада бар едим. Бирақ, сени еле тири деп ойлаған жоқ едим... Сеннен өзге бизиң бул Хийўада досымыз жоқ. Кәне, орыс патшасының көши қайда, жолы қайда? Силтеўин бер? Биз Хийўадан түңилдик...

Ырысқул көз астынан ғарры ҳәм оның қосшыларын сынап шықты. Кәўетерли аўыр иске бәриде белсенип отыр. Бет ажарларында гүманлы я тайсалақлаған хеш бир белги жоқ. Ырысқул ишинен:

... «Усындай ашынған халық Петерборға барады!» деди де, қабағы бирден жадырып ашылды.

— Бий ата! Айтқаныңыз орынлы. Мен өзимниң ҳаслыма тартқаным емес. Орыстай уллы патшаның қоластына сизлер түўе Хийўа ханлығы өтсе де зыян таппас еди. Оны мына ақылсыз Қутлымурат хан биле ме? Жүз жыллығы түўе, жүз күнлигин ойлай ма? Мына түркменлердиң үстинен Англия патшасының, қазақ жаласының үстинен орыс патшасының әскерлери киятыр. Екеўи де Самарқанд, Бухара, Хийўаға таласып киятыр. Топ атылып, талайлардың қаны көз жасы төгилейин деп тур. Екеўи де уллы, күшли патшалық. Оларға Бухара Әмири де төтепки бере алмайды. Сонлықтан халықтың гүнасыз қанын төккизбей, ертерек сөйлесиў жүргизиў ақыллылық болар еди. Орыс патшалығына қосылыў бабаларымыздың бурыннан әрманы болса, соған әйне ат жоллайтуғын мезгил келип тур... Дағдырып турған халық екенсиз. Халық ушын айтайын. Бирақ, аўызға бек болың!

— Мен кәрўанлардан орыслардың атланысының бағытын билип турыппан. Былтыр олар Оренбордан қураллы ләшкер жиберип, Қоқан ханлығынан «Ақ мешитти» тартып алды. Быйыл сол жерде «Қызыл орда» деген қорған салып атыр. Жақында Қазалыны да алған усайды. Бизиң жаққа отрядын, Оренбордан «Ай бүйир» теңизи арқалы Қоңырат үстинен жиберетуғын ойы бар усайды. Бирақ, қашан екени белгисиз...



Енди Хийўаның жағдайын сорасаңыз. Хан сарайы әзизлеп тур. Бир жылда еки ханның басын жутты. Мына Қутлымурат бала хан да усы тойдан кейин узаққа бармас. Хан сарайы парахор менен уры ғәззаптың ордасына айланды. Ҳәрекет еткениңиз бөтен емес, ағайин! Бирақ, айдалада отырып, қырылып қаларсыз. Қорған салдырып, қурал-жарақ сазлап отырың. Орыслардан жәрдем келгенше хан топыла қалса қорғанып турыўға жақсы болады. Мениң кеңесим сол!»... — деди Ырысқул.

Бул кеңести үлкен-киши кәтқудалардың бәри да мақул тапты. Буннан соң Ержанның тәғдирин ойласты. Хан сарайындағы шоры қызды қалай азат етиў керек?... Ырысқул әдеўир ойланып отырып, буған ақыл тапты.

— Пара менен шығарыўға көп тилլә керек. Ҳәзир сарайда елден келген елиў қыз бар. Оларды хан қул етип сатажақ. Бир ғана жол, қызды алып, Ержан қашыўы керек. Арқыраған еки ат таяр болсын! Қызды сарайдан шығырап бериўге, тәўекел мен көмеклесейин!...

— Рәхмет аға! — деп Ержан Ырысқулға елжиреп қарады,— қыз қолыма тийсе болғаны!...

— Көтер қолыңды! — деп Есенгелди Ырысқулға пәтия берди, — өркениң өссин. Кемлик көрме!... Сен бир ғайыптан табылған бизге дәўлет болдың. Кел қушақласып дос болайық!... — Ғарры орнынан қозғала бергенде Ырысқул ушын турып, Есенгелдини қолтығынан көтерип, баўырына қысты.

Есенгелди Ержанға қарап:

— Ат жағынан ғам жеме, балам!—деди меннен бир ат. Өтепбергеннен бир ат ал. Ер мойнында қыл арқан шиaccording мейди. Өлсем, дуға етерсең!...

— Жоқ. Сиз өлмең!... Елатқа сиздей адам керек!... — деп Ырысқул басын шайқады.

— Ҳәй, биз енди төбениң басына шығып қарап отырсақ болғаны ғой. Ендиги бийлик мыналардики ғой!, — деп Әжинияз бенен Пиримди көрсетти.

Таўықтың екинши шақырымы болған ўақытта қонақлар көзгир алыў ушын гәпти туўарды.

## ОТЫЗ ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

### 1

Есенгелди азанда арыз айтыў ушын сарайға кетти.

Арыз айтатуғын өжиреде кишкене бир тесик бар. Усы өжиреде нәўбет күткен адамлар отыр. Бир ғаррының нәўбети келип еди, тесиктен ишке телмирип, «Тақсыр, арзым бар!» — деди. Жуўап болмаған соң, ғарры артқы өкшеси менен бес-алты адым кейин шегинип барып, тағы сол тесикке қол қаўсырып жүгинип келди.

— Тақсыр арзым бар! — Иштен тағы саза болмады. Ғарры бийшара өлимге мойынсынған кисидей сылқ етип отыра қалды да, тағы жан айбат пенен ақырғы мәртебе арызханаға умтылды. Үшинши келгенде ғана «айт!» деген даўыс шықты.

Нәўбет Есенгелдиге келди. Ол да үш мәртебе куллық етип руқсат сорап, ақырғысында, «айт!» деген сести еситти.

Басына тажы, үстине ғайры нағышлы, зерли жипек шапанларды қат-қат етип кийген жас жигит алтын гүмис пенен аралас қуйған тахтың үстинде қуўыршақтай болып отыр екен.

— Тақсыр! — деди, Есенгелди саққа жүгинип, ханға тигилип турып. —Заманында: «Есенгелди келди, — нар келди, олжа менен мал келди!» атанған бий едим. Сизден өзге бес ханды көрдим. Атаң Рехимкул ҳәзирети ханның сарқытын жедим. Қартайған соң бийликти жигитлерге берип едим, кимиси даўдан өлди, кимиси жаўдан өлди. Ҳәзирети хан атаң «қарақалпақтан закаттан басқа салғырт алынбасын!» — деп, дәрьяның аяғында балық жеп отырған елди жарылқап еди. Халық раўаж еди. Былтыр Муҳаммед Нәзир қусбегиңиз барып, «мен хан болдым» деп аўылдың ортасына дар орнатты. Халыққа бес жүз белдар, бес жүз нөкер, еки мың тилла салық салып, бий менен бөлисип алды. Бул бир арзым тақсыр! Екинши арзым: атаң араллы өзбек, сениң де ҳаслың Қоңырат еди. Елге барған қусбеги Ҳәким Нәзир «Көзиниң ети өскен екен Қоңырат» деп, мени сөкти.

— Қоңыратты сөккени, ханды сөккени! — деп, ақлығым Ерназарға бир шаппат урғыздым. Соны кек тутып, Хийўаға



әкелип зинданға салды. Екинши арзым: ақлығымды азат ет! — деп келдим.

Хан ақылгөй, кеңесгөйлерине қарап, жымыйып күлди де, «жаллат!» деп сүренледи. Жалақлаған жаллатларға:

— Ҳәким Нәзирдиң үй-мүлки қазынаға алынсын! Өзи зинданға салынсын! Ғарры бийдиң ақлығы азат етилсин! — деп Есенгелдиге қарап: —Бийликти аласыз ба? деди.

Есенгелди орнынан турып, куллық етти:

—Тақсыр, арзым бар! Атаңман деп келип едим, сыйладың. Қартайдым, хан балам!... Рәхмет... Елди жаслар бийлесин!...

Есенгелди аяғын дик-дик басып, сарайдан жуўыра шықты. Есенгелди хан алдынан шыға сала Турымды қуўантты. Ерназарды зинданнан азат еткенин айтты. Ертеңине Есенгелди ханның: «Таллық пуқарасы Ерназар азат болсын!» деген хатын алып, Ырысқулдың үйинде жатып алды.

Ҳәр күни кеште Таллық жигитлери Ырысқулдың үйине келип, мәсләҳәт өткереди. Бир күни усындай ойласықтың үстине Пирим Муҳаммед фананы ертип келди.

— Бул ким? — деди Ырысқул аманлық сорасып болған-соң Есенгелдиден.

Муҳаммед фана да «Қоңырат» жигитлери менен Хийўадағы тойға келген еди. Муҳаммед «Араллы» деген аўылының кәтқудасы еди. Қоңыраттан Хийўаға бирге келип, сыр-сыпатына қанық болған Есенгелди оны да бүгинги ойласыққа тартқан еди.

— Бул жигит, — деди Есенгелди, — қоңыратлы Төремурат бийдиң жийени Муҳаммед фана деген... Фана —руўы.

... Төремурат ол күнде Қоңыраттың беделли бийи еди. Бир күни Аллақул хан Қоңыратқа қонаққа келипти. Төремурат суўпы ханды өзге түсли аўқат пенен сыйлаў ушын «Қанлы көлге» бес отаў тиктирип, айкулақлы сазанның бел кеспесин астырыпты. «Қанлы көл» атаныўы, — көлге қаза салған адамның талабы талабы оралып, қолы қанлы болған екен. Көлдиң жылдан-жылға лақабы жайылып, етеги толған ел болыпты. Қубласы жазық кең дала, арқасы самал тартқан «Айбүйир» теңиз.

Жаздың тамызық ыссы күни алты қанат, алпыс баслы ақ орданың артқы шийин түргизип таслап, төрде теңиздиң салқын хәўирине төсин керип, рәхәтте жатырған хан Төремурат бийге қарап:

— Усы жерден ханның қорғанын салдырайық. Елди көширейик! — депти. Ондағы ойы ең дәслеп бул жердиң төрт байлығына, — балығы менен саўынына, егини менен қаўынына қызықса, сум ханның тағы билмеси барма, орыслар усы жақтан келеме деген кәўетери де бар екен.

Төремуратта сезе қойыпты.

— Ел менен кеңесейик! — деп азғана мәўлет алып, шығып кетипти де, қайта келип:

Тақсыр, ел қылмайды. Түркстаннан көшип келген жылы теңиз тасып, бес мың алтын бесикли бала суўға кетип еди. Халық сол бес мың алтын бесик пенен бес мың алтын айдарлы баланың қунын алмай бул жерден кетпеймиз, деп ант еткен екен! — депти.

Хан қәхәрленип, сол жерден ғырра қайтыпты да, Төремурат пенен қас болыпты. Төремурат та ханнан қайтпады. Бегис пенен Мыржыққа басшы болып, Ханға қарсы урысты... Бирақ, Қоңыраттың хәзирги бийи Қутлыбек Төремурат пенен баласы Меңли қасқаны ханға услап берди. Мына Мухаммед фана сол Төремураттың қызынан туўылған ақлығы.

Фана жетим болып өссе де, кәтқуда жигит болды. Хийўада буның да дайыларының қуны бар!» — деп, Есенгелди гәпти питирди.

Әжинияз Фананың бул ойласыққа келгенин күтә мақул көрди.

— Ал жигитлер! — деди Мухаммед. — Жаңа мына Пиримнен бир ойласық кеңестиң ушлығын еситтим. Түби қайырлы болсын! Сол ойласыққа бизлер де қосылсақ деп келдик.

— Бизлериң ким? — деди, Әжинияз сақланып.

— Бизлер дегеним... Қоңыраттың жигитлери. Жақында онлаған жигит болып, бизлер де бир ойласық өткердик. Мына ханның азабы өтип тур. Қутлыбек бий болса, ханға жаманлап



мениң дайыларымның бәрин өлтирди. Солардан қалған бир туяқпан. Өшлиден өшин алалмастай намыссыз емеспен. Қандарым, қанхорым Қутлыбек төбемде қамшы ойнатып жүр. Ханымды, кегимди алмасам, Төремурат төрениң ақлығы болғанымның пайдасы не?!... Қоңыратты Хийўадан бөлип алып, бизлер де бир жағына тайына жақпыз. Қәне күшти қосайық. Есенгелди ата! Буған не дейсиз?

Әжинияз сам-саз болып, Есенгелдиге қарады.

— Фана бир арысты көтерип жүрсе кәнекей! — деди ғарры шулғып.

— Сонда... — деди, Әжинияз Фананың бетине тигилип турып, — қай жаққа қосылыўды мақул таптыңыз?

— Инглич, (англичан) түркмен жағына...

— Инглич! — деп, Әжинияз суп-сур болып кетти. — Биз «ингличке» бармаймыз. Инглизиңди танымаймыз. Ата-бабамыздың бурыннан әрманы орыс журты...

— Фана көптиң қатыўланғанын көрип, бирден барымға келди.

— Мейли. Ингличлер мениң әкем бе? Орыслар жағына-ақ шығамыз...

Бағанадан бери тым-тырыс отырған Есенгелди Әжиниязды хошлап Фанаға:

— Солай ет! Күш бөлинбесин! — деди. Шаппаттай Қоңыратты төбе-төбеге бөлсеңиз, Хийўа ханы ала аўыл-елди пуштарлап, денгене қылып жүрмесин. Көпке бас болатуғын сизлер жигитлер...

## ҚЫРҚЫНШЫ БАП

### 1

Уллы сәске ўақтында хан сарайы беттен шыққан гернай, сырнай даўыслары менен қосықшы-ойыншы сазенделердиң хош хәўазлары хәм тойханалардың шаўқым сүрени қосылып, шәхәрди гүңрендирип жиберди. Хийўаға алыс, жақыннан

келген барлық халық той кийимин кийип, жасанып сарай жаққа қарай ағылып баратыр.

— Жети күнге шекем өз үйиниң руўзыгерин ислеген пуқара жазаға сазаўар болады! Той мәўлети қырқ күн. Бәрше таламанлар сарайға барады. Дәўир кимниң дәўири... Қутлымурат бахадыр ханның дәўири! — деп, көше сайын жаршылар қышқырып жүр.

— Бүгин, той басланған күни Ерназарды шығарады! — деген хабарды еситип Есенгелди, Турым, Әжинияз, Пирим, Ережеп — бесеўи зиндан жақты айланып жүр. Есенгелди зиндан «Рәйисин[1]» уллы сәскеде таўып, руқсат алды.

Түске жақын олар Ерназарды Ырысқулдың үйине әкелди.

Есенгелди ғаррының ўақты хош. Сөзи орынға отырды. Ерназар ақлығы азат болды. Олар мәзи-майрам болып отырғанда, есиктен сөйленип Өтепберген келди.

— Ақыллы пара береди, ахмақ бара береди!...

Есенгелди мийзамына түсинип, мыйығын тартты.

— Пара менен сөзиң өтсе болғаны ғой, иним!

— Өткенде қандай! Әўез бийдиң астынан саға ал — деген ханның мынаў жарлығы, — деп, Есенгелдиге қағазды услатып, жигитлерге қарап мазатланды. — Қара дәкеңниң илиўи. Әўез бийге барып: «жора, ағайинбиз. Жабыңнан саға бер. Мен де жап қаздырайын. Қыятлардан қырқ тилла жыйнап берейин» ... дегенде: «Қыяттың қырқ қызын берсең де бермеймен!» — деп еди. Сол сөзди айтаман деп, Қәлмен менен Жәменейден өлгенше таяқ жеп еди. Бүгин қырқ жыл есинен шықпастай қорлық көрсеттим. Бий болсаң, биздей бол!

Үйдеги адамлар бир басып күлисип алды.

— Бул сапарымыз қайырлы келис болды! — деди Есенгелди, — жоғымызды таптық. Бендемизди азат еттик. Узағына қуўантсын! — деп ғарры жымыйып турды да, «Үркерли айдың бәри қыс, саратан сеннен де қорқаман!» деген. Ханның бәри, — хан. Көп қуўанып, Айдостай ғапылда қалмаң, балалар! Қалғанын аўылда әңгимелесермиз. Қәне, тойға барайық! — деди.

[1]Рәйис—баслық.



## 2

Есенгелди хош көрмесе де, Ерназардың «гүреске жүр!» — деген сөзин қыймай палўанлар гүресине барды.

Хан ақылгөйи менен бийик көшкиниң[1] басында отыр екен. Түркмен — яўмыттан, Гүрлен — Хазарасптан, Бухара — Самарқандтан, Иран — Араб журтларынан келген палўанлар ғалы-гилемниң үстинде қошқардай тасласып, тутысып тур. Биреўлер беллескенин бир кесе чай ишимге апармай аўнатып урып, қолына тақыясын услап, қурды айналып жүр. Биреўлер шарма-шар жығылып атыр. Тағы биреўлер жығыса алмай тиресип тур.

Бир ўақытта тойхана баслығы гүрести тоқтатып:

— Енди хан палўаны шығады. Тутысатуғын ким бар? — деди.

— Қол, аяғына қоңыраў моншақ таққан, түйе табан, пил жаўырынлы, бели гүмбездей, жумыр, қара тапал биреў жолбарыс жүрис пенен ортаға шығып турды. Жасаўыллар келип шынжырын шешти.

Көпке шекем хеш ким ортаға шықпады. Бир ўақытта қурды жарып, ортаға киятырған жети-сегиз түркменниң қурашлары көринди. Олар да қоңыраўлы бир дәпең қара дәўди қолтықлап ортаға әкелди. Тойхананың аға бийи — төрешеси аламанға қарап:

— Халайықлар! Хан палўаны менен теке түркмен палўаны тутысады. Кейинирек жылысың, Пош! Пош! — деди.

Еки палўан қарсы жуўырысты. Ет писиримдей алысып, тиресги. Бир ўақытта аспаннан тас қулағандай жер солқ ете қалды. Түркменлер ғаўырласып, қышқырып өзлерин ортаға урды. Хан палўаны жерде ийретилип, орнынан тура алмай жатыр. Теке палўаны ортада мардыйып тур.

Көшкиниң үстинде отырған хан түнерип, басын төмен салды. Аламан жым-жырт. Хәмелдарлар да қапа. Ханзада, бегзадалар өз-өзинен қәхәрленип, кимге тийерин билмей

[1]Көшки — Трибуна тәкилетте.

жүр. Тамаша көриўшилер бир-бирине көз астынан қарасып, жүреклери қалтырып тур. Толқынланып, тасып баратырған той дәбдебеси, сағасын кескен булақтай тына қалды.

Әжинияз Ерназарға қарап еди, безгектей қалтырып қалшылдап тур екен. Көзлери жанып, ажары түтенип кетипти. Тақат сабырын таўысып, ханның көшкисине қарай жүрди.

— Қойсаңа, бала! Кел бери! — деп, Есенгелди шалғайына асылды. Ерназар қалш-қалш етип, кәҳәрленип артына қарады да:

— Адамның туўғаны болса, гүресемен ата. Жибер! Қақпа қолымды! —деп, ғаррыны сүйреп ала кетти.

Ерназар хан алдына барып:

— Тақсыр, арзым бар! Хан палўанын жыққан Теке палўан менен тутасаман. Руқсат бериңиз! — деди.

Хан бетине қарап турып:

— Қай жердиң пуқарасысаң? — деди.

— Қоңырат, Бозатаў. Қарақалпақ, — деп Ерназар үш сөз ғана айтты.

Есенгелди ебелеклеп жуўырып, ханның алдына барды:

— Тақсыр, арзым бар? Анаў күни өзиңиз азат еткен мениң ақлығым. Зинданнан бүгин шықты, бир-еки күн дем алсын!

— Үш күн мәўлет берилсин! — деди хан, — Қусбеги! Мына қарақалпақты сарайға апарып, кийиндирип, аўқатландырып күтиң!...

... Ерназарды жасаўыллар сарай хәммамына[1] апарып жуўындырып, шаштәрезге сақал муртын алдырып, пардозлап кийиндирип, хан палўанының өжиресине апарды.

Ерназар өжиреде әри-бери жатып, иши писти.

Үш сааттан кейин Ерназар ханның көшкисиниң алдына тағы келип:

— Тақсыр, арзым бар? — деди.

Хан хайран болып:

— Хе, неге келдиңиз? — деди.

[1]Хәммам —монша.



— Бир өзим жата алмадым... Тәўекел гүресемен, руқсат бериңиз!

— Жоқ! Дем алыңыз! Сизге жақсы аўқат керек.

Жоқ, тақсыр! Сүйекке питкен күшке аўқаттың пайдасы жоқ. Аўқат етке питкен күшке керек, — деди Ерназар

— Хан ажарына қарап:

— Шық ортаға — деди.

Ерназар аўданлап ортаға шықты да, белине палўан белбеўин байлап:

— Түркменниң теке палўаны қайда? Қарақалпақтың қошқар палўанына келсин! — деп нуқырып ортаға шыға берди.

Аға бий түркмен палўанын жетеклеп алып келди. Екеўи қол алысты.

Қарақалпақ бийлери менен кәтқудалары бир мүйешке жыйналып, тилеклес болып, жағаларына асылып «аллалап!» тур.

Еки палўан тутысыўдан мойынпаш алып, бирин-бири бираз ўақыт гә алға, гә артқа қайырып еди, бирине-бири дәрпенбеди. Бир қолайында Ерназар «теке» палўанның қолын қағып жиберип, белине асылды. Ол қашып гүреседи екен. Бул бурын гүрес тәсилин билмегенликтен бе, қара күшке исенип, белинен қушақлағысы келип, баўырына тартса да ол жақын жуўырмады. Екеўи еки рет жанбас урысып, бирин-бири майыстыра алмады.

Узақ жүргеннен кейин Ерназар жалықтыма кәҳәрленип ыңыранып. Теке палўанның белинен:

— Я Ийгилик ата! — деп тарака алып қушақлады.

Сол ўақытта қапталда турған Турым:

— Көтер нарым! — деди.

Усы сөз жедел берди ме, Ерназар Теке палўанды жерден қағып алып, ханның алдына көтерип барды да, жерге гүрс еткизип урды. Он пәнжесин жердеги палўанның көкирегине салып, өз денесин демеп көтерди де, Ерназардың ала көзлери аламанға қарап жалт етти.

Хан мыйығын тартып, шад болып күлди. Ерназар палўанлардың дәстүри бойынша аяғын сылтып басып, қурды айланды. Ережеп пенен Турым жуўырып барып, қолтықлап кәде бойынша тақиясын адамларға тутып шықты.

Хийўалылар улы-шуў, мәзи-майрам! Гәрнай-сырнай даўысы қайтадан жаңғырды. Бирақ, қәпелимде бул қуўаныш дәбдебеси тағы тынып қалды.

Хан алдына Турымды шақырып алып:

— Сен бағана көтер нарым дедиң. Нарың неше пуд жүк көтереди?—деди.

Турым да тайсалмай:

— Нарым бир нардың жүгин көтереди... — деди.

— Онда нардың жүги он сегиз пуд. Жүкле нарыңа! — деп, хан қәҳәр етти. Бағана, Турымның Ерназарды «хан палўаны!» демей, «нарым!» — деп, өзине меншиклегенине ханның ашыўы келип еткен ғазеби еди.

Турым айтып салып, енди ойланып қалды. Ерназар ханға ала көзлерин алартып қарап, ҳарығанын сездиргиси келмеди.

— Жүкле! — деди Турымға жекиринип. Сөйтти де еки қолын жерге тиреп, нар болып талтайып турып алды. Жасаўыллар он сегиз пуд гүришти өлшеп қанарлап, Ерназардың арқасына артты.

— Есенгелдиниң ғазаплы көзлери шатнап кетсе де, өзине өзи зорға ҳәй берип тур. Қур толы аламан: «мына бийшараға обал болды-аў!...» «Мертилип қалмаса болар еди!» — деп, иштен аяп, бир-бирине ызалы қарайды. Қутлымурат хан шөккиниң үстинде: «өлсе бир жалаң аяқ, өлмесе ғайратын көрейик» — деп, тамаша етип тур.

— Болдыңыз ба? — деди, Ерназар ашыўлы қабақ пенен қапталына бурылып.

— Болды. Руқсат!— деди бир жасаўыл.

Ерназар арысландай қол аяғын салмақ пенен басып, қурды үш мәртебе айланды да, хан алдына келип, алыс сапардан бодырып келген нардай ыңқылдап, ҳәсиретли демин алды.

Қанша залым болса да, Қутлымурат хан жеңилгенин билип:

— Ҳә, қарақалпақ нар екен! — деп суўық жымыйды.

Усы ўақытта Есенгелди: «мына наймыт хан тағы бир жаманлық етип жүре ме» деп, ханның алдына жетип келди де:

— Тақсыр арзым бар?—деди.

— Айт!



— Бул «нар» қарақалпақтики емес, ханның нары. Хан палўаны — бул. Сизиң тойыңызға хызмет еттириў ушын усы баланы жастан палўан етип өсирдим. Тақсыр, мына алдыңызда турған ала көз бала, сизиң палўаныңыз.

— Ҳә, ғарры бий — деп, хан жымыйып басын шайқады. — Көп жасап, көпти көргенлигиңе бардың-аў, Кеширдим гүнасын. Қәне, ала көз бала, не арзың бар! — деп Ерназарға қарады.

Ерназар арқа мойынын жазып, керилип турды да:

— Тақсыр! Зинданда мениң менен жатырған он адамның сизден гүнасын сорайман! — деди.

— Бар. Азат болсын! — деди хан.

## ҚЫРҚ БИРИНШИ БАП

### I

Есенгелди баслаған, «Бозатаў» елатының қәтқудалары менен Муҳаммед фана ерткен Қоңырат жигитлери Ерназарды азат етип, Ырысқулдың үйине жыйналды.

Қоңыратлылардың бүгинги талабы да оңынан келди. Палўан бәйгисин алды. Бирақ, ханның тырнағына илинип турған тағы бир бенде бар. Ол —Нигархан.

Кеўили өскен Есенгелди усы сапары оның да азат болғанын көрсем деп әрман етеди. Бирақ, жаңа таныс болып атырған Ырысқулға мойын арта бериўге батына алмай отыр. Хан алдына тағы арыз бенен барыўға ғарры жүрек шайды болып қалды, ендиги арызы питпейтуғынына көзи жетип отыр. Хийўаға қайта-қайта келе бериўге жас жигит ўақты емес. «Маңлайыңнан көрерсең, шырағым» деп кете бериўге Ержан: «ата, өзиң барда оңғарып кет!» деп кешеден бери изинен бир ели қалмай жүр. Жаңа ғана Есенгелдиге ерип, усы үйге келди. Үй толы адамлардың ишинде муңайып, тунжырап, сарсылып отырған тек Ержанның қабағы. «Ата, рас-ақ, бизди таслап кетесең бе?!» дегендей, ғаррыға жалтақлап қарайды... Ынжылып отыр!

Сонлықтан Есенгелдиниң ендиги әрманы усы Ержанның тағдири. Анаў күни Ырысқул: «көмеклесейин!» деди. Бирақ,

қашан? Өзи кетекен соң, әлле қандай саўдалар боларын, ким билсин? Неде болса, Ырысқулға және ийек артыўы керек...

Есенгелди аўызын жаңа жасқайын деп отырғанда сырттан ат дүрсилдисин еситип, көмекейине келген гәпти, қайта жутып жиберди.

Ҳәмме сыртқа елеңлей қалды. Усы ўақытта есиктен Махмуд — Рийшад ҳажы кирип келди. Ырысқул ҳәммеден бурын орынан ушып турып, есиктиң аўызында зеңирейип турған Ҳажыға жымыйып қарап:

— Кел! Ҳаў қайда жүрсең? — деп орын усынды.

Ҳажы Есенгелдиден баслап, отырғанлардың ҳәммеси менен сәлемлесип болған соң, төрге, Есенгелдиниң қасына шықты да:

— Ҳаў, бизиң аўылдың мынаў қара бөриклери ғой! — деп Есенгелдиге, Мухаммедке ҳәм Әжиниязға қарап, жымыйып күлди. Бирақ, ҳажының бул жарқыраған ажары усыннан кейин бирте-бирте түнере берди де, соңы әлле қандай бир уўайым сарсыққа айналды. Ҳажы тунжырап отырды да: «Сескенгендей ким бар?» дегендей жән-жағына үрейлене қарап, Ырысқулға астарлы көзин тикти. Ырысқул аң-таң болды.

— Айта бер! — деди Ырысқул Махмуд ҳажының мийзамын түсинип, — бул жерде сескенгендей бийсәўбет адам жоқ. Бәри де исенимли!...

Ҳажы суўық демин алды да, Ырысқулға қарап:

— Қоңыраттан қашып шықтым, — деди маңлайының терин сүртип отырып, — Қутлыбек бий аңлып жүр екен. Сезип қойды. Усының менен еки мәртебе алжасқаным. Биринши:Аўғанстан патшасының бир зыяпатында шертилген сазға қумар етип, аяғымның ушын, билмей тапылдатып салыппан. Оны патшаның баласы сезип отыр екен. Бирақ ол мениң менен дос еди. Сонлықтан, зыяпаттан кейин мени шақыртып алып:

— Ҳажы, сен түрк емессең. Орыссаң. Жорта мусылман болып жүрсең. Буныңды атам сезе қойса, өлтиреди. Бул жерден тез кет! — деп мени өлимнен қорғап қалып еди...

Үй толы адамның ҳәммеси: «бул не сөз?!» деп Ҳажыға тигилип, түксирейе қалды.



— Бул сапары қалай сезди? — деп Ырысқул ҳажыға сораў берди.

— Бул сапары ма? Бир, еки күнликте, түнде уйқылап атырған ўақтымда, бир жағымсыз қосық айтып жиберген усайман. Мәгер ел түсиме енген болса керек... Қутлыбек бийдиң тыңшы етип қойған адамы усыны айтып барыпты. Қутлыбек бий: «өзимниң де солай шығар деген гүманым бар еди. Бул дийўана орыс патшасынан келген жансыз екен ғой. Ханға хабарлайық!» депти. Усыны еситип, берман қаштым — деп Муҳаммед фанаға қарап шағынды.

Муҳаммед фана Хийўаға шығарда, Ҳажыға: «мен келгенше қорағытып қаларсаң, бизиң үйде бола бер» деген еди. Мына гәпти еситип, ғазеби қайнады.

— Қутлыбектиң басқан адымы жаманлық. Киси аңлыў. Кисини муңайтыў... Атасын да аямайды. Ишин сумлық жайлаған ол наймыттың арзыў әрманы: — шуғыллықтан күн көриў... Ҳәр жылы биреўди ханға байлап берип, мәртебе, дәреже алыў... Оның ишин мерез жайлаған. Ҳақ дузын ишип, ақ төсегинде жатып жүрип Төремурат атамды ханға услап берген ол залымнан не жақсылық күтиўге болады. Геллеси өзине аўырлық етип жүрген шығар... Көрермиз...

— Қызба, балам! — деди, Есенгелди араға түсип. — Қоқан ханының оң қолы болған Асан бий бабаң да бармағын тислеп өткен. Бул хан кимге опа берер дейсең! Жолбарыс жаўын бақырып алмайды, тәсил менен алады. Тас пенен урғанды, ас пенен ур!... Еле жол көп, көш алыс... — деп, қалың қабағының астынан ҳажының бетине сығалады. — Мениң аңлаўымша, орыс бол, жеҳуд бол, әйтеўир мусылман деп жүрсең ғой. Елге келген қонақ атын тағы бар.

— Ҳақ сөз! — деп, бул сораўға, Ҳажының орнына Ырысқул жуўап қайтарды. — Мен де ҳаслым орыс еди. Ҳәзир, мусылманман. Бул да солай...

Есенгелди жеделли сөйледи. Кисиниң ҳақын жеп, ҳарамнан дүнья тапқан Қутлыбектей мусылманнан, мусылманшылықтың бес парызын өтеп жүрген сен, қудай алдында зиядасаң. Бәримиздиң ҳаслымыз әзелден мусылман емес. Муҳаммед мусылман

кылды. Мына Әжинияз, молла балам айтсын. Бәримизден де илимге жетик ғой!... деп, ғарры бир шеткей отырып Әжиниязға салмақ таслады.

Әжинияз бағанағыдан бери Ҳажының сөз мийзамынан баяғы Ырысқулға әкелип берген хаттағы жумбақ сөзлерге енди түсинип, иштен: «сонда қай улттан болғаны?» деп дағдырып отыр еди.

— Дурыс! — деп келте жуўап қайырды. — Исламның сөзи, Муҳаммедтен басланады ғой.

— Неде болса, — деди Ҳажы әллен ўақытта тилге келип. — Бизди Стамбулға шығарып салғанша қорғалып турмасаңыз, жол жиңишкере қалды...

Ҳәмме сам-саз болып отыр еди.

— Ҳажы тақсыр! — деген Әжинияздың мүнәйим даўысы шықты — Егер кеўилиңизге мәлел келмесе, бир кеңес айтыўға болар ма екен?

— Айт, айт! — деген тум-тустан даўыс еситилди.

Әжинияз күле шырай берип, сөйледи:

— Сизди азғана күн қара бөрик кийгизип, қарақалпақ қыла турсақ қәйтеди? Мына дәрўиш, ҳажы липасларын таслап, пуқара дийқан кийимин кийсеңиз, ҳеш ким сизден гүман етпес еди... Медиресеге келген молламан деп, мениң менен жүре бериң!

— Бул бир табылған ақыл екен!... — деди, Ырысқул шулғып сөйлеп, — бул ақылың жарайды, бала. Онсын мына сары сақал муртын да қарайтып бояў керек.

Адамлар дуў күлди. Рийзалық мийзам билдирип, ҳажы да күлкиге қосылды.

... Белине дорба асынып, қолына тасви услап, тап жаңа дәрўиш болып отырған ақ сәллели, сары сақаллы ҳажы азғанадан соң қара қурашлы, қырма сақаллы, қарақалпақтың қайқы жигити болды да қалды...

Ырысқул Ержанды ертип, туткын қыздан хабар алыў ушын сарай жаққа кетип еди. Ет писирим ўақытта хаплығып үйине жуўырып келди.

— Ханды өлтирип кетипти!



— Қайсы ханды? — деди Есенгелди албырағынынан.

— Қутлымуратты дә!...

— Астапурылла, ким екен?

— Ким екенин ҳеш бир билмейди. Ҳәр ким ҳәр түрли жорып атыр. Биреўлер «дайы жағынан келген бәле!» дейди Екиншилери «қызыл баслы иранлар болыў керек» дейди.

— Дайылары ким еди?

— Қутлымурат түркмен қызынан туўылып еди. Туўылса да кешеги саўашта бираз «дайыларын» дарға астырып еди. Түркменлер кун алғысы келди ме? Ким биледи!... Мениңше қуллар өлтирген шығар деймен. Олар «азат болармыз» деген дәмели еди. Ханнан гүдерин үзген соң өлтирген шығар. Ким болса, ол болсын. Әйтеўир былтырдан бери Хийўаға хан турақламайтуғын болды ғой. Усы той ханның әжели екенин өзимде сезип жүр едим. Себеби: анаў иран, мынаў түркмен менен урыстың еле жарасы питпей атырып, еки жақтың көзлеринин аласы кетпей атырып, ақылсыз ханның той бериўине қара!

— Бермесине қылама, ана ақылгөйлери! — деп, Есенгелди гәпке араласты. — Мениң пәмимше душпан алыста емес, сарай адамларының ишинде. Той бергизип атырғанлар да солар. Усындай той болмаса, алапасыр болмайды. Усындай топалаң ўақытта жаўдың жансызы араға кирип, билгенин ислейди.

— Ол айтқаныңыз да дурыс! — деп Ырысқул тунжырап ойға батты да, әллен ўақытта басын көтерди. — Бизлер де усы топалаң ўақытта ҳәрекет етиўимиз керек. Сарай матам тутып, ханша, ханзадалар аза тутып атыр. Сарай ҳәмелдарлары кимнен көрерин билмей тимискеленип жүр. Енди мына Ҳажы да тайсалмаса болмайды. Шеттен келгенди алды менен услайды. Қалай дейсиз? —Ырысқул Махмуд — Рийшадқа қарады.

— Мақул! — деди Махмуд, — Түркмен аўылларына қарай жылысайын.

— Онда — деди Ырысқул — Мен мына Айтгүлди ертип кетейин.

Айтгүл ханның үй-ишинен кеўил айтқан киси болып, сарайға кирсин де, Нигарханға тиллесип шықсын. Усы бүгин

түннен қалса болмайды. Ханның өлгеннен пайдаланып, тағы бир қусбеги қызды алып кетпесин!...

Усы ўақытта Ержан кирип келди.

— Не хабар бар? — деди Ырысқул үрейленип.

— Бир дәрўазаман менен еки тиллаға келистим, — деди Ержан жүреги шәўкилдеп, — «Дийўал жақтан кете берсин» деди.

Дийўалға жетсе көрер едик-әў! — деди Ырысқул. Аржағы қыйынлаў ғой... Енди былай етейик: Айтгүлди сарай адамлары танымайды. Ханның бала шағаларына хызмет етип жүрген көп шорының бири болып, бүгин сол жақта жүрсин. Ал геўгим түсиўден ханзадалар шақырып атыр деп қызды ертип шықсын. Мен де сол жерде араласып жүрейин. Сизлер бир-еки жигит болып, дийўалдың бер жағында турың.

Ырысқул Ержанға бурылды:

— Жаңағы дәрўазаман менен гәпти еле де писирис. Уйқылап қалған адам болып жата берсин. Бул күнде дәрўазаман да параға қараған. Тилла берсең, сарайды да сатып жибереди, усыған қалай дейсиз?

— Дурыс, дурыс! — деди қоңыратлылар.

— Онда кәне, қыз қолға тийе қойса, булар қай жаққа атланады?

— Мен де бир кеңес бар! — деди Әжинияз. — Мениң менен бирге медреседе оқып атырған Сапармырат деген түркмен жигит бар еди. Сол аўылына қайтажақ. Ержанды сыртынан таныстырдым. «Бир-еки жыл пана боламан!» деген лебизи бар. Бир кәтқуданың баласы усайды. Жақын жер, сол жаққа тайынсын!

— Бул келиседи! — деди Ырысқул. — Түркмен болса, енди Хийўада турмайды. Тағы ала көз болыўға қарады...

— Мен сол жигиттен хабар алайын! — деди Әжинияз.

Есенгелди басын көтерди.

«Питер истиң басына, жақсы келер қасына» — деген, балалар, ғайратыңыздың кемиси жоқ. Жетим ул менен муңлы қыздың алғысын ала гөриң. Көз жасын сүртсеңиз, сизлерге



де саўап болар. Сапарыңыз оң болсын! —деп, ғарры хажының қолын услады.

— Махмуд хажы! Енди бизиң жаққа қашан ораласаң?

— Бул жақта Мәдиярлар бар. «Бахытлы турады» дегенге келип едим. Мәдияр да, бахыт та жоқ екен. Енди орыслар келген соң, бир хабар аламан —деди.

— Әне, усы хажы заман көшин танып отыр. Жолың болсын. Кел, кел! —деди Есенгелди...

Түн тастай қараңғы. Қоңыратлылардың кәдели күнин сезип, тутқын қызды сарай қәпесинен азат етиўге болысқандай, тәбият та бүгин жымыңласқан жулдызларын көк жүзинен жыйнап алып, баўырына қысып отыр. Аспан төңкерилген қара қазандай түнерип, жолаўшылардан соқпақ жолды да жасырып турғандай.

Көшкен журттай Хийўаның көшелери де сес-семир. Шәҳәр ханның азасына матам тутып отыр. Хан сарайы жағынан сыңсылап жылаған әлле биреўлердиң емески сести еситиледи.

Таўықтың дәслепки шақырымын еситип, Ырысқулдың үйинен үш-төрт адам көшеге шықты. Майданға шыққан соң әлле нени сыбырласып, басларын ийзести де топарын бузып, қараңғы көшениң қуўыс-қуўысы менен шашаўланып кетти.

Олар ханның бала-шағалары менен жақын жуўықлары отыратуғын сарайдың бийик дийўалын жағалап, әдеўир жер жүрди де, үлкен дәрўазаның қасына келди.

Усы ўақытта буларға қарсы киятырған ат дүрсилдиси еситилди. Көше менен желип-жортып киятырған биреўдиң узағырақтан:

— Кимлерсиз-әй, бийсәўбет жүрген? — деп, сүренлеген даўысы еситилди.

Ырысқул оның хан жасаўылларының бири екенин сезе қойды.

— Бизлер ғой. Сарайға тәбия адамлармыз, — деди Ырысқул.

Жасаўыл аттың адым жүриси менен Ырысқулдың тусынан өтип баратырып:

— Хызмет пенен жүрсиз бе? — деп еди, Ырысқул жалт қарап:

— Қоңырат бийлери, хәзиреттиң сарайына зиярат етип, ханым ханзадаларға кеўил айтажақ, — деди салмақлы пишинде.

Жасаўыл суўыт өтип кетти.

Ырысқул сарайдың ишине кирди. Сарай иши қат-қат бөлме. Ханға қарсылық көрсеткен қызлар ең түпкирдеги бөлмелерге қамалған еди. Ырысқул гүзетши ғаррының қасына келип, әңгимеге айналдырды. Ғарры хәзирети ханның өлимине сырнығып жылаған кейип көрсетти. Ырысқул адамлардың мийримсиз, зулым болып баратырғанын, уры-газзаптың көбейип баратырғанын айтып, гүзетши ғаррыға тәселле берди. Усы ўақытта пәренже жамылған еки хаял иштен шықты. Ғарры оларға бурылып қарап, бир нәрсе айтпақшы болып еди.

— Ханзадалар ғой. Ханымның үйине баратыр, — деп, ғаррының нәзерин өзине аўдарды да:

— Хан өлими тегин кете ме, түркмен ағайинлерге қыйын болды! — деди Ырысқул тунжырап.

— Не дедиңиз, тақсыр, түркменлер не қылыпты? — деп ғаррының реңи қашып кетти. Ырысқулдың аўзына тигилип, бедени қалшылдай баслады.

Гүзетши ғарры Қутлымурат ханның жақын дайыларының бири, жасы алпыстан асқан Жамырат деген түркмен еди. Ол туўды питти усы Хийўада болып, зергерлик кәсип пенен шуғылланатуғын еди. Қартайып, көзи гиреў тартқан соң, жийени Қутлымурат ханға бой таслап, сарай хызметине өтип еди.

Нигарханды азат етиўдиң басы-қасында жүрген Ырысқул жаңа Айтгүл менен Нигархан шығып кеткен соң, ертең қызды сарай хәмелдарлары жоқласа, «Ырысқул ақшам жүр еди» деп, усы ғарры услап берер ме деген қәўетерге түсип еди. Оның үстине жаңа бир жасаўыл да көрип қалды. Сонлықтан бир әдис пенен қутылып, басын сақытлап қалыўдың жолын излеп тур еди.

— Ханның өлимин түркменлерден көрип атырған усайды.

Марҳум ханның ағасы тахқа минген соң, Хийўадағы барлық түркменлерди дар астынан өткерип, жанларын жәҳәннемге жиберетуғын усайды.



— Тақыйық-ә!

Ғаррының үрейи ушып, баўырын кем-кемнен ишине тартты.

— Мени айтты деп хеш ўақыт тисиңнен шығарыўшы болма! Медиреседе оқып атырған түркмен жигитлер бүгин түннен қалмай аўылына қашажақ.

— Сапармуратта ма?

— Сапармурат бул ўақытта аўылына жақынлап та қалған шығар. Себеби мениң Әжинияз деген иним менен екеўи Шерғазы медиресесинде оқыйды. Сабақлас. Бағана сол иним «достымды шығарып саламан» деп кетип еди. Жаңа хошласып, үйге келди.

— Мәртебели болғайсаң, жасаўыл!

Ғарры орнынан әсте турды да, түйиншиклерин жыйнастырып жүрип, гүбирленип сөйлей берди.

— Хәзирети тақсырдың өлимин, хан менен бәрхә жағаласып киятырған түркменлерден көрмесе болар еди деген өзимниң де ойым бар еди. Шамалыўым дурыс болып шықты. Хийўадағы онлаған түркменди өлтирген менен ханның неси кетеди! Өлтиреди де қояды. «Адассаң да аўылласыңнан айрылма!» деп ғаррылар нәсият ететуғын еди. Рас болды. Жекке жүрген қой-бөриниң жеми. Есим барда елимди табайын, тақсыр? Мени сарайдан азат ет!

— Кеўлимде жаман нийет болғанда, саған бул хабарды айтаман ба? Сенсизде сарай қызларын гүзететуғын адам табылады. Қағыспада қылышқа дус келип, бий ийман кетпесин дегеним ғой. Сарай хәмелдарлары хәзиреттиң өлимин түркмен дайыларынан көрип отыр.

— Дайысы да, жийени де қурысын!

— Усы кетистен қайда барасыз?

— Мен бе? Аўылда ағайинлерим бар. Бир қушақ көрпе төсегимди ешегиме артаман да, кемпиримди изиме ертип, усы бүгин ақшам Хийўадан шығып кетемен. Аўылға барсам, аштан өлмеспен. Мени көрдим деме жасаўыл. Бахытың жатпасын!

Ырысқул гүзетши ғарры менен хошласып, сарайдан шықты.

* * *

Айтгүл баслаған бир топар адам Ырысқулдың үйине кирди. Нигархан тутқыннан азат болғанына қуўанышлы ма, әлле «сарайға қайтып алып кетер» деген қәўетер үрейи ме, үйге кирип, адамлар менен сәлемлесип болыўдан безгек аўырындай қалшылдай баслады. Үстинде гөнелеў шыт көйлек. Басында жупқа бир тартым. Аяғында жалпақ табан кеўиш. Қапталдағы Айгүлдиң қолтығына тығылып, пошшадай болып отыр.

Ержан жапсар да, Қызды көргели жигиттиң өңи енип, хаплыққан жүрегин баса алмай жутынып отыр. Жасы үлкенлер руқсат етсе, қызды қанатына қысып, ушып кетежақ. Өз қуўанышына өзи исенбей, өз кеўлине өзи ярый бермей көз астынан қызға сағынышлы нәзер таслайды. Ара-тура көпшиликтен урланып, Нигархан да буған муңлы көзлерин қыялатып қарайды. Ынтық еки жас ашық көзлери менен ымласып, пинханы ишлери менен бир-бирине көз айдын айтысып сырласады. Қәйтесең, дәстүр солай! Қанша ынтықса да, қанша сағынса да, өлип барып қайта тирилсе де, жасы үлкенлердиң алдында қушақласып көрисип, қумартып сүйисиўге шәрият руқсат етпейди. Муҳаббат — сондай ийбели, қупия тил.

Мине, есиктен бир жигитти ертип, Әжинияз кирип келди. Бийтаныс қара үйдегилер менен сыпайы сәлемлесип, төрден орын алды.

Әжинияз Нигарханды көрип, шыдап тура алмады. Кеўли елжиреп, көзине келген жасты, кирпиклерин қатты қысып ирикти де, жигит буўлығып, суўық демин шығарып:

— Нигархан аман келдиң бе? — деген сөзди зорға айтты.

Қыз инисиниң Ырысқулдың үйинде екенин еситсе де, келгели көре алмағанына ҳайран болып отыр еди. Жаңа есиктен кирип келген суўпы тәкилеттеги жигиттиң бири өзиниң иниси Әжинияз екенин Нигархан пилте шыраның өлимсиреген жарығынан сезбей қалып еди. Даўысын шырамытып барып, анық Әжинияз екенин таныған соң Нигархан қарсы алдында саққа жүгинип отырған инисиниң алдына өкирип жылап бойын таслады...



— Қой, жылама балам! — деп, Есенгелди тәселле айтты. — Мурат мақсетине жеткен соң, өткен иске киси өкинбес болар. Бас қатты ма, тас қатты ма деген усы, балаларым. Ендиги өмир саатыңыз қайғысыз өтсе де, дүнья қызығынан кеш қалғаныңыз жоқ. Қәне, алдағы ислерди кеңесейик... — Кәтқуда ғарры «мынаўың ким?» дегендей Әжиниязға қарады.

— Исми Сапармырат, түркмен жигит, — деди Әжинияз келген жигитти таныстырып. — Медиреседен елине қайтып баратыр. Мениң достым.

— Мақул, мақул! — деди Есенгелди. — Ал Сапармырат шырағым, «айы бирдиң, муңы бир» деген. Мына жигит Ержан менен анаў қарындасың Нигархан теңлик көре алмай, кемликке көнбей, үйиринен айырылып жат журтты паналап баратырған муңлы жаслар. Бизлер сая болыўға арқамыз тар. Соның ушын уллы бир журт еди, бир шалғай жапса, түркмен жабар деп, ойласып отырмыз. Бул ақылды мына достың Әжинияз тапты. Қәне, не дейсең, балам?

— Хийўаға тәлим көрип, билим аларман, деп келип едим, — деди Сапармырат, — тәлим орнына, келгели жаўгершилик көрдим. Ал билим алыў ушын Хийўаның ҳәмелдарларының баласы болыў керек екен. Ендиги сөз, бизди ағайин пәмлесеңиз, Ержанды бир ағамдай қәдирлеп күтермен. Атам да ер қәдирин билетуғын адам.

— Онда сол атаңа сәлем айт!

— Ендиги ойласық, — деди Есенгелди қатара отырған «Қоңыратлы» ҳәм «Таллық» беглигиниң кәтқудаларына қарап: — Хан сарайының сыйқын көрдиңиз. Уры ғаззаплар менен әзәзул-шуғыллар сарайды қаплап алыпты. Ханды қуўыршақ қылып ойнап, дәслеп ана Иран менен жаў қылды. Оннан келе берип, аўыл аралас, қой қоралас отырған мына түркмен ағайинлер менен ала көз болды. Енди қалып турған қарақалпақ — сенсең. Саған да бир күни ат ойнатып барар. Ат ойнатып барса, сениң басар таўың, батар көлиң жоқ. Сонлықтан елдиң арзыў-әрманы бәржай болып, қулағы тыныш тапқанша, дәстаны таўсылмайтуғын мен бир тегин жыраўман. Енди орыс патшасының жетегине ермесек, басқа сүрлеў жол қалған жоқ.

Әжинияз капталында түнерип отырған Ерназарға қарап мыйығын тартты да:

— Хан палўанын жығып, бәйгисине он сегиз батпан жүгин көтерген Ерназар аға не дер екен? — деп ҳәзил шын аралас дәлкек айтты.

— Мен бе? — деп Ерназар Әжиниязға қарап, ала көзлерин төңкерип таслап, гүрк етти. — Мен хан тұқымының бәрине өшпенли, жаралы жолбарыспан. Хан мойнында ата-бабамның ҳақ қаны менен өтелмес қуны бар. Мени не деп барластырып отырсаң? Мен түбинде бир кегимди аламан!

— Биз де соны ойласып отырмыз, Ереке, — деди Әжинияз батырды сөйлетип, мийзамын билген соң. — Егер кек қуўсақ, әрманлы кеткен, ҳәр руўда да бир-еки баба бар. Ғайратым бар деп еки-үш ҳәмелдарды өлтирерсең. Оның менен «қолдаўлы»лардың кеги питпесе, барлық елдиң кеги пите ме? Палўаны — батыры жоқ басқа руўлар қәйтеди? Есенгелди атам соның ушын орыс патшалығына бой таслап отырған шығар деп пәмлеймен... — деди Әжинияз.

Есенгелди екеўиниң сөзин тәрезиге тартып отыр еди.

— Дурыс! — деп басын шулғыды.

Гәпке Ырысқул араласты.

— Сизлер асықпаң. Бул жеңил ис емес. Жалғыз Қоңы-рат пенен Таллықты бөлип алып, Хийўаға қарсы төтепки бере алмассыз. Сонлықтан анық орыс патшалығына елши жибе-ретуғын болсаңыз, дәрьяның еки бойындағы елатлардың бәрин көшиңизге ертиўиңиз керек. Онсыз әззилик етерсиз, ағайинлер!

— Орыс патшалығы қол ушын беретуғын болса, — деди Муҳаммед Фана Ырысқулдың узаққа созғанын хош көрмей, — дәслеп Қоңырат қоластын бир босатып алсақ та шеп болмас еди. Дәрьяның арғы жүзиндеги еллер жуўғарада көне қояр дейсең бе?

— Неге! — деди Ерназар, Муҳаммедке тикленип, — «Көк өзек» бойындағы «мүйтенлер» менен пүткил «он төрт руўды» өзим көндиремен.

Есенгелди ғарры бул ўақытта айтыўшы емес, тыңлаўшы болып отыр. Қыялы алысты шалатуғын бүркит көзли, иш-пикир



минезли, сыпайы кәтқуда, келешектиң әңгимеси болған соң алдағы истиң ойласығын да келешектиң кәтқудаларына берип, өзи сырттан аяқ алысын барлап тур. Тек барлап ғана қоймастан ҳәр жастың төрелигин, шабысын, парасатын ақыл тәрезесине тартып отыр. Соны сезгендей жаслар да, бар билигин ортаға аянбай төкти.

— Ерназардың «көндиремен» деген сөзине қулақ асыўға болады! — деп, Әжинияз Есенгелдиниң қай пишинде отыр-ғанын байқаў ушын ойлы көзин жуўыртты. Бирақ, бий атасы «дәлийлин айт!» дегендей ийегин бир қақты да, жабыўлы қабағын ашпады. Әжинияз ендиги айтажақ сөзлерин иштен тәкирарлап, шийрақ жыйнастырып алды, — «Атаң өлсе де, атаңды көргенлер өлмесин» деген кәтқудалардан қалған бир рәўият гәп бар ғой. Аржақта Ерназардың аталары менен зәңгилес өскен адамлардың еле көзи тири. Олар жақсыдан қалған нусқа батырдан қалған туяқ деп, Ерекеңди сыйлайды. Елдиң жағдайын ер-азаматлардың әрманын түсиндирсе, бәри де уран салып шықпас па екен? Басқадан гөри, аржаққа, ата сораспайтуғын Ерназардың барғаны мақул болар... Ал мына өзимиздиң Қоңыратлы аўылларға Муҳаммед, Пирим, Әзберген, — үшеўи шықсын. Елдиң арына, намысына ат салысатуғын азаматлар менен астыртын сөйлесик жүргизсин. Ақыл, кеңес сораса, ол жақта сиз, бул жақта Ырысқул аға бар. Жаңа Ырысқул аға бир салдамлы гәп айтты. Егер жигитлер сол гәптен түйиниўи керек. Олай болмай, ақылды—ашыўға, парасат сабырды, — көзсиз қарыўға жеңдирсек, баяғы бабалардың бармақ тислеп өткен күни бизлердиң де басымызға түседи, жигитлер! Ҳәр жигит изине белсенген қырқ жигит ертпесе, Хийўадан қутылыў аңсат бола қоймас, жигитлер! Солай емес пе, Ырысқул аға? — Әжинияз шағынып үй ийесиниң бетине нәзер салды.

Қарақалпақтың жас бийлериниң ойласығын иштен ақылға жуўыртып отырған Ырысқул бас ийди.

— Қырқ жигит те халқының ары ушын қырқ қасық қанынан кешетуғын қайсарлар болыўы керек.

— Солай, жигитлер, былтырдан бери, сизлердиң усы арзыў-әрманыңызды айтып, мына Ырысқул аға менен де, ана

Сапармырат пенен де көп пикирлестим. Бизиң халық, ханды «қудайдан соңғы панамыз!» деп табынып отырған халық. Елди ертиў ушын ең дәслеп ер-азаматының бетин берман қаратыўымыз керек. Ол ушын сабырлық, бирлик, сыйласық пенен ис қылайық, Муҳаммед аға! — Әжинияз, бағана Ырысқулдың «бир, еки, үш жыл ҳәзирлик көриң!» деген кеңесин жақтырмай, урда-тут урысыўға қулшынып отырған Муҳаммед Фананы сабырлыққа шақырды.

— Ендиги гәп нәўбети бизде шығар, — деп Есенгелди ғарры жымыйып қабағын көтерди, — үйирли қойдан, қасқыр да қорқады, балаларым! — Күни мененги гәплериңизди байқастырып отырман. Әжинияз балам туўры төрелик айтты. «Атың арық болса бир шап, отының аз болса бир жақ!» деген, қайта-қайта шабылып, қайта-қайта жеңиле бериўге елатыңның кеширмеси көтермейди. Бир дүкиўге қайсы қошқар болса да талпынар, ал узақ сәбbе урысыўға диңкеңде дәрман, жилигиңде май болыўы керек. Үлкен атланысқа төтепки бергендей қарақалпақ қайсы патшалық еди? Қара мылтығынан басқа не қуралы бар? «Жаўды жарақ жеңеди, жақсы аты бараққа қалады» деген сөз бар. Душпанды бирлиги беккем ерлер жеңеди, абырайы елге қалады. Ер жерин қорғайды, ел алғысын айтады. Сол ел бүгин сизлерге зарын айтып, «қорландық азаматларым, жол тап, көшти тарт, изине ерейин!» деп отыр. Елдиң ендиги көшин тартатаұғын, усы отырған қара бөрикли, азаматлар — сизлер. Мениң мәҳәлим өтти. Ақыл жәрдем сорасаңыз, мийимниң алысқан жерине шекем дурыс силтеў айтып отырарман. Егер өлип кетсем, «ғарры бийдиң пәтиясын алған шәкирти еди» десеңиз, кеңести мына Әжинияздан сораң. Қалғанларыңызды бул кемситкеним емес. Батырлық, ерлик бир басқа, төрелик бийлик бир басқа. Жаў жағында Ерназар, Муҳаммед, Пирим жүрсе, ел жағында Турым менен Әжинияз жүрсин. Ырысқул Хийўадағы ақылгөйиңиз болсын. Ержан менен Сапармырат Түркмен жағындағы баспанаңыз болар. Қәне, усыған пәтия оқысайық? — деп, Есенгелди қолын көтерди.



## ҚЫРҚ ЕКИНШИ БАП

### 1

Алдын таңға алып жүретуғын қонақларды үйинен дуз таттырып жибериў ушын Ырысқулдың астырған тамағы писип, еки-үш арадан табақ тартылды.

Ас желинип болған соң, ҳәммеден бурын Ержан шулғынып руқсат сорады. Ержанның да, Нигарханның да Хийўадан қутылғанша тақаты болмай, пошалап отырғанын сезген Ырысқул:

— Мақул, онда... — деп, ҳаялы Айтгүлге бурылып, әлле немени сыбырлап айтты. Екеўи де бир-бирин мақулласып басларын ийзести. Айтгүл орнынан турып, қаптал жақтағы сандықты ашты да, бир-еки жағалы кийимди шығарып. Нигарханның алдына қойды.

— Нәсип айдап, дуз тартып, сен апалы, мен сиңлили болдым. Өз елиңде айралық зарын шеккен еки жасты тәғдир мениң шаңарағымда қосты. Қутлы ошақ басынан қуры шықпа. Мына кийимлер кийилген — киршил деме, жаңадай көрип, кийип кет. Мына билезик пенен сақыйнаны көзимдей көрип, қолыңа сал, сиңлим. Хийўалы бир апамның естелиги деп аратура есиңе аларсаң.

— Бәрекелла-а, бахытлы боларсаң! — деп ғаўырласқан үй толы адамлардың ошақ басына алғыс, рахмети жаўды. Нигарханның еки көзинен қуўаныш жасы парлап ақты. Орнынан ушып турып. Айтгүлди баўырына қысты да:

— Рахмет апа. Хийўадағы екинши анамсаң! — деген сөзди ҳаплығып зорға айтты.

— Инсан әўел дөрегенде бир-бирине жаў болып емес, — деди Әжинияз, Айтгүлдиң жақсылығына елжиреп,—дос, ғамхор болып жаратылған. Атасы, енеси бир адамзатты бир-бирине өшпенли қылып атырған да усы дүнья, —көздиң оты ғой?

Есенгелди медиресеге келип Әжинияздың илим-ҳикмет китапларын ақтарып, салмақлы ойға түскенине иштен қуўанып, ышқы кетип жымыйды.

— Еле берин сезе бересең, балам. Дүньяны шайпалтып атырған да инсанның өзи ғой. Бул дүньяны тегислеў ушын еле талай урпақлардың шашы ағарар.

Бул ўақытта Айтгүл гүмис билезик пенен гәўхар қаслы сақыйнаны Нигарханның қолына кийгизип, қутлы болсын айтып атыр еди. Енди кийимлерин кийдириўге кирискен ўақытта, әлле қандай бир ақыл тапқандай Ырысқул нәзерин тиклеп, суўық күлимсиреди.

— Мен бир ақыл таўып отырман, — деди, Ырысқул Ержанға қарап. — Таң да атыўға мейил берди. Қыздың бизиң үйден атланғанын биреўлер көрип қалса, гәп сөз етер. Оның үстине шәхәрден тысқары шыққанша Хийўаның талай қыспақ көшелеринен өтесиз. Сонлықтан шәхәрден алыслағанша қыз еркек пишинде кийинсин, қәўетерсиз болады. Сақлықта қорлық жоқ. Барған соң Ержан иниме инам етер. Мен де бир жағалы шапан менен бир қара бөрик сарпай етейин. Қалай дейсиз?

— Мақул, мақул. Табылған ақыл!... — деп, қоңыратлылар гәси Ырысқулдың дәлкек аралас қапыясына мырсылдап күлсе, гәси ақ кеўил ерлигине сүйсинип, «орысың мынаў болса, пейли кең азамат ғой!» деп бир-бирине таңырқанып қарасты.

Таўықтың соңғы шақырымы мезгилинде хәмме далаға шығып, Ержанды, Нигарханды, Сапармыратты хәм Махмуд хажыны узақ сапарға шығарып салды.

Бул жолға жастан қанық Сапармырат жолаўшыларды баслап кетти. Хәмменің ишинде кеўили жабыңқы баратырған да усы жигит еди. Хажы Хийўадан түңилгени сонша, изине бурылып қараған жоқ. Ал Ержан менен Нигархан бир қыймас ели қалғандай Ырысқул менен Айтгүл көз ушына кеткенше қол былғаса, Сапармырат медресениң қалғанын жаңа сезгендей кеўили елжиреп, Әжиниязға шағынған тәқиллетте қарай-қарай кетти...

Нигарханды шығарып салған соң, Әжинияз медиреседеги жатақханасына келип, өрели таңға кирпик қақпады.

Ханзада түсти есине... Ержан муҳаббат қысыўметиниң қанша азабын шексе де, арзыў-әрманына жетти. Енди Ханзада менен екеўиниң алдында қандай тәғдир тур екен. Әжинияз



да Ержандай шәрият нызамын атлап биреўдиң пәтия оқысқан некели «олжасына» қол салды. Дәслепки муҳаббат палын ғаўғалы ортаға түседи деген жигиттиң жети уйқылағанда түсинде бар ма еди. Тәғдир не деген шебер еди!

Жигит басының ғаўға түскенине өкинип отырған жоқ. Сонда да дәслепки муҳаббат талабы иликлене бергенде ренжимейтуғын, ойланбайтуғын, дағдырмайтуғын бийпәрўа жүрек бар ма?

Әжинияз дәслеп Ханзададан келген хатты алып, тағы бир мәртебе тәкирарлап, толғанып, елжиреп оқыды да, оннан кейин атасынан келген сәлем хатты ашып, тунжырап ойға батты...

Әллен ўақытта қағазды алдына жайып, қолына қәлем алды.

...Асқар таў панам атама, меҳрибан қабам анама, аға иниме, ел-елатыма мен балаңыз Әжинияздан дуўайы сәлем болсын!... Ҳүрметли, ғамхор ата! Сәлем хатыңызды алдым. Нәсиятыңызды еситтим... Егер, хәр қандай ис қудайдан себепсиз болмайтуғын болса, мени де сол жерге мунтала қылған қудай шығар. Сонлықтан кисиден көрерлиги жоқ. Мен де, ол қыз да буған гүнакар емес. Сонлықтан қудай баслаған истиң ақыбетин талайымнан көрермен. Тәўекел, ығбалымды сынайман! Атам болып арашалағаныңа, аталық нәсият бергениңе хәм бул ғаўғадан қутқарыў ушын ақыл тапқаныңа сизге, ата мың да бир рийзаман! Бирақ ол қыздан қолқайыт етиўге мениң қүдиретим жетпейди. Оны өзиңиз түсинесиз... Ықлас—қалас. Опасызлық ете алмайман! Кешир мени, ата! Сизге жалбарынып, тилек етиўши балаңыз, — Әжинияз».

Атасына арналған хатты бүклеп шетке қойды да, тағы бираз ойланып отырып, қолға қәлем алды.

...«Сәўдигим, Ханзадаға!»... — деп баслады бул хатты.

Бул хатта Әжинияз сүйиклисин қанша дәрежеде ҳүрметлеп қәдирлейтуғынын қайтадан тәкирарлап отырмады. Себеби жигит Ханзада менен дәслепки ушырасатуғын күни хәм Хийўаға кетип баратырғанда жаслық жүрегиниң ышқы сахнасын жарқыратып ашқан еди. Сонлықтан бул хатта өз лебизинде қалыс турғанын, опалы яр екенин ашынып айтты да арадағы өсек-өтириклерди душпанлар қоздырып жүргенин қызға айқын

ескертти. Ал егер ата-аналары басып-женшип узататуғын болса, Қәлмен менен Гүлбийге хабар етиўин соранып жазды. Оннан соң сәл иркилип, ашықлық сағынышын ақ қағаз бетине қосық пенен кестеледи:

«Қамар көзли, шийрин сөзли дилбарым,
Сеннен өзге сәўер ярым жоқ мениң,
Таза гүлистаным, мәхий әнўарым,
Сеннен өзге сәўер ярым жоқ мениң.

Назлы дилбар, сенсең опалы жанан,
Бул нешик аўхалдур, ақылым хайран.
Шийрин жаным болсын жолыңа қурбан,
Сеннен өзге сәўер ярым жоқ мениң...»

— «Бир де қапалық, бир де қуўаныш шайырлық булағының көзин ашады!» — деген бурынғылардың кеңеси рас болар ма, Ханзадаға деген қосық қыйналдырмай қурала қалды ғой! — деп өз-өзинен жымыйып қойды.

Еки сәлем хатты да бүклеп, төс қалтасына салды да, «Палзадаға да бир хат жазсам!» деген жигитте бир қыял пайда болды.

...«Аўа, жазыў керек. Мүмкин, Палзада түсинер. Қосылайын деп турған еки гүлдиң арасына шеңгел болып шықпас. Әзезиллик пенен зулымлықтың сабағына түспеген қәлиби пәк, ақ кеўил жас ғой. Еки жастың муҳаббат саўдасына опасызлық етпес. Еки жастың ықласына рехим етер!»...

Әжинияз усы ойға тирелди де, қолға қәлем алып, Палзадаға да сәлем жоллады.

Бул хатты да қалтасына салды, бир аўыр хызметти өтеген кисидей, кеўили сергексип, «қоңыратлы»лар жатырған Ырысқулдың шарбағына қарай шаққан жүрип кетти.

## 2

Аўылына қайтыў ушын Ырысқулдан жуўап алып, Есенгелдилер жолға атланды. Атасын, аға, досларын шығарып салыў ушын Әжинияз да қонақларға ере үйден шықты.



Атлар шәҳәрдиң ишиндеги ийрек көшелер менен адымлап жүрип баратыр. Есенгелди үйден шығыўдан Әжиниязды қупыялап қасына шақырып алды.

— Ал шырағым! — деди Әжиниязға бурылып қарап. — Ана кетип баратырған батырлардың билегинде қарыўы болса да, көкирегинде усылы азлаў. Муҳаммед фанаң — ойсызлаў, Ерназарың — ақ кеўил, аңқаў, Пирим болса — көзсиз өжет. Өлгенше дурыс силтеў берермен. Егер көзим жумылса, басы қасында өзиң бол, балам! Билимиң де, хуўышың да бар. Халық деген бир дәрья. Сағасын дурыс алсаң, аңғар менен ағады. Дурыс қазбасаң, кәлеген жағына кийип кетсе, сонша мийнетиң бир пул болады. Ел қәреп болып жүрмесин. Усы жағына бек бол!

— Неде болса, Хийўадан қутылып, орыс патшалығының етегине асылыў бабалардың әрманы еди, ата! — деди Әжинияз өзин салдамлы услап. — Шайтан, әзезилдиң қурығынан аман болсақ, бул ойласығымыз бийнәтийже болып шыға қоймас. Өй дегеним, Хорезмди жаўлап алыўға өзи қумар болып киятырған орыс патшасы «Мени ал!» деген өз аяғы менен барған елди жатырқай қоймас деймен. Қайта бәрекелла айтар. Ал уллы жұрттан қәўендер пана тапқан соң, Қарақалпаққа бурынғыдай қыр көрсетиўге Хийўаның хәдди бар ма. Әне усыған шекем батырлар көшпекти бузып алмаса болды.

— Мениң де айтып отырғаным сол. Енди бул истиң тәғдирин алдан күтейик, хош балам! — деп Есенгелди қолын узатты.

Бул ўақытта Ерназар, Пирим, Муҳаммед — үшеўи изиректе әңгимелесип киятыр еди. Әжинияз атасы менен хошласып, соларға бурылды.

— Тезирек алым болып бар, иним! — деди Ерназар Әжинияздың келгенине кеўили питип, — әттең оқыўың үзиледи. Болмаса маған күтә керек болып турсаң.

— Ҳә Хийўаға келип турмайсыз ба? Ереке? — деди Әжинияз барластырып.

— Хийўа... Ерназар зәўлим минарларға қарап, қабағын түйди, — Хийўаға жаўласып келмесем, енди даўласып келмеспен!

— Онда, бизлер медиресени таўысқанша сабыр ете турың, Ереке, топалаңның астында қалмайық,—деп Әжинияз дәлкеклеп күлди.

— Қой-ә, иним! Бас туўды өзиң көтересең.

— Әўмийин! — деп Әжинияз Пиримге қарады. — Таллықтың «бийи» сиз қәйтесиз?

«Бий» деп дәлкеклегенине Пирим де ҳәзил менен жуўап қайтарды.

— Хийўадан қутылар күн туўса, «Бозатаўдың ханы биз!» деп жүре бер.

— Сен ше?

— Мен нөкерлерге сәрдар болсам болады.

Ерназар да, Әжинияз да мырсылдап күлди. Бул дәлкекке Муҳаммед фана салқын кейпин сездирди.

— Ел менен ойласып алайық та еле. Ел не дейди...

Пирим оның сөзине қарсы даў айтты.

— Ел Халмурат бий менен Қутлыбек бийдиң төрелигине де көнип отыр ғо. Бизлерге ары тур дер дейсең бе?

— Ҳақ кеўили менен жырын жыртысатуғын азамат болса ел төбесине тигеди, — деди Әжинияз бийлигиниң ушлығын шығарып, — ел деген суў бетинде турған ушан кеме. Есиўин билген, қуралы, өнери бар киси жүргизеди. Ол да ескекшилери тең тартса. Олай болмай, биреў қырға, биреў суўға тартса, кемени аўдарып, кәреп етиўи де мүмкин.

— Бул дурыс, иним! — деп Ерназар гәпти шорта кести.

Муҳаммед фана Әжинияздың бетине тигилип қарап, төрели сөзге илажсыз көнген қәлпин билдирип жымыйып күлди.

Бирликти сақлаймыз, иним! Ол жағынан кәтиржам бола бер. Бирақ бизге Хийўаның хабарын билдирип тур.

Муҳаммед фана ишкирнелеп сақлаған сырын сездирмеўге тырысып, қанша жайып жуўса да, қыңырлаў киси екенин Әжинияз оның бет —әлпежарынан сезип қалды.

— Билдирип турамыз. Елдиң бети берман қарады деген сизлерден хабар келсе, мүмкин Ырысқул ағаны ертип барарман. Әбзели, қан төкпей қосылыўдың илажын етейик, туўысқанлар!



Заманлас кәтқудалар менен Әжинияз мақулласып хошласты.

Усы ўақытта шарбақтан Таллық жигитлериниң азық түлиги тийелген ат арба шықты. Алтақта да Әсенбай, оннан тете Таўмурат отыр. Арба Әжинияздың қасына келип тоқтады.

— Шәҳәрден шығарып салайын, — деп Әжинияз алтақтаға ырғып минди.

— Желдирип айдай бер, атты! — деди Әжинияз қасындағы Әсенбайға қарап, — алда кеткенлерден алжасып қаларсыз.

— Ал, Әжеке, — деди Таўмурат жақынласып, — келгели оңаша бир сөйлесиўге де пурсат табылмады. Жаңа жайыңа барсам, усы жаққа кетти деди. Есенгелди атам да сениң төбеңди көрсе қасынан бир ели жаздырмайды. Сен де, қысса яд етип атырған кисидей ийегиниң үстине үңилесең де отырасаң.

Таўмурат өз сөзине өзи шақалақлап күлди. Әжинияз бул дәлкекке сыпайы ғана жымыйды.

— Тәке, Таллақтағы лаққылығыңды Хийўада да қоймайсаңаў, деп Әсенбай қымтып, қапия айтты, — қаза болған ханды азалап атырған қалада әстерек күл!

— Неге ҳәўлығасаң. Қоңыратымыз аман ғой, — деп Таўмурат қарсы жуўап қайырды, — «Хан болсаң да келсапты әкел!» деген шешелермиздиң баласымыз.

Екеўиниң орсақы сөзин Әжинияз бөлди. Таўмураттың бағанағы дәлкегине салдамлы жуўап берди.

— Есенгелди атамды елестирмессең, ети түсип, сүйеги қаўсаған пошшадай бир шал. Ал ийегине кирип, ишки сарайына үңилсең, елдиң өмири менен арзыў-әрманы толы гәўҳар сандық жатыр. Сол сандықты алып қалажақпан, мен. Егер аша алмасам, меннен де соңғы урпақлар алып қалар. Бәлким гилтин таўып, солар ашар. Есенгелди атама жүгинип жүргеним сол, Тәке!

Таўмурат та, Әсенбай да мына гәпке ишлеринен терең ой жуўыртып, бираз ўақыт үнсиз қалды.

— «Оқыған озар» деген сол да иним,—деп Таўмурат кеше аўылда ат үстинде алысып ойнап жүрген өкшелес инисиниң медиресеге келип, илим хикметке араласқалы ой өрисиниң шарықлап шыңға шыққанына таңырқанып ҳәм қайыл болып, кем-кем жүгине берди.

— Атаңа сәлем хат жаздың ба?

— Жаздым, аға! — Әжинияз төс қалтасына қолын суғып, дәслеп төрт бурыш етип бүкленген қағазды алды. — Мынаны атамның өз қолына аманат тапсырың! Айтажақ тилегимди усы қағазға түсирдим. Меннен дуўайы сәлем айт. — Әжинияз сәл ойланып, тағы қалтасына қолын сукты. — Ал мына хатты, Төке, Ханзадаға өз қолыңнан тапсыр аға. Жазым бола көрмесин. Көп нәрсениң тәғдирин усы хат шешейин деп тур. Жаслықтың арыз-муңына түсинесиз ғой. Ал мына хатты, — деп Әжинияз Әсенбайға қарады. — Саған тапсыражақпан, достым. Себеби, сен Мәдеминниң аўылына елеспесизсең ғой. Бул хатты Мәдеминниң кишкене қызы Палзадаға бер. Бул да аманат. Онсын сеннен үлкен бир тилегим, Ханзада менен сырласып, сөйлесип тур. Егер сәлеми болса, өз аўзы менен Қәлмен ағаның хаялы Гүлбийге жеткерсең, ол бизге хабарлайды. Қатарлықтағы сеннен үлкен дәмем усы, жора!

— Мақул. Бас аман болса, бул аманатларыңды ҳадал орынлармыз. Өз қара басым саған жақсылықтан басқа тилегим жоқ. Сениң «Сәўдигим» деген қосығыңды, — деп Әсенбай жымыйып күлди. — Бир үйде еситип, ықласым кетип еди. Айтпасаң да, Ханзада шығар — деп пәмлеп едим. Болжаўым дурыс екен.

— Қосық дейсең бе?! — Әсенбайдың бетине тигилип, жигиттиң реңи ушып кетти. — Кимниң қолында? Дурысын айт, жора?

Әсенбай Әжинияздың шоршынып кеткенин сезип «Кеўилине гүптикей салдым-аў»—деп өкинип, өзи де бийжағдай пишинде қызарып кетти.

— Аманлық-аў, Әжеке. Мысалы, қыз деген ержеткен соң жақсы жигитлердиң өзине интизар болғанын ҳәўес етип, мәртебе билмей ме, сениң жазған хатыңды қыймас бир курдасына оқып берген шығар. Ол курдасының да сырлас курдасы бар. Соннан жайылып кете береди.

Әсенбай қанша жайып-жуўса да, Әжинияз «Сәўдигим» деген қосығын душпанлар қол жаўлық қылып жүргенин ишинен түйинди. Усы қосықты бетке тутып, Қурбанәлий, Қудияр, Сабырбайлар, аталар арасында жаңадан аразлық даўды



жаңғыртыўға жалаңлап кирискенин сезди. Мейли жаңғырсын. Олар да мениң жаўым болсын... Жалынбайман. Алысаман!

— Ал, хош болың! «Бозатаўға» сәлем айтың! — деп, Әжинияз арбадан жерге қарғып түсти.

Атлар өрисин сағынғандай Қоңыратқа қарап желип жортты. Әжинияз гүзар жолдың үстинде жолаўшылардың изинен елжиреп қарап тур. Алдына қараса, Қоңырат — зәҳәрли өмир, артына қараса, Хийўа — гезеўли найза! Шәҳәрден саўа, ашық майданда жигит бираз ўақыт ойға шүмип турды да, гүбирленип сөйленип медиресеге қайтты.

Бул не қайғы, бул не заман,
Жүре алмадым дәрттен аман,
Зары гирян шектим афған,
Ақлы-хуўшым лал болады.

Жүре алмадым ойнап күле,
Мәжнүн киби шықтым шөле,
Кеше-күндиз қайғыў биле,
Әлип қәддим лал болады!...

**К. СУЛТАНОВ**

# ӘЖИНИЯЗ

*роман*

Нөкис
«Билим» — 2018

Редакторлар *М. Жумабаева, У. Юсупова*
Көрк.редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *Н. Саукиева*

Оригинал-макеттен басыўға рухсат етилген ўақты 09.08.2018-ж.
Форматы 60х90 $^{1}/_{16}$. Тип «Таймс» гарнитурасы. Kegl 12. Офсет қағазы.
Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 21,0 б.т. 17,54 есап б.т.
Нусқасы 1000 дана. Буйыртпа №484.

«Билим» баспасы. 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Электрон мәнзил: bilim.baspa@inbox.uz

ЖШЖ «NISO POLIGRAF»ында басып шығарылды. Ташкент областы,
Орта Чирчик районы, «Оқ ота» КФЙ, п. Машъал, Марказ көшеси, 1.